А-85

І. М. АРСАНУКАЕВ

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН МЕТОДИКА

РСФСР-н СЕРЛОНАН МИНИСТЕРСТВО
КЪАЬМНИЙН ШКОЛИЙН
ИЛМАНАН-ТАЛЛАМАН ИНСТИТУТ
НОХЧ-ГІАЛГІАЙН АССР-н СЕРЛОНАН МИНИСТЕРСТВО

А-85

І. М. АРСАНУКАЕВ

ЮККЪЕРЧУ ШКОЛЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН МЕТОДИКА

(8—10 классашна)

Дешаран пособи

ЧІагІйина Нохч-ГІалгІайн Автономни Советски Социалистически Республикан Серлонан министерствос

Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

На дом не выдается

Грозный
Нохч-ГІалгІайн книжни издательство
1987

Национально краеведческий отдел

65.3 (Чеч.)
А 85

Рецензенты: К. Б. Гайтукаев, канд. филол. наук,
Р. А. Чахкиева, канд. филол. наук.

Арсанукаев А. М.

А 85 Методика преподавания чеченской литературы в средней школе (8—10 классы). — Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1987. — 188 с. 35 к.

В учебном пособии А. Арсанукаева рассмотрены пути возникновения и развития методики преподавания чеченской литературы в средней школе. Изложены структура и содержание курса литературы, разработаны принципы, методы и приемы изучения родной литературы.

Автор обстоятельно раскрывает особенности анализа художественных произведений чеченской литературы. Дает практические рекомендации по организации внеклассной работы.

Особое внимание уделено решению задач коммунистического воспитания, активизации учебной деятельности школьников.

А $\frac{4306010000 — 37}{М\ 135(03) — 87}$ **Без объявления**

© Чечено-Ингушское книжное издательство, 1977.

ХЬАЛХАРА ДОШ

Школан дахарехь керла а, жоьпаллин а мур бу хIинцалерниг. Кхиина йолчу социализман хьелашца, социально-экономически а, Iилманан-технически а прогрессан лехамашца цхьаьнайогIуш шаръеш-тоян еза дешаран, кхетош-кхиоран процесс. Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьртачу некъаша билгалдаьккхина: «Советски школан уггаре а мехала, дIадолуш доцу декхар ду тIекхуьуш долчу чкъурана Iилманийн баххийн кIорггера а, ондда а хаарш далар, царех практикехь пайдаэца хаарца уьш Iамор, дуьнене материалистически хьежамаш кхнор. Хьалха лаьтташ ду дешаран планаш, программаш, учебникаш, дешаран-гайтаман пособеш социально-экономически а, Iилманан-технически а прогрессан лехамашщий, дешархойн хенийн къастамаллашщий нийса йогIуш йина дIахIоттор»[1].

Школехь ерриге а предметаш хьехар шардеш-тодарца цхьаьна кхочушдан деза дешархой идейни тешам болуш, гIиллакх-оьздангаллин лаккхарчу идеалашца, эстетически хьашташца кхиорехь литературан урокийн маьIна садаккхар.[2] Бокха ницкъ бу исбаьхьаллин литературан адамийн ойла кхиорехь. Бакъйолчу исбаьхьаллин произведенийн чулацамехь ду бIешерашкахь адамашна юкъахь кхиина долу гIиллакх-оьздангалла, беркате ламасташ, халкъан кхетам а, ойла а. Социалистически а, коммунистически а дахар дIахIотторехьа болчу къийсамехь кхолладелларг, Коммунистически партин идеалаш чIагIъярехьа латтош болу къийсам гайтар ду социалистически реализман некъаш тIехь кхуьучу литературан чулацамехь. «Партис дерриге а дарца гIо дийр ду литературан а, искусствон а маьIна лакхадаккхарна. Уьш декхарийлахь ю халкъан хьашташна, коммунизман гIуллакхана, миллионаш адамашна даккхийдеран а, дог-ойла гIаттаран а хьоста хилла гIуллакх дан, церан лаамаш а, ойланаш а, дагахь дерш а гайта, уьш идейни хьал долуш барна а, нравственни кхетош-кхиорна а жигара гIо дан»,[3] боху Советски Союзан Коммунистически партин Программи тIехь.

---

[1] Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьрта некъаш. — Ленинан некъ, 1984, 18 апрель.

[2] «О дальнейшем совершенствовании общего среднего образования молодежи и улучшении условий работы общеобразовательной школы». Постановление Центрального Комитета КПСС и Совета Министров СССР. 29 апреля 1984 года. В кн.: О реформе общеобразовательной и профессиональной школы. Сборник документов и материалов. М., Политиздат, 1984, с. 68

[3] Советски Союзан Коммунистически партин Программа. Грозный: НохчIалгIайн книжни издательство, 1986, агIо 58.

Сийлахь-йоккхачу Октябрьски революцино кхоьллина а, оьрсийн классически а, советски а литературан беркатечу тIеIаткъамца кхиъна а, кхуьуш а ю нохчийн советски литература. Социалистически чулацам а, къоман форма а, интернациональни ойла а йолуш кхуьучу къоман литературан тоьлла произведенеш Iамайо школехь. Мехала ду дешархой кхетош-кхиорехь ненан меттан литературан таронех буьззина пайдаэцар.

ТIаьххьарчу хенахь алссам тидам тIебохуьйту ненан мотт а, литература а хьехаран хьелаш тодарна. Зеделларг долчу хьехархоша лоьху нохчийн мотт а, литература а хьехарехь эвсараллица йолу белхан форманаш. Дешаран книгаш, хрестоматеш, учебникаш шайца хилла ледарлонаш, нийса доцу хIумнаш дIа а дохуш, тоеш ю. Зорбанехь арайийлина хьехархошна гIоьнна язйина методически пособеш. Царна юккъехь: «Ненан мотт а, литература а хьехарехь зеделларг» (авторийн группа); «Диктантийн, изложенийн сборник». БархIшеран школан 4—8-чуй классийн хьехархошна пособи (хIоттийнарш: З. Джамалханов, У. Эжаев, А. Юсупов); «Юккъерчу школийн лаккхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар». Лакхарчу классийн хьехархошна пособи (авторш: З. Джамалханов, З. Хамидова, кхиберш а); «Нохчийн школан 4-чу классехь литература хьехаран методически пособи» (Чентиева М. Д.); «5-чу классехь нохчийн литература хьехар». Хрестоматина методически куьйгалла (Чентиева М. Д.); «6-чу классехь нохчийн литература хьехар». Хрестоматина методически куьйгалла (Арсанукаев I. М.); «8-чу классехь нохчийн литература хьехар». Учебникана методически куьйгалла (Арсанукаев I. М.); «Юккъерчу школехь лирически а, лиро-эпически а произведенеш Iамор». Хьехархочунна гIоьнна (Арсанукаев I. М.). Республикан периодически зорбанехь юкъа-кара арайовлу ненан мотт а, литература а хьехар дийцаре деш а, шайна зеделларг гойтуш а йолу хьехархойн статьяш а, материалаш а. Царал совнаха ненан мотт а, литература а хьехаран хьелаш къастош вайн методисташа язйина статьяш а, белхаш а арабийлина Москвахь а, кхечу гIаланашкахь а арахоьцучу Iилманан белхийн сборникаш тIехь а.

Республикански а, районийн а конференцешкахь, методически семинарашкахь дийцаре до ненан мотт а, литература а хьехаран методически хьелаш тодаран гIуллакхаш. Зеделларг долчу хьехархоша, методисташа, Iилманчаша шайн докладашкахь, хаамашкахь теорехь а, практикехь а гучудуьйлу керланиг шуьйрачу хьехархойн гонашна довзуьйту.

Оцу дерригено а таро хилийтина школехь нохчийн литература хьехаран теоретически кхачаме йолу Iилманан-методически система кхолларан Iалашо хIотто. Юккъерчу школан лакхарчу классашкахь литература хьехарехь оцу Iалашонехула долу декхарш кхочушдарна лерина бу хIара болх. Кху тIехь автор гIоьртина лакхарчу (8—10) классашкахь литература хьехаран Iилманан-теоретически бух тIехь йолу методически система кхолла. Цу тайпана, школехь нохчийн литература хьехаран Iилманан-методически баххаш билгалдоху теоретико-практически пособи ю хIара, хьехархошна шайн балха тIехь пайдаэца лерина а йолуш.

Язъяран Iалашоне хьаьжжина шен къастамаш бу кхуьнан. Цкъа делахь, чулацаме диллича, монографически болх бу хIара: кху тIехь шен коьртачу баш-

халлашца къастош дерг цхьа хIума ду — юккъерчу школехь нохчийн литература хьехар. ШолгIа делахь, хIара лерина школехь болх бечу хьехархочунна а, нохчийн литература хьехаран гIуллакхашка хьаштволчунна а пособи санна.

Коьрта долчунна оцу хьелаша билгалбаькхина белхан чулацам а, дIахIоттам а. Кху тIехь къастадо:

— нохчийн литература хьехаран методика кхоллаяларан а, иза кхиаран а хьелаш (школехь хьалха пайдаэцна программаш, дешаран книгаш, методически пособеш исторически кепехь таллар);

— юккъерчу школехь нохчийн литература хьехаран декхарш а, уьш кхочушдаран некъаш а;

— лакхарчу классашкахь хьоьхучу литературан курсан чулацам а, дIахIоттам а; 8—10-чу а классашкахь Iамош йолу материал а, иза дIанисъяран башхаллаш а; программаш, хрестоматеш, учебникаш, церан чулацам, дIахIоттам, лехамаш;

— школехь нохчийн литература хьехаран принципаш, методаш, приемаш;

— лакхарчу классашкахь исбаьхьаллин произведени Iаморан башхаллаш;

— шайн жанрашка, исбаьхьаллин-стилистически башхаллашка хьаьжжина литературан произведени къастор;

— литературан теори Iамор;

— гайтаман гIирсах пайдаэцар;

— дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиор;

— классал арахьа болх бар;

— литературан хьехархочун говзалла лакхаяккхар а, методически болх вовшахтохар а.

ХIокху тIехь болх беш авторна методологически бух хилла лаьттина марксизман-ленинизман классикийн белхаш, Советски Союзан Коммунистически партин школан хьокъехь, литературах, искусствох лаьцна, идеологически белхах долу документаш. Литература школехь хьехаран гIуллакхаш къастош автор тIетевжина хIинцалерчу литературоведенин, психологин, дидактикин кхиамашна, пайдаэцна оьрсийн мотт а, литература а хьехаран методикех, нохчийн литературах а, иза школехь хьехаран хьокъехь а болчу белхех, тоьллачу хьехархошна зеделлачух, зеран-экспериментальни белхан материалех, ненан мотт а, литература а кхечу республикашкахь хьехар гойтучу белхех.

Масех шарахь талламаш бинчу материалаш тIехь язбина хIара болх. Кху тIера цхьацца болу гайтамаш авторан хьалха араевллачу книгаш тIехь зорбатоьхна бу: ненан меттан литература хьехаран декхарш дийцина «6-чу классехь нохчийн литература хьехар» цIе йолчу методически куьйгаллин тIехь (1979); дешархойн къамел кхиор, гайтаман гIирсах пайдаэцар, классал арахьа болх бар гайтина «8-чу классехь нохчийн литература хьехар» цIе йолчу книги тIехь (1982); лирический, лиро-эпический произведеней Iамор къастийна. Юккъерчу школехь лирически а лиро-эпически а произведеней Iамор бохучу пособи тIехь (1984). И материалаш хIокху книгина кечъеш, шайна тIехь хийцамаш а беш, тIеюьзна, школехь царех пайдаоьцуш зеделларг а, зорбанехь церан хьокъехь аьлларг а тидаме а оьцуш.

Кху белхан коьртачу гайтамашна теллина: 1) Шелара № 8 йолчу

юккъерчу школехь (хьехархой Хутаева З. М., Эсамбаев Б. Д.), Iалхан-Юьртара № 1, № 2 йолчу юккъерчу школашкахь (хьехархой Докаев Ш. А., Каурнакаев А. И.), Котар-Юьртара № 1, № 2 йолчу юккъерчу школашкахь (хьехархой Бекмурзаев Х. А., Мукаев А. С.), Ачхой-Мартанера № 3 йолчу юккъерчу школехь (хьехархо Сардалов Ш. М.) зеран-экспериментальни болх дIабахьарца; 2) Iилманан-практически конференцешкахь автора хIокху белхан коьртачу гайтамашкахула докладаш а, хаамаш а барехула; 3) хьехархойн говзалла лакхаяккхаран республикански Институтехь ненан меттан, литертуран хьехархошна а, Л. Н. Толстойн цIарахчу Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологически факультетан студенташна а вайнехан филологин кафедрехула лекцеш ешарца; 4) лаккхахь билгалъяьхначу публикацешкахула а, периодически зорбанехь а, Iилманан белхийн сборникаш тIехь а статьяш, материалаш зорбатухуш а.

Доцца билгалдаьхча, цу тайпана ду хIара книга кхоллаяларан хьелаш. Кхеташ ду, хIокху тайпана дуьххьара арайолучу книги тIехь къоман литература хьехаран дерриге хьелаш цхьатерра кIорге йолуш а, кхачаме а къасталург цажилар. И Iалашо авторна хьалха лаьтташ а ярара.

Баркаллица тIеоьцур ду автора кхунах лаьцна олуш дерг.

Автор

Хьалхара корта

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН МЕТОДИКА А, ИЗА КХИАРАН ХЬЕЛАШ А

I

Вайн социалистически юкъаралла кхиаре хьаьжжина тIеттIа лакхара лехамаш хIуьтту школана хьалха дешархошна хаарш даларехь а, уьш кхетош-кхиорехь а. «Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьртачу некъаш» тIехь билгалдаьккхина: «Кхиина йолу социализм планан барамеххьий, массо а агIорриг шаръеш-тоярна а, цуьнан гуманистически Iалам алсамха дуьззина схьаделларна а, адаман кхолларалли жигаралла кхидIа а лаккхаяккхарна а тIе болчу партин некъо советски школана хьалхатоьттуш даккхий а, жопалле а декхарш».[1]

Школана хьалха лаьттачу коьртачу Iалашонех ду дешархой лаккхара идейни кхетам а болуш, гIиллакх-оьздангаллица кхиор.

«XIинцалера кегийрхой кхетош-кхиоррий, царна образовани яларрий, Iаморрий дерриге а гIуллакх цаьргахь коммунистически мораль кхиор хила деза»,[2] — баьхна В. И. Ленина.

Школехь дешархой идейно-политически кхетамехь, гIиллакх-оьздангаллица, эстетически культура йолуш кхиор кхочушдо коьрта долчу декъана дешар Iаморан процессехь. Дешархочун кхетам кхиар-м школехь хьоьхуш долу муьлхха а Iилма Iамош а кхочуш хуьлу, делахь а оцу маьIнехь яккхий таронаш ю исбаьхьаллин литературин, цуьнан ша-тайпана йолу башхаллаш бахьанехь. Бакъйолу исбаьхьаллин произведени адамийн ойлане кхаьчна ца Iаш, церан синхаамашна а Iаьткъаш ю.

Ткъа, **муха нисдан деза школехь литература хьехар? XIун некъаш ду исбаьхьаллин литературан чулацам дешархошка эвсараллица дIакхачоран? Муха вовшахтуху исбаьхьаллин произведени дешархошца Iамор?** Иштта долу хаттарш къастадо литература хьехаран методико.

Исбаьхьаллин литература хьехаран бакъенаш къастош, цуьнан чулацам дешархошка дIакхачоран некъаш билгалдохуш долу педагогически Iилма ду литература хьехаран методика. Методика де-

[1] Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьрта некъаш. — Ленинан некъ, 1984, 18 апрель.

[2] *Ленин В. И.* Полн. собр. соч., т. 4, с. 309.

кхарийлахь ю «хьехархочунна педагогически белха тIехь оьшу теоретически кхачаме болу хьехамаш бала».[1]

Литературан методико къастош ерш литература хьоьхучу хенахь хьехархочунний, дешархочунний юкъахь кхоллалуш йолу юкъаметтигаш ю, вуьшта аьлча, педагогически хьелаш ду. Оцу агIора **методика герга ю педагогикина.** Амма методикиний, педагогикиний юккъехь билггал болу къастам бу. Педагогико дешаран, кхетош-кхиоран юкъаран хьелаш билгалдоху, уьш Iаламат шуьйра, школехь Iамош йолу ерриге предметаш чулоцуш ду. Ткъа, литература хьехаран методико деккъа школехь литература Iаморан гIуллакхаш къастадо, амма оцу гIуллакхийн ерриге а агIонаш билгалйоху. Цу тайпана, методика а педагогически Iилма ду, амма цо толлуш дерш дерриге а литература хьехаран гIуллакхаш ду.

Литература хьехаран методикин уьйр ю литературоведеница а. Литературоведенин Iилманах пайдаоьцу хьехархочо ша литература хьоьхуш. Исбаьхьаллин произведенин чулацаман, хормин цхьаалла юьйцуш а, исбаьхьаллин вастийн башхаллаш билгалйохуш а, литературан дахарца зIе хилар дуьйцуш а, доцца аьлча, литературан теорех а, исторех а лаьцна долу дерриге а хаарш литературоведени буха тIехь къастадо хьехархочо. Исбаьхьаллин произведени Iаморан методически нийса некъ лахалур бац хьехархочуьнга, цо литературоведенех пайда ца эцахь.

Психологица цхьаьнайогIуш а ю литературан методика. Дешар Iамор, хIуманах кхетар, хьоьхуш дерг тIеэцар муха кхочуш хуьлу боху, гIуллакхаш толлу педагогически психологис. И гIуллакхаш талларехь психологи Iилманан гайтамаш тидамехь хила беза литературан хьехархочунна, царех пайдаэцча бен шен балха тIехь кхоччуш кхиам хир бац цуьнан. Литературни материал дешархошка эвсараллица дIакхачоран методически некъ лохуш хьехархочунна хаа еза хьоьхуш дерг цара тIеэцаран психологически башхаллаш. Оцу дешар Iаморан психологически башхаллашка хьаьжжина вовшахтоха деза дешархошна билггал йолу литературни материал хьехар а. Дешархойн хенах бозабелла болу психологически къастамаш а бу литература хьоьхуш тидамехь хила безаш. Дешархойн хене хьожжий тайп-тайпана хуьлу церан литературе йолу шовкъаш. Лакхарчу классерчу дешархоша кIорггера ойлайо исбаьхьаллин произведенин чулацам тIехь, цара дахарехь шайна оьшудерг лоху литературехь. Литературни произведени тIера хиламаш кIорггера туьду цара. 8—10-гIий классашкахь дешархойн духовни лехамаш лакхара хуьлу хьалхачул, дешарх кхета церан болу лаам алсамболу. Оцу хенарчу дешархошна исбаьхьаллин литература езар коьрта долчу декъана церан духовни лехамаш лакхабовларца дозаделла ду. Психологис билгалдаьккхина

[1] *Голубков В. В.* Методика преподавания литературы. М.: Учпедгиз, 1962, стр. 3.

«лакхарчу классийн 88% дешархоша литература шайн духовни лехамаш кхочушбархьама йоьшуш хилар».[1] Хьехархочун декхар ду дешархойн духовни лехамашна тIе а тевжаш, литературан урокийн кхетош-кхиоран агIо лакхаяккха, дешархойн лехамаш кхочушбархьама литературни материал кIорггера талла. Цу тайпана, литература хьехаран методика йозаелла ю психологех. Хенан психологис (возрастная психология) билгалйохуш йолу дешархойн амалш а, дешар Iаморан психологехь (психология обучения) къастош йолу дешар Iаморан башхаллаш а доккхачу маьIне ю литература хьехаран методикина.

Методикин уьйр ю историца а. Литературан произведени билггал йолчу хенахь язйина а, билггал болу исторически мур чулоцуш а хуьлу. Ткъа, и произведени дешархошца толлуш, хьехархочо дуьйцу цуьнан чулацам шен хенахьлерчу исторически хьелашца бозабелла хилар. Билггал йолчу хенахь халкъана хьалхалаьтташ хилла проблемаш къастайо произведени тIехь. Масала, 8-чу классехь Бадуев СаьIидан «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса Iамош хьехархочо дуьйцур ду 30-чу шерашкахь Нохчийчохь хиллачу социальни дIахIоттамах (юьртбахамехь коллективизаци кхочушъяран хьокъехь). Оцу исторически муьран башхаллех дешархой ца кхетийча, уьш кхуьур бац «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьесех а.

Историн материалах говза пайдаэцаро гIо дийр ду хьехархочунна литература хьехарехь коьртачех цхьаъ йолу историзман принцип кхочушъян.

Цу тайпана, литература хьехаран методика кхечу Iилманех йозаелла ю. Методикин кхечу Iилманашца йолу уьйраш хаа еза, царех говза пайдаэцархьама.

Литература хьехаран методико (муьлхха а кхечу методико а санна) къастадо кхо хIума: мича Iалашонца хьоьху? ХIун хьоьху? Муха хьоьху? Юккъерчу школехь нохчийн литература хьехаран **хIун Iалашо ю** билгалдоккху методико. Цул тIаьхьа къастадо, и Iалашо кхочушъярхьама **хIун материал** хьеха еза. Дуккха а йолчу литературни произведенех муьлхарш схьакъасто еза юккъерчу школехь дешархошца Iамо? Оцу хаттарна жоп деллачул тIаьхьа методико къастадо и материал дешархошка дIакхачоран гIуллакхаш—**муха** хьеха деза. Исбаьхьаллин литература хьехаран некъаш билгалдоху методико, юккъерчу школехь литература хьехаран методаш а, приемаш а къастайо цо. Иза ду литература хьехаран методико кхочушдечех коьртаниг. Дешархошка литературни материал дика Iамало агIо лоху методико, церан кIорггера а, дуьззина а долу хаарш кхолладалар лоху.

ХIуманна тIехь шаьш ойла ян Iаморо, дешарх кхета болу лаам

[1] *Крутецкий В. А.* «Основы педагогической психологии», М.: Просвещение, 1972, стр. 139.

лаккхабаккхаро гIо до литературах кIорггера кхето. Билгалдаьлла ду, стага шен хаарех эвсараллица пайдаэцар и хаарш цуьнан кхолладеллачу некъах дозаделла хилар. «ХIума Iамор а, цунах пайдаэцар а — вовшех къаьстина, шина могIарехь долу ши гIуллакх дац, амма цхьана гIуллакхан — хIума Iаморан процессан — ши агIо ю».[1] Цу тайпана, дешархойн хаарш церан хьекъало алсам болх беш кхолладеллачу хилча, шаьш лаха а лехна хIуманна уьш тIаьхьа кхиъна хилча, и церан хаарш кIорггера а хуьлу, царех пайдаэцар эвсаралла йолуш а нисло. Дешархоша шаьш бечу балхаца исбаьхьаллин произведени таллар нисдича, церан оцу произведенин чулацамах кхетар кIорггера а хуьлу, кхетам кхиоран таронаш а кхоллало.

Йштта, дерриге а хьелаш тидаме а оьцуш, кхочушдо методико литература хьехаран некъаш а, методаш а, приемаш а билгалъяхар.

II

Шен чулацамца а, исбаьхьаллин формица а дешархойн кхетамна герга хиларна ненан меттан литературо дика таронаш ло школехь дешархой кхетош-кхиорна а, царна литературни хаарш даларна а. Оьрсийн литература Iаморца цхьаьна школехь ненан меттан литература а Iаморо гIо до дешархой идейни тешам болуш гIиллакх-оьздангаллица, патриотически а, интернационални а ойланехь кхио. Профессора В. В. Горбуновс яздо «ХIор къоман литература шен халкъан бер ду, цуьнан духовни бахаман хазна хилла лаьтташ ю, цуьнан ойланаш, синхаамаш, къинхьегамехь а, тIамехь а билгалдевлла хьуьнарш, цуьнан хьалха дIадахнарг а, турпалаллин таханлерниг а, цуьнан дуьненах болу кхетам а, дерригенна тIехь а иза сийлахьчу социалистически идеалин локхалле кхача гIерташ хилар а гойтуш ю. Цундела, къаьмнийн литератураш шайн идейно-исбаьхьаллин кхиарехь тайп-тайпанчу тIегIанаш тIехь елахь а, хIор къоман литературин яккхий таронаш ю керла стаг кхиорехь, цуьнан гIиллакх-оьздангалла, дахаре жигараллин позици лелор, лаккхара идейность, къинхьегамана кийча хилар, патриотизм а, интернационализм а кхиорехь».[2]

Нохчийн советски литература кхоллаелла халкъан барта кхоллараллин бух тIехь оьрсийн классически а, советски а литературан беркатечу тIеIаткъамца.

[1] *Скаткин П. М.* «Современные проблемы дидактики в свете ленинской теории отражения», — Советская педагогика, 1970, № 5, стр. 31.

[2] *Горбунов В. В.* Вопросы коммунистического воспитания на уроках родной литературы. — В кн.: Русский и родные языки в школах народов РСФСР. М., 1979, с. 13.

Шуьйра а, кIорггера а бу къоман барта кхоллараллин чулацам, тайп-тайпана ю цуьнан жанраш: туьйранаш, иллеш, эшарш, дийцарш, наьрт-аьрстхойх долу хабарш, кицанаш, ира аларш, забаре хабарш, хIетал-металш, и. дI. кх. Диканиг, сийлахьниг, адамана пайдехьа дерг чIагIдо, вочунна, зуламечунна дуьхьал къийсам латтабо халкъо шен барта кхоллараллехь. Къоман барта кхоллараллехь билгалбовлу халкъан лаамаш, сатийсамаш, къеггина го халкъан ойла, дегайовхо. В. И. Ленина баьхна, барта кхоллараллин «материалаца башха таллам язлур бара халкъийн лаамех а, сатийсарех а лаьцна».[1]

Барта произведенийн турпалхой дукха хьолахь кинхьегамхой хуьлу, цара гуттара а гIийлачуьнан, мискачуьнан гIо лоцу, харцонна дуьхьал бовлий, бакъонехьа къийсам латтабо. Цаьргахь къеггина билгалйовлу къоман амалш, гIиллакхаш, оьздангалла. Халонаш тIехIиттича а адамаша дегайовхонца паргIатонехьа сатийсар го. Масала, хьовсур вай нохчийн турпалаллин иллешка. Царах дукхаха долчу иллешкахь буьйцуш болу турпалхой исторически хилла нах бу (Эвтархойн Ахьмад, Iалхаштойн Iалха, Мадин Жаьммарза, Жумин Акхтола, Iахин Тиймаркьа, БахIадаран Муьстарг, дуккха а кхиберш а). Шен халчу дахаран новкъахь тайп-тайпанчу мостагIашна дуьхьал халкъо къийсам латтош хьалха бевлла хилла а, хьуьнарш гайтина а нах бу царна тIехь буьйцучех дукхаха берш. Шен дикачу кIентийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, уьш гIекхуьучу тIаьхьенашка дIахаийта лаарна кхоьллина халкъо турпалаллин иллеш. Турпалаллин иллешкахь халкъо чIагIдо даймохк безар, кхечу къаьмнашца доттагIалла лелор, вовший лоруш, цхьабартболуш хилар, гIийлачуьнгахьа гIо лоцуш я доттагIалла лардеш майралла, стогалла гайтар, адамийн оьздангалла, сий, паргIато ларъяр.

Йоккхачу поэтически говзаллица кхоьллина ю барта произведенеш. Iаламат хаза исбаьхьаллин суьрташ а, васташ а кхуллу халкъо шен барта произведенешкахь, говза пайдаоьцу тайп-тайпанчу суртхIотторан а, куц кхолларан а исбаьхьаллин гIирсех.

Вайнехан барта кхолларалла Iаламат мехала хиларна тIе тидам бахана XIX бIешеран хьалхарчу эхехь дуьйна а оьрсийн сийлахьбаккхийчу яздархойн а, прогрессивни Iилманчийн а. А. С. Пушкина ша 1829 шарахь язйинчу «Тазит» цIе йолчу поэми тIехь дуьйцу нохчийн къоман ловзарех а, самукъадаккхарах а лаьцна.[2] Цуьнан кхийолу произведенеш а ю Нохчийчоьнах а, къоман дахарх а лаьцна хаамаш шайн чулацамехь болуш. «Арзруме вахар» («Путешест-

[1] *Бонч-Бруевич В. Д.* «В. И. Ленин халкъан барта кхоллараллех лаьцна» боху дагалецамаш. «Нохчийн фольклор», т. 2, Грозный, 1964, 3 агIо.

[2] *Пушкин А. С.* Сочинения в трех томах. Т. 2. ГИХЛ. М., 1958, стр. 212.

вие в Арзрум») бохучу шен яздаршкахь А. С. Пушкина дуьйцу нохчийн иллешкахь вуьйцуш Таймин Бийболатах лаьцна.[1]

М. Ю. Лермонтовс 1832 шарахь язйина «Измаил-Бей» цIе йолу поэма. Автора ша и поэма дIайолаеш тоьшалла до, оцу поэмин чулацамехь дерг къеначу нохчийчо шена дийцина хабар хиларан.[2] ЛIитературоведенехь билгалдаьккхина ду «Хаджи Абрек» цIе йолу шен поэма а М. Ю. Лермонтовс Таймин Бийболатах лаьцна долчу дийцарех пайдаоьцуш язйина хилар.[3]

Нохчийн халкъан барта произведенеш нохчийн маттахь дIаязйинчу оьрсех дуьххьарлерниг ву сийлахь-воккха яздархо Л. Н. Толстой. Цо 1852-чу шарахь ша Довлетгирин-эвлахь волуш шен доттагIашкара Мисирбиев Садогара а, Исаев Балтера а оьрсийн элпашца дIаязйина нохчийн халкъан ши йиш а. Хууш ду Лев Толстойс вайнехан барта кхолларалла лаккхара мах хадийна хилар. 1875 шарахь кхечу воккхачу оьрсийн поэте А. А. Фете цо яздина: «Кху муьрехь ас йийшира шайн хьокъехь цхьанна а, хIумма а хууш доцу, амма сан ойла тIеяхна йолу книгаш. Иза ю Тифлисехь аракецна кавказски ламанхойх болчу хаамийн сборник. Цу тIехь ду ламанхойн дийцарш а, поэзи а — поэтически башха жовхIарш. Хьуна и яйта лиънера суна. И йоьшуш виллина хьо дагаоьхура суна. Амма и ца йоуьйту ас, хIунда аьлча, цунах къаста сайна хала хиларна. Ца Iебаш юх-юха а йоьшу ас...»[4] Л. Толстойс «Поэтически башха жовхIарш» аьлла нохчийн барта произведенех. Кавказах лаьцна йолчу шен исбаьхьаллин произведенешкахь пайда а эцна цо вайнехан фольклорах. Масала, «Хьажа-Мурд» цIе йолчу повесть тIехь нохчийн ши илли далийна автора.

Л. Н. Толстойс шена нохчийн иллеш дахьийтина волчу А. А. Фета а лаккхара мах хадийна церан. Уьш поэтически кепехь оьрсийн матте а дерзийна, зорба тоьхна А. А. Фета 1876 шеран январехь арадаьллачу «Русский вестник» цIе йолчу журнал тIехь. Цул совнаха Фета оцу иллин хьокъехь стихотворени а язйина, церан Iаламат кIорггера исбаьхьалла билгалйоккхуш.[5]

Цу тайпана, нохчийн халкъан барта кхолларалла Iаламат башха поэтически чулацам болуш хилар чIагIдо дуьненна бевзаш болчу сийлахь-баккхийчу оьрсийн яздархоша.

---

1 *Пушкин А. С.* Собрание сочинений в 10-ти томах. ГИХЛ М., т. 5, 1960, стр. 457.

2 *Лермонтов М. Ю.* Собрание сочинений в четырех томах, т. 2, изд-во АН СССР, М.—Л., 1962, стр. 166—167.

3 Примечания к собранию сочинений М. Ю. Лермонтова в четырех томах, т. 2. Изд-во АН СССР, М.—Л., 1962, стр. 673—674.

4 *Толстой Л. Н.* Полное собрание сочинений. Письма (1873—1879). Госполитиздат, М., 1953, т. 62, стр. 209.

5 *Фетан А. А.* и стихотворени нохчийн маттахь дуьххьара зорбатоьхна 1976 шарахь 8-чу классан учебник тIехь Арсанукаев Шайхин гочдарехь.

XIX бIешарахь Кавказерчу къаьмнийн меттанаш толлуш дуккха а болх бина волчу оьрсийн воккхачу Iилманчас П. К. Услара вайнехан барта кхолларалла дуьненахь а шайн кIорггерачу чулацамца цIе яххана йолчу финскийн а, индийскийн а эпосех а юстуш хилла. Цо яздина: «Ламанан халкъан поэзи Iаморан болх сов боккха болх бу, и Iаморна дуккха а шераш дезар ду, амма иза дерриге а дуьненан а болх хир бу, фински «Калевала» я индийски поэмаш санна».[1]

Советски Iилманчаша а цу тайпана лору нохчийн барта кхолларалла. Л. П. Семеновс иштта яздина: «Чулацаме а, суртхIотторан гIирсашка а, композиционни кепашка а диллича, нохч-гIалгIайн фольклор инзаре чIогIа хьалдолуш ю».[2]

Иштта лаккхара механалла йолу барта кхолларалла шен бухехь а йолуш кхиа йолаелира нохчийн йозанан литература. Къоман исбаьхьаллин литература кхиарехь беркате хьоста хилла дIахIоьттира шен кIорггера чулацам болу вайнехан фольклор. Дуьххьарлерчу яздархоша кхолларалла пайдаийцира барта произведенийн суртхIотторан гIирсех, васт кхолларан башхаллех, исбаьхьачу маттах. Къоман фольклорца цхьаьна яздархойн корматалла кхиарна Iаламат механала дара оьрсийн классически а, советски а литературах цара пайдаоьцуш хилар. Лаккхара идейно-эстетически чулацам болчу оьрсийн литературо гIо дора нохчийн яздархошна исбаьхьаллин кепехь къоман дахар талларехь шайн корматалла лаккхаяккха. Оцу хьелаша таро хилийтира Сийлахь-йоккха Октябрьски революци хиллачул тIаьхьа кхоллаеллачу нохчийн советски литературана сиха кхиамаш баха. Кхоллаеллачу хьалхарчу иттех шарахь нохчийн литературехь кхиира ерриге а жанраш, иза дуккха а жанрашкахь йолу советски литература хилла дIахIоьттира. Социалистически реализман некъаш тIехь йолчу литературо сиха кхиамаш бехира. Советан Iедал дIа а хIоьттина, вайн Даймахкахь социалистически хийцамаш кхочушбечу хенахь нохчийн литературан идейно-тематически чулацам халкъан бахам социалистически тIегIан тIе баккхаре хьажийна бара. Сийлахь-боккха Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь, массо а советски къаьмнийн литератураша санна, нохчийн литературо а шен берриге ницкъ мостагI эшорехьа гIо дарна тIехьажийнера.

Шен чулацамехь социалистически а, хормехь къоман а йолу нохчийн литература советски юкъаралла кхиарца цхьаьна кхуьуш схьайогIу. Халкъо кхочушдеш долу турпалаллин гIуллакхаш ду яздархойн исбаьхьаллин произведенешкахь гойтуш дерш. Исбаьхьаллин произведенийн тематика шорло, идейно-эстетически барам

---

1 *Услар П. К.* Этнография Кавказа. Языкознание, ч. II. Чеченский язык, Тифлис, 1888.

2 Цитата схьаэцна хIокху книги тIера: Джамалханов З. Д., Мачигов М. Ю., Нохчийн мотт. 1 дакъа. Педучилищан студенташна учебник. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1972, 6—7 агIо.

лакхаболу. Шо шере мел дели шен теманашца, жанрашца, васташца шорло литература, исбаьхьаллин кхиамашка гIерта. Керла кхиамаш баьхна къоман литературо хIокху тIаьххьарчу шерашкахь. Литературан халкъан дахарца йолу уьйр чIагIъелла, советски юкъараллехь хуьлуш болу исторически хийцамаш исбаьхьаллин кепехь кIорггера луьсту яздархоша. ХIинца исбаьхьаллин произведенийн тематика керлачу дахарехьа боьдучу новкъахь вайзаманхочо боху толамаш гайтарна тIехьажийна ю. Керлачу дахарехьа къийсам латтош волчу советски стеган турпалаллин васт хIоттадо произведенешкахь, социалистически дахарехь къинхьегаман адамийн вовшашца кхоллалуш йолу юкъаметтигаш гойту, советски къаьмнашна юкъара доттагIаллех, вошаллех дуьйцу. ХIинцалерчу нохчийн литературан коьрта башхаллаш ю коммунистически идеалашца вехаш волчу вайзаманхочун васт хIоттор а, цуьнца цхьаьна халкъан таханлерчу дийнах кIорггера кхетархьама, хьалха дIадахана исторически хилларг таллар а. Доккха гIуллакх до хIинцалерчу литературо адамийн дуьненехьежар а, духовни культура а, коммунистически оьздангалла а кхиорехь.

Цундела таро ю школехь литература Iамош дешархошна литературни хаарш даларал совнаха, уьш кхетош-кхион а. Литературни дешар Iамор а, дешархой кхетош-кхиор а цхьабосса кхочушдо хьехархочо шен балха тIехь.

III

Нохчийн советски литература школехь Iамош ю 20-чу шерашкахь дуьйна. Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа Коммунистически партин куьйгаллица сихха кхочушдира къоман йоза-дешар кхиоран а, халкъана юкъа шуьйра даржоран а гIуллакхаш. Схьайиллира ненан маттахь йоза-дешар Iамош йолу школаш, кечйира учебникаш, вовшахтуьйхира дешарна оьшуш болу берриге а гIирсаш. Коммунистически партис чIогIа тидам бора паччахьан заманахь Iазапехь даьхкинчу къаьмнийн культура а, литература а кхиоран.

20—30-чуй шерашкахь нохчийн литературан произведенеш юьхьанцарчу а, ворхIшеран а школашкахь Iамош яра. 1935 шарахь арайьллачу юьхьанцарчу школан кхоалгIачу классана лерина йолчу литературан хрестамати[1] тIехь «Нохч-ГIалгIайн яздархой» бохучу декъехь яра нохчийн яздархойн дуккха а произведенеш. Царна юккъехь яра Бадуев СаьIидан «Колхозан бригада» стихотворени, «Тракторхо-Жуьнид» цIе йолу очерк; Айсханов Шамсуддинан «Орга» стихотворени; Нажаев Ахмадан «БIаьсте», «ЦIечу эскаран некъан илли», «Казбек» цIераш йолу стихотворенеш; Мамакаев Мохьмадан «Буьрса де», Музаев Нурдинан «Зударшка», Дудаев Iабдин «БIаьстенна илли» цIераш йолу стихотворенеш; гIалгIайн поэта Муталиев Хьаьжбекаран «Колхозан мехкарийн илли», Исаева Маремин «Iалхан-Юрт», «Зеламха» боху поэмаш, кхийолу произведенеш а.

[1] *Исаева М.* Литературан хрестомати. Хьалхарчу школан кхоалгIачу классана. Соьлжа-гIала, 1935.

Оцу произведенех дуккаха йолчарна хIиттийна хаттарш ду. Церан Iалашо дешархой оцу произведенийн идейни чулацамах кхетийтар ю. Масала, иштта хаттарш ду Музаев Нурдинан «Зударшка» бохучу стихотворени чекхъяьлча хIиттийна: 1. Мича хьолехь яра нохчийн зуда Октябран революци хилале хьалха? ХIинца муха хилла дIахIоьттина и? 2. Стенга кхойкху яздархочо шен стихаца? 3. Нохчийн зудчун хIун мостагI ву яздархочо цуьнга дIаваккха бохург? 4. ХIунда ду бодане Iадаташ нохчийн зудчун мостагIий?

Гуш ма-хиллара, и дерриге а хаттарш стихотворени идейни чулацам къасторна тIехьажийна ду. Ала деза, и Iалашо цара кхочушъеш а хилар. Амма стихотворенин исбаьхьаллин агIо къасторан цхьа тайпана лехамаш бац цаьрца. Литературни произведенийн идейни чулацам къасторна тIе тидам бахийтинехь а, оцу произведенийн исбаьхьаллин кеп хьахор юьстах дитина хрестомати тIехь. Оццу кепара хIоттийна ю 1936 шарахь араяьлла Айсханов Шамсуддис кечйина йолу шолгIачу классан дешаран книжка а.[1] Бакъду, кху тIехь нохчийн литературан произведенеш алсамо ю, хьалха вай йийцинчу хрестомати тIехь чулла.

ВорхIшеран школехь (я хьалха олуш ма-хиллара, юьззина йоцчу юккъерчу школехь) нохчийн мотт а, литература а хьехаран программаш кеч а йина, арахецна 1940 шарахь.[2] Нохчийн меттан программаш хIоттийнарш бу: Н. Ф. Яковлев, Хь. Г. Гугиев, Хь. Н. Дукузов, А. Х. ХумпIаров. Нохчийн литературни дешаран программаш хIоттийнарг, ерриг программаш методически гайтамашца тойина, арахеца кечйинарг Гугиев Хь. Г. ву.

Оцу программийн мужалт тIехь а, титульни кехат тIехь а «юккъерчу школан программаш» аьлла яздина делахь а, уьш 5—7-чуй классашна бен лерина яц. Оцу классашкахь (5—7-чуй) нохчийн мотт а, литература а хьехарехь бен болх билгалбаккхарал совнаха, кхечу лаккхарчу классех лаьцна хьахийна хIумма а дац. Бакъду, 5—7-чуй классашкахь нохчийн мотт а, литература а хьехаран хьелаш Iаламат дика, Iилманан буха тIехь билгал а дохуш, къастийна оцу программаша.

1957-чу шарахь С. Ч. Эльмурзаевс хIиттийна 2—10-чуй классашкахь нохчийн мотт а, литература а хьехаран программаш.[3] Юха

[1] *Айсханов Ш.* Дешаран книжка. Юьхьанцарчу школан шолгIачу классана. ШолгIа дакъа. Соьлжа-гIала, 1936.

[2] Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а (5—7-гIий классаш). Соьлжа-гIала, 1940.

[3] Юккъерчу школан 2—10-чуй классашна программаш. Дешаран план. Нохчийн мотт. Грозный, 1957.

шен болх дIаболош йолчу къоман школехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран хьелаш кхолла (рекомендацеш яларан) Iалашо яра оцу программийн. 8-гIа а, 9-гIа а, 10-гIа классашкахь хьеха билгалъяьхна цхьатерра произведенеш яра. Кхеташ а дара иза, хIунда аьлча, оцу классашкарчу дешархоша нохчийн литература хIиццалц ца Iамийнера.

ХIора классана литература Iамо билгалдаьккхина 40 сахьт дара. Литературни дешаран кепехь Iамон схьакъастийнера халкъан барта кхолларалле ш ши илли: «Зайтан Шихмирзин иллий», «Таркхойн кIентан иллий». Исбаьхьаллин произведенех Iамош яра: Сулаев М. «Гила», Эдилов Х. «Даймехкан байракх», Джамалханов З. «В. И. Ленин», Ибраева Р. (Ахматова Р.) «Москва», Музаев Н. «Октябрь», Яндиев Дж. «Ленинец», Ведзижев А. «Декхар». Уьш ерриге а стихотворенеш яра. Царал совнаха шиь дийцар а дара программо Iамо билгалдаьккхина: Батукаевн А. «Ирсе боьду некъ», Х. Ошаевн «Дукъ тIехь».

Программо магадора оцу произведенел совнаха газеташ тIера, сборникаш тIера, кхечу книгаш тIера исбаьхьаллин произведенеш Iамор, «нагахь санна хьехархочо уьш магош хилахь, берийн шерашка хьаьжжина» (оцу программийн 8 агIо). Теоретико-литературни хаарш далар а билгалдаьккхинера программо. Стихотворенин ритмах кхетамбалар а, исбаьхьаллин меттан башхаллийн тидам бар а, эпитеташ, кицанаш, метафорш тергалъяр а тIедуьллура программо.

Оьрсийн литературан урокашкахь Iамийначу литературно-теоретически материалах пайдаэцар а хьахийнера программаш тIехь.

Билггал гуш долу кхачамбацарш шайца делахь а, 1957 шарахь араяьлла и программаш доккха гIуллакх деш яра школашкахь нечан мотт а, литература а Iаморан хьелаш кхолларехь.

Ала дезаш ду оцу хенахь кхолладеллачу хьелашкахь программаша билгалбаьккхина болу нохчийн мотт а, литература а хьехаран некъ шеко йоццуш нийса хиларх лаьцна.

1958-чу шарахь араяьлла Джамалханов Зайндис кечйина 5—10-чуй классашна лерина йолу нохчийн меттан программаш.[1] Оцу программаш тIехь нохчийн мотт хьехаран хьелаш къастор бен литература хьехарх лаьцна хIумма а дац.

Царал тIаьхьа, 1960 шарахь, араевлира З. Джамалхановс хIиттийна йолу нохчийн меттан а, литературан а бархIшеран школана лерина йолу программаш (проект).[2] Кху программаш тIехь алсам дийцина 5—8-чуй классашкахь литература хьехарх лаьцна. Довзийтарехь билгалдаьхна литература хьехаран коьрта декхарш. Программни произведенеш Iаморехь цхьацца болу методически хьехамаш а белла. Классал арахьа произведенеш ешарх лаьцна хаамаш бу. Дозуш долу къамел кхиош бан беза белхаш билгалбаьхна программаш тIехь, ткъа иштта гIуллакхан къамелана сахьташ а къастийна. Литературан теорех хаамаш балар а билгалдаьккхина программаша. И дерриге а дикачех дара программаш тIехь, амма 8-чу классехь Iамо къастийна йолу произведенеш ерриге а цхьана тайпана, цхьана жанрехь яра — стихотворенеш а, поэмаш а.

1962-чу шарахь тIеийцира авторийн коллективо (З. Джамалханов, Р. Лалаев, М. Чентиева, У. Эжаев, С. Эльмурзаев, кхиберш а) хIиттийна йолу керла программаш.[1]

И программаш хьалхарчарех шаьш дикка къаьсташ яра. 8-чу классехь Iамо билгалъяьхнера коьрта долчу декъана нохчийн литературехь тоьлла йолу произведенеш. Царна юкъахь яра М. Мамакаевн «Революцин мурд», І. Мамакаевн «Нохчийн лаьмнашкахь», І. Хамидовн «Абубешар», З. Муталибовн «БIаьхочун весет», Р. Ахматован «Зуда-ламанхочуьнга», «Сан махке» и. дI. кх. Кхузахь проза а, поэзи а, драматурги а ю. Произведенеш Iамо дIанисьяр а шен цхьана кепехь ду. Программо тIедожадора классал арахьа дешар вовшахтохар а, билгалъяьхнера классал арахьа еша магош йолу произведенеш а.

Дешархошна литературно-теоретически хаамаш балар а, иза кхочушдаран некъ а гайтинера программашна тIехь. Тидам тIебахийтинера исбаьхьаллин произведени къастош еша дешархой Iаморна.

Амма ледарлонаш а яра оцу программаш тIехь. Масала, тоьлла, дика произведени ерриг а ца Iамош, цуьнан дакьош Iамор билгалдаккхар. Иштта «Революцин мурд» романан халхара дакъа бен ца Iамадора классехь, «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин а дакъош бен ца Iамадора. Произведенийн кийсакаш ешарх исбаьхьаллин литературах кхоччуш кхетам кхоллалур бац дешархойн. Исбаьхьаллин литературан башхаллаш йовзуьйтуш произведенеш, хеда а ца еш, шаьш ма-ярра йолчу барамехь Iамо еза.

Дешархойн ненан маттахь йозанан къамел кхиорна а кIезиг тидам тIебахийтинера программаш тIехь. 8-чу классехь дийнна шарахь дешархошка язъяйта билгалъяьккхинарг кхо сочинений, цхьа изложений бен яцара. Ткъа шера гуш ду и кIезиг хилар.

Иштта дIа кхин а цхьацца кхачамбацарш шайца хиллехь а, коьрта долчу декъана дика программаш яра уьш, вай лаккахь дийцина ма-хиллара. Оцу программаша дуккха а шерашкахь гIуллакх дира нохчийн мотт а, литература а хьехарехь. Царех пайдаийцира 1970-чу шарахь школашкахь керла чулацам болу дешар

[1] Юккъерчу школийн программа. Нохчийн мотт. 5—10-гIий классаш. Грозный, 1958.

[2] БархIшеран школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. 5—8-гIий классаш. Грозный, 1960.

[1] БархIшеран школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. Грозный, 1962.

Государственное учреждение Национальная библиотека Чеченской Республики
Национальный краеведческий отдел

тIеоьцуш хийцамаш хуьлчу хенахь керла программаш юкъаяххалц.

Школашкахь нохчийн мотт а, литература а хьехархь керла чулацам юкъабалоран Iалашо яра 1970-чу шарахь зорбатоьхначу программийн.[1] И программаш хIиттийнера хIокху авторша: З. Джамалханов, Э. Солтаханов, С. Хамирзоев, I. Гайсултанов, У. Эжаев.

ХIетахь зорбатоьхна 9—10-чу классашкахь литература хьехаран программашна а. Хьалха 8-чу классана тIекхаччалц бен яцара нохчийн литература хьехаран программаш. Программашца цхьанахеннахь араевлира 9-чу а, I0-чу а классашна лерина йолу нохчийн литературан хрестоматеш а.

Коьртачу декъана нохчийн советски литературан тематика а, идейни а, исбаьхьаллин а башхаллаш дешархошна йовзийтаран Iалашонаш яра керлачу программийн лехамашна бухехь ерш. И Iалашонаш кхочушъяре хьажийна бара церан чулацам.

8—10-чуй классашкахь Iамо билгальяьхнера нохчийн литературехь цIе яххана болчу яздархойн тоьлашха йолу исбаьхьаллин произведенеш. Шайн идейни чулацаме а, исбаьхьаллин башхалашка а хьаьжча, ерриге бохург санна, хьакъ а яра уьш школехь Iамо. Амма и произведенеш Iаморехь хьалха-тIаьхьа а йохуш классашкахь дIанисьяр, дешархой нохчийн литературах кIорггера кхетачу а, кхоччуш цунах пайдаоьцучу а агIора ца нисделлера. Хьовсур вай хIунда ца нисделлера. 8-чу классехь Iамо билгальяьхнера хенан рогIаллехь (хронологически) дIанисйина йолу Дудаев Iабдина тIера схьа Гайсултанов Iумарна тIекхаччалц вайн литературехь шайн цIераш йолуш волчу цхьайтта яздархочуьнан 14 произведени, шайна юкъахь стихотворенеш, дийцарш, поэмаш, очерк, роман а йолуш. И ерриге материал хьехар кхочушдан дезара (йозанан белхаш язбар а тIехь) дешар плано билгалдаьккхинчу 35 сохьтехь.

9-чу классехь кхузахь вай дIаязъечу кепехь дIанисйина яра хIара материал: Исаевн М. «Ирсан орам», Мамакаевн I. «Нохчийн ламнашкахь», «Даге»; Сулаевн М. «Товсолта ломара дIаводу»; Гайсултановн I. «Малика»; Саидовн Б. «Пейзаж», «Нана»; Муталибовн З. «Сан доттагI Лом-Iела», «В. И. Ленин», «Даима хьоьца»; Мусаевн М. «Анзор»; Эдиловн Х. «Сийлаха», «Борз конторехь». Хала ду и произведенеш хьалха-тIаьхьа йохуш дIанисъяран бухе диллинарг хIун ду хаа, аьлча а, проза поэзица хийцалуш хиларал совнаха хIумма а дац.

10-чу классехь хIокху кепара нисдина дара литература Iамор: Айдамиров А. «Маршонан цIарах»; Арсанов С.-Б. «Маца девза доттагIалла»; Ошаев Х. «Алун шераш»; Мамакаев М. «Революцин мурд», «Зеламха», «Даймехкан некъаш»; Бадуев С. «Большевикаллица ялта дерехьа», «Церан арц»; Нажаев А. «ЖаIу»; Музаев Н. «Вайнахах дийцар»; Хамидов I. «Лийрбоцурш»; Ахматова Р. йиъ стихотворени. Коьрта долчу декъана шайн идейно-тематически чулацаме хьаьжжина дIанисйина ю и произведенеш. Дукхах йолу яккхий произведенеш (романаш, поэмаш, пьесаш) дакъошкахь Iамайо. Хууш ду, произведенийн кийсакаш ешарх исбаьхьаллин литературах буьззина кхетам кхоллалург цахилар. Вайна ма-гарра, хIора классехь шен кеп ю пролалург цахилар. Вайна ма-гарра, хIора классехь шен кеп ю произведенеш дIанисъяран. Цхьана классера литературни материал вукху классерчух къаьстина лаьтташ яра, 10-чу классан материал 9-чух а, 9-гIа классаниг 8-гIа классачух а йозуш хила ца езаш санна. Цул совнаха хIора исбаьхьаллин произведени, литературни процесса юкъара схьа а яьккхина, ша къастийна йийца езаш яра. Ткъа хууш ма-хиллара, мелла а мехала йолу произведени шел хьалхалерчу литературан кхиамаш чу а лоцуш, шена тIаьхьа арайовлучу произведенешка мелла а шен аматаш а луш хуьлуш ю.

Литературан халкъан дахарца йолу зIе а дешархошна къеггина гучу ца йолура. Теманаш а, идейш а, исбаьхьаллин васташ а литература кхиарехь вовшашца дозуш, уьйр йолуш, амма дахаран хийцадаларан шовкъашка хьожжий вовшийн хуьйцуш хилар а, дешархойн тидам тIе ца боьдуш дуьсура. Турпалхочуьнан васт ша кхоьллинчу хенан исторически дIахIоттамах къастийна Iамош хилча, цуьнан идейно-исбаьхьаллин маьIнех кхета хала ду.

Ала дезаш ду, лакхарчу классашкахь литературан теорех болу хаамаш баларан гIуллакх а программаш тIехь ледаро нисделла хилар. Масала, 8-чу классехь Дудаев Iабдин жима кхо стихотворени Iаморца цхьаьна дешархошна хIара литературан теорин хаамаш балар тIедожадора программийн проекто: «Произведенехь коьртачу турпалхочух лаьцна кхетам балар. Исбаьхьаллин произведенехь къовсамийн меттигаш йовзийтар. Адамийн дахарехь исбаьхьаллин литературан произведенийн маьIна. Поэтически маттах кхетам балар, очерках кхетам балар. Силлабо-тонически стихаш язъяран системах кхетам балар».[1] Дийца ца оьшуш кхеташ ду, оцу гIуллакхехь дидактикан бакъонаш цхьана а тайпана тидаме эцна цахилар. Школехь литературан теорех болу хаамаш исбаьхьаллин произведени Iамош, иза талларца цхьаьна луш бу, оцу произведенин жанре, чулацаме, исбаьхьаллин башхаллашка хьожжий. Пьеса Iамочу хенахь драматически жанрех болу кхетам ло, очерк Iамош очерках болу теоретически кхетам ло, шен чулацамехь къовсамийн меттигаш а йолуш, гIеххьа йоккха исбаьхьаллин произведени Iамочу хенахь «произведенехь къовсамийн меттигаш» йовзуьйту. Амма вай толлуш йолчу программаша и

[1] Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. Проект. Грозный, 1970.

[1] Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. Проект. Грозный, 1970, 141 агIо.

цхьа гIуллакх а тидаме ца оьцу. Цундела уьш дидактико хьоьхучу некъа тIера юьстах евллера. Алссам бара оцу программаш тIехь эшамаш.

Доцца аьлча, вай кхузахь хьахийна а, хьахоза долу кхин а историко-литературни уьйрех доьзна дуккха а хаарш дешархошна дийца а, уьш царах кхето а бIегIийла йоцуш нислора, Iамош йолу материал 8-чу а, 9-чу а, 10-чу а классашкахь вайн литература кхуьуш схьа ма-ярра йолчу кепехь, хенан рожехь (хронологически) дIанисйина цахилар бахьана долуш. Цундела юккъера школа чекхйоккхуш болчу дешархойн нохчийн литературах долу хаарш кIорггера а, кхачам болуш а ца хуьлура.

Лакхарчу классашкахь советски литература Iамор дIадахьа дезаш дара исторически хиламашца, социалистически дахар дIахIотторан, советски юкъаралла кхиаран хьелашца цхьаьна догIуш. Иза кхочушдан бIегIийла кхуллуш юккъерчу школехь Iамошъерг нохчийн советски литературан систематически курс хила езара. Масала, 20—30-чу шерашкара литература 8-чу классехь, 40—50-чу шерийн литература 9-чу классехь, 60-чу шерашкара схьа йолу литература 10-чу классехь Iамор кхочуш а деш. Нохчийн литературан материал цу тайпана историко-литературни кепе ерзоро таро хуьлуьйтур яра лакхарчу классашкахь исбаьхьаллин произведени ша къастийна ца Iамош (4—7 классашкахь литературни дешаран курсехь санна), цуьнан авторан ерриг кхолларалла йийцарца цхьаьна и произведени талла а, цуьнан тема а, идея а, шен хенахь халкъана хьалха лаьттина проблемаш муха кхочушъеш хилла бохучух дешархой кхето а, литературан дахарца йолу уьйр билгалъяккха а.

Цу тайпана, нохчийн советски литература юккъерчу школехь Iамор кхидIа а тодарехь хьалха кхочушдан дезачарах коьртаниг программаш тояр а, дикачу литературоведчески материалан буха тIехь, педагогически, психологически Iилманех а, нохчийн литература хьехарехь зеделлачух а пайдаоьцуш, лакхарчу классашна учебникаш хIиттор а дара. Оцу балха тIехь Iаламат пайдехьа дара оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а школашкахь литература хьехар тодарехь кхочушдинарг тидаме эцар.

Хьалхарчу программийн дика агIонаш а, эшамаш а, дахаро школана хьалха хIиттош долу керла декхарш а тидаме а оьцуш, хIиттийра керла программаш. Юккъерчу школехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран керла программаш хIиттор дIадаьхьира РСФСР-н Серлонан министерствон къаьмнийн школийн Iилманан-талламан институтан Нохч-ГIалгIайн филиалехь.

8—10-чу классашна литературан программашна зорбатуьйхира 1974-чу шарахь.[1] ХIетахь дуьйна схьа школехь шайх пайдаоьцуш ю уьш. Оцу программийн коьрта башхалла а, шайл хьалха хиллачу нохчийн литературан ерриге а программех уьш къасториг а ду цара юккъерчу школехь нохчийн литература хьехар историко-хронологически кепе дерзийна хилар. 8—10-чуй классашкахь Iамо программаша билгалъяьккхинарг дешархошна Iамо бIегIийла йолчу агIора хIоттийна йолу нохчийн советски литературан систематически курс ю. Лакхарчу классийн дешархоша Iамайо хенан рогIаллех дIанисйина йолу ненан меттан литературан тоьлла произведенеш.

Хьалха школехь Iамош ца хилла, амма шайн идейно-исбаьхьаллин механалалла лаккхара йолу произведенеш а, ткъа иштта цхьацца болчу яздархойн керла цIераш а юкъаялийна программашна. 8—10-чу классийн программашна юкъайогIу гIалгIайн яздархойн произведенеш а (Беков Тембот, Яндиев Джамалдин, Боков Ахьмад). И произведенеш Iамош, гIалгIайн литературах дешархойн долу хаарш шордан а, кIаргдан а дезар тIедожадо программаша.

Вайн интернациональни Даймехкан кхечу къаьмнийн литературийн произведенеш а ю программашна юкъайогIуш (Александр Казбеги, Сулейман Стальский, Кайсын Кулиев). Церан произведенеш Iаморехь вежараллин къаьмнийн литературе а, культуре а дешархойн безам кхиабо хьехархочо. Нохчийн литература Iамочу урокашкахь советски вежараллин къаьмнийн литературех мелла а произведенеш Iамор керлачу программаша дуьххьара юкъадаьккхина долу пайдехьаниг ду.

Нохчийн литературехь болу критически белхаш дешархошна мелла а бовзийта безаш хилар а билгалдаьккхина программаша.

Дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиорна алссам тидам тIебахийтина программаш тIехь: «Хаа дезаш а, даиманна тидамехь латто дезаш а ду дешархойн къамел кхиор юкъа-кара деш долу гIуллакх доцуш, литература а, нохчийн мотт а Iаморехь хаддаза беш болу болх хилар», — боху довзийтаран кехат тIехь.[1] ХIор классехь 8—10 йозанан болх язбайтар тIедожадо программаша, церан тайпанаш билгал а даьхна.

Школашкахь шайх кхиамца пайдаоьцуш ю и программаш. Жимма хийцамаш бина царна тIехь 1979-чу шарахь юха зорбатухуш. Дешархошна аттачу йохуш программаш тIера дIадаьккхина критически белхаш Iамор Карлаяьккхина классал арахьа еша билгалъяьхначу произведенийн список.

Цу тайпана ду юккъерчу школехь хьоьхучу нохчийн литературан курсан чулацам тайп-тайпанчу хенашкахь билгалбахаран хьелаш.

[1] Юккъерчу школан 8—10-чуй классашна литературан программаш (хIоттийнарг I. Арсанукаев). Грозный, Нохч-ГIалгIайн книжни издательство. 1974.

[1] Юккъерчу школан VIII—X классашна литературан программаш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1974, агIо 9.

Школехь литература хьеха йолорца, иза хьеха программаш, дешаран книгаш кечьярца дIадолало методика кхоллаялар а. Сийлахь-йоккха Октябрьски революцино таронаш елла ненан маттахь йоза-дешар кхион а, шуьйрачу халкъана юкъа даржо а.

ТкъаесналгIачу бIешарахь нохчийн кхоь абат (букварь) араяьлла зорбанера. Царех дуьххьарлерниг язйина 1962-чу шарахь Досин Къедас.[1] Оьрсийн Iилманчас, цIе яххана волчу кавказоведа П. К. Услара нохчийн маттах лаьцна талламаш беш цуьнан информатор хилла Досин Къеда. Нохчийн литературан, аьлча а барта кхолларалин произведенеш дешаран Iалашонца дуьххьара цо зорба тоьхна шен абат тIехь. Царна юккъехь ду кицанаш, хабарш, кхетаме аларш, схьахетарехь, Къедас шегара яздина дийцарш а. Амма и абат а, шел тIаьхьа язйина кхиерш а санна, пачхьан заманахь шех пайдаэцаза йисина. П. К. Услара оьрсийн алфавитан бух тIехь нохчийн элпаш кхоьллинера, кIорггера талламаш а бина, нохчийн меттан грамматика а язйинера. Шен белхан мехалла таллархьама, Соьлжа-ГIалахь цхьана ханна йолу школа а йиллина, 25 стаг деша а хаийнера цо. Оцу алфавитах пайдаоьцуш кIеззигчу хенахь хьехначул тIаьхьа Iаламат дика шера деша Iеминера царех дуккхаболчарна. Услара бина болх мехала хилар билгалдаьллера. Амма паччахьан Iедал дуьхьал дара къаьмнашна юкъа йоза-дешар даржорна, цундела пайда ца эцийтира халкъе Услара а, кхечара а нохчийн маттахь йоза кхоллархьа бинчу балхах.

Сийлахь - йоккха Октябрьски социалистически революци а хилла, Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа Коммунистически партин куьйгаллица сихха кхочушдира къоман йоза-дешар халкъана юкъа шуьйра даржоран гIуллакхаш. Схьайиллира ненан маттахь дешар Iамош йолу школаш, кечйира учебникаш, вовшахтуьйхира дешаран оьшу берриге а гIирсаш. 20-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь нохчийн меттан а, литературан а учебникаш, дешаран книгаш кечьярца дIадоладелира методика кхиар а. Юьхьанца программаш йоцуш, авторша шайна бIегIийла хеташ йолу материалаш ялайора дешаран книгашна юкъа. Цул тIаьхьа программаш хIиттийра, 1926-чу шарахь ГУС-ан программаш нохчийн маттана тояран болх а вовшахтуьйхира.[2] 30-гIа шераш доладеллачу муьрехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран методика кхиар мелла а керлачу тIегIан тIе делира. Москвахь схьайиллинчу Iилманан-талламан къаьмнийн педагогически институто (Центральный научно-исследовательский педагогический институт национальностей) Нохч-ГIалгIайчу Iилманан экспедици яийтира оьрсийн мотт а, ненан меттанаш а хьехаран хьелашка хьажа, уьш тодарехь гIо дан. Мехала болх дIабехьира экспедицино. Цо гIо дира дешаран книгаш, учебникаш тоярехь, меттанаш хьехаран болх жигарабаккхарехь. Оцу экспедицин декъашхочо язйинчу «Уроки чтения на родном и русском языке в чеченской и ингушской школах» цIе йолчу Iилманан-методически статья тIехь кхачам боллуш гайтинера ненан меттан цхьайолчу дешаран книгийн башхаллаш, церан текстийн а, методически аппаратан а лелонаш, дийцинера хьехархойн кхиамех а, урокийн кхачамбарех а лаьцна. Цу тIехь гайтинера нохчийн, гIалгIайн школашкахь оьрсийн а, ненан а меттанаш хьехар тодаран методически некъаш, еллера рекомендацеш.[1]

Ненан мотт а, литература а хьехар кхидIа а тодарехь доккха маьIна дара профессор Н. Ф. Яковлев коьртехь а волуш авторски коллективо (Хь. Г. Гугиев, Хь. Н. Дукузов, А. Х. ХумпIаров) керла программаш хIиттарехь кхочушбинчу белхан. ХIетахь дуьйна схьа, вай лаккхахь дийцина ма-хиллара, школана хьалха лаьттачу декхаршка хьаьжжина хийцамаш беш а, тоеш а схьаяьхкина ненан меттан а, литературан а программаш, учебникаш, арабийлина дуккха а методически белхаш а. Цу тIехь жигара дакъа лаьцна Джамалханов З. Д. а, Чентиева М. Дж. а, Эльмурзаев С. Ч. а, кхиболчара а.

Ненан мотт а, литература а хьехаран методика кхиорехь мехала болх дIахьо 1971-чу шарахь Грознехь схьайиллинчу РСФСР-н Къаьмнийн школийн Iилманан-талламан институтан Нохч-ГIалгIайн филиало. ТIаьххьарчу шерашкахь кхузахь кечъеш арахецна вайн республикерчу школашна оьшу дешаран а, методически а пособеш.

ШолгIа корта

ЮККЪЕРЧУ ШКОЛЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН ДЕКХАРШ

Коммунистически партис а, Советски пачхьалкхо а школана тIедиллина тIекхуьуш долчу чкъурана вайзаманан юкъараллин а, Iилман-технически а прогрессаца цхьаьнадогIуш долу дешар Iамор, дешархошна Iилманан баххех кхоччуш хаарш далар, и хаарш шаьш тIедузу таро йолуш дешархой кхиор. Школа декхарийлахь ю дешархойн марксистски-ленински дуьненехьежар а, коммунистически гIиллакх-оьздангалла а, эстетически культура а кхио. Иштта лаккхарчу кхетамехь дешархой кхиорехь школехь хьоь-

[1] Нохчийн джуж ду хIара. Ша дуьххьир дина вайн терихьин 1279 шарахь, гуьйренан хьалхарчу баттахь. ХIара динарг ву Дуосин Къеди алатан горун волу тайпана дишни. Зорбу тоьхна Типлисехь. 1862.

[2] Культурное строительство в Чечено-Ингушетии. Сборник документов и материалов. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1979, с. 78.

[1] *Богоявленский Л. П.* Уроки чтения на родном и русском языке в чеченской и ингушской школах. — Просвещение национальностей, 1933, № 6, с. 30—36.

хуш йолчу кхечу предметашна юккъехь йоккха меттиг дIалоцу литературо. Къаьсттина доккха маьIна ду литературан тIекхуьуш долу чкъор коммунистически кхетамца кхиорехь.

Советски школана хьалха лаьттачу Iалашонеххий, вайн юкъараллехь литературан долчу маьIнеххий схьадовлуш ду школехь литература хьехаран декхарш.

ДЕШАРХОЙ ИДЕЙНО-ПОЛИТИЧЕСКИ КХЕТАМЕХЬ А, ГIИЛЛАКХ-ОЬЗДАНГАЛЛИЦА А КХИОР

Дешархой идейно-политически кхетамехь а, гIиллакх-оьздангаллица а кхиор школехь литература хьехарехь коьрта декхар ду. Литературни хаарш даларца цхьаьна дIахьо дешархой кхетошкхиор.

Исбаьхьаллин литература шен ша-тайпа йолчу башхаллашца адамийн хьекъална а, синхаамашна а цхьабосса Iаткъам болуш ю. Дешархойн синхаамашка кхаьчна дерг чIогIа даг чу дуьжу царна. В. И. Ленина баьхна: «...адамийн синхаамашкахулий бен хилла а дац, дан а дац я хила йиш а яц адамийн бакъдерг лахар...».[1] Цу тайпана, кегийрхойн кхетам а, гIиллакх-оьздангалла а кхиорехь доккха маьIна ду ненан меттан литературан. Исбаьхьаллин литературан чулацамехь ду бIешерашкахь къомана юкъахь кхиъна йолу гIиллакх-оьздангалла, беркате ламасташ, халкъан кхетам а, ойла а. Советски заманахь социалистически дахар дIахIотторехьа болчу кьийсамехь кхолладелларг, Коммунистически партин идеалаш ю социалистически реализман некъаш тIехь кхуьуш йолчу литературан бухехь. Цундела коммунистически гIиллакх-оьздангалла кхиорехь доккха гIуллакх деш ю советски литература.

Дешархой идейно-политически кхетам болуш а, гIиллакх-оьздангаллица а кхиорехь доккха маьIна ду В. И. Ленинан тематиках лаьтташ йолчу произведенийн. Нохчийн литературехь алссам ю Ленински тематикех йолу исбаьхьаллин произведенеш, уьш кIорггера идейни а, исбаьхьаллин а чулацам болуш ю. В. И. Ленинах а, Коммунистически партех а лаьцна йолчу произведенеша дешархойн идейни кхетам лакхабоккху, коммунистически дог-ойла кхиайо.

Дешархоша Iамайо Дудаев Iабдин, Мамакаев Iаьрбин, Арсанукаев Шайхин, Мамакаев Мохьмадан, Сулаев Мохьмадан, Ахматова Раисин, Саидов Билалин, кхечеран а В. И. Ленинан Октябрьски революцин а тематикех лаьтташ йолу произведенеш. И произведенеш дешархошца йоьшуш а, Iамош а хьехархочо гайта деза В. И. Ленина шен халчу, амма сийлахьчу дахаран новкъахь шена хьалха хIоттийна Iалашо дерриге а къинхьегаман халкъаш паргIатоне, ирсе кхачор хилар. Классови Iазапехь дохкучу адамашка, массо а къинхьегамхочуьнга боккха безам хилла В. И. Ленинан. Паччахьан Iазапах адамаш паргIатдахарехьа болчу революционни кьийсамна шен сийлахь дахар дIаделла волу В. И. Ленин хьоме ву хIор советски стагана а, дуьненан берриге а къинхьегамхошна а. Цуьнан дахарх масала оьцу массо а оьздачу стага, и санна шен халкъана а, махкана а хьанал хилар лоху. Дешархошна хьалха хIотто деза В. И. Ленинан оьздаваст, цуьнан сийланаш, цуьнан гIуллакхаш адамашна беркат кхолларна тIехьажийна хилар гучудоккху исбаьхьаллин произведени толлуш. В. И. Ленинан гIиллакх-оьздангаллех лаьцна, цуьнан революционни балхах лаьцна дийцар дешархойн дагах хьакхалуччу кепара хила деза. Идейно-политически кхетам болуш дешархой кхиорехь, коммунистически идеалаш церан даг чохь чIагIьярехь, гIиллакх-оьздангаллица уьш кхиорехь Iаламат мехала ю В. И. Ленинах лаьцна йолу произведенеш. Классал арахьарчу дешарехь хьехархочо тидам тIебохуьйту Ленински тематикех лаьтташ йолу произведенеш дешархошка ешийтарна а, царех дешархоша кIорггера пайда оьцу агIонаш лахарна а.

Ненан меттан литературан урокашкахь дешархоша Iамайо нохчийн яздархойн Бадуев СаьIидан, Арсанов СаьIид-Бейн, Мамакаев Мохьмадан, Мамакаев Iаьрбин, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Ахматова Раисин, Музаев Нурдинан, Гайсултанов Iумаран, Сулаев Мохьмадан, Айдамиров Абузаран исбаьхьаллин произведенеш, вайн сийлахь-боккхачу Советски Даймахке безам кхиош йолу, дукха а къаьмнех долу советски адамаш довзуьйтуш а йолу. Октябрьски революцехь а, граждански тIамехь а тайп-тайпанчу къаьмнех долчу адамаша цхьаьнакхеташ, цхьабарт болуш советски Iедалехьа кьийсам латтор гойтуш йолу исбаьхьаллин произведенеш ю дешархой революционни ламасташ тIехь, патриотически а, интернациональни а ойланехь кхиорехь гIо деш. Мамакаев Iаьрбин «Винчу юьрта» цIе йолу повесть Iамайо дешархоша. Граждански тIамехь халкъо гайтина майралла карлайоккхуш, къаьмнашна юккъехь доттагIалла чIагIдеш йолчу произведенех ю иза. Повесть тIехь Мамакаев Iаьрбис гайтина революци хуьлчу муьрехь нохчийн а, гIалгIазкхийн а къехой цхьабарт болуш кIайчу эскарна дуьхьал бовлар. Йоккхачу исбаьхьаллица яздо автора нохчочун Айдамарний, гIалгIазкхийчун Ларкиний юккъерчу доттагIаллех. Къаьсттина тидам тIебохуьйту автора Ларкин, Айдамаран вовшашца долу доттагIалла гайтарна. Классови мостагIашна дуьхьал латточу кьийсамехь кхолладеллера иза. Ши ваша цу шиннал гергара хир вацара. Повесть тIехь исбаьхьаллин сурт хIоттош гайтина тешаме доттагIалла, къеггина билгальяькхина турпалхойн къонахалла, майралла, юьртана тIебогIучу бохамна, шайн са ца кхоош, уьш дуьхьалбовлар. Шен произведеница автора боху: дай-

[1] *Ленин В. И.* Полн. собр. соч., т. 25, стр. 112.

ша кIенташка ло революционни идейш, царна тIедуьллу Даймохк безар а, иза Iалашбар а.

Дешархойн идейно-политически кхетам кхиорехь башха материал ло историко-революционни тематикех лаьтташ йолчу произведенеша. Дешархоша дагах хьакхалуш тIеоьцу, вайн халкъашa цхьаьна а кхетта, революцин идеалаш кхочушъярехьа, Советан Iедал дIахIотторехьа латтийна къийсам гойтуш йолу исбаьхьаллин произведенеш. И тайпа произведенеш Iамош коьртаниг ду цу тIера исторически хиламаш бийцина ца Iаш, дешархошца оцу произведенийн исбаьхьаллин васташ а, сюжетни зIенаш а толлуш, яздархочо шен произведенин чулацамехь долу исторически бакьдерг исбаьхьаллин кепехь муха листина бохучух дешархой кхетор. Урокашкахь Мамакаев Iаьрбин «Винчу юьрта», Мамакаев Мохьмадан «Революцин мурд», С. Арсановн «Маца девза доттагIалла», Х. Ошаевн «Алун шераш» боху произведенеш Iамош дешархошца къастадо, муха гайтина царна тIехь революционни болам, тайп-тайпанчу къаьмнашна юкъара дохалур доцу вежараллин доттагIалла. Дешархойн кхетам кхиабо къаьмнашна юкъара интернациональни доттагIалла халкъаш паччахьан Iазапах паргIатдахарехьа болчу революционни къийсамехь кхолла а делла, социалистически а, коммунистически а дахар дIахIотточу хьелашкахь тIеттIа чIагIлуш хиларх.

Вайн сийлахьчу Советски Даймахке безам кхиош, советски патриотизм а, интернационализм а кхиош ю Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамах лаьцна йолу исбаьхьаллин произведенеш. Уьш йоьшуш дешархошна го яздархоша йоккхачу дегайовхонца кхоьллина советски тIемалойн васташ. И. Хамидовн, «Лийрбоцурш» цIе йолчу турпалаллин драми тIера тайп-тайпанчу къаьмнех болу бIаьхой: Нурадилов Ханпаша, Федоров Василий, Баркинхоев Мажит, Бульба Микола, Гнездиков Василий, кхиберш а, вежарий санна, бертахь бу, вовшийн Iалашбеш, ларбеш шайн синош ца кхоадо цара. Цхьа доьзал санна, барт болуш уьш вовшахтоьхнарг социалистически Даймахкана, советски халкъана уьш муьтIахь хилар ду. Драматурго мичча хена а Даймахкана шайн синош дIадала кийча болчу бIаьхойн турпала васташ гайтина шен пьеси тIехь. Йоккхачу дегайовхонца кхоьллина автора советски тIемалойн васташ. Уьш шайн лехамашца а, ойланашца а машаре адамаш ду, къинхетамах дуьзна церан дегнаш. Амма Даймахкана тIе кхерам хIоьттича, тIемалой хилла царах. Акхаройн амалехь волчу мостагIчунна дуьхьал латта а, цунна тIехь толам баккха а вайн бIаьхойн таро хилийтинарг берриге а вайн юкъараллин дIахIоттамо цаьргахь кхиийна патриотически ойла, лаккхара идейнн кхетам, къонахалла, майралла, махкана а, халкъана а муьтIахь хилар ду. Пьеса Iамош дешархой оцу гIуллакхех кхето беза, алсам царна тIеIаткъам хуьлчу кепара вовшахтоха деза пьеси тIехь болх бар.

Ерриге пьесах чекхдолуш ду Нохчийчоьнан оьздачу кIентан, майрачу бIаьхочун Нурадилов Ханпашин турпала васт. Пьеси тIехь исбаьхьаллица кхоьллинчу суьрташкахь драматурго говза билгалдаьккхина шен турпалхочун бIаьхаллин хьуьнарш. Шен берхIитта шо кхаьчча эскаре ваханчу комсомольца Нурадилов Ханпашас эзар гергга мостагI хIаллак а вина, турпалаллица Iожалла тIеийцира Сталинградехь хиллачу тIемашкахь.

«Лийрбоцурш» цIе йолчу пьесин турпалхоша Х. Нурадиловс, Федоровс, Баркинхоевс, Бульбас, Даймахкана дIаделла шайн кьона дахар. МостагIчунна тIехь толам боккхуш тIеман арахь эгна уьш. Даймохк Iалашбеш, халкъана паргIато йоккхуш велларг адамийн дегнашкахь гуттаренна а вуьсу, тIаьхьенашна масалла хуьлий лаьтта цуьнан цIе. Доккха маьIна ду Хамидовн пьесин дешархой кхетош-кхиорехь. Лакхарчу классийн дешархоша турпалаллех лаьцна ойла йо, мичара схьаяьлла адамийн и турпалалла, мича бахьанашца кхоллало иза, бохучух кхета гIерта уьш. Литературан урокашкахь гIо дан деза дешархошна оцу шайн лехамашна тIекхача.

Ненан меттан литературан урокашкахь Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIемах лаьцна йолу произведенеш Iамош Iаламат мехала ду дукхакъаьмнийн советски литературах пайдаэцар. Нохчийн литературан произведенеш йийцарца цхьаьна дешархошна кхетам ло А. Фадеевн, Б. Полевойн произведенех а, А. Твардовскийс, М. Джалила, К. Кулиевс, М. Карима, кхечара а Даймехкан тIеман хьокъехь язйинчу стихотворенех а, поэмех а.

Надежда Константиновна Крупскаяс яздина: «Вай къаьсттина сема хила а деза, къаьсттинчу тидамца хьовса а деза тайп-тайпана долчу цхьана дийна гIуллакхашка интернациональни кхетошкхиоран декхарш дIа ца таттийта».[1] Нохчийн литература Iамош шен халкъе, ненан матте, литературе безам кхиорца цхьаьна хьехархочо дешархой Iамабо дерриге вайн советски халкъаш деза, церан мотт, литература, культура лоруш хила. Цу тайпана болх дIабахьа яккхий таронаш луш ю бIешерашкахь дуьйна а нохчашний, оьрсашний юккъехь хилла йолу уьйраш а, литературни зIенаш а. Дешархошна дуьйцу А. С. Пушкина, М. Ю. Лермонтовс, Л. Н. Толстойс, А. А. Фета вайнехан барта кхолларалин лаккхара мах хадийна хиларх а, шайн кхолларалле цунах пайдаэцна хиларх а лаьцна.

Бадуев СаьIидан а, Айсханов Шамсуддинан а, Арсанов СаьIид-Бейн а, кхечу вайнехан яздархойн исбаьхьаллин корматалла кхиар оьрсийн классически а, советски а литературан беркатечу тIеIаткъамца хилар. Дешархошна хоуьйту А. М. Горькийс къаьмнийн литератураш кхиаран чIогIа терго йина хилар. Оьрсийн яздархоша

[1] *Крупская Н. К.* Педагогические сочинения, т. 5, М.: АПН РСФСР, 1959, с. 496.

А. С. Серафимовича, П. А. Павленкос, В. А. Луговскойс нохчийн а, гІалгІайн а яздархошна гІо дарах лаьцна дуьйцу дешархошна.

Ненан меттан литература Іамош лакхарчу классийн дешархошна евза цхьайолчу вежараллин литературийн произведенеш. Иштта, 8-чу классехь Іамайо ДегІастан поэтан Стальский Сулейманан произведенеш, 9-чу классехь — гуьржийн яздархочун Казбеги Александран повесташ, 10-чохь Іамайо балкхаройн поэтан Кулиев Кайсынан стихотворенеш. И теманаш Іамочу хенахь хьехархочо алссам дуьйцур ду кьаьмнийн литературех а, культурех а лаьцна. Дешархошна евзар ю кьаьмнийн литературийн башхаллаш, и литератураш кхоьллинчу кьаьмнийн духовни культурех кхетам кхуьур бу церан. Хьехархочо кхолларалица пайдаэца беза оцу материалах.

ІИЛМАНАН-МАТЕРИАЛИСТИЧЕСКИ КХЕТАМЕХЬ ДЕШАРХОЙ КХИОР

«Дешархой коммунистически кхетош-кхиоран бухур боцу бух бу марксистско-ленински кепара дуьненехьежар цаьргахь кхиор», — боху «Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьртачу некъаш» тІехь.[1]

Исбаьхьаллин литература чІогІа Іаткъам болуш ю, цо адамийн ойла хуьйцу, дуненехьежар кхиадо. Алексей Максимович Горькийс баьхна: «Адамо шен ирсехьа а, сийлахьчу хиндолчуьнгахьа а бинчу новкъахь кхоьллинчу тамашийнчу хІуманех уггаре чолхе а, доккха а инзареиг книга хила мега.[2] Исбаьхьаллин литературо шен ша-тайпана йолчу башхаллашца адамийн синхаамашна, ойланна тІеІаткъам бо, адамийн амалш кхиайо. Цундела доккха маьІна ду исбаьхьаллин литературин дешархойн Іилманан-материалистически кхетамехь кхиорехь а. Дуьне а, Іалам а нийса тІаэца гІо до дешархошна исбаьхьаллин литературо, бакъонца долу дуьненехьежар кхиадо. КІорггера идейни чулацам болуш долу исбаьхьаллин суьрташ кхуллу шайн произведенешкахь яздархоша, уьш дешархойн дагах хьакхалуш а, шайн хьокъехь ойла йойтуш а хуьлу.

30-чу шерийн юьххьехь Бадуев СаьІидан бодане тІеІаткъамашна а, зуламечу Іадаташна а дуьхьал хьажийна йолу произведенеш зорбанера ара а евлла, нахе дІакхаьчначул тІаьхьа тергалделлера дуккха а долу адамаш зуламечу Іадаташна а, динан гІуллакхашна а дуьхьал довлуш хилар, царех шаьш дІакъаьстина ца Іаш, дуьхьал кьийсам латтош хилар гойтуш долу гІуллакхаш цІеххьана алсамдовлар. КІорггерчу исбаьхьаллица язйиначу Бадуев СаьІидан произведенеша адамашна гІо дора бодане тІеІаткъамех а, ширачу Іадатан йийсарах а паргІатбовлуш, керлачу дахарх кхета а, иза дагаца къобалдеш тІеэца а.

Дешархойн коммунистически кхетам кхиош кьаьсттина тидамехь хила деза ширчух бухадисинчуьнца, динан тІеІаткъамашца кьийсам латтор. Іилманан-материалистически кхетамехь дешархой кхиош коьртачех ду атеистически ойла йолуш уьш хилийтар. Нохчийн литературехь атеистически мотиваш хьалха дуьйна схьайогІуш ю. Барта произведенешкахь халкъо беламе дийцарца Іорадаьхна шайхаш, молланаш ду шаьш бохуш лелаш хиллачу нехан хьарам гІуллакхаш. Исбаьхьаллин литературо халкьан барта кхолларалин и ламаст кхидІа кІарг а деш тІеийцира. Нохчийн литературехь алссам ю атеистически дог-ойла кхиош йолу произведенеш: Бадуев СаьІидан «Іимран», «Пхи туьма», «Мацалла», «Бешто», «ЦІеран арц», дуккха а кхиерш а; Сальмурзаев Мохьмадан, «Кхетаме Хьамид», Нажаев Ахьмадан «ЖаІу», иштта Арсанов СаьІид-Бейн, Хамидов Іабдул-Хьамидан, Мамакаев Мохьмадан произведенеш а. Царна тІехь яздархоша динан реакционни чулацам схьа а гойтуш, адамийн ойла цунна дуьхьал йоккху. Уьш а, и санна йолу произведенеш а, урокашкахь Іамош дешархошна кІорггера гайта деза церан маьІна. Классови юкъараллехь дин туттара хилла боху цара хьолахошна халкъ боданехь латто гІо деш. Паччахьан Іедало а, хьоладайша а динах пайдаоьцуш хилла къехой бацош, уьш шайна муьтІахь латто. Исбаьхьаллин произведени классехь йоьшуш а, йийцаре еш а дешархойн тидам тІебохуьйту уьш даиманна а хьоладайн лехамаш кхочушбан гІерташ хиларна, паччахьан Іедало бохуш дерг чІагІдеш хиларна.

Атеистически чулацам болчу произведенийн персонажийн васташ къастош хьехархочо коьрта тидам тІебохуьйту Іилманца нийса богІучу кхетамехь дешархой кхиорна. Масала, Бадуев СаьІидан «Бешто» цІе йолу повесть Іамош дешархой кІорггера кхетабо цу тІехь гайтинчу моллин психологех. Адамашца цуьнан йолчу юкъаметтигашкахь коьртаниг шена алссам хьал гулдаран Іалашо ю, боху яздархочо. Цунна бен ца хета, ша захало ваьшта а далийна, Бусанийн кьеначу, бІаьрг баьллачу Мусица хуьлуш болу кхоллам мухха хилча а, шен хьал садаьлчхьана. Дешархошка шайга лохуьйту повесть тІехь и тайпа меттигаш. Цара тидам бо къизчу дахаро, дуьненан харцонаша холчу хІотторна Бешто леш воллучу хенахь яздархочо «Дин чІагІдеш, нохчийн Іадат чІагІдеш» кхойкхуш волу молла гайтаран. Оцу меттиган нийса маьІна дан гІо до дешархошна. «ЦІеран арц» цІе йолу Бадуевн повесть Іамош дешархоша билгалдоккху моллас паччахьан пурстоьпан Кульдевична а, цуьнан накъосташна а къехой Іазапехь бахко гІо деш хилар.

[1] О реформе общеобразовательной и профессиональной школы. Сборник документов и материалов. М., Политиздат, 1984, с. 46.

[2] «Русские писатели о литературном труде», т. 4, М., 1956, с. 24.

Къехошна кхерам туьйсуш, уьш охьатаIийна а латтош, тIаккха церан бодане хиларх пайда а оьцуш, гIо дина цара паччахьан хьаькмашна къехой бацо, паччахьан олаллина кIел уьш латто, боху яздархочо. Дешархой дика кхуьу паччахьан Iедалан векалш а, къомах болу хьолахой а, молланаш а вовшашца цхьабарт болуш, цхьа Iалашонаш йолуш хилар яздархочо Iорадаккхарх. Цара боху, молла Кульдевичан, Мирзин накъост ву. Моллас нахана гучу ца йовлуьйтуш, кьайлайохуьйту КульдевичгIара лелош йолу хьарамлонаш. Хонмурдгlарна хилла бохам иштта дIаберзабо цо: «Дела цхьаъ хилар санна бакъ ду, цу делан кху арца тIехь баьхначу Хонмурдгlарах гIуда доллуш хилар. Цу тайпана бакъ ду, кху арца тIехь бусалбан, керстан жинийн тIом хилла хилар а. И тIом болуш цу жинаша вовшашна кхиссинчу алох, дала и бахьна а лаьцна, кху цIийнах цIе а латийна, шен гIуда дIа а эцна, керста жинаш эшийнчу бусулба жинашна хIара арц белла хир бу». Адамашка оцу гIуллакхан хьокъехь кхин ойла ца яйта, Хонмурдгlар бехке хилар церан дегнашчу дижийтархьама, моллас чIагIдира и арц кхераме хилар, сел чIогIа кьалатийна болу нах цигахь баьхна хиларна: «Дала адамашкара дIабаькхинчу кху арца тIе даха хаа дага ма догIийла цхьана а бусулба адамана. Цул совнаха, кху арца тIе яьлла дечиг-м муххале а ма хьайойла, ур-аттала кху арца улло а ма вогIийла-кха цхьа а хIара дуьне мел дозу. ТIаккха а везчу дала, хIинца вешан-вешан цIа даха кху арц тIера могашмаьрша охьадуьссийтийла вай. Оццул кхерам болуш бу-кха хIара «ЦIеран арц» и боьха нах кху тIехь бахар бахьана долуш».

Цу тайпана, дешархошна го, моллин васт произведени тIехь кхолларан башхаллаш.

«Книгин таро ю стеган амалехь суна ца гуш дерг, шех лаьцна суна ца хууш дерг со тешош схьагайта»,[1] — бохуш яздо книгин адам тешоран ницкъах лаьцна А. М. Горькийс. Исбаьхьаллин произведени школехь Iамор хьехархочо вовшахтуху, цуьнан атеистически чулацам дешархошна алссам тIеIаьткъачу агIор.

Надежда Константиновна Крупскаяс яздина: «Iаламан а, юкъараллин а гIуллакхех кхиарехь дуккха а хиламаш хаар иштта маьIне дац, оцу гIуллакхийн кIоргене кхачар санна, церан рогIалла, вовшех дозаделла хилар, церан бахьанаш а, тIаьхьенаш а таллар санна».[2] Билггал йолу исбаьхьаллин произведени дешархошца Iамош, хьехархо хьажа веза оцу произведени тIерачу хиламийн кIоргене дешархой кхачийта, церан бахьанех а, тIаьхьенех а уьш кхиийта. Вайнехан Iер-дахарехь динан а, ширчу Iадатийн а тIеIаткъамаш дуккахьолахь вовшех бозалой хуьлу. Ткъа исбаьхьаллин литературо халкъан дахар ма-дарра гойтуш хиларе терра, яздархойн произведенешкахь а нисло персонажийн амалш и ший а тIеIаткъам шайца хаалуш. Цу тайпана долчу исбаьхьаллин вастан нийса маьIна дан Iамо беза дешархой, билггал йолу произведени къастош. Дешархойн коммунистически дуьненехьежар кхиорехь доккха маьIна ду ширчух бухадисинчу Iадаташна дуьхьал церан ойла яккхар. Ширчу, зуламечу Iадатех дIакъаьстина ца Iаш, царна дуьхьал къийсам латторан ойла кхио еза дешархойн. Литература Iамош говза вовшах а тоьхна, хаддаза дахьош болчу атеистически балхо бIегIийлаш кхуллу дешархой Iилманан-материалистически кхетамехь кхио.

ДЕШАРХОЙ КЪИНХЬЕГАМНА ТIЕРА БОЛУШ КХИОР

Дешархойн коммунистически кхетам кхиорна юкъадогIу уьш юкъараллина пайдехьа болу кьинхьегам безаш кхиор. Хьаналчу кинхьегамо стаг вазво, цуьнан сий лакхадоккху. Стаг шен махкана а, халкъана а пайдехьа хилар цуьнан кьинхьегамах дозуш ду. Ма-дарра аьлча, стеган кхетам а, хьекъал а кхолларалин кьинхьегамо шардеш а, ирдеш а ду. Антични хенахьлера хьекъалча а, лор а волчу Гиппократа баьхна: «ХIумма а ца деш лелачу стеган хьекъал а артло, цуьнан могашалла хила а йиш яц». Шен лаамехь болчу кьинхьегамо стеган самалха доккху, кхолларалин хьуьнарш кхиадо.

Кьинхьегамна тIера долчу халкъан ламастехь кхио беза дешархой. Александр Фадеевс шен кIанте яздина: «...Алсамо тIегIерташ хила веза советски дахаран оцу орамна, цуьнан бухарчу бухе — миллионийн белхалойн, ахархойн, интеллигентийн дахарна, церан кьинхьегамах кхеташ а, иза безаш а хила веза, оцу юкъараллин къасталур доцуш долу цхьа дакъа шех хета а деза».[1]

Керла дахар дIахIоттош долчу советски халкъан кхолларалин кьинхьегамехь дакъалацар йоккха сийлалла хиларх кхетабо дешархой.

Муьлххачу а классана йолчу литературан программашна тIехь дуккха а произведенеш ю хьанал кьинхьегам беркате хилар, халкъана а, махкана а пайдехьа хилар гойтуш. Литературан урокашкахь дешархоша Iамайо керла дахар дIахIоттош долчу халкъан машаре кьинхьегам гойтуш йолу произведенеш. Царна тIехь билгалдолу социалистически кьинхьегамо вайн кьаьмнашна юкъара интернациональни доттагIаллин уьйраш чIагIъеш хилар. Даймехкан хьал алсамдоккхуш, халкъаш керлачу кхиамашка дуьгуш хилар. Кьинхьегаман тема ойбуш йолчу произведенийн турпалхой тайп-тайпанчу кьаьмнех хуьлу, цара тайп-тайпанчу

[1] «Горький М. о литературе». М.: изд-во «Советский писатель», 1953, с. 321.
[2] *Крупская Н. К.* Избранные педагогические произведения. М.: Учпедгиз, 1957, с. 460—461.

[1] *Фадеев А.* Письма дальневосточникам. Владивосток: Приморское книжное издательство, 1960, с. 12.

меттигашкахь, тайп-тайпанчу хьелашкахь а белхаш бо, амма муьлххачу къомах уьш хиларх а, муьлххачу меттехь къахьегарх а церан Iалашонаш цхьаъ ю—вайн Даймахке заздаккхийтар, советски адамийн хьал-дахар тодар. Цу тайпана Iалашонаш кхочушъяре хьажийна болу къинхьегам сийлахь бу. Советски адамийн сийлахьчу къинхьегамехь дакъалацаре сатуьйсуш хилийта беза дешархой, Даймахкана, халкъана церан даг чохь. И Iалашонаш кхочушъян гIо деш ю дешархоша Iамош йолу исбаьхьаллин произведенеш. Мамакаев Мохьмадан «ЦIена дог» цIе йолчу дийцар тIехь гайтина жа лелош йолу комсомольски-кегийрхойн бригада. Коьрта жаIу волу къона Ахьмад а, шен балха тIехь дуккха а зеделларг долуш волу Сирсакбе а жалелорехь баккхийчу кхиамашка кхочу. Иштта толамаш баха церан таро хилийтинарг ду Iедало шайна тIедиллинчу гIуллакхах дог а лозуш, цунна са а гатлуш, иза кхочушдархьама шайн ницкъаш а ца кхоош уьш хилар, боху яздархочо шен дийцаран берриге а чулацамца. Сулаев Мохьмада шен «Велларг денвар» бохучу произведени тIехь дийцина лоьраша доггаха беш болчу балхо велла хеташ волу стаг Iожаллех кIелхьарваккхар а, цул тIаьхьа зуламхой Iорабахарх а лаьцна.

Даймахке заздаккхийтарехьа болу советски адамийн хьанал къинхьегам гойтуш ю Мамакаев Мохьмадан «Кемсийн хорха». Исаева Маремин «Ирсан орам», Гайсултанов Iумаран «Малика». Музаев Нурдинан «Мур», кхиерш а. И санна йолу произведенеш урокехь юьйцуш, церан идейно-эстетически чулацам къастош, хьехархочо гойту оцу произведенийн турпалхойн гIиллакх-амалш, оьздангалла, церан деган хазалла Даймехкан хьал кхиош болчу къинхьегамехь гучуйовлуш хилар. «Малика» цIе йолу повесть Iамош дешархойн тидам тIебохуьйту хьаналчу къинхьегамо стаг вазвеш, цуьнан сий лакхадоккхуш хилар яздархочо гайтарна. Повестан коьрта турпалхо Малика шен накъосташца цхьаьна юьртбахам дебош ю. Белхан толамаш бохуш а, юкъараллин дахарехь дакъалоцуш а хьалхара ю иза. Цуьнан дахар кхечарна масалла ду, балхана пебетташ леларш а къинхьегамна юкъа озабо цо. Дешархошна го, юьхьанца балхах къехкаш хилла болу малончаш а беркатечу къинхьегамна тIебирзича, дика адамаш а, хьанал белхалой а хуьлий дIабоьлхуш хилар. Хьаналчу къинхьегамах адамашна беркат долуш хилар гайта деза хьехархочо и тайпа произведени Iамош.

Мамакаев Мохьмада язйина «Кемсийн хорха» цIе йолу поэма толлуш а гойту дешархошна адамаша шаьш ца кхоош къахьегарца мохк хазбар, тобар. Хьалха дIатийсина лаьттина меттигаш ялташца хьийкъина, бошмашца заздаьккхина лаьтташ ю. Шайн амалшца хийцабелла поэмин турпалхой а, ширчух бухадисинчух, дахарехь новкъарло еш долчух дIакъаьсташ бу уьш. Поэмин хиламаш а, турпалхойн васташ а къастош дешархой кхетабо социалистически къинхьегамо стаг шен амалехь товеш, хазвеш, лакхавоккхуш хиларх.

ЭСТЕТИЧЕСКИ КХЕТОШ-КХИОР

Стеган эстетически культура цуьнан эстетически синхаамех йозаелла ю. Эстетически синхаам билгалболу гонахарчу дахарехь а, ткъа иштта искусствон произведенешкахь а йолчу хазаллех марзо эца хууш хиларца.[1]

Вай хазахеташ хьоьжу бацах юьззина йолчу сийначу аренашка, дагана там хуьлий Iа тIулгех бухдуьйлуш, гIовгIанца Iеначу сирлачу шовданан йистехь, цуьнан зевнечу эшаро лерг хьоьстуш; леррина тергалдо вай сийначу стигалхула шуьйра тIемаш а даржийна меллаша гонаш дохуш лела ламанан леча; самукъадолуш ладугIу бIаьстенца декачу олхазарийн эшаршка. Iаламехь долчу исбаьхьчо дог деладо, ойла серлайоккху.

Iаламан исбаьхьалла санна вайн синхаамашна тIеIаткъам болуш ду юкъараллин дахарехь а, искусствон произведенешкахь а долу исбаьхьниг а.

Хазахетарца а халахетарца, самукъадаларца а сахьийзаш хиларца, безам бахарца я шовкъ йоцуш хиларца, воккхаверца я сасагатдаларца билгалболу эстетически синхаамаш. Оцу синхаамаша адаман кхетамна боккха тIеIаткъам бо, ойла исбаьхьчунна, дикачунна тIехь сацош а, вочунна дуьхьал йоккхуш а. Цундела эстетически синхааман адам кхетош-кхиорехь доккха маьIна ду.

Школан реформин коьртачу некъаш тIехь къастош билгалдаьккхина: «ЧIогIа мехала декхар ду дешархошна исбаьхьаллин дешар Iамор а, уьш эстетически кхетош-кхиор а дикка тодар. Оьшуш ду хазачух кхеташ хиларан ойла кхиор, исбаьхьаллин синхаам шеца хилар, искусствон произведенех а, истории, архитектуран памятникех а, хьомечу Iаламан хазаллех а, зовкхах а нийса кхета, церан мах хадо хууш хилар кхиор. Оцу Iалашонашкахь тоьлашха пайдаэца беза дешаран хIора предметан, къаьсттина довзийтаран, кхетош-кхиоран боккха ницкъ болчу литературан, музыкан, исбаьхьаллин искусствон, эстетикан таронех».[2]

Бакъйолчу исбаьхьаллин литературан произведенино яккхий таронаш ло дешархойн эстетически кхетош-кхио. КIорггера идейно-эстетически чулацам болчу исбаьхьаллин произведенино дешархойн синхаамаш меттахбоху. Говза исбаьхьаллин васт хIоттош, яздархочо гайтинарг дешархойн даге кхочу, произведени

[1] *Язовицкий Е. В.* Выразительное чтение как средство эстетического воспитания. Ленинград, 1963, с. 16.

[2] «Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьрта некъаш».— Ленинан некъ, 1984, 18 апрель.

тIехь долчу хазачо, сийлахьчо церан синхаамаш а, ойла а оцу исбаьхьчунна тIехь, дикачунна тIехь сацайо, иза чIагIдан а, дебо а ойла кхиош, ткъа ирчаниг, сийсазниг дIатоттуьйту, дешархойн ойла цунна дуьхьал яккхарца.

Эстетически кхетош-кхиор къасталур доцуш дозаделла ду дешархойн кхетам а, гIиллакх-оьздангалла а кхиорца. Эстетически синхаамаша кхетам а, гIиллакх-оьздангалла а кхиорна тIеIаткъам бо. Оцу агIора эстетически кхетош-кхиор доккхачу маьне лерина Н. К. Крупскаяс. Цо яздина: «Берашна гIо дан деза искусствехула шен ойланех а, синхаамех а кхета, ойла сирла, синхаамаш кIорггера хилийта; цу тайпана ша шен довзарехула кхидолу адамаш а довзийта, коллективехь кхечаьрца цхьаьна кхуьуш кIорггерачу а, баккхийчу а синхаамех дуьззина долчу керлачу дуьненах кхиа, дахаре кхача».[1]

Нохчийн яздархоша, советски къаьмнийн берриге а яздархоша санна, шайн произведенеш тIехь таханлера дахар гойтуш долу исбаьхьаллин суьрташ кхоьллина, ирсечу дахаре къийсам латтош волчу советски стеган къеггина васт хIоттийна. Мехала идейно-эстетически чулацам болуш ю школехь Iамош йолу исбаьхьаллин произведенеш. Шаьш и произведенеш йоьшуш, церан идейни а, исбаьхьаллин а башхаллех кхетта ца Iаш, церан чулацамехь болу хиламаш бевзина ца Iаш, оцу произведенийн турпалхойн хазахетарш а, халахетарш а, церан кхиамаш а, халонаш а, шайн йолуш санна, дагана Iаьткъаш хилийта Iамо беза дешархой.

Бакъйолчу исбаьхьаллин произведенеша дешархой шайн дагаца хазбо, ойланца тобо. А. П. Чеховс баьхна ма-хиллара: «Адамехь дерриге а хила деза исбаьхьа — юьхь а, духар а, са а, ойланаш а». Эстетически кхетош-кхиоро гIо до дешархой иштта хилийтарехь.

Литература хьоьхуш дешархой эстетически кхетош-кхиорехь хьехархочунна хьалха лаьтташ болу лехамаш а, цуьнан таронаш а шуьйра ю. Шаьш ешначу исбаьхьаллин произведенех, хьаьвсинчу спектаклех, ладоьгIначу музыкех лаьцна дийца а, яздан а, хIун эстетически тIеIаткъам бина цара шайна бохург билгалдаккха а Iамабо дешархой. Лаккхарчу классашкахь дешархой шайна евзинчу исбаьхьаллин произведенийн эстетически мах хадо хууш хила беза. Цул совнаха уьш кхетабо искусствон произведенеша дахар исбаьхьаллин кепехь схьагайтина ца Iаш, кIорггера иза довза а, хуьйцуш тодан а гIо деш хиларх.

Литературан урокашкахь хаддаза дIахьош болчу эстетически кхетош-кхиоран балхо дешархойн эстетически культура лаккхайоккху, иза церан дог-ойланца а, сибат-аматца а, леларан хотIаца а билгал а долу.

[1] *Крупская Н. К.* О задачах художественного воспитания. Избранные педагогические произведения. М. Изд-во АПН РСФСР, 1955, с. 263.

Исбаьхьаллин произведенех буьззина кхетам кхоллалур бац, нагахь санна литературан теорех долчу хаарех дешархой мелла а кхиина бацахь. Цундела школехь Iамош долчу литературни дешарна юкъадогIу теоретико-литературни хаарш дешархошна далар а. Теоретически хаарш оьшу исбаьхьаллин произведенех кIорггера кхетархьама, искусствон цхьа тайпа долу исбаьхьаллин литература кхоччуш дика йовзархьама.

4-чу классехь литература Iамо йолийчхьана дуьйна IO-гIа класс чекхьяллалц дIахьо дешархошна литературан теорех долу хаарш далар. TIаьхь-тIаьхьарчу классашкахь хьалхарчу шерашкахь кхолладелла теорин хаарш кIаргдеш а, шордеш а болх барца цхьаьна керла хаарш а ло литературан теорех. Хьехархочунна хаа деза дешархоша шега кхачале хьалха Iамийна теоретически хаарш муьлхарш ду. 4—7-чуй классашкахь дешархошна луш долу теоретико-литературни хаарш коьрта долчу декъана хIокху тайпана ду:

Халкъан барта произведенех, церан жанрех, исбаьхьаллин башхаллин билгалонех юкъара кхетам.

Исбаьхьаллин литературан произведенин коьрта башхаллаш йовзийтар.

Произведенин дIахIоттам, цуьнан коьрта дакъош.

Исбаьхьаллин произведенин мотт.

СуртхIотторан а, васткхолларан а гIирсаш, церан башхаллаш. Произведенешкахь Iаламан суьрташ гайтаран маьIна.

Исбаьхьаллин литературан тайпанаш а, жанраш а.

Стихотворенех, стихотворни ритмах юкъара кхетам.

Литературан юкъараллин дахарехь долу маьIна.

8-чу классе бовлуш дешархойн литературан теорех хила дезаш долу хаарш коьрта долчунна оцу кепара ду. Билгалдаккха деза (литературан хьехархочунна хаа дезаш а, даиманна тидамехь латто дезаш а ду иза) литературан теорех долчу хаарех цкъа цхьана классехь дешархой кхеторах тоам цахилар. Литературан теори чолхе а, хала а ю, шен ша-тайпана башхаллаш йолуш а ю. Цундела иза дешархошна еххачу хенахь хьеха еза, юха-юха карла а йоккхуш. ХIунда аьлча, 4-чу, 5-чу, 6-чу классашкарчу дешархойн таро яц литературан теорех долчу хIуманех кIорггера кхета, церан хьекъал а ца кхочу, кхетам а бац теоретико-литературни хаарш дуьззина тIеэца. Оцунна тIе а доьгIна лахарчу классашкахь дешархоша кхетордоллучулла теоретически хаарш ло, ткъа цул тIаьхьа, лаккхарчу классашка дешархой бовларе хьаьжжина, и теоретико-литературни хаарш кIарг а до, тIе а дузу. Масала, 5-чу классехь эпитетах а, дустарах а, литературан жанрех а кхетам ло. Ткъа цул тIаьхьа 6-чу а, 7-чу а клас-

сашкахь дешархойн эпитетах а, дустарах а, литературан жанрех а долу хаарш тIе а дузуш, кIаргдо. 7-чу классехь поэмин жанрах юкъара кхетам ло, ткъа 8-чу а, 9-чу а, 10-чу а классашкахь керла поэмаш Iамош оцу жанрах долу дешархойн теоретически хаарш тIаьхь-тIаьхьа тIе а дузуш, алсам а дохуш, кIарг а деш болх бо. Юккъера школа чекхйоккхуш поэмин жанрах кхоччуш болу кхетам кхоллало дешархойн. Цу кепара ю школехь кхидолу теоретико-литературни хаарш даларан бакъенаш а. Оцо гойту хьехархочунна дика хаа дезаш хилар шен дешархоша хьалхарчу классашкахь хIун Iамийна а литературан теорех, ткъа иштта ша хьоьхучу классал лакха бевлча церан хIун Iамо дезар ду а.

ТIаккха цунна дика хуур ду программийн лехамаш кхочушбеш карарчу шарахь ша хьеха дезачу литературан теорех долчу хаарийн хьесап дан а, оьшшучу барамехь теори хьеха а. Билггал йолчу классехь хьоьхуш дерг дешархоша хьалха Iамийнчуьнан буха тIехь а хуьлуьйтуш, тIедогIучу шарахь Iамо долчунна уьш герга а буьгуш дIахьур ду хьехархочо литературан теори хьехаран гIуллакх.

8—10-чуй классашкахь хьалхарчу шерашкахь кхиина долу литературно-теоретически хаарш кIарг а деш, кхидIа а шардарал совнаха, дикка керла хаамаш а ло литературан теорех. Уьш коьрта долчу декъана хIокху тайпана бу:

Литературан дахарца йолу уьйр.

Нохчийн советски литература шен чулацамехь социалистически а, хормехь къоман а хилар.

Социалистически реализман методах кхетамбалар.

Литературан партийностах а, къомаллех а (народность) кхетамбалар.

Историко-литературни процессах кхетамбалар.

Стих кхолларан силлабо-тонически кеп. Нохчийн стихан башхаллаш.

Лирически турпалхочух кхетамбалар.

Драматургически къовсамах кхетамбалар.

Оцу вай билгалъяьккхинчу литературан теорех мелла а хаарш кхолладелла дешархойн лахарчу классашкахь а, амма тоам боллуш и гIуллакхаш къастор 8—10-чуй классашкахь бен кхочушхуьлуш дац. Ткъа иштта литературан жанрех а, лирически стихотворенех а, поэмех а, повестах а, романах а, драматически произведенех а кхачам боллуш долу хаарш далар чекх ца долу 8—10-чуй классашкахь бен.

Дешархошца исбаьхьаллин произведенеш Iамочу хенахь кхочушдо хьехархочо теоретико-литературни хаарш царна далар а. Лаккхарчу классашкахь Iамош йолчу историко-литературни курсах дешархой кхоччуш кхетар бац, нагахь санна царна программаша билгалъяьккхинчу барамехь литературан теори хууш ца хилахь

Исбаьхьаллин литературан коьрта гIирс дош ду. Дешархочун синхаамашна а, ойланна а дашца тIеIаткъам бо литературо. Исбаьхьчу кепехь, говза вовшахтесначу дешнашца адамийн ойла йийсаре оьцу бакъйолчу произведенеша. Исбаьхьаллин литературан мотт мехала бу дешархойн къамел кхиорехь. Литературни произведенеш йоьшуш дешархой мотт нийса бийца Iема, шайн ойла гучуйоккхуш, маьIница догIуш доллу дешнаш дало Iема, церан къамел шарло.

Дешархойн къамел кхиор литературан программийн лехамех коьртачех цхьаъ ду. Оцу гIуллакхана лерина сахьташ а ду хIор классехь билгалдаьхна, къамел кхиорехь пайдехьа болу белхаш а бу къастийна. Хьехархочо, программийн лехамашна тIе а доьгIна, дешаран шеран юьххьехь хьесап до дешархойн къамел кхиорехь бан безачу белхан. Цхьацца йолчу школашкахь хаало хьехархочунна дешархойн йозанан къамел кхиоран гIайгIа ша бичахьана шен декхарш кхочушхуьлу моьттуш хилар. Амма йозанан къамел кхиоре хьажийна болу белхаш бина Iа ца веза хьехархо, цунна тIехь ду дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиор. Школа чекхйоккхуш волу дешархо шен ойланехь дерг нийса схьаала хууш, тисса а ца луш къамел дан хууш хила веза.

Шорта а, хаза а болчу ненан маттах пайдаэца Iамаво школехь дешархо. Маттаца бен хуьлуш дац адамаша вовшашка шайн ойланаш хаийтар, аьлча а адамийн уьйраш. М. И. Калинина баьхна: «Ненан меттан къамел Iамор — иза сийлахь-доккха гIуллакх ду. Адамийн ойланан уггаре а лакхара кхиамаш, уггаре а кIоргера хаарш, уггаре а йовха дог-ойланаш адамашна билгал йоцуш юьсур ю, нагахь уьш дешнашкахь кхетачу а, нийсачу а кепехь нисйина яцахь. Мотт—иза ойла билгалъяран гIирс бу».[1] Адамийн меттан иштта лаккхара маьIна дуйла хууш вовшахтуху дешархойн къамел кхиоран болх.

Нохчийн тоьллачу яздархойн Бадуев СаьIидан, Мамакаев Iаьрбин, Мамакаев Мохьмадан, Хамидов Iабдул-Хьамидан кхечеран а произведенийн мотт чулацаме а, лаккхара исбаьхьалла шеца йолуш а бу. Иза нохчийн литературни меттан масалла хилла лаьтташ бу. Исбаьхьаллин произведенеш Iамош царех кIоргера пайдаэца беза дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиорхьама.

Исбаьхьаллин произведени урокехь ешаро а, талларо а доккха гIуллакх до дешархойн къамел кхиорехь. Произведени къастош йоьшу, цуьнан план хIоттайо, чулацам юха схьабуьйцу, оцу произведенех лаьцна шайна хьалха хIиттийнчу хаттаршна барта а,

[1] *Калинин И. И.* Дешнаш схьаэцна хIокху книги тIера: З. Д. Джамалханов, М. Ю. Мачигов. Нохчийн мотт, 1-ра дакъа. Педучилищан студенташна учебник. Грозный, 1972, агIо 7.

йозанца а жоьпаш ло дешархоша. Іамош йолчу произведенин сурт-хІотторан а, васткхолларан а меттан гІирсаш билгалбохуш толлу. Дешнаш тІехь а, фразеологи тІехь а, стилистика тІехь а болх бо.

Хьехархочо урокехь ша деш долу къамел нийса а, хаза а хуьлуьйту — иза дешархошна масалла ду. Ткъа дешархойн къамелана а иштта лехамаш хІиттабо хьехархочо.

ЦІахь ешначу книгех а, шайна гинчу спектаклах, живописан произведенех а лаьцна схьадийца а, яздан а Іамабо дешархой. Критически статьян тезисаш а, конспект а хІотто а, литературан материал тІехь доклад кечъян а, иза дІаеша а Іамабо. Газете корреспонденци а, статья а, очерк а язъяран корматалла кхиайо хьехархочо шен дешархойн. Цу тайпана болу дуккха а кхин белхаш а бойту дешархошка церан дозуш долу къамел кхиоран Іалашо йолуш.

Йозанан къамел кхиорехь механа ду дешархошца тайп-тайпана изложенеш а, сочиненеш а язъяр. Исбаьхьаллин произведенин тема а, идея а, композици а къастош, литературни турпалхочун васт хІоттош сочиненеш язйойту дешархошка; Іаламах а, адамийн дахарх а лаьцна а, шайн тидамех, зеделлачух, шаьш лайначух а, лелийначух а лаьцна а язйойту. Реза хуьлий язйо дешархоша юкъараллин дахарх лаьцна шайн йолу ойла а гойтуш, шаьш ешна а, Іамийна а, шайна хууш а, евзаш а йолу тайп-тайпанчу материалах а, литературни произведенех а пайдаоьцуш, шаьш хоржуш йолчу темина йолу сочиненеш.

Дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиор литературан а, меттан а урокашкахь цхьана хорша а дерзийна, хаддаза эвсараллин некъаш а лохуш, кхочушдан дезаш гІуллакх ду.

Коьрта долчу декъана иштта ю юккъерчу школехь литература хьоьхуш хьалха лаьтта Іалашонаш а, декхарш а.

КхоалгІа корта

ЛАКХАРЧУ (8—10) КЛАССАШКАХЬ ХЬОЬХУЧУ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРАН КУРСАН ЧУЛАЦАМ А, ДІАХІОТТАМ А

Юккъерчу школан лакхарчу классашкахь дешархоша Іамайо нохчийн советски литература иза кхолла а елла кхуьуш схьа маярра йолчу кепехь. Историзман принцип ю кхузахь литература Іаморна бухе йиллинарг. Нохчийн литературан материал хенан рогІаллехь (историко-хронологически кепехь) дІанисйина лакхарчу классашкахь. Цу тайпана, юккъерчу школан 8—10-чуй классашкахь Іамошъерг нохчийн советски литературан систематически курс ю. Амма дешархошна Іамо бегІийла йолчу агІор хІоттийна ю иза. 4—6-чу классашкахь дешархоша Іамош йолу нохчийн яздархойн произведенеш литература кхиаре хьаьжжина вовшех йозаелла йоцуш, хІора произведени а ша къаьстина лаьтташ ю. 7-чу классехь мелла а хенан рогІаллица йогІуш дІанисйина ю литературан материал. Ткъа 8—10-чуй классашкахь дешархоша Іамошъерг нохчийн литературан историца йогІуш хІоттийна литературан курс ю. Къоман исбаьхьаллин литература кхиарехь шайн маьІна долу произведенеш, и литература кхиарехь керла тІегІа хилла дІахІиттина произведенеш ю школехь Іамо къастийнарш.

Уьш Іаморан раж нисйина литература кхиаран кепе хьаьжжина. Шен чулацамехь социалистически а, хормехь къоман а йолуш кхуьуш схьайогІучу нохчийн советски литературан коьртачу тематикех, идейни чулацамах, исбаьхьаллин башхаллех кхиабо лакхарчу классийн дешархой.

Историко-литературни курсан башхаллаш ю билггала йолу исбаьхьаллин произведени ша къастийна ца Іамош, цуьнан авторан ерриге а кхолларалла йийцарца цхьаьна Іамош хилар. Яздархочуьнан дахаран а, кхолларалин а некъ бовзуьйту лакхарчу классашкахь дешархошна, программин произведенино цуьнан кхолларалле дІалоцу меттиг билгалйоккху. Оцу шен произведени тІехь яздархочо муха гайтина юкъараллин гІуллакхаш, дахарера хиламаш, мича кепара листина цо ша гойтуш йолу дахаран материал, мел нийса ву иза шен произведенин идейни чулацамца, боху гІуллакхаш къастадо лакхарчу классашкарчу дешархоша литература Іамош. Исбаьхьаллин литературо ша-тайпана йолчу кепара дахар толлуш а, дахар хийцарехьа тІеІаткъам беш а хиларх кхета дешархой. Яздархочо турпалхойн васташ кхолларан башхаллех, уьш дахарера схьаоьцуш хиларх, исбаьхьаллин кепехь адамийн амалш литературехь гайтаран башхаллех кхуьу дешархой, историко-литературни курс Іамош. Литературан дахарца йолу уьйр кІоргера гучуйолу царна, билггал йолчу исбаьхьаллин произведенин тема а, идея а иза язйинчу хенахь халкъана хьалха лаьттина проблемаш кхочушъярехь хІун маьІна долуш хилла бохучух кхета таро хуьлу дешархойн.

Мелла а литература кхиаран процесс а евза дешархошна. Сийлахь-йоккха Октябрьски революци хиллачул тІаьхьа кхолла а елла, сиха кхуьуш схьаеана йолу нохчийн советски литература шошаре мел дели шен теманашца, жанрашца, исбаьхьаллин васташца шоръяларх а, исбаьхьаллин кхиамашка гІертарх а дешархой кхето а, хьалха-тІаьхьа язйина йолчу произведенийн теманаш, идейш вовшашца йозаелла хиларх, царна юкъарчу уьйрех дешархошна дийца а таро хуьлуьйту хенан рогІаллехь дІанисйина йолчу литературан материало. Лакхарчу классашкахь нохчийн советски литература Іамор дахарехь хуьлуш болчу исторически хийцамашца, социалистически дахар дІахІоттарца, советски юкъаралла кхиарца цхьаьна доьзна дІадахьа таро ло историко-хронологически курсо. Литературан теорех цхьацца болу коьрта хаамаш

бала а бегIийлаш кхуллу цо. Масала, произведенийн теманаш, идейш, исбаьхьаллин васташ литература кхиарехь вовшашца дозуш а, уьйр йолуш а, амма дахаран хийцадаларан шовкъашка хьожжий вовшийн хуьйцуш хилар а дешархошна довзийтар. Турпалхочун васт ша кхоьллинчу хенан исторически дIахIоттамана герга а далош, цуьнан идейно-исбаьхьаллин маьIнин мах нийса хадор.

Историко-хронологически кепехь литература Iаморо таро хуьлуьйту нохчийн литературан кхечу советски литературашца йолу уьйраш билгальяха. Оьрсийн классически а, советски а литературо нохчийн литература кхиарехь цунна бинчу беркатечу тIеIатъамах дешархошна дийца а, Коммунистически партис къаьмнийн литератураш кхиаран йиллина тергоеш хиларх уьш кхето бегIийлаш а нисйо цо.

Вайн школашкахь нохчийн литература историко-хронологически кепехь Iамор дIахьош ду 1974 шарахь дуьйна, хIетталц лакхарчу классашкахь Iамошъерш жанрови я тематически кепехь дIанисйина йолу нохчийн яздархойн произведенеш яра.

Дешархошца школехь Iамо схьакъастош йолу исбаьхьаллин произведенеш билггал болчу лехамашна жоьпаш луш хила еза. Цкъа-делахь, дика идейно-эстетически чулацам а болуш, къоман литературехь тоьлашха йолу произведенеш хила йогIу уьш. Шолгла-делахь, школехь литературни дешар Iаморехь а, дешархой кхетош-кхиорехь а лаккхара механла йолуш хила декхар ду уьш. Кхоалагла-делахь, дешархойн хенаца йогIуш а йолуш, церан хьекъална а, кхетамна а хьакъболлу тIеIаткъам а бийр болуш, дешархошна кхето таро а йолуш хила еза и исбаьхьаллин произведенеш. Кхин цхьа коьрта башхалла а ю школехь Iамош йолчу материалан. Психологаша билгалдаьккхина ма-хиллара, дешархоша Iамош долу хIума шеца хало йолуш хила деза, кхето сов атта доцуш (Л. С. Выготскийн талламаш).[1] Iамош йолу материал дешархошна дукха атта хилча, церан хьекъало кIезиг болх бийр бу иза кхетош, ткъа Iамош дерг шеца гIеххьа хало йолуш, чолхе йолуш хилча, дешархоша хьекъалца алссам болх бо цунах кхуьуш. Оцу гIуллакхо дешархойн хьекъал а, кхетам а кхиарна бегIийла йолу хьелаш кхуллу. Цундела хIора классехь а Iамо билгалйоккхуш йолу литературан материал дешархойн хене хьаьжжина, уьш шайн хьекъало алссам болх барца тIекхуьу болчу кепара хало шеца йолуш хила еза. Педагогически психологин и лехамаш а тидаме эцна лакхарчу классашкахь Iамо литературан материал къастош.

Дешархоша школехь Iамош йолу исбаьхьаллин произведенеш а, ерриге а литературан материалан чулацам а, иза Iаморан раж а билгалйоккху программашна тIехь. Дешаран программаш пачхьалкхан документ ду, царна тIехь билгальяьккхина ерриге а материал а, иза Iаморехь церан болу лехамаш а шеко йоццуш кхочушбан безаш бу литература хьоьхуш. Программашна тIе а доьгIна хIиттош ю учебникаш а, хрестоматийш а, ерриге а дешаран пособеш а.

Хьехархочунна дика хаа еза программаш, церан чулацам а, дIахIоттам а, берриге церан лехамех кхоччуш кхетта хила веза иза. Цо шен болх дешархошна литература хьехар дIадоладо ша программаш кIорггера Iаморца, церан чулацам, дIахIоттам кIорггера бовзарца.

8—10-чуй КЛАССИЙН ЛИТЕРАТУРАН ПРОГРАММИЙН ЧУЛАЦАМ, ДIАХIОТТАМ, ЛЕХАМАШ

Юккъерчу школехь 8—10-чуй классашна литература хьоьхуш кху сохьта шайх пайдаоьцуш ю 1986-чу шарахь зорба тоьхна йолу программаш.[1] Цара лакхарчу классашкахь Iамо билгалъяьхна нохчийн литературехь цIеяххана болчу яздархойн тоьлашха йолу исбаьхьаллин произведенеш. Шайн идейни чулацамца а, исбаьхьаллин башхаллашца а, кхетош-кхиоран маьIна хиларца хьакъ ю и ерриге а произведенеш дешархошца Iамо. Нохчийн советски литература кхоллаелчхьана дуьйна 1980-гIа шерашка кхаччалц йолчу хенан литературни материал ю программаша билгалъяькхинарг, аьлча а оцу хенан литературана юкъабогIуш болчех тоьллачу яздархойн тоьлашха йолу исбаьхьаллин произведенеш. Оцу произведенешца билгалдолу къоман литература кхиаран хьелаш. Программашна тIехь и материал дIанисйина, хьалха билгалдаькхина ма-хиллара, хенан рогIаллехь — литература кхуьуш схьа ма-ярра йолчу кепехь. Исбаьхьаллин произведенеш Iаморехь хьалха-тIаьхьа а йохуш 8-чу а, 9-чу а, 10-чу а классашкахь дIанисъяр цхьана кепехь ду — историзман принципан буха тIехь. 20—30-чуй шерийн нохчийн литература 8-чу классехь Iамайо, 40—50-чуй шерийн литература 9-чу классехь Iамош ю, 60—70-чуй шерийн литература 10-чу классехь Iамайо.

Программашна юкъайогIуш йолчу ерриге а исбаьхьаллин произведенийн тексташ дийнна Iамайо, церан дакъош я кийсакаш Iаморах тоам ца беш. ХIунда аьлча, исбаьхьаллин произведенийн кийсакаш я церан дакъош дешарх литературах буьззина кхетам кхоллалур боцу дела.

Цхьана классан литературни материал вукху классерчух йозуш ю. Масала, 8-чу классехь Iамош йолу литературни материал чекхъяьллачуьра дIайолало 9-чу классаниг, ткъа 9-чу классехь

[1] *Петровский А. В.* История советской психологии. М.: издательство «Просвещение», 1967, с. 251.

[1] Юккъерчу школан 8—10-чуй классашна нохчийн литературан программаш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1980.

Іамориг сецначуьра дІайолалуш ю 10-чу классехь хьоьхушъерг. Оцу литературан материалан чулацам а дешархой лакха мел бовлу кІарглуш бу, шен халалла а, чолхе хилар а алсамйолуш, амма дешархой кхетар боллучу тайпана.

Нохчийн яздархойн исбаьхьаллин произведенеш Іамор, церан дахар а, кхолларалла а Іаморца цхьаьна дІахьо лакхарчу классашкахь.

Билггалйолу исбаьхьаллин произведенеш Іаморал совнаха программаш тІехь ю литературан обзорни теманаш а. Масала, «Нохчийн советски литература Сийлахь-боккха Даймехкан тІом лаьттинчу шерашкахь (1941—1945)», и теманаш хьехархочо схьайостур ю оцу хенахьлерчу масех яздархочун произведенеш йийцарца.

Лакхарчу классийн программаш чуйогІу гІалгІайн яздархойн тоьлашха йолу произведенеш а. Уьш Іамош дешархойн гІалгІайн литературех долу хаарш кІаргдан а, шордан а деза. Вайн социалистически Даймехкан кхечу кьаьмнийн литературах йолу цхьацца произведенеш а ю программаш юкъахь. Цара гІо дийр ду дешархошна вежараллин кьаьмнийн литература а, культура а йовза.

Теоретико-литературни хаарш далар а билгалдаьккхина программаша. Оцу белхан ши агІо ю лакхарчу классашкахь. Цкъа делахь, дешархойн хьалха кхиина долу литературан теорин хаарш кІаргдан а, шордан а деза, шолгІа-делахь, керла теоретико-литературни хаарш дала а деза. Масала, социлистически реализман метод къоман литературехь кхиарах кхетамбалар, нохчийн стихан башхаллаш йовзийтар, и. дІ. кх.

Урокашкахь Іамо билгальяьхначу произведенех масех ю хІора классехь а дешархошна дагахь еша хаа дезаш. Царна юкъахь прозаически а, стихотворни а произведенеш ю. Яккхийчу текстех (романах, поэмех я йоккхачу сюжетни стихотворенех) программи тІехь цхьа кийсак дагахь Іамаяйта магийнехь, хьехархочо ша я дешархошка шайна луьург кьастайойту дагахь Іамо, цуьнан барам (йоккхалла-жималла) хьехархочо хадабо. Кху сохьта школашкахь ледара дІахьош ду нохчийн литературан произведенеш дагахь еша Іамаяйтар. Хьехархоша бен а доцуш дуьту и гІуллакх. Амма ненан меттан исбаьхьаллин дош дешархошна кхоччуш довзуьйтуш, цунах марзо эца уьш Іамош, лаккхарчу исбаьхьаллица литературехь билгалъевлла йолу произведенеш дешархошка дагахь хуучу кеппара Іамаяйтар юьстах дита мегар долуш гІуллакх дац. Программийн лехамех цхьаъ ду дешархошна школехь Іамош йолчу ненан меттан литературан произведенех мелла а дагахь еша хууш хилийтар.

Исбаьхьаллин литература Іамош классехь бечу балхаца цхьаьна классал арахьа а болх бар тІедожадо программаша. Оцу белхан башхалла ю иза классехь литература Іаморан занятийшца цхьаьна богІуш дІабахьа безаш хилар. Литература Іамош классал арахьа бечу белхан хорманаш а билгальяьхна программашна тІехь: литературни кружокаш, конференцеш, диспуташ, конкурсаш, выставкаш, пеназорбанан болх, литературни суьйренаш, куьйгайозанан сборникаш кечъяр, дешархоша белхалойн гуламашкахь литературах, искусствох лаьцна беседаш яр, лекцеш ешар, цу тайпана болу кхин белхаш вовшахтохар. Иштта алссам хорманаш ю классал арахьа дешархошца бечу литературан белхан.

Школехь литература Іаморан классал арахьа бечу белхан тайп-тайпанчу хорманех а, методех а дуьйцуш оьрсийн йоккхачу методиста М. А. Рыбниковас яздина: «Оцу белхан методех пайдаоьцуш вайна дагахь хила еза ши Іалашо. Царах хьалхарниг — дешархошна материал йовзийтар, таро мел ю алсам стихаш, дийцарш, амма уьш тІехула ешар ца хуьлуьйтуш... ШолгІа Іалашо — еша Іамор, ойла ян а, кхетан а, литературан мах хадон а Іамор, текста тІехь болх бан Іамор, меттан исбаьхьалла цаьрга дІакхачор».[1]

Цу тайпана, классал арахьа бечу балхо литературан урокашкахь Іамийнчул совнаха материал яла а еза, урокашкахь Іамийнарг кІаргдан а деза.

8—10-чуй классашкарчу дешархоша цІахь еша езачу исбаьхьаллин произведенийн список ю программи тІехь ялийна. Амма хаа деза иза мелла а хийца тарлуш юйла. Хьехархо оцу список тІехь йолчу произведенел тІехвала кхера ца веза, мелхо а, шен дешархойн таронашка хьаьжжина, и список тІеюза а, хийца а мегар ду.

Дешархоша цІахь тайп-тайпана исбаьхьаллин произведенеш йоьшу: еша езаш ерш а, ца ешчи а мега ерш а. Литературан хьехархочунна хаа деза цІахь хІун произведенеш йоьшу шен дешархоша, шаьш йоьшучуьнан нийса маьІна дан хаьий царна. Школьни библиотекаца йиллина зІе а латтош, дай-наной шена гІоьне а озош, классал арахьара дешар эвсаралла йоллучу кепара вовшахтоха деза хьехархочо.

Лакхарчу классерчу дешархошца литературно-краеведчески болх а вовшахтуху хьехархочо. Оцу балхо а яккхий таронаш ло дешархойн литературни хаарш алсамдахарехь а, уьш кхетош-кхиорехь а. Классал арахьарчу белхан ерриге а хорманаш программни произведенеш Іаморца цхьаьна дІахьо хьехархочо.

Дешархошна литература хьоьхуш коьртачу маьІне ду церан къамел кхиор. Цундела программаша тидам тІебохуьйту литературан урокашкахь хаддаза къамел кхиоран болх бан безаш хиларна. «Хаа дезаш а, даиманна тидамехь латто дезаш а ду дешархойн къамел кхиор, юкъа-кара деш долу гІуллакх доцуш, литература а,

[1] *Рыбникова М. А.* Очерки по методике литературного чтения. Изд. 8-е, М., 1963, с. 49.

мотт а Іаморехь хаддаза беш болу болх хилар. Хаддаза и болх дІабахьаро дешархойн дозуш долу къамел кхиадо, исбаьхьаллин произведенин чулацамах кхетар кІаргдо, кхолларалли хьуьнарш кхиарна гІо а до», — боху программийн довзийтаран кехата тІехь.[1]

Дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиорехь бан безачу белхийн тайпанаш билгалдаьхна программаша (уьш лахахь даладо), дозуш долу къамел кхиоран некъаш а гайтина. ХІора классехь бан безачу йозанан белхийн барам а, дозуш долу къамел кхиоран балхана сахьташ а билгалдаьхна программаша. Дозуш долу къамел кхиоран гІуллакх доккхачу маьІнин хиларна программаша магадо цу белхашна делла сахьташ кІезиг хилахь, произведенийн тексташ Іамо билгалдаьхначу сохьтех пайдаэцар. Оцу сохьтех эвсараллица пайдаэцар тІехь ду хьехархочунна.

Къаьмнийн школашкахь хІокху тІаьххьарчу шерашкахь шех пайдаоьцуш йолчу дешаран плано нохчийн литература Іамо билгалдаьхна 8-чу классехь 35 сахьт, 9-чу классехь — 70 сахьт, 10-чу классехь 70 сахьт, оцу сахьташа хІор классехь а таро маяллара дІанисйина литературан программашна тІехь дешаран материал. 8-чу классехь Іамош ю 20—30-чуй шерашкахь литературехь болх бинчу яздархойн произведенеш, 9-чу классехь—40—50-чу шерашкахьлерчу нохчийн литературехь тоьлла йолу произведенеш, 10-чу классехь — 60—70-чу шерашкахь къоман литература кхиар шайх дозаделла долу исбаьхьаллин произведенеш.

Оцу хІора классехь Іамош йолчу произведенех дешархой кІоргтера кхетийтархьама, оьшуш долу теоретико-литературни хаарш а ду луш.

Программаша хІор монографически а, обзорни а тема схьаяьстина, аьлча а доцца билгалдаьккхина хІор тема Іамочу хенахь дешархойн коьрта тидам муьлхачу гІуллакхашна тІехь сацо беза, Іамошйолчу исбаьхьаллин произведенин идейно-эстетически чулацам къастош, оцу произведенин муьлха хиламаш, муьлха васташ дийца деза дешархошна. Масала «Арсанов СаьІид-Бей Арсанбекович «Маца девза доттагІалла» цІе йолу тема иштта схьаяьстина 9-чу классан программи тІехь: «Арсанов СаьІид-Бейн дахар а, кхолларалла а. «Маца девза доттагІалла» романа тІехь XIX бІешо чекхдолуш, XX бІешо долалучу заманчохь нохчийн юкъараллин дахарехь революционни идейш яржаран хьелаш гайтар. Романан коьрта турпалхо халкъ хилар. Арсби а, цуьнан накъостий Джо, Таташ, Джабраил, Арсбин революционни кхетам кхиарехь Дмитрийс а, Ульяшевс а дІалоцу меттиг. Къаьмнашна юкъахь интернациональни доттагІалла кхолладаларан а, иза чІагІдаларан а некъаш.

[1] Юккъерчу школан 8—10-чуй классашна нохчийн литературан программаш. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1980, агІо 9.

Бенон васт.

Романа тІехь зударийн васташ: Хедишат, Селима, Ульяшева.

«Маца девза доттагІалла» роман социалистически реализман бух тІехь язйина хилар. Романан исбаьхьаллин башхаллаш».[1]

Иштта чу кепехь ду программи тІехь ерриге а дешаран темаш къастор а.

Цу тайппана, программийн коьрта лехамаш бу дешархошка исбаьхьаллин произведенеш ешийтар а, церан идейно-эстетически чулацам кІорггера бовзийтар а.

Литературан хьехархочун Іалашо ю программин лехамаш йоккхачу эвсараллица кхочушбар.

ЛИТЕРАТУРА ІАМОРЕХЬ 8-чу КЛАССЕХЬ КХОЧУШБЕЧУ БАРТА А, ЙОЗАНАН А БЕЛХИЙН ТАЙПАНАШ

Тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу исбаьхьаллин произведенеш къастош ешар.

Произведенин текст схьайийцар. Иза кхочушдо тайп-тайпанчу форманашкахь: ешна произведени текстана юххера схьайийцар; произведенин сюжетан сиз а лардеш, коьрта хиламаш схьабийцар; шайн къеггина маьІна долу цхьа-ши эпизод схьайийцар; билгалволчу турпалхочух йозаелла меттигаш схьайийцар; произведенин коьрта маьІна гучудолу дакъош дийцар; исбаьхьаллица къаьсташ йолу меттигаш схьайийцар.

Исбаьхьаллин произведенин (иза йоккха елахь, цуьнан дакъойн) чулацам, маьІна дар юкъа а далош, схьабийцар.

Кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план хІоттор.

Іамошйолчу произведенин меттан башхаллийн тидамбар, исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсаш билгалбахар.

Изложенеш язъяр.

Барта а, йозанан а тайп-тайпанан сочиненеш (шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна а, живописан суьртех пайда оьцуш а, литературан материал тІехь язъеш ерш а). Царна юкъахь классехь Іамочу произведени тІера турпалхочун амалш къастош а, шина персонажан амалш вовшех юстуш а йолу сочиненеш а.

Литературан хьокъехь йолчу статьян план а, тезисаш а хІиттор.

8-чу КЛАССЕХЬ ДЕШАРХОЙН ХААРШКА БОЛУ КОЬРТА ЛЕХАМАШ

Дешархошна хаа деза:

— нохчийн халкъан барта кхолларалли коьрта тайпанаш, Іамийнчу барта произведенийн чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а;

[1] Юккъерчу школан 8—10-чуй классашна нохчийн литературан программаш. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1980, агІо 17.

— барта кхолларалли ний, исбаьхьаллин литератураний юкъара къастамаш;

— нохчийн литература кхоллаяларан коьрта хьелаш, Октябрьски революцино кьоман социалистически культура а, литература а кхио таронаш кхоллар;

— кьоман барта кхолларалли н бух тIехь, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературех пайда а оьцуш, нохчийн исбаьхьаллин литература кхиар;

— Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли н а некъан коьрта муьраш, кхиболчу яздархойн дахарх лаьцна коьртаниг;

— Iамийнчу исбаьхьаллин произведени тIехь гайтинчу заманан коьрта билгалонаш;

— Iамийнчу исбаьхьаллин произведенийн сюжетан а, дIахIоттаман а, вастийн а башхаллаш;

— Iамийнчу исбаьхьаллин произведенийн коьртачу турпалхойн амалш а, юкъара маьIна а;

— Iамийнчу произведенийн жанрийн къастамаш;

— нохчийн иллийн стихан башхаллаш;

— литературо дахар исбаьхьаллин суьртехь, васташца гайтар, литературан дахарца йолу зIе халкъан дахарехь исбаьхьаллин литературан маьIна;

— дагахь Iамо билгальяьхначу произведенийн тексташ.

Дешархошна Iемина хила деза:

I

— произведени тIера исбаьхьаллин суьрташ шайн ойланехь юха схьахIитто;

— барта кхолларалли н а, йозанан литературан а произведени шен жанран а, идейно-исбаьхьаллин а башхаллашка хьаьжжина къасто;

— халкъан иллийн а, литературан произведенийн а проблемаш билгальяха;

— иллин турпалхочун амалш билгальяха, тайп-тайпанчу иллеш тIерачу турпалхойн амалш вовшех юстуш къасто;

— исбаьхаллин произведени муьлхачу литературан тайпанан ю (эпически, лирически, драматически) билгалдаккха;

— иллин чулацаман, сюжетан, дIахIоттаман, сурхIотторан гIирсийн, меттан башхаллаш къасто;

— исбаьхьаллин произведенин маьIна билгалдаларехь турпалхочун меттиг а, автора цуьнан хадош болу мах а билгалбаккха;

— исбаьхьаллин произведенех а, цуьнан турпалхойх а шайна хетарг бух боллуш чIагIдан;

— учебник тIехь ялийнчу литературоведчески словарах пайдаэца;

II

— исбаьхьаллин произведенин а, литературах, юкъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян а тексташ, тийса а ца луш, шерра хозуьйтуш дIаеша;

— исбаьхьаллин произведени къастош еша;

— шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план хIотто;

— литературан учебник тIерачу статьян план, тезисаш, конспект хIотто;

— изложенеш язъян;

— барта а, йозанан а тайп-тайпанан сочиненеш кхолла (шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна а, живопись суьртех пайда оьцуш а, литературан материал тIехь язъеш ерш а), царна юкъахь классехь Iамийнчу произведени тIера турпалхочун амалш къастош а, шина турпалхочун амалш вовшех юстуш а йолу сочиненеш;

— литературан хьокъехь йолчу статьян план а, тезисаш а хIотто.

ЛИТЕРАТУРА IАМОРЕХЬ 9-чу КЛАССЕХЬ КХОЧУШБЕЧУ БАРТА А, ЙОЗАНАН А БЕЛХИЙН КОЬРТА ТАЙПАНАШ

Тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу исбаьхьаллин произведенеш къастош ешар.

Исбаьхьаллин произведенин а, литературах, юкъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян а чулацам схьабийцар.

Кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план хIоттор.

Барта а, йозанан а сочиненеш. Царна юкъахь литературан материал тIехь а, юкъараллин дахарх лаьцна а йолу сочиненеш. Литературан материал тIехь язъечу сочиненеш юкъахь хир ю исбаьхьаллин произведени тIера турпалхочун васт хIоттош а, шина персонажан амалш вовшех юстуш а, масех турпалхочун амалш къастош а йолу сочиненеш а.

Литературан хьокъехь а, юкъараллин дахарх лаьцна а йолчу статьян план, тезисаш, конспект хIоттор.

Литературан материал тIехь доклад, къамел кечдар.

Шаьш ешначу книгина рецензи язъяр.

9-чу КЛАССЕХЬ ДЕШАРХОЙН ХААРШКА БОЛУ КОЬРТА ЛЕХАМАШ

Дешархошна хаа деза:

— нохчийн советски литература 40—50-чуй шерашкахь кхиаран коьрта хьелаш;

— нохчийн литературан оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературашца уьйраш хиллар;

— Мамакаев Іаьрбин дахаран а, кхолларалли н а некъан коьрта муьраш, кхиболчу яздархойн дахарх лаьцна коьртаниг;

— Іамийнчу исбаьхьаллин произведени тІехь гайтинчу заманан коьрта билгалонаш;

— Іамийнчу исбаьхьаллин произведенийн сюжетан а, дІахІоттаман а, вастийн а башхаллаш;

— Іамийнчу исбаьхьаллин произведенийн коьртачу турпалхойн амалш, юкъара маьІна;

— Іамийнчу исбаьхьаллин произведенийн жанрийн къастамаш;

— эпический, лирический, драматический, лиро-эпический произведенийн коьрта билгалонаш; поэтически меттан башхаллаш, исбаьхьаллин литературан хаарш алсамдахаран а, кхетош-кхиоран а маьІна; литературан къомалла (народность);

— дагахь Іамо билгалъяьхначу произведенийн тексташ.

Дешархошна Іемина хила деза:

I

— произведени тІера исбаьхьаллин суьрташ шайн ойланехь юха схьахІитто;

— литературан произведени шен жанран а, идейно-исбаьхьаллин а башхаллашка хьаьжжина къасто;

— исбаьхьаллин произведени муьлхачу литературан тайпанан ю (эпически, лирически, драматически) билгалдаккха;

— литературан произведенин коьрта проблемаш билгалъяха;

— исбаьхьаллин произведенин турпалхочун амалш билгалъяха, цхьана я масех произведенин турпалхой васташ вовшех дустуш къасто;

— произведенехь сюжетан, дІахІоттаман, вастийн, исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсийн цхьаалла гучуяккха а, маьІна дан а;

— произведенин турпалхошка а, цу тІерачу хиламашка а авторан болу хьежамаш билгалбаха;

— ешначу произведенех а, цуьнан турпалхойх а шайна хетарг бух боллуш чІагІдан;

II

— исбаьхьаллин произведенин а, литературах, юкъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян а тексташ, тийса а ца луш шерра, хозуьйтуш дІаеша;

— исбаьхьаллин произведени къастош еша;

— шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план хІотто;

— барта а, йозанан а тайп-тайпана сочиненеш кхолла;

— литературан хьокъехь а, юкъараллин дахарх лаьцна а йолчу статьян план, тезисаш, конспект хІотто;

— литературан материал тІехь доклад, къамел кечда (цхьана-шина книгех пайда оьцуш);

— шаьш ешначу книгина рецензи язъян;

— школан дахарх лаьцна доклад, къамел кечдан.

ЛИТЕРАТУРА ІАМОРЕХЬ 10-чу КЛАССЕХЬ КХОЧУШБЕЧУ БАРТА А, ЙОЗАНАН А БЕЛХИЙН КОЬРТА ТАЙПАНАШ

Тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу исбаьхьаллин произведенеш къастош ешар.

Исбаьхьаллин произведенин а, литературах, юкъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян а чулацам схьабийцар.

Кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план хІоттор.

Барта а, йозанан а тайп-тайпана сочиненеш. Царна юкъахь литературан материал тІехь а, юкъараллин дахарх а лаьцна йолу сочиненеш. Литературан материал тІехь язъечу сочиненешна юкъахь хир ю исбаьхьаллин произведенин турпалхочун васт хІоттош а, шина персонажан амалш вовшех юстуш а, масех турпалхочун амалш къастош а йолу сочиненеш а.

В. И. Ленинан статьян а, литературан хьокъехь болчу Коммунистически партин сацамийн а план, тезисаш, конспекташ хІиттор.

Литературан материал тІехь доклад, къамел кечдар (цхьана я масех книгех пайда а оьцуш).

Шаьш ешначу книгина, хьаьвсинчу кинофильмана, телепередачина, шайна гинчу спектаклана рецензи язъяр.

Шайн школан а, юьртан (гІалин) а дахарх лаьцна доклад, къамел кечдар.

10-чу КЛАССЕХЬ ДЕШАРХОЙН ХААРШКА БОЛУ КОЬРТА ЛЕХАМАШ

Дешархошна хаа деза:

— В. И. Ленинан «Партийни организаци а, партийни литература а» цІе йолчу статьян чулацам а, маьІна а; литературан хьокъехь партис тІеэцначу сацамийн коьрта чулацам а, маьІна а;

— нохчийн халкъан барта кхолларалли н коьрта тайпанаш, Іамийнчу барта произведенийн чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а;

— барта кхолларалли на а, исбаьхьаллин литературана э юккъера къастамаш;

— нохчийн литература кхоллаяларан а, кхиаран а коьрта хьелаш;

— нохчийн литература 60—80-чу шерашкахь кхиаран коьрта башхаллаш;

— Бадуев СаьІидан, Мамакаев Іаьрбин, Мамакаев Мохьмадан

дахаран а, кхолларалли а некъан коьрта муьраш, кхиболчу яздархойн дахарх лаьцна коьртаниг;

— нохчийн литературан оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературашца уьйраш хилар а, церан маьIна а;

— исбаьхьаллин литературан юкъараллин дахарехь долу маьIна;

— Iамийнчу произведенийн сюжетан, дIахIоттаман, вастийн башхаллаш;

— Iамийнчу произведенийн коьртачу турпалхойн амалийн юкъара маьIна;

— Iамийнчу произведенийн идейно-исбаьхьаллин, жанрово-стилистическин къастамаш;

— исбаьхьаллин васт, литературан къомалла (народность), партийность, социалистически реализм, яздархочун хатI бохучу кхетамийн коьрта билгалонаш;

— барта кхолларалли, литературан тайпанаш, жанраш, стихан коьрта барамаш, нохчийн стихан башхаллаш;

— дагахь Iамо билгальяхначу произведенийн тексташ.

Дешархошна Iемина хила деза:

I

— произведени тIера исбаьхьаллин суьрташ шайн ойланехь юха схьахIитто;

— произведени, цуьнан идейно-исбаьхьаллин цхьаалла а ларъеш, авторан хьежамаш тидаме а оьцуш, къасто;

— исбаьхьаллин произведени муьлхачу литературан тайпанан ю (эпически, лирически, драматически) билгалдаккха;

— произведенин проблематика къасто;

— произведенехь сюжетан, дIахIоттаман, вастийн, исбаьхьаллин суртхотторан гIирсийн цхьаалла хилар а, маьIна а гучудаккха;

— халкъан иллийн а, литературан произведенийн а турпалхочун амалш билгальяха; цхьана я масех произведенийн турпалхойн васташ вовшех дустуш къасто;

— стихашца язйинчу произведенин ша-тайпанан йолу башхаллаш (стихан барамаш, ритм, рифма, строфа) къасто;

— ешначу произведенин мах хадор бух боллуш чIагдан.

II

— Исбаьхьаллин произведенин а, литературах, юкъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян а тексташ шерра хозуьйтуш дIаеша;

— исбаьхьаллин произведенеш къастош еша;

— шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план хIотто;

— барта а, йозанан а тайп-тайпанан сочиненеш кхолла;

— В. И. Ленинан статьян а, литературан хьокъехь болчу Коммунистически партин сацамийн а план, тезисаш, конспект хIотто;

— хьехархочун лекцин, литературан хьокъехь а, юкъараллин дахарх а лаьцна йолчу статьян план, тезисаш, конспект хIотто;

— литературан материал тIехь доклад, къамел кечдан (цхьана а, масех а книгех пайда а оьцуш);

— шайн школан а, юьртан (гIалин) а юкъараллин дахарх лаьцна доклад, къамел кечдан;

— шаьш ешначу книгина, хьаьвсинчу спектаклана, телепередачина, кинофильмана рецензи язъян.

8-чу КЛАССАН МАТЕРИАЛ А, ИЗА ДIАНИСЪЯР А

Нохчийн советски литературан систематически курс ю дешархоша 8-чу классехь Iамо йолошъерг. Къоман барта кхолларалли бух тIехь, оьрсийн классически а, советски литературах а, дуьненан кхечу къаьмнийн литературех а пайда а оьцуш, нохчийн советски литература кхоллаялар а, 20—30-чуй шерашкахь иза кхиаран хьелаш а довзуьйту дешархошна. XIокху классехь Iамочу исбаьхьаллин произведенийн коьрта чулацам бу Сийлахь-йоккхачу Октябрьски революцино адамаш паргIат дахар, ирсе кхачор гойтуш, Нохч-ГIалгIайчоьнан халкъан бахам социалистически тIегIан тIе баккхар, дIаяхначу заманах бухадисинчу зуламечу Iадаташца кьийсам латтор, йоза-дешар а, социалистически культура а кхиар гойтуш.

20—30-чуй шерашкахьлерчу нохчийн литературах дешархошца Iамо схьахаьржина шайн идейно-эстетически чулацамца оцу хенахьлерчу литературан башхаллаш билгал а йовлуш, дешархой кхетош-кхиорехь гIуллакх а деш йолу произведенеш. Уьш 8-чу классан дешархойн хеназа йогIуш а, церан литературни хаарш шордийр долуш а ю.

Программийн материал дIайолало нохчийн халкъан барта кхолларалла а йовзуьйтуш, оьрсийн баккхийчу яздархоша а, Iилманчаша а цуьнан лаккхара мах хадийна хилар а гойтуш. TIаккха дешархошна доцца йовзуьйту кьоман йозанан истори, довзуьйту йозанан литература кхоллаяларан хьелаш а.

Иштта нохчийн фольклорах а, йозанан литература йолаяларх а юкъара хаамаш беллачул тIаьхьа программи тIехь йогIуш ю монографически теманаш: нохчийн тоьллачу яздархойн дахар а, кхолларалла а йийцарца цхьаьна церан тоьлашха йолу исбаьхьаллин произведенеш Iамор. И литературни материал дIанисйина историзман принципан буха тIехь, хенан рожехь йогIуш махиллара. Дудаев Iабдин стихотворенеш: «Советий малх», «Асламбек», «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел»; Сальмурза-

ев Мохьмадан «Кхетаме Хьамид» цIе йолу дийцар; Нажаев Ахьмадан «ЖаIу» поэма; Айсханов Шамсуддинан «Iа» цIе йолу стихотворени а, «КIайн котам» боху дийцар а; Бадуев СаьIидан «Паччахьан замане» цIе йолу стихотворени, «ЦIеран арц», «Бешто» повесташ, «Большевикаллица ялта дерехьа» боху пьеса. Вайна ма-гарра и дешаран материал литературан тайп-тайпанчу жанрашкахь ю, ша дIанисъярехь поэзи прозица а, исбаьхьаллин литературан тайп-тайпанчу жанрашкара произведенеш вовшашца хийцалуш а ю. Тематика а, исбаьхьаллин башхаллаш а тайп-тайпана ю оцу произведенийн. 20—30-чуй шерашкахь Нохчийчохь хилла социально-экономически хийцамаш а, къоман исбаьхьаллин литературан идейно-эстетически чулацам оцу муьрехь кхиаран хьелаш а билгалдовлу оцу дешаран материалаца.

20—30-чуй шерашкахь язйинчу произведенийн чулацамера цхьадолу хIумнаш таханлерчу дешархойн дахарна генаро ду, цундела царна кхето хало а ду. Масала, коллективизаци кхочушъяран гIуллакхаш, нохчийн оцу хенахьлерчу зуламечу Iадаташца дозаделла хIумнаш. Иза тидаме а оьцуш, 8-чу классехь Iамочу исбаьхьаллин произведенийн идейни маьIна, церан революционно-патриотически пафос дешархошка кIорггера дIакхачоран агIо лохур ю хьехархочо. И произведенеш, нохчийн къехоша оьрсийн пролетариатана тIаьхьа а хIиттина, кхечу къаьмнийн векалшца цхьаьна Октябрьски революцехь а, граждански тIамехь а Советан Iедалехьа кьийсам латтор гойтуш хиларх кIорггера кхетор бу дешархой. Оцу произведенийн турпалхой революционни идеалаш чIагIъяран гIуллакхана чу садиллина хилар гойту дешархошна, царех терра махкана а, халкъана а муьтIахь хиларан ойла кхиайо цаьргахь.

8-чу классехь Iамошйолчу произведенех цхьаерш агитационни, кхайкхаман чулацам болуш ю, иза а оцу исторически хенан билгалонашца догIуш ду. Яздархойн исбаьхьаллин дош шайн хенахь халкъана хьалха лаьттина проблемаш кхочушъяре хьажийна хиларх кхетабо дешархой. Дидактикан лехамашца догIуш ма-хиллара, атта йолу теманаш хьалха а, халонаш тIаьхьа а Iамор йолуш дIанисйина 8-чу классан материал. Масала, Нажаев Ахьмадан шуьйра идейно-исбаьхьаллин чулацам болу поэма «ЖаIу» Iамо дешархой буьйлалур бу Дудаев Iабдин стихотворенеш а, Сальмурзаев Мохьмадан дийцарш а Iамийнчул тIаьхьа. Ткьа Бадуев СаьIидан кIорггера а, чолхе а чулацам болу произведенеш дешархоша Iамайо вай лакхахь билгалъяьхна произведенеш а, царел совнаха Айсханов Шамсуддинан кхолларалла а Iамийнчул тIаьхьа. Иштта материал дIанисьяро гIо до дешархошна исбаьхьаллин литературах мелла а кIорггера хаарш даларехь.

ГIалгIайн поэтан Беков Темботан «Ши зама» цIе йолу йоккха стихотворени Iамайо. Цу тIехь болх беш хьехархочо таро

май-ю алсамо йовзуьйту дешархошна гIалгIайн литература, цуьнан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш.

ДегIастанан къаьмнийн литературех хаамаш а ло 8-чу классехь Стальский Сулейманан кхолларалла йийцарца.

Программи тIехь билгалдаьккхина хIинцалерчу нохчийн литературан произведенеш йийцаре яр, оцу гIуллакхана ши сахьт къастийна. Хьехархочо, дешархойн лаамаш тидаме а оьцуш, шена бIегIийла хеташ йоллу произведенеш хоржу оцу урокашкахь йийцаре ян.

Теоретико-литературни хаамаш луш 8-чу классехь хьехархочо хьалха литературан теорех кхолладелларг кIаргдарал совнаха дешархойн тидам тIебохуьйту нохчийн стихан башхаллаш йовзийтарна а, драматургически кьовсамах кхетам баларна а.

8-чу классехь нохчийн литература Iамош дешархоша пайдаоьцуш ю ши дешаран книга: хрестомати а, учебник а.

ХРЕСТОМАТИ

Литература Iаморехь дешархошна хаа езаш йолу исбаьхьаллин тексташ а, кхийолу материалаш а зорбатуху хрестомати тIехь. 8-чу классан нохчийн литературан хрестомати арахьцуш ю 7-гIа классачуьнца цхьана мужалта юкъахь. ХIокху сохьта школехь шех пайдаоьцу хрестомати 1986-чу шарахь зорбатоьхна ю, пхоьазлагIа арахецна. **Иза хIоттийна Х. Х. Мамаевс а, У. Х. Эжаевс а.** Программица цхьаьна йогIуш ю хрестомати. Цу техь зорбатоьхна 8-чу классехь Iамош йолчу ерриге а произведенешна. Бакъду, ши исбаьхьаллин произведени дакъошкахь бен яц хрестомати тIехь. Хрестомати тIехь зорбатоьхначу дакъойх тоам бина ца Iаш, хьехархочо леррина тидам тIе а бохуьйтуш, оцу произведенийн тексташ дийнна йовзийта еза дешархошна. Произведенийн чулацамах дешархой кхоччуш кхетийтаран Iалашо йолуш, цара ойла шайна тIеяхийта еза коьрта меттигаш билгалйохуш долу хаттарш, тIедахкарш ду хрестомати тIехь хIор произведенина а далийна. Царах говза пайда эцийта беза дешархошка.

Литературан хрестомати дешархоша шех хаддаза пайда а оьцуш, гуттара а царна хьалха хила езаш ю. Хьехархочунна дика евзаш хила еза хрестомати. Цу тIехь муьлха материал ю а, муьлхарниг яц а, хаттарш а, тIедахкарш а муьлхачу барамехь, мича кепара, хIун система йолуш далийна хаа деза. Дешархошна исбаьхьаллин произведенийн тексташ йовзийтаран Iалашонаш кхочушъян хIун таронаш луш ю хрестомати хьажа веза хьехархо 8-чу классехь литература хьеха волалуш.

Учебник

Лакхарчу классашкахь исбахьаллин литература Іаморехь дешархошна гІо дан дезаш йолу коьрта книга ю учебник.

Учебник тІехь школехь Іамочу произведенийн идейно-эстетически анализ йо, дешархошна хаа дезаш долу теоретико-литературни гІуллакхаш къастадо, историко-литературни процессах кхетам ло, яздархойн дахаран а, кхолларалли а некъ гойту, обзорни теманаш къастайо. «Литературан учебник — ша къаьсттина литературоведчески таллам бу хІинцалерчу муьрехь юккъерчу школехь дешаран а, кхетош-кхиоран а декхарш кхочушдан лерина а болуш».[1]

Нохчийн литературан дуьххьарлера учебник язйина РСФСР-н серлонан Министерствон къаьмнийн школийн Іилманан-талламан Институтан Нохч-ГІалгІайн филиалехь. Цуьнан хьалхара издани зорбанера араяьлла 1976-чу шарахь **(Арсанукаев І. М. Нохчийн советски литература. 8-чу классана учебник. — Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1976).** ХІетахь дуьйна доьазза арахецна и учебник. ХІинца школехь шех пайдаоьцушъерг цуьнан йоьалгІа издани ю 1985-чу шарахь зорбатоьхна йолу. Учебникан ерриге а материал программица цхьаьна йогІуш нисйина. 8-чу классан программо билгалъяькхина йолу нохчийн литературан материал ю цу тІехь къасториг.

Учебнико довзуьйту нохчийн советски литература кхоллаяларан а, 20—30-чу шерашкахь иза кхиаран а хьелаш. Учебник дІайолало дешархошна нохчийн халкъан барта кхолларалли башхаллаш йовзийтарца. Халкъан барта кхолларалли бух тІехь, оьрсийн классически а, советски а литературах, дуьненан кхечу къаьмнийн литературех а пайда а оьцуш, къоман литература кхоллаялар муха дІадоладелла гойту учебнико. Цул тІаьхьа монографически теманаш ю. Дудаев Іабдин, Сальмурзаев Мохьмадан, Нажаев Ахьмадан, Айсханов Шамсуддинан дахарх а, кхолларалле а лаьцна дуьйцу учебник тІехь, программо билгалъяьхна йолу церан произведенеш къастайо. Нохчийн советски литературан бухбиллархочун Бадуев СаьІидан дахаран а, кхолларалли а некъ гайтина, цуьнан исбаьхьаллин произведенийн кІорггера идейно-эстетически анализ йина.

ГІалгІайн литература дешархошна мелла а йовзийтархьама учебник тІехь цунах лаьцна цхьа раздел ялийна. ГІалгІайн поэзи йолорхойх волчу Беков Темботан дахарх а, кхолларалле а лаьцна дуьйцу учебник тІехь, цуьнан «Ши зама» а, «Лена хи тІехь белхалошна тоьпаш тохар» а цІераш йолчу стихотворенийн анализ а йина.

Вайнехан яздархойн кхолларалле лаьцна йолу монографически теманаш чекхъевлча, учебник тІехь ду 20—30-чуй шерашкахь нохчийн литература кхиаран цхьадолу жамІаш а деш, хІинцалерчу литературан башхаллаш а юьйцуш долу дакъа.

Вежараллин кьаьмнийн литературех хаамаш баларан Іалашонца учебник тІехь ялийна ДегІастанан литературах йолу материал. Сулейман Стальскийн поэзех лаьцна дийцина, цуьнан «Даймахках лаьцна ойланаш» цІе йолу поэма а къастийна.

Коьрта долчу декъана яздархочун ерриге а кхолларалла йийцарца цхьаьна кхочушдо учебник тІехь билгалйолу цуьнан произведени Іамор. Учебнико дешархойн таро хуьлуьйту исбаьхьаллин произведени кІорггера талла, цуьнан тема а, идея а шен хенахь халкъана хьалха лаьттина проблемаш муха кхочушъеш хилла бохучух кхета а, литературан дахарца йолу уьйр билгалъякхха а.

Оцу материалал совнаха литературан теорех долу гІуллакхаш а къастийна учебника тІехь. Масала, стих кхолларан силлабо-тонически кеп йийцар, поэмин жанрах кхетамбалар, драматургически къовсаман башхаллаш йовзийтар, литература дахарца уьйр йолуш хилар гайтар и. дІ. кх. Билггалйолу исбаьхьаллин произведенеш Іамош ло учебник тІехь теорех долу хаарш. Бадуев СаьІидан «Большевикаллица ялта дерехьа» цІе йолу пьеса Іамош йовзуьйту дешархошна драматургически произведенешкахь хуьлчу къовсаман башхаллаш, Сальмурзаев Мохьмадан «Кхетаме Хьамид» цІе йолу дийцар Іамош оцу жанрах долу дешархойн хаарш кІаргдо.

Дешархошна керла долу дешнаш а, терминаш а сноскашкахь маьІна а деш, уьш кхетар болчу кепара ялийна. Вайнехан литературехь дуьххьара хІоттийна литературоведчески словарь ялийна учебник тІехь дешархошка пайдаэцийта.

Учебникан материалах кІорггера кхета дешархошна гІо хилийтархьама, хІор тема чекхъяьлча тІедахкарш далийна. Оцу тІедахкарш тІехь ойла а еш, царна жоьпаш лахаро гІо дийр ду дешархошна литературан материалах кхоччуш кхета, керланиг шайн хьекъалца болх беш довза. Оцу тІедахкаршна юккъера цхьадолу хаттарш учебник тІехь шайна кийчча жоьпаш доцуш, дешархоша шайн хьокъехь ойлаян езаш ду. ХІумнах шаьш кхиа дешархой Іаморехь пайдехьа ду иштта хаттарш.

Сочиненеш язъян теманаш билгалъяьхна учебник тІехь. ХІор доккха дакъа чекхдаьлча кхо тема ялийна сочинени язъяйта. Царех дешархоша шаьш хаьржинчу я хьехархочо билгалъяькхинчу темина сочинени язйийр ю классехь я цІахь.

Хаа деза, Іамош йолу произведени ешначул тІаьхьа бен учебникаx кІорггера пайдаэцалург цахилар. Іамочу исбаьхьаллин про-

[1] *Ковалев В. А.* Об учебнике по советской литературе. — В кн.: Методическое руководство к учебному пособию «Русская советская литература» для 10 класса. М.: Просвещение, 1977, с. 12.

изведенин текст а ца хууш учебник ешарх, хаарш кIорггера муххале а хир дац, учебнико дуьйцучух а кхетар вац.

Учебниках пайдаэца леррина Iамо беза дешархой.

9-чу КЛАССАН МАТЕРИАЛ А, ИЗА ДIАНИСЪЯР А

Дешархоша 9-чу классехь Iамайо 40—50-чуй шерашкара нохчийн литература. Цу юкъайогIу Мамакаев Iаьрбин, Арсанов СаьIид-Бейн, Музаев Нурдинан, Муталибов Зайндин, Эдилов Хасмохьмадан, Сулаев Мохьмадан, Мусаев Мохьмадан, Гайсултанов Iумаран произведенеш. Цаьрца цхьаьна дешархоша Iамайо обзорни тема: «Нохчийн литература Сийлахьбоккха Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь (1941—1945)». 9-чу классера материал мелла а чолхе а, дешархошна кхето хала а ю 8-чу классехь Iамийнчул. Кхузахь ю якккхий а, шайн чулацамца чолхе а произведенеш: Арсанов СаьIид-Бейн «Маца девза доттагIалла» цIе йолу роман, Мамакаев Iаьрбин, Эдилов Хасмохьмадан поэмаш, Мусаев Мохьмадан роман, Гайсултанов Iумаран, Сулаев Мохьмадан повесташ. И произведенеш юьйцуш а, Iамош а дешархойн литературни хаарш мелла а лакхарчу тIегIан тIе девр ду, церан литературах болу кхетам кIарглур бу.

Даймехкан тIеман хенахьлера нохчийн литература Iамош дешархошна евзар ю алсамо исторически а, литературни а материал. Дешархошна хуур ду цхьаболу нохчийн яздархой, герз кара а лаьцна, Советски Эскаран могIаршкахь мостагIчунна дуьхьал хIиттар а, Даймохк ларбеш цара исбаьхьаллин дашца дина гIуллакх а.

9-чу классехь дешархошна 8-чу классехьчулла мелла а алсамо а, кIорггера а литературан теорех долу хаарш а ло. Кхузахь дешархойн лирикех болу кхетам кIаргбо, поэтически меттан башхаллаш кхидIа а йовзуьйту. Исбаьхьаллин литературан хаарш алсамдахаран а, кхетош-кхиоран а долчу маьIнех а кхетабо дешархой. Лиро-эпически произведенех болу кхетам кIаргбо.

Социалистически реализман методах дуьххьара кхетам ло дешархошна 9-чу классехь. Иза кхочушдо коьрта долчу декьана С.-Б. Арсановн «Маца девза доттагIалла» боху роман Iамош а, и санна йолу кхин произведенеш Iамош а.

ГIалгIайн литературах Боков Ахьмадан «Бекин кIентий» цIе йолу роман Iамайо 9-чу классехь, гуьржийн яздархочун Казбеги Александран XIX бIешарахьлерчу нохчийн дахарах лаьцна йолу повесташ а Iамайо.

ХIор тема чекхъяьлча, оцу темица йогIуш йоллу произведенеш билгалъяьхна дешархошна шаьш еша. Иштта, Мамакаев Iаьрбин кхолларалла классехь Iамор дийцинчул тIаьхьа, программаша ялийна дешархоша шаьш ешча бакъхьадолу

цуьнан произведенеш: «ДоттагIчуьнга кехат», «Садаьржаш», «Дагалецамаш», «Дадин къамел». И материал дешархоша Мамакаев Iаьрбин кхолларалле классехь Iамийнарг шордеш, тIедузуш ю. И произведенеш ешаро поэтан кхолларалле кIорггера кхета гIо дийр ду дешархошна. Цу тайпана, классехь Iамошйолчу темана-шка хьаьжжина, цаьрца цхьаьна йогIуш, и теманаш кIаргьеш ю дешархошка шайга ешийта билгалъяьккхина материал. И произведенеш дешархошна марзъян еза, цара уьш цIахь йоьшу йолу агIо лаха еза.

Цу кеппара ю 9-чу классехь дешархоша Iамош йолу литературни материал. Иза Iамош гIо хилийтархьама хIоттийна ю литературан хрестомати а, учебник а.

ХРЕСТОМАТИ

9-чу классан «Нохчийн советски литература» хрестомати хIоттийна У. Х. Эжаевс а, I. Э. Гайсултановс а (пхоьазлагIа арахецна 1979 шарахь). Цу тIехь 9-чу классехь Iамо езачу исбаьхьаллин произведенийн дакъош ду зорбатоьхна. Стихотворенийн тексташ дийнна ю хрестомати тIехь, ткъа кхийолу произведенеш (поэмаш, повесташ, романаш) дакъошкахь ю. Иза кхеташ а ду, якккхий произведенеш ерриш а тарлур яц хрестомати тIе.

Хрестомати тIехь исбаьхьаллин произведенийн текстел совнаха литературан теорех лаьцна а, обзорни тема къастош а статьяш ю. Сийлахь-боккха Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь нохчийн советски литературо, кхечу къаьмнийн литератураша а санна, тIеман халчу хенахь Даймохк мостагIчух паргIатбаккхарехьа латтийначу къийсамах лаьцна дуьйцу обзорни статья тIехь. Алссам йолчу оцу материала тIехь гойту тIеман хенахьлерчу нохчийн литературан башхаллаш. Уьш йовзийта еза дешархошна.

Литературан теорех лаьцна а дикка хаамаш ло хрестомати тIехь. «Стихан барамаш», «Лирика», «Литературни турпалхо», «Социалистически реализмах кхетамбалар», «Поэмех кхетамбалар», «Повестах кхетамбалар», «Тема, сюжет, композици, амал, тип, стиль (хатI), апогей» — иштта статьяш ю дешархошна литературан теорех долу хаарш луш. Мехала статьяш ю уьш, нохчийн литературоведенехь теорех долу и гIуллакхаш къастийна цахилар тидаме эцча муххале а.

Хрестомати тIера хаттарш а, тIедахкарш а дешархошка исбаьхьаллин произведенийн тексташ тIехь ойла йойтучу кепара ду.

Цу тайпана бу 1979 шарахь а, цул хьалха а арайийлинчу 9-чу классан литературан хрестоматин коьрта чулацам.

Амма тIаьххьарчу шерашкахь зорбатоьхначу хрестоматеш тIера еккъа исбаьхьаллин произведенийн тексташий, царна хIиттийна хаттаршший бен ца дуьтуш, кхийолу материалаш дIаяьхна.

10-чу КЛАССАН МАТЕРИАЛ А, ИЗА ДIАНИСЪЯР А

10-чу классехь дешархоша Iамайо 60—70-чу шерийн нохчийн литература, аьлча а хIинцалера, вайн хенан литература ю дешархоша 10-чу классехь Iамошъерг. Исаева Мареман, Саидов Билалин, Мамакаев Мохьмадан, Ошаев Халидан, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Айдамиров Абузаран, Ахматова Раисин, Арсанукаев Шайхин произведенеш ю уьш коьрта долчу декъана. Оцу произведенийн юкъара башхалла ю царна тIехь керла дахар дIахIоттош долчу советски адамийн дахар гайтина хилар, коммунизмехьа кьийсам латтош волчу вайзаманхочун васт кхоьллина хилар. Цу произведенешца билгалдолу вайн литература тIаьххьарчу шерашкахь кхиаран хьелаш, цуьнан идейно-эстетически барам лакхабалар. Цара тоьшалла до нохчийн литературо социалистически реализман некъа тIехь кхуьуш керла толамаш баьхна хиларан.

10-чу классехь дешархоша Iамошйолу литературан материал теманашца а, жанрашца а тайп-тайпана ю. И материал Iамо дIанисьяран кеп а ю тайп-тайпана чулацам а, жанраш а йолу произведенеш вовшашца хуьйцуш. Дешархоша литература даггара Iаморна гIоле йийр ю цо.

10-чу классехь а литературни материал монографически теманашкахь ю, амма кхузахь цаьрца цхьаьна обзорни теманаш а ю. Иштта, 10-чу классехь литература Iамор шеца дIадолалуш йолчу «Нохчийн советски литература (60-гIий — 70-гIий шераш) бохучу темица дешархой оцу муьрехьлерчу литературан юкъарчу башхаллех кхетабо, дешархой 10-чу классехь нохчийн литература Iаморна «чубигаран» Iалашо ю оцу темин.

10-чу классехь луш долчу теоретико-литературни хаарех коьртанаш ду: нохчийн советски литературан кьомаллех (народность) кхетамбалар, социалистически реализман методах болу кхетам кIаргбар, лирически турпалхочух болу кхетам кIаргбар, и. дI. кх. И теоретико-литературни хаарш далар, вукху классашкахь а санна, исбаьхьаллин произведенеш Iамош кхочушдан дезаш ду.

ГIалгIайн поэзех Яндиев Джамалдинан стихотворенеш Iамайо 10-чу классехь. Дешархойн гIалгIайн литературах болу хаамаш кхидIа шор а беш, хIинццалц схьа цара Iамийначуьнан жамIаш а деш, гIалгIайн хIинцалера литература кхиаран башхаллех а кхетор бу 10-чу классера дешархой.

Дешархой интернациональни дог-ойланехь кхио гIо деш ю программи тIера вежараллин кьаьмнийн литературах йолу произведенеш. 10-чу классехь дешархоша Iамайо гоьваьлла волчу балкхаройн поэтан Кулиев Қайсынан произведенеш. И произведенеш Iамош советски дукхакъаьмнийн литературах дешархойн болу кхетам шорбо хьехархочо. Ерриге а советски кьаьмнийн литератураш цхьа Iалашо йолуш, цхьа декхарш кхочушдеш хиларх кхетабо дешархой.

10-чу классехь литература Iамош дешархоша пайдаоьцуш ю хрестомати а, учебник а.

ХРЕСТОМАТИ

10-чу классан хрестомати тIехь **(Арсанукаев І. М., Туркаев Х. В. Нохчийн советски литература. Хрестомати. 10-чу классана. 3-гIа арахецна. Грозный, Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979)** зорбатоьхна ю программо оцу классехь Iамо билгалъяьхна ерриге а произведенеш. Мамакаев Мохьмадан, Исаева Маремин, Айдамиров Абузаран романаш дакъошкахь ялийна, кхийолу ерриге а программни произведенеш шайн юьззинчу тексташкахь ю хрестомати тIехь зорбатоьхна. Школехь Iамош йолу исбаьхьаллин произведенеш хрестоматеш тIехь юьззинчу тексташкахь ялийна хилар мехала ду, хIунда аьлча произведенийн дакъош дешарх, церан кийсакаш Iаморах дешархошна литература кхоччуш евзар яц, цуьнан башхаллех а кхетар бац.

10-чу классан хрестомати дIайолало «Нохчийн советски литература 60-чу шерашкахь а, 70-чу шерийн хьалхарчу эхехь а» цIе йолчу обзорни статьяца. Цу тIехь хIинцалера литература кхиаран юкъара хьелаш довзуьйту, литературни процессан башхаллех дуьйцу, прозехь а, поэзехь а, драматургехь а араевлла произведенеш а хьахош, дешархой шаьш Iамор йолчу материалана мелла а «герга балабо». «Нохчийн проза» цIе йолчу обзорни статья тIехь кьастайо обзорни кепехь Мамакаев Мохьмадан, Музаев Нурдинан, Айдамиров Абузаран, Курумова Селимин, Сулаев Мохьмадан, Мусаев Мохьмадан, Гайсултанов Iумаран 60-чу шерашкахь араевлла романаш, повесташ, кхийолу прозаически произведенеш. Оцу муьрехь нохчийн литературехь проза кхиаран башхаллех кхетабо дешархой.

Хрестомати тIехь яздархойх лаьцна боцца биографически хаамаш а бу, дешархошна нохчийн литература Iаморехь оьшуш болу теоретико литературни хаамаш а бу. Билггалйолу исбаьхьаллин произведенеш Iаморехь дешархошна пайдехьа материал ю иза.

Хрестомати тIера хIор исбаьхьаллин текст чекхъяьлча далийна ду тIедахкарш а. Цара гIо дийр ду дешархошна произведенийн идейно-исбаьхьаллин чулацам бовза а, цунах лаьцна кIорггера ойла ян.

Яккхий теманашкахула сочиненеш язъяйтар тIедожадо программо. Оцу лехамашца цхьаьнадогIуш хрестомати тIехь билгалъяьхна сочиненеш язъяйта теманаш а.

Хрестомати йоьазлагIа арахоьцуш дуьйна цу юкъара дIаяьхна исбаьхьаллин произведенийн тексташший, тIедахкаршший, сочиненийн теманашший йоцу кхийолу ерриге а материалаш.

ХIинца школашкахь лелошъерг оцу хрестоматин пхоьазлагIа издани ю, 1984-чу шарахь зорбатоьхна йолу.

9—10 КЛАССАШНА ЙОЛУ УЧЕБНИК

Нохчийн советски литературан историх лаьцна лаккхарчу классашна язйина дуьххьарлера учебник араелира 1976-чу шарахь. Иза яра хIинца школашкахь шех кхиамца пайдаоьцуш йолу 8-чу классан нохчийн литературан учебник. Цул тIаьхьа ши шо даьлча яз а йина, арахийцира 9—10-чуй классашна лерина учебник а: **(Дыхаев В. А., Туркаев Х. В. Нохчийн советски литература. 9—10 классашна учебник. Грозный, Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1978).** Учебник дIайолалуш дешархошка долчу хьалхарчу дашехь авторша яздо: «...учебник тIехь цуьнан авторийн тидам коьрта долчунна литературан историс гуола туху меттигаш йинчу яздархошна тIехь сецна, хIунда аьлча цу тайпанчу яздархоша къаьсттана билгалйоху литературо IаIийна диках йолу идейно-тематически, философски агIонаш, керла морально-нравственни проблемаш цунна юкъаяр бахьанаш историца доьзна гучу а доху цара.

Литература кхиаран и башхаллаш гайтархьама Октябрьски социалистически революци хилале дIаихначу муьрехь оьрсийн а, вайнехан а яздархоша, историкаша дина даккхий гIуллакхаш бахьана долуш нохчийн халкъан исбаьхьаллин дог-ойла кхиа йолаяларх лаьцна доцца дийцина учебник тIехь».

Школехь Iамо еза литературни материал программаша билгалйоккхуш ю, Iаморан раж а гойтуш. Лаккхарчу классийн учебникаш тIехь, программаша схьакъастийнчу произведенийн чулацам дешархошка дIакхачорхьама, церан идейно-эстетически анализ йо, литературан теорех хаамаш ло, кьоман литература кхиаран хьелаш довзуьйту, халкъан дахарца литературан уьйр хилар гойту.

9—10-чуй классашна йолчу учебник тIехь къастайо 50—70-чуй шерашкахьлерчу нохчийн литературан материал. 9-чу классан учебник тIехь ю Арсанов СаьIид-Бейн, Музаев Нурдинан, Мамакаев Iаьрбин, Сулаев Мохьмадан, Мусаев Мохьмадан, Муталибов Зайндин, Эдилов Хасмохьмадан, Гайсултанов Iумаран, Боков Ахьмадан, дахарх, кхолларалле а йолу материал. 10-чу классан учебникана юкъайогIу Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан, Исаева Маремин, Ошаев Халидан, Яндиев Джамалдинан, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Ахматова Раисин, Айдамиров Абузаран, Мусаев Мохьмадан, Арсанукаев Шайхин дахарх а, кхолларалле а йолу материал.

Кхечу къаьмнийн литературех хаамаш а бу учебник тIехь: 9-чу классехь гуьржийн яздархочун Александр Казбегин колларалла а, 10-чу классехь балкхаройн поэтан Кулиев Кайсынан произведенеш а йовзуьйту. Обзорни теманаш а къастийна учебник тIехь. Царна лерина ю нохчийн советски литература кхоллаялар а, кхиар а гойту материал, «Халкъийн доттагIалла — литературийн доттагIалла», «50—70-чуй шерийн литература» бохучу кортошна юкъайогIу материал а.

Теоретико-литературни гIуллакхаш: романах кхетамбалар, силлабо-тонически стих кхолларан форма, сюжетах кхетамбалар, лирический, лиро-эпический жанрех кхетамбалар, литературан партийность, социалистический реализман методах кхетамбалар къастадо учебник тIехь. Дукхаха йолчу теманашна хаттарш а, тIедахкарш а далийна. Яздархойн сурташ а, кхин цхьацца иллюстрацеш а ю учебник тIехь. Мехала ю, масала, Советски Союзан Турпалхочун Нурадилов Ханпашин цIарахчу драматически театро «Лийрбоцурш» цIе йолчу Хамидов Iабдул-Хьамидан пьесехула хIоттийнчу спектаклан сценаш гойту иллюстрацеш.

Коьрта долчунна иштта бу 9—10-чу классашна йолчу литературан учебникан чулацам.

Учебник шозлагIа арахоьцуш дIаехира авторша цу тIера программица ца йогIу материалаш, кхозлагIа арахоьцуш а, кхидIа то а йина, дешаран хьелашна герга ялийра. Кху сохьта школехь шех пайдаоьцург оцу учебникан кхозлагIа издани ю, 1985-чу шарахь зорбатоьхна йолу.

* * *

Учебникаш, ерриге а дешаран пособеш шаръеш-тоярехь а, керланаш язъярехь а лаккхара лехамаш хIиттабо Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьртачу некьаша. Цара билгалдаькхина: «Ерриге а курсашкахула йолу учебникаш а, дешаран пособеш а шаръеш-тоян а еза, керланаш кхолла а еза. Лаккхара идейность йолуш а, Iилманан бух болуш а, кхета атта

[1] *Эльзаров А.-К.* Дика хила еза учебникаш. — Ленинан некъ, 21 март, 1984 шо.

а, йоцца а, нийса а, кхеташ а, шена тІе тидам бохуьйтуш а материал хилар, методически аппарат шарьеш-тойина хилар хилаза ца бовлуш болу лехамаш бу хІора а учебнике».[1]

Дешаран дикалла лакхаяккхарехь доккха маьІна ду учебникан Іилманан баххаш тІехь а, лаккхарчу идейни хьежамашца а йолуш, Іамош йолу литературни материал, исбаьхьаллин произведенин идейно-эстетически чулацам кхачам боллуш а кьастош, дешархошна кхето хала а йоцуш, шерачу маттаца язйина учебник мехала ю кхетош-кхиоран, дешар Іаморан процессехь. Цхьайолу ненан меттан а, литературан а учебникаш шайна гІалаташ, ледарлонаш, кхачамбацарш долуш нисло. Нийса доцу хІумнаш тІера дІа а дохуш уьш тояран, церан идейно-политически чулацам лакхабаккхаран декхарш ду хьалха лаьтташ. Иза тидамехь хила деза учебникаш а, методически пособеш а кхидІа а шаръеш-тоярехь а, керланаш язъярехь а.

БоьалгІа корта

ЮККЪЕРЧУ ШКОЛЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН КЕПАШ: ПРИНЦИПАШ, МЕТОДАШ, ПРИЕМАШ

Вай билгалъяьхна юккъерчу школехь нохчийн литература хьехаран Іалашонаш, гайтина Іамош йолчу литературан материалан башхаллаш, иза дІанисъяран раж.

Амма Іалашонаш нийса билгальяхар а, Іамо езаш йолчу материалан башхаллаш а, иза дІанисьяран раж а йовзар санна, оьшуш ду и литературан материал дешархошка муха дІакхачо еза, боху гІуллакхаш кьастор а. Литература хьехаран Іалашонаш кхочушхир яц, нагахь санна Іамош йолу материал дешархошка дІакхачоран болх ша хила беззачу кепашца дІахьош бацахь.

Литература хьехаран кепаш (методаш а, приемаш а) кьастор атта гІуллакх дац. Іаламат чолхе, хала болх бу дешархошна литературни хаарш луш а, уьш кхетош-киош а хьехархочо беш берг. Оцу балха тІехь гал а ца волуш, иза цхьана хорша а берзийна, эвсараллица дІабахьархьама хьехархо тІетевжаш цхьа бух хила беза. Оцу маьІнехь хьехархочо куьйгалле оьцуш ду советски школехь исбаьхьаллин литература хьехаран юкъара хьелаш (принципаш).

[1] Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьрта некъаш. — Ленинан некъ, 18 апрель, 1984 шо.

Литература хьехар цхьана Іалашоне далош долчу юкъарчу хьолех литература хьехаран принципаш олу. Литература хьехаран принципийн лехамаш схьабовлуш бу дешархой коммунистически дог-ойланехь кхетош-кхиоран Іалашонеххий, школехь хьоьхуш йолчу нохчийн литературан башхаллеххий. Литература хьехаран принципаша тидаме оьцу дешар Іаморан юкъара хьелаш а, исбаьхьаллин литературан башхаллаш а.

Дидактико билгалйоху школехь дешар Іаморан юкъара принципаш.[1] Уьш школехь хьоьхуш йолчу ерриге а предметашна юкъарчу кепехь цхьабосса йогІуш ю. Ткъа, литература хьехаран принципаш билгалйоху и дидактико кьастийнарш бухе а йохкуш, исбаьхьаллин литературан а, литературни Іилманан а башхаллаш тидаме а оьцуш. ХІокху тайпана ю школехь литература хьехаран принципаш: **литература хьехар Іилманца догІуш а, дешархой кхетар болуш а хилар; хьоьхуш дерг вовшах дузуш а, дахарца уьйр йолуш а хьехар; исбаьхьаллин произведении цхьаалла а йовзуьйтуш, кІорггера литературни хаарш далар; дешархоша бен болх эвсаралла йолуш хилийтар а, церан литература Іамо болу лаам совбаккхар а.**

ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАР ІИЛМАНЦА ДОГІУШ А, ДЕШАРХОЙ КХЕТАР БОЛУШ А ДІАДАХЬАР

Литература хьехар Іилманца догІуш хила деза бохург ду, **цкъа-делахь, школехь хьоьхуш йолу материал хила еза Іилманца йогІуш, шолгІа-делахь, и материал дешархошна хьехар а хила деза Іилманца нисдина.** Лакхарчу (8—10) классашкахь Іамошъерг нохчийн литературан истори ю. Кхеташ ду, нохчийн советски литературан истори кІорггерачу барамехь, дерриге а шен чолхечу кхиаран хьелашца дешархошка Іамалург цахилар. Оьшуш а дац оцу барамехь школехь иза Іамор. Дешархойн юкъара кхетам хила беза къоман литература кхоллаяларх а, иза кхиарх а лаьцна. 8—10-чу классашкахь дешархоша Іамайо нохчийн литературехь тоьлла йолу произведенеш. И исбаьхьаллин произведенеш хьалхатІаьхьа а йохуш дІанисйина уьш язйинчу хенашка хьаьжжина. Литературан теорех долу хаарш далар а билгалдаьккхина цара Іамош йолчу произведенешца цхьаьнадогІуш.

Лакхарчу классашна оцу тайпана йолу литературни курс хІоттош литературоведчески Іилманах пайдаэцна. Нохчийн литературоведенехь шайн лакхара мах хадийна йолу произведенеш ю дешархошца Іамо схьакъастийнарш. Къоман литература кхолла-

[1] «Дидактика средней школы». Некоторые проблемы современной дидактики. Под редакцией М. А. Данилова и М. Н. Скаткина. М., Просвещение, 1975, с. 115—144.

рехь а, иза кхиорехь а шеко йоццуш шайн маьIна долчу яздархойн кхолларалла Iамайо школехь.

Школехь Iамош йолу материал билгальяккхар программаш тIехь кхочушдеш ду, ткъа и материал дешархошка дIакхачор учебникашкахула а, коьрта долчу декъана хьехархочо бечу балхаца а кхочушдо. Литература школехь хьехар, исбаьхьаллин произведени къастор, цуьнан идейно-эстетически чулацам билгалбоккхуш, дешархошка дIакхачор кхочушдо литературоведенин методех пайдаоьцуш а,[1] психологин а, дидактикан а Iилманийн кхиамашна тIетевжаш а.

Литература хьехар дешархой кхетар болуш хила деза бохучу лехамо тIедожош дерг дукха аттачу даьккхина хьеха деза бохург дац. Мелхо а дешар Iамор, хIумнах кхетар шеца хало йолуш хила догIу, амма и хало дешархочун хьекъале, цуьнан кхетаме эшалур йолуш хила еза. Нагахь санна Iамош дерг дукха атта делахь, дешархойн иза Iамо дог догIур дац, ткъа иза тIех хала хилахь, тIаккха а дешархоша и Iамор дац, хIунда аьлча, шаьш цунах ца кхета дела, Iилма Iамор хала гIуллакх ду, амма иза аттачу даккха а гIоьртина Iилманан баххаш тIера а ца волуш, ткъа сов чолхе дина дешархойн цунах дог а ца доккхуш хьеха дезар тIедожадо Iилманца догIуш а, дешархой кхетар болуш а хьехаран принципаша.

ДЕШАРАН МАТЕРИАЛ ВОВШАХ ЮЗУШ А, ДАХАРЦА УЬЙР ЙОЛУШ А ХЬЕХАР

Исбаьхьаллин литература хаддаза кхуьуш ю. Нохчийн советски литература Октябрьски революцино кхоьллина а, хIетахь дуьйна схьа халкъан социалистически дахар кхиаре хьаьжжина сихачу боларца кхуьуш схьаеана а ю. Советски литература даиманна а хилла халкъан дахарца юххера уьйр йолуш. Къоман тоьллачу яздархоша гуттара хьажийна шайн исбаьхьаллин дош халкъан лехамаш кхочушбаре. Бакъйолу исбаьхьаллин произведенеш социалистически дахар чIагIдеш, адамийн дегнашкахь коммунистически дог-ойла кхиош, къинхьегамхошка пролетарски цхьаьнабарте кхойкхуш ю.

Лакхарчу классашкахь дешархошна кхетам ло къоман литература кхиаран процессах. Шо-шаре мел дели шен теманашца, жанрашца, исбаьхьаллин васташца литература алсамъяларах а, керла исбаьхьаллин лаккхенаш цо караерзорах а кхетабо дешархой, хьалха-тIаьхьа язйина йолчу произведенийн теманаш, идейш вовшашца йозаелла хиларх, царна юккъерчу уьйрех кхиабо. Iамош

[1] *Гуковский А. Г.* Изучение литературного произведения в школе (методологические очерки о методике). М.—Л.: Издательство «Просвещение», 1966, с. 79—80.

йолу исбаьхьаллин произведени (литературни процесс юккъера схьа а яьккхина, ша къастийна ца юьйцуш) ерриге а литература кхиарехь цхьа тIегIа хилла лаьтташ, иза кхиарехь шен цхьа маьIна долуш хиларх кхетабо дешархой.

Литература халкъан историца кIорггера уьйр йолуш хилар хоуьйту. Масала, царна кIорггера хаарш дала деза, 20—30-чу шерашкахь нохчийн яздархойн произведенийн идейно-тематически чулацамехь Сийлахь-Йоккхачу Октябрьски революцино еанчу пархатонах массаьрга а пайда эцийтар, халкъан бахам социалистически тIегIан тIе баккхар, дIаяханчу заманах бухадисинчу зуламечу Iадаташца къийсам латтор, дешар а, социалистически культура а халкъана юкъаяржор хиларх лаьцна. 40-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн литературана хьалха хIиттира (массо а советски къаьмнийн литературашна а санна) вайн Даймохк фашистски акхаройх ларбаре хьажийна долу сийлахь декхарш. Литературо шен берриге идейно-исбаьхьаллин ницкъ мостагI эшорехь гIо дарна тIехьажийнера. Яздархойн исбаьхьаллин дашо (Мамакаев Iаьрби, Саидов Билал, Мамакаев Мохьмад, Эдилов Хасмохьмад) адамийн дегнашкахь луьра цабезам кхиабора мостагIчуьнга, Iорайохура фашистски мехкашдIалецархойн Iалашонаш. Социалистически Даймахке, халкъе болу безам алсамбаккхар, бIаьхойн дегнашкахь стогалла, майралла кхиайора. 50—60-чуй шерашкахь исбаьхьаллин произведенийн тематика коммунизме боьдучу новкъахь вайн халкъаша бохуш болу толамаш гайтарна тIехьажийна ю. Коммунизм дIахIотторехьа къийсам латтош волчу советски стеган турпалаллин васт кхуллу яздархоша, кинхьегаман адамийн вовшашца кхоллалуш йолу юкъаметтигаш гойту, советски къаьмнашна юккъерчу доттагIаллех лаьцна дуьйцу.

Советски юкъараллехь хуьлуш болу исторически хийцамаш исбаьхьаллин кепехь кIорггера луьсту яздархоша. Литература хьоьхуш дешархошна гайта деза, шен чулацамехь социалистически а, хормехь къоман а йолу нохчийн литература советски юкъаралла кхиарца цхьаьна кхуьуш схьайогIуш хилар. Уьш кхето беза, исбаьхаллин произведенешкахь гойтуш дерш халкъо кхочушдеш долу турпалаллин гIуллакхаш хиларх.

Исбаьхьаллин литературо дахар гайтина ца Iаш, и дахар диканехьа хийца гIо деш хилар гайта деза дешархошна. Коьрта ду, исбаьхьаллин литературан беркате тIеIаткъам дешархойн дуьненехьежар кхиарца, церан гIиллакх-оьздангалла кхиарца гучуболуш хилар. Иза литература хьехар дахарца уьйр йолуш дIахьош хиларан коьрта гайтам бу.

ИСБАЬХЬАЛЛИН ПРОИЗВЕДЕНИИ ЦХЬААЛЛА А ЙОВЗУЬЙТУШ, КІОРГГЕРА ЛИТЕРАТУРНИ ХААРШ ДАЛАР

Исбаьхьаллин произведени толлуш билгалдоху цу тІера васташ, исбаьхьаллин суьрташ, къастайо сюжетни зІенаш, дакъошка йоькъу произведени, йийцаре йо цуьнан тема, идея, исбаьхьаллин хорма. Произведенехь царех лаьцна къастийна дийца дезаш а хуьлу. Ткъа, произведенин компоненташ ша-ша а йохуш йийцаро оцу произведенин исбаьхьаллин цхьаалла мелла а йохош хетало. Хууш ма ду литературни произведенин дІахІоттам, цу тІера дерриге хІумнаш, гІуллакхаш яздархочо исбаьхьаллин кепехь говза, хаза вовшах тесна хиларна, къасталур доцуш вовшах дозадаларна йоккха исбаьхьаллин цхьаалла йолуш хилар. Литературан произведени адамийн ойланна а, синхаамашна а цхьабосса тІеІаткъам болуш хилар оцу произведенин цхьааллех дозуш ду.

Яздархочо шен произведени тІехь билггалдолу дахаран сурт кхуллу, оцу дахаран суьртехула кхочушйо цо шен коьрта идея. Произведенин дерриге васташ, исбаьхьаллин суьрташ, берриге хиламаш, мел кегийра гІуллакхаш а муьлхха а сюжетни зил а, сюжетана юьстах дерг а авторан коьрта Іалашо кхочушъеш долу дахаран сурт хІотторе хьажийна ду. Оцу гІуллакхах кхетабо дешархой. Масала, «ЦІеран арц» цІе йолчу повесть тІехь авторан Іалашо яра паччахьан Іедало нохчийн къехошкахь латтийна Іазап гайтар. И шен Іалашо кхочушъеш Бадуевс кхоьллина паччахьан заманахьлерчу нохчийн юьртан дахаран сурт. Нохчийчохь паччахьан олалла дІакхоьхьуш хиллачу хьаькмаша мискачу нахана тІехь лелийна къиза гІуллакхаш гойтуш автора кхоьллина пурстоьпан Кулдевичан, цуьнан хьадалчаш хилла леллачу Мирзин, Эльбертан, моллин васташ, къехойн Хонмурдан а, Банон а, Залубин а васташ, пурстоп волчу баьхкина баккхий нах а, Хонмурдан хІусам лаьттинчу орца тІе гулбелла юьртахой а гайтина, ши обарг а хьахийна. Ира сюжет йолуш, шен чулацамехь болу хиламаш сиха кхуьуш ю повесть. Цу тІера дерриге а васташ, берриге а хиламаш кхиар цхьаалла йолуш ду, иза автора Іалашо кхочушъеш уьш хиларца билгалдолу. Повесть тІехь мел кІезиг долу хІума а автора коьрта Іалашо кхочушъяре хьажийна ду. Иштта, Кулдевича акхаройн къизаллица Хонмурд хьийзийнчу цІа чохь пенах доллуш паччахьан сурт дара. «Леррина, вехха цуьнга а хьежна» Іаш вара Кулдевич, Хонмурд шена тІевалочу хенахь. Ткъа, хІинца къеначу, мискачу стагана Кулдевича инзаречу къизаллица етташ, пенах доллучу сурта тІера цуьнга а хьоьжуш Іара паччахь. КулдевичгІара лелош йолу харцонаш паччахьера схьайогІуш хилар, къехой Іазапехь бахкорна бехкениг дерриге а паччахьан Іедал хилар чІагІдо яздархочо оцу исбаьхьаллин суьртаца.

Произведенин композици а, мотт а, берриге исбаьхьаллин гІирсаш а авторан коьрта Іалашо кхочушьяре хьажийна хуьлу. «ЦІеран арц» повестан композици цуьнан маьІна къеггина гучудоккхуш ю. Повестан хиламаш кІаргбаларе хьаьжжина билгалйовлу цу тІерачу персонажин ма-ярра йолу амалш, царех хІораннан а дог-ойла, цара кхочушде гІуллакхаш. Шен башхаллаш йолуш бу персонажийн мотт а. Кулдевичан маттаца а билгалйовлу цуьнан акхаройн амалш, къизалла, иза боьха стаг хилар го. Ткъа, Хонмурдан мотт мискачу стеган, Іедало кхерийнчу, гІело лан Іеминчу стеган мотт бу.

Исбаьхьаллин произведенин и ерриге а агІонаш дешархошна йовзуьйту. Кхузахь коьрта ду произведени тІера дерриге хІумнаш вовшах дозаделла хиларца цара оцу исбаьхьаллин произведенин цхьаалла кхуллуш хиларх дешархой кхетор.

Произведенин идейни чулацаммий, цуьнан исбаьхьаллин хормий къасталур йоцуш вовшах йозаелла хиларх кхио беза дешархой. Муьлххачу а литературни произведенин идейни чулацам билггалйолчу исбаьхьаллин хормехулий бен кхочушхила йиш йолуш бац. Кхоччуш дика литературни произведени кхоллалуш яц кІорге йолуш болу идейни чулацам шена хьакъ йоллучу исбаьхьаллин хорме бирзичий бен. Идейни чулацаммий, исбаьхьаллин хормий цхьаалла йолуш хилар ду исбаьхьаллин произведени кхуллуш дерг. Произведенин идейно-эстетически чулацам кІорггера цхьаалла йолуш хиларх дика кхеташ хила беза дешархой.

ДЕШАРХОША БЕН БОЛХ ЭВСАРАЛЛА ЙОЛУШ ХИЛИЙТАР А, ЦЕРАН ЛИТЕРАТУРА ІАМО БОЛУ ЛААМ САБАККХАР А

Кхузахь коьрта лехамаш бу, хьехархочо дан доггІучу барамехь куьйгалла а деш, дешархоша беш болу болх церан хаарш а, кхетам а лакхаболучу кепара хилийтар, дешархойн литературан занятешка болу лаам а, церан дешар Іаморан хьуьнарш а лакхадахар.

Дешархойн литературни хаарш лакхадовларехь а, церан кхетам кхиарехь а доккхачу маьІне ду дешархой шайн хьекъалца, шаьш жигараллица болх барехула керлачунна тІекхуьуш хилар. Дешархойн литературни хаарш церан хьекъало алссам болх беш кхолладелла хилча, шаьш, шайн лаамца хІуманах уьш кхиъна хилча, церан хаарш кІорггера а хуьлу, царех пайдаэцар эвсаралла йолуш а нисло. Цундела хьехархочун декхар ду дешаран материал дукха аттачу яьккхина, «яра а ерина», «Іавша а Іаьвшина» кийчча классана хьалха ца юьллуш, оцу материалах кхетархьама дешархошка гІеххьа ойла яйтар, шайн хьекъало болх барца уьш дешарх кхиийтар. Лакхарчу классашкахь литература хьоьхуш оцу кепара болх вовшахтоха бегІийла ю. ХІунда аьлча, оцу классашкахь дешархойн кхетам лакхаболу хьалхачулла, цара

шайн духовни хьашташна жоьпаш лоху литературехь. Оцунна тІе а доьгІна хьехархочун таро ю дешархоша литературни материала тІехь шаьш ойлаяр кІаргдан а, церан литература Іамо болу лаам сабаккха а.

Хьехархочо дешархошца беш болу болх уьш шайн хаарш шаьш тІедуза Іемачу кепара дІабахьа беза. Дешархой Іамабо хІинццалц схьа шайн кхолладеллачу литературни хаарех пайда а оьцуш, керлачух кхета, оцу керлачуьнца шайн хьалхалера хаарш алсамдаха. Масала, 9-чу классехь Іамайо Мамакаев Іаьрбин «Нохчийн лаьмнашкахь» цІе йолу лиро-эпически поэма. Программо тІедожадо и произведени Іамош дешархошна поэмин жанрах лаьцна кІорггера кхетам балар. Хьехархочо поэмин жанрах болу дешархойн кхетам кІаргбеш, цаьрга пайдаоьцуьйту хьалхарчу классашкахь поэмаш Іамош («Довха дегнаш», «ЖаІу») оцу жанрах церан кхолладеллачу теоретически хаарех. ЦІераш йохуьйту шаьш Іамийнчу поэмийн, карладоккху, муьлхачу произведених олу поэма, муха бу поэмин жанрови къастамаш, цуьнан исбаьхьаллин хормех дешархошна хууш дерг схьадуьйцуьйту. Цул тІаьхьа дешархошка тидам бойту «Нохчийн лаьмнашкахь» цІе йолчу произведенин жанран. Цаьрга шайга, тоьшаллаш а даладойтуш, билгалдоккхуьйту иза поэма хилар. Билгалйохуьйту оцу поэмин эпически а, лирически а агІонаш, схьалохуьйту и билгалдолуш йолу меттигаш поэмин текст тІехь. Цу кепара болх барца хьехархочо дешархой шаьш тІебалабо и произведени лиро-эпически поэма хиларх кхетарна. Кхузахь хьехархочо ша дІа ца юьйцу кийчча материал. Цо куьйгалла до дешархоша шаьш бечу балха тІехь, хаттар хІоттош а, оьшучохь цара аьлларг тІедузуш а, тодеш а, царна гІо до шайн хаарш карла а дохуш, керлачу материалах кхиархьама, царех говза пайдаэца. Доцца аьлча, дешархой Іамабо, шайна хуучух пайда а оьцуш, керлачух кхиа. Ткъа дешархочо ша къахьоьгуш, шен хьекъалца Іамийна долу хІума цунна даг чу а дуьжу, кІорге йолуш а хуьлу. Хьехархочо цу тайпана болх дІабахьаро дешархо шен таронех пайда эца Іамаво, литература Іамо цуьнан болу лаам сов а боккху.

ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН МЕТОДАШ А, ПРИЕМАШ А

Школехь литература хьехаран принципаш бухе а йохкуш, церан лехамашна тІе а тевжаш, къастайо литература хьехаран методаш а, приемаш а. Школехь дешар Іамор ши агІо йолуш ду, ши стаг ву оцу процессехь дакъалоцуш: хьоьхуш волу хьехархо а, Іемаш волу дешархо а. Цу тайпана шина стагах дозаделла ду литературни дешар а, школехь Іамош долу муьлхха а дешар санна. **Дешархочун хаарш цуьнан кхетамах а, тІевирзина цо Іаморах а дозуш делахь а, кхузахь коьртаниг хьехархо ву.** Дуьххьара хьехархочуьнгара хеза дешархочунна шена хаа дезаш дерг. Ткъа, муха вовшахтуху хьехархочо дешархошна хаарш даларан гІуллакх, хІун некъаш, муха кепаш хоржу цо литературни материал цаьрга дІакхачош ша бечу белхан, бохучух дозу дешархоша эвсараллица хІума Іамор. **Метод — иза хьехархочо дешархойн хаарш кхолладолуьйтуш, церан кхетам кхиош беш болчу белхан кеп ю. Прием — методана юкъа йогІуш ю. Приемаш метод шайгахула кхочушхуьлуш йолу гІирсаш бу ала мегар ду.** Тайп-тайпанчу приемех пайдаэцарехула кхочушйо литература хьехаран билгалйолу цхьа метод. Ткъа, цхьа прием а хила тарло тайп-тайпанчу методашна юкъайогІуш.

ТІаьххьарлера шераш тІекхаччалц литература хьехаран методаш билгалйохуш яра (муьлхха а кхин Іилма хьехаран методаш а санна), хаарш схьадовларан бухе хьожжий. Методаш лорура: хьехархочун дош (лекци, дийцар, я кхин кеп); дешархошца ден къамел (беседа); дешархоша шаьш болх бар; кхетош дешар.[1] Цу тайпана методаш къасторах тоам ца бо хІинцалерчу дидактико а, методико а. Иштта методаш къастош хилча тидаме ца оьцу дешархоша хІумнах кхуьуш беш болу болх. Ткъа, иза коьртачех цхьаъ лору тахана. Хьехархочо дешархошка хаарш дІакхачош бен болх а, дешархоша царех кхиа гІерташ шайн кхетамца беш болу болх а тидаме оьцуш, къасто еза хьехаран методаш, боху хІинцалерчу дидактикехь.[2] Амма тайп-тайпанчу кепара къастайо хьехаран методаш дидакташа[3] а, царна тІаьххье методисташа[4] а. Кхузахь таро яц я оьшуш а дац дидактикин, методикин Іилманашкахь хьехаран методаш билгалъяхарехь болу тайп-тайпана хьежамаш цхьалхабохуш бийца. Цаьрга хьаштволчо лахахь, сноскашкахь ялийнчу литературах пайдаоьцур бу. Вайн де-

---

[1] *Голубков В. В.* Методика преподавания литературы. М.: Учпедгиз, 1962, с. 69.

[2] Дидактика средней школы. Некоторые проблемы современной дидактики. Под редакцией М. А. Данилова и М. И. Скаткина. М.: Просвещение, 1975, с. 146—183.

[3] *Сорокин Н. А.* Дидактика. М.: Просвещение, 1974. с. 151—171. *Щукина Г. И.* Методы обучения как компонент учебного процесса.—В кн.:Проблемы методов обучения в современной общеобразовательной школе. М., 1980. Выбор методов обучения в средней школе. Под редакцией Ю. К. Бабанского, М.: Педагогика, 1981.*Пидкасистый П. И., Коротяев В. И.* Самостоятельная деятельность учащихся в обучении. М., 1978, с. 50—61. *Лернер И. Я.* Дидактические основы методов обучения. М.: Просвещение, 1981.

[4] *Кудряшев Н. И.* Об эффективности занятий по литературе. (К вопросу о методах обучения). — Литература в школе, 1970, № 4, с. 16—32. *Юзбашев С. И.* Методы преподавания русской литературы в национальной школе. — В кн.: Методика объяснительного и литературного чтения. Под редакцией К. В. Мальцевой и З. С. Смелковой. Л., Просвещение, 1978, с. 58—77. *Шейман Л. А.* Основы методики преподавания русской литературы в киргизской школе. Часть I. Подходы. Цели. Принципы. Методы. Фрунзе, Мектеп, 1981, с. 203—229. *Тодоров Л. В.* Методы преподавания русской литературы. — В кн.: Вопросы преподавания русской литературы в национальной школе. Л.: Просвещение, 1981, с. 70—102.

кхар ду нохчийн литература хьехарехь кхачаме йолу методаш билгальяхар а, церан башхаллаш йийцар а. Оцу Iалашонца зеран-экспериментальни болх дIабаьхьира республикан тайп-тайпанчу меттигашкахь: Ачхой-Мартанан, Грозненски, Шелан, Урус-Мартанан районийн школашкахь, хьехархоша Хутаева З. М., Эсамбаев Б. Д. (Шелара № 8 юккъера школа), Докаев Ш. А. (Iалхан-Юьртара № 2 юккъера школа), Бекмурзаев Х. А., Мукаева А. С. (Котар-юьртара №№ 1, 2 юккъера школаш) дакъа а лоцуш. Зеран-экспериментальни белхан бухе диллинера, бевзаш болчу дидактийн И. Я. Лернеран, М. И. Скаткинан дидактически концепцина тIе а тевжаш, цIеяххана волчу оьрсийн методисто Н. И. Кудряшевс кхоьллинчу методийн системех[1] пайдаоьцуш билгальяьхначу: **кхолларалица ешаран, лехамийн, талламан, дуьйцуш-гайтаран методашца нохчийн литература хьехар**. Оцу белхан жамIаша а, тоьллачу хьехархошна зеделлачо а гайтира нохчийн литература хьоьхуш дешаран, кхетошкхиоран Iалашонаш кхочушъярехь и методаш (шайн приемашцанна) кхачаме хилар. Хьовсур вай церан башхаллашка.

КХОЛЛАРАЛЛИЦА ЕШАРАН МЕТОД

Исбаьхьаллин литературан башхаллаш ю цо дахар васташкахула гойтуш хилар, иза ойланна а, синхаамашна а цхьатерра Iаьткъаш хилар. Исбаьхьаллин произведени йоьшучу хенахь цо гIаттош йолу дог-ойла оцу произведенин чулацам бийцарх я мухха а кхечу кепара цунах кхетам баларх кхоллалур яц. Исбаьхьаллин произведени ешчий бен иза ма-яра евзар а яц, цунах кхетар а вац, я марзо а эцалур яц. Цундела исбаьхьаллин произведени Iамор иза кIорггера ешарна тIера дIадоло дезаш ду. **Исбаьхьаллин произведени ешаран шен башхаллаш ю. Иза сих ца луш, паргIат еша еза, говзачу исбаьхьаллин дашах марзо оьцуш, сурт хIотторан тидам беш, авторан ойланах кхиа гIоьртуш.** Дешархой Iамабо произведени леррина еша, цу тIехь долчу дерригена а тидам бан, иза йоьшучу хенахь цуьнан хазалла, исбаьхьалла ган а, цунах пайдаэца а.

Кхолларалица ешаран методан Iалашо ю исбаьхьаллин произведенин тIеIаткъам дешархошна алсамбаккхар, церан и произведени кIорггера Iамо дог даийтар. Кхолларалица ешаран метод дуьххьал дIа и произведени ешарца кхочушхуьлуш яц. Оцу метода юкъайогIуш дуккха а методически приемаш ю, цаьргахула кхочушхуьлу оцу методан Iалашо. ХIорш ю царех коьрта методически приемаш: хьехархочо къастош ешар; дешархой къастош еша Iамор; хьехархочо кхетош ешар (комментированное чтение). Произведени еша дуьйлалуш цунах дешархой дика кхетийтархьама хьехархочо далош долу хьалхара дош. Масала, 8-чу классехь Сальмурзаев Мохьмадан «Кхетаме Хьамид» цIе йолу дийцар деша дуьйлалуш хьехархочо дуьйцур ду 20-гIа шераш дуьйлалуш Нохчийчохь хиллачу дешаран хьолех: ярташкахь хьуьжарш а, школаш а хиларх лаьцна, царна юккъерачу къастамах. Хьехархочун и дош доцца, амма дешархошна дийцарх кхета таро лучу агIора хир ду.

Произведени ешна ма еллинехьа, дешархошна цунах лаьцна хеташдерг гучудаккхархьама деш долу кьамел. Оцу произведенин текст тIехь ойлаяйта дешархошна луш долу тIедахкарш.

Дешархоша беш болу болх хIокху кепара хир бу: произведени йоьшучу хенахь леррина ладогIар; шаьш къастош ешар; дагахь Iамор; план хIоттор; текстана юххе йогIуш схьайийцар; шаьш ешначу книгех, гинчу спектаклах отзываш язъяр; произведени майишшинехь цунах лаьцна сочинени язъяр. Коьрта ду исбаьхьаллин произведени ешна ма-еллинехьа хIор дешархочо а цунах лаьцна шен йолу ойла муххачу кепара яьккхина а гучуяккхар. Кхолларалица ешаран методах пайдаэца тарло произведени Iамо йолош а, ткъа иштта иза Iамийна довлуш а. Произведенин чулацам тIехь болх бинчул тIаьхьа къастош ешаро дешархошка иза кIорггера тIеоьцуьйтур ю, ткъа дешархоша шаьш иза къастош йоьшуш гучу дер ду цунах уьш муха кхетта а. Исбаьхьаллин произведени къастош ешарах лаьцна иштта яздина М. А. Рыбниковас: «Выразительное чтение учителя обычно предваряет разбор произведения и является ключом к пониманию его содержания. Выразительное чтение ученика заключает процесс разбора, подытоживает анализ, практически реализует понимание и толкование произведения».[1] Исбаьхьаллин произведени къастош ешар — иза кхолларалица ешаран метода юкъайогIуш йолу методически прием ю, амма оцу приемах кхечу литературан хьехаран методашкахь а пайдаоьцу.

ЛЕХАМИЙН МЕТОД

Лехамийн (эвристически) **методан башхалла ю дешархой мелла а шаьш бечу лехамашца керлачунна тIекхуьуш хилар. Хьалха дуьйна шайна хуучух пайда а оьцуш, хьехархочо шайна хьалха хIитточу хаттаршна тIе а тевжаш, кIезиг-дукха шаьш бечу лехамашца дешархой литературни материалах кхетабо оцу методца.** Дешархоша шаьш бечу балхах тера ю оцу методан цхьайолу агIонаш, амма билггал болу къастамаш а бу царна юкъахь. Лехамийн методах пайдаоьцуш, дешархошна хьалха хIиттийна долчу

[1] *Кудряшев Н. И.* Взаимосвязь методов обучения на уроках литературы. М.: Просвещение, 1981, с. 59—67.

[1] *Рыбникова М. А.* Очерки по методике литературного чтения. М.: Учпедгиз, 1963, с. 146.

цхьамогIа хаттарех хIоранна а цара луш долу жоп хьехархочо оьшшучу барамехь нисдеш а, тIедузуш а, тодеш а гIуллакх до. Хьалхарчу хаттарна шаьш делла долу жоп хьехархочо тодича, тIаьхьа догIучу хаттарна луш дерг хьалхарчулла дуьззина а, кIорггера а дала бIегIийла ю дешархойн. Ткъа, дешархоша шаьш беш болу болх берриге а чекхбаьллачул тIаьхьа, массо хаттаршна уьш жоьпаш делла бевллачул тIаьхьий бен ца толлу хьехархочо.

Лехамийн методах пайдаоьцу исбаьхьаллин произведени кIорггера толлуш а, литературан теори Iамош а, критически статья йийцаре еш а. ХIокху методца болх беш хьехархочо классана хьалха хIиттош долу хаттарш вовшах дозаделла а долуш, дешархой произведенин чулацаман тидам бан а, тIаккха цуьнан маьIна дан а Iамош хила деза. Уьш дукха хьолахь вовшах дозаделла долу цхьамогIа проблемни хаттарш хуьлу, хьалхарчу хаттаран шена тIаьхьа догIучу хаттарна жоп дала дешархой мелла а кечбаран хорма а йолуш. Масала, «Сийлаха» цIе йолу поэма Iамош дешархойн цуьнан жанрови кьастамашна шаьш тIекхиийтархьама Iалхан-Юьртара № 1 йолчу юккъерчу школехь иштта дIабаьхьира и болх. Хьехархочо элира «Сийлаха» произведенин коьртехь яздина ду иза поэма ю аьлла, вай шуьца хIинца хьовса деза иза нийса дуйла. Нагахь санна шаьш «Сийлаха» поэма ю бохучуьнца реза делахь, аш, тоьшаллаш а далош, гайта деза иза поэма хилар». Цул тIаьхьа хIокху кепехь дIадаьхьира къамел:

Хьехархо. Дагадайтал, муьлхачу произведенех олу поэма?

Дешархо. Поэма йоккха стихотворени ю, халкъан дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш а дуьйцуш, шеца эпически а, лирически а билгалонаш а йолуш.

Хьехархо. Нийса ду, ткъа халкъан дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш кьастадо поэмаш тIехь бохучух муха кхета шу?

Дешархо. Масала, вай хьалха Iамийнчу «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолчу поэми тIехь чIир екхаран Iадат а, цунах адамашна долу зулам а гайтинера, оцу зуламечу Iадаташна дуьхьал кьийсам латтабора поэми тIехь. И гIуллакхаш дерриге а халкъан дахарехь доккха маьIна долуш дара.

Хьехархо. Бакъ лоь. Дийца, муьлхарш ю поэмийн эпически билгалонаш.

Дешархо. Поэмаш тIехь турпалхоша кхочушдечу гIуллакхех дуьйцу, дахарехь болу хиламаш гойту.

Хьехархо. Ткъа, лирически билгалонаш муьлхарш ю?

Дешархо. Поэмаш тIехь авторан дог-ойла, цуьнан синхаамаш гучубовлу.

Хьехархо. Дика ду. ХIинца «Сийлаха» — поэма ю, яц муха хуур ду вайна?

Дешархо. Хьовса деза вай, хIинцца йийцина билгалонаш «Сийлаха» цIе йолчу произведеница юйла.

Хьехархо. Нийса боху. Оцу хьокъехь хьан хIун эр ду аш?

Дешархо. Шен долахь туька а, шортта хьал а долуш волчу совдегаран Эдалхин, кьехочу ИбрахIиман юкъаметтигаш гайтина автора. Хьолахошний, кьехошний юкъара кьийсам бу оцу произведени тIехь гайтинарг — иза халкан дахарехь доккхачу маьIне гIуллакх ду.

Хьехархо. Кхин юй цу тIехь поэмин билгалонаш?

Дешархо. Ю. Авторан ойла а, синхаамаш а го вайна хьалхарчу дашехь а, дерзорехь а, поэтан лирически юьстахвийларшкахь а.

Хьехархо. Нийса ду. Эпически билгалонех хIун эр дара аш?

Дешархо. Шайн дIадоладалар а кхиар а, дерзор а долуш гIуллакхаш ду поэми тIехь къастош — хиламин сюжет ю цу тIехь ерг. Уьш эпически билгалонаш ю.

Хьехархо. Ткъа, хIун сацадо вай «Сийлаха» — поэма хиларан я цахиларан хьокъехь?

Дешархо. «Сийлаха» стихашца язйина йоккха произведени ю. Цу тIехь кьастош долу гIуллакхаш халкъан дахарехь доккха маьIна долуш ду. Лирически а, эпически а билгалонаш а ю оцу произведеница. Оцу дерригено гойту «Сийлаха» поэма хилар.

Хьехархо. Нийса боху. Кхин цкъа а хьан эра дара аш, хIунда ю и произведени поэма?

Дешархо. Юха а ялайо «Сийлаха» поэма хиларан билгалонаш.

Хьехархо. Шен жанрови кьастамашца муьлха поэма ю «Сийлаха».

Дешархо. Оцу поэмица цхьаьнаийна ю лирически а, эпически а билгалонаш, и ши агIо а кьеггина гучуйолуш а ю, цундела «Сийлаха» лиро-эпически поэма ю.

Хьехархо. Нийса боху аш. Вай шуьца кьастий Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» цIе йолу произведени лиро-эпически жанрехь язйина поэма хилар, хIинца хьовсур ду вай оцу поэми тIехь исбаьхьаллин сурт хIотторан хьелашка, кьастор ю меттан говзалла, билгалйохур ю стихан башхаллаш.

Оцу хаттарша тIаьххьаре а шаьш кхето дезаш хиллачунна тIебалабо дешархой. Амма мехала иза хилла ца Iа кхузахь. Iаламат мехала кхин а ду: **дешархошна шаьш хIуманах кхуьуш бан безачу белхан некъ гайтина кхузахь.**

Лехамийн методан коьрта мехалла ю хIума Iамош дешархошка кхолларалла болх байтар а, шаьш муьлхха а литературни материал Iамош эвсаралла хир болу некъ царна гайтар а.

Лехамийн методо шаьш Iамош долчунна тIехь ойлайойту дешархошка, аьлча а ойла а йойтуш Iамадойту.

ХIокху тайпана белхаш байта тарло дешархошка оцу методца

хьоьхуш: хьехархочун тIедахкаршна жоьпаш лохуш, исбаьхьаллин произведенин текстана, учебникана, критически статьяна тIера, я кхийолчу литературана тIера материал схьакъастор; шайна деллачу хаттаршна тIе а тевжаш, произведенин цхьа дакъа, цхьа сцена къастор, я жимо елахь ерриге произведени къастор, исбаьхьаллин произведенин персонажан васт къастор, цу тIера васташ вовшах дустуш дийцаре дар, исбаьхьаллин башхаллаш билгалъяхар; тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу произведенеш вовшех юстуш йийцар, оцу белхан план, конспект хIоттор; шайна хьалха хIоттийна тема а, проблема а къастош, йозанан болх бар, доклад а, сочинени а язъяр; книгашъешархойн конференцехь, диспутехь дакъалацар.

Лехамийн метод дешар Iаморехь мехала ю.

ТАЛЛАМАН МЕТОД

Школехь литература хьехаран Iалашо дуьххьал дIа программо билгалъяьккхина йолу литературни материал дешархошна йовзийтар хилла ца Iа. Программи юкъа йогIуш йоцчу произведенийн чулацамах кхета а, цуьнан мехалла йовза а хууш хила беза лакхарчу классашкара дешархой. Юккъера школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа муьлххачу а исбаьхьаллин произведенин маьIнех кхета таро йолуш, цуьнан идейно-эстетически чулацаман мах хадо хуур долуш кхио беза дешархой. Лакхарчу классашкахь дешархой Iамабо исбаьхьаллин произведенин чулацамах шаьш кхиа, цуьнан идейни а, исбаьхьаллин а агIонаш шаьш къастош, толлуш болх бан. Цу тайпана, дешархойн кхолларалин корматалла кхиоран маьIна долуш ю талламан метод. **Талламан методан Iалашо ю, Iамош йолчу материалан керлачу агIонашна дешархой шаьш тIекхиийтар. Хьалха шайна ца дийцинчу хIуманна, шаьш таллам а бешш, уьш тIекхиийтар а, и керланиг шаьш бечу талламца кIоргтера царна довзийтар а.** Талламан метод шен башхаллашца йогIуш ю лехамийн методца, амма цунах дарехь къаьсташ а ю иза. Лехамийн методца дешархой керлачунна тIекхуьу хьехархочо цхьана могIарехь шайна хьалха хIиттош долу башха даккхийра доцу тIедахкарш кхочушдарехула, шаьш бан безачу белхан некъ хаддаза гойтуш хьехархо а волуш. **Талламан методца, шайн хIинца долчу хаарех пайда а оьцуш, шаьш бечу балхаца тIекхочу дешархой керланиг довзарна.** Керлачух кхиаран некъ хьехархочо хьалха царна бовзийтина. Оцо гIо до дешархошна керла материал кара ерзорехь цара бечу талламашкахь.

Талламан методо дешархой шаьш болх бан а Iамабо, цул совнаха, школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа шайн хаарш шаьш тIедуза церан таро хуьлуьйтур йолуш, талламан корматалла а кхиайо.

Талламан методах пайдаэцар тайп-тайпанчу приемашца кхочушдо. Хьехархочо классана хьалха проблема хIоттайо, и проблема кечьяьрехь дешархоша дакъалаца а тарло. Тайп-тайпана теманаш ло дешархошна классехь а, классал арахьа а кхочушъеш йолчу литературни мероприятешкахь къастаяйта. Программехь Iамош йоцу исбаьхьаллин произведенеш толлуш къастор тIедуьллу дешархошна. Литературоведчески а, кхийолу а материалаш толлуш оьшур болу тайп-тайпана кхолларалин белхаш кхочушбойту цаьрга.

Дешархошна ша цу тайпана тIедахкарш (теманаш, проблемаш) лучу хенахь хьехархочо уьш царех кхетабо, нийсачу талламан новкъа хьовсабо, идейни тIетовжамаш ло.

Талламан методах пайдаоьцуш дешархоша хIокху тайпана белхаш бо: программехь Iамош йоцу исбаьхьаллин произведени къастор; программехь Iамош йолчу произведенин цхьа дакъа я цхьа эпизод шаьш къастор; исбаьхьаллин произведенеш вовшех юстуш таллар; шина тайпана мах хадийна йолчу произведених шайна хеташ дерг бух боллуш схьадийца хаар; сцени тIехь хIоттийна йолчу исбаьхьаллин произведених спектакль юстар; спектаклан а, кинофильман а шайггара мах хадор; литературни краеведенехула талламаш бар. Дешархоша шаьш бинчу талламаш тIехь докладаш, сочиненеш язйо; литературни суьйренашкахь, диспуташкахь, конференцешкахь дакъалоцу. Пенагазетана а, литературни кружокан журналана а статьяш язйо, районни газете я литературни альманахе статья яхьийта а тарло.

Гуш ду, оцу тайпана белхаш баро дешархой мелла а литературоведчески талламана герга буьгуш хилар. Цундела коьрта ду дешархошна шайна оьшуш йолу материал лаха хаар, каталогах пайда а оьцуш, книга лахар а, цу тIехь шайна оьшуш дерг схьалаха хаар а. Дешархой Iема конспект язъян а, план хIотто а, цитаташ яло а.

Талламан методо дешархойн хIуманах шаьш кхетаран корматалла кхиайо, шаьш шайн хаарш тIедуза Iамабо уьш. TIаьххьарчу хенахь школьни учебникаш тIехь а, пособеш тIехь а алссам пайдаоьцу талламан методашна юкъадогIучу хаттарех а, тIедахкарех а. Далор вай 8-чу классан «Нохчийн советски литература» учебник тIера цу тайпана долу тIедахкарш:

ХIун маьIна ду Бадуевн драматургин нохчийн къоман театр кхиорехь?

Авторан шен турпалхошка йолу шовкъаш муха билгалйовлу «Бешто» цIе йолчу повесть тIехь?

Сальмурзаев Мохьмадан «Моллин зулам» цIе йолчу дийцар тIера молла Мусин васт а, «Кхетаме Хьамид» дийцар тIера молла Даудан васт а вовшех дуста. Хьовса, хIун къастамаш бу и шин васт хIотторехь?

Вайн литературехь дийцаран жанр кхоллаяларехь хIун маьIна дара Сальмурзаевн произведенийн?

Схьалаха «КIайн котам» бохучу дийцар тIехь автора барта кхолларалле пайдаэцар гучудолу меттигаш. Нажаев Ахьмадан «ЖаIу» боху поэмий, Сулейман Стальскийн «Даймахках ойланаш» поэмий вовшашца юста. Ойлае, цхьаьнадогIуш а хIун ду оцу произведенийн, хIун къастамаш а бу царна юкъахь?

ХIинцалерчу нохчийн литературан хIун башхаллаш ю?

Халкъан поэмин, литературни поэмин къастамаш бийца.

Доклад язъе «Айсханов Шамсуддинан кхолларалли мехалла», алий.

Доклад язъе «Бадуев а, къоман театр а» бохучу темина.

Оцу тIедахкарийн башхалла ю царна жоьпаш луш дешархойн мелла а талламан болх бан безаш хилар. Дешархойн кхолларалли хьуьнарш кхиоран лехамаш бу церан.

ДУЬЙЦУШ-ГАЙТАРАН МЕТОД

Лехамийн а, талламан а методаш эвсаралла йолуш ю, дешархой хIуманна шаьш тIекхиа Iамош ю, церан кхетам а, кхолларалли хьуьнарш а кхиош ю. Амма школехь луш долчех цхьадолу хаарш оцу методашца хьехалуш дац, масала, яздархочун дахарх лаьцна долу хIумнаш, литературан исторех долу хаарш, цу тайпана кхидерш а. Дешархоша шаьш хIума Iамош хилча хан дукха а оьшу, цул совнаха хаддаза шаьш болх барехула хаарш кхоллалуш хилча, уьш вовшех дозаделла доцуш, система йоцуш хила герга а ду. Цундела оьшуш ю дешархошна хьехархочо дуьйцуш-гайтаран метод а. И метод дукха хенахь дуьйна схьа массо мехкашкахь шех пайдаоьцуш а ю. **Дуьйцуш-гайтаран методан башхалла ю дешархошна хаа дезаш дерг хьехархочо кийчча царна дIадуьйцуш хилар, я учебник тIехь, пособи тIехь, критически статья тIехь кийчча долчуьра цара шаьш схьаоьцуш хилар.** Шайна дийцинарг я книги тIера хиьнарг дешархочо дагахь латто деза.

Дуьйцуш-гайтаран методехула хьехар кхочушдо хIокху приемашца: хьехархочун дош (кхетош-дийцар, лекци). Масала, яздархочун дахаран а, кхолларалли а некъ бовзуьйтуш йолу хьехархочун лекци; обзорни тема къастош йолу лекци; литературан историх а, теорих а лаьцна хьехархочо дийцар; учебник тIехь, дешаран пособеш тIехь долчуьнца догIуш долу хаттарш а, тIедахкарш а дешархошна далар. Оцу балха тIехь хьехархочо пайдаоьцу тайп-тайпанчу гайтаман гIирсех (суьрташ, таблицаш, карта, схема, и. дI. кх.), дешаран технически гIирсех (магнитофон, эпидиаскоп, киноаппарат, проигрыватель, и. дI. кх.).

Дуьйцуш-гайтаран методехула хьоьхуш дешархошка хIокху тайпана белхаш бойту: хьехархочо дийцинарг, учебник тIера я кхечу книги тIера дешнарг юхасхьадийца кечамбар; хьехархочун лекцин план дIаязъяр; учебник тIера я кхечу книгаш тIера Iамош йолчу материалан план, конспект, тезисаш хIиттор; йолчуьра кийчча материал схьа а оьцуш, докладаш кечъяр, сочиненеш язъяр.

Дуьйцуш-гайтаран методах пайдаоьцуш хьоьхучу хенахь дешархошкара лоьхуш дерг ду хьехархочуьнгара я учебника тIера шаьш схьаэцначу хаарех кхета а кхетта, уьш дагахь а латтош, юха оьшшучу хенахь схьадийца хаар, царех пайдаэца хаар. Иза дукха атта гIуллакх а дац. Масала, билгалдаьлла ду, кхечу къоман мотт Iамош хилча оцу маттах долу дош Iемаш волчунна билггалчу хенахь 20-зза нисдала дезаш хилар, тIаккхий бен Iемаш волчуьнан иза кхоччуш тIеэцар ца хуьлу.

Дуьйцуш-гайтаран методан кийчча долу хаарш даларал совнаха кхин таронаш а ю. Хьехархочо дешархошна билггал йолу материал йовзийтарал совнаха, оцу материалах кхетаран некъ бийца а тарло. Ткъа дешархоша оцу шайна гайтинчу некъах пайда а оьцуш, хьалха шаьш Iамийнчух тера йолу материал Iамайо. Масала, 10-чу классехь хьехархочо Мамакаев Мохьмадан кхолларалла юьйцуш цуьнан «Орган тIехь сатесна» бохучу стихотворенин чулацам къастабо. Оцу стихотворенин идейно-эстетически чулацам ша муха къастабо, мича кепара къастабо дешархошна гойту цо. Цул тIаьхьа Iамош йолу «ТIулгаша а дуьйцу» боху поэтан стихотворени дешархошка шайга къастайойтур ю хьехархочо, хьалхалера стихотворени къастош, ша царна гайтинчу некъах пайда а оьцуьйтуш.

Дешар Iаморехь дукха хенахь дуьйна зеелла ю дуьйцуш-гайтаран метод, иза кхидIа а школашкахь литература хьехарехь лело езаш а ю.

ЛИТЕРАТУРА ХЬЕХАРАН МЕТОДАШ ВОВШАХЦОЗАЯЛАР

Лакхарчу классашкахь литература хьехаран йиь метод билгальяькхина вай: **кхолларалица ешаран метод; лехамийн метод, талламан метод; дуьйцуш-гайтаран метод.** И методаш вовшех кьаьсташ ю дешархоша литература Iамош кхочушбечу тайп-тайпанчу белхашца а, материалах уьш кхетош хьехархочо дечу куьйгаллица а.

Литература хьехаран методех цхьа а хIара вон ю, важа дика ю аьлла къасто таро йолуш яц. И методаш ерриш а дика ю оьшшучохь, йоггIучу кепара шайх пайдаэцча. **Муьлха метод маца лело еза бохург дуккха а хIумнех доьзна ду: Iамош йолчу материалах а; дешархойн литературни хаарех а, церан хенах а; хьехархочо шена хьалха хIитточ Iалашонех а, материал Iамо программо билгалъяькхинчу хенах а; хьехархочун говзаллех а.**

Масала, Сальмурзаев Мохьмада яздина «Кхетаме Хьамид» цIе

йолу дийцар 8-чу классехь Iамочу хенахь хьехаран метод харжар хIокху кепара хир ду. Нагахь санна хьехархо оцу произведенин исбаьхьаллин Iаткъам дешархойн синхаамашка а, ойлане а кхочуьйтуш, цаьрга марзо эцийта гIертахь, дешархой исбаьхьаллин произведенига ладогIа Iаморан Iалашо цуьнан елахь, хьехархочо оцу дийцарх дешархой кхетош, кхолларалличца ешаран метод хоржур ю. Исбаьхьаллин произведенин текст тIехь болх бан Iаморан Iалашо хьехархочун елахь, произведени тIерачу хиламийн, исбаьхьаллин вастийн, суьртийн, яздархочо пайдаоьцучу исбаьхьаллин гIирсийн тидамбарца оцу дийцаран маьIнех дешархой кхето гIертахь, хьехархочо пайдаоьцур бу лехамийн методах. Нагахь санна дешархошна исбаьхьаллин произведени муха кьасто еза гайта гIерташ хьехархо велахь, цо дуьйцуш-гайтаран методца болх бийр бу.

Царех муьлххачу методца «Кхетаме Хьамид» Iаморан болх хьехархочо вовшахтохахь а, и дийцар кIорггера довзуьйту дешархошна, амма дешархойн кхоллалуш долу хаарш мелла а кьаьсташ хир ду, хьехархочо хоржучу методе хьаьжжина. Кхолларалличца ешаран методца болх дIахьош хилча, дешархой исбаьхьаллин произведенига тидамбеш ладогIа а, цунах марзо эца а Iема, мелла а эстетически синхаамаш а кхуьу церан. Лехамийн методах пайдаоьцуш и дийцар хьехча, дешархойн кегийчу жанрашкахь йолу прозаически произведенеш шаьш кьасторан хаарш кхоллаларна гIо хир ду. Дуьйцуш-гайтаран методах пайдаэцахь, дешархошна дийцаран жанрехь йолу произведенеш муха кьасто еза гур ду, аьлча а, литературан теорех долу хIумнаш девзар ду царна.

Школехь билггал йолу исбаьхьаллин произведени Iамош муьлхха а цхьа метод лелийна ца Iа, дукха хьолахь цхьана урокехь а масех методах пайдаэца безаш хуьлу. Исбаьхьаллин произведени Iамош хьехархочо бечу балха тIехь и хьехаран методаш вовшех йозаелла хуьлу. Масала, иштта дIахьо 10-чу классехь Саидов Билалин «Деган аз» цIе йолу стихотворени Iамор. Стихотворени Iамо дуьйлалуш хьехархочо Саидов Билалин дахарх а, поэтически кхолларалле х а лаьцна дуьйцу, хоуьйту и стихотворени поэтан кхолларалле хь шен маьIна долуш хилар (дуьйцуш-гайтаран метод), тIаккха «Деган аз» цIе йолу стихотворени кьастош йоьшу, дешархошна алссам эстетически тIеIаткъам хуьллучу кепара (кхолларалличца ешаран метод); цул тIаьхьа хьехархочо дешархошна хьалха хаттарш хIиттош, оцу хаттаршна цаьргара кIорггера жоьпаш а лохуш, оьшшучохь ша уьш тIе а дузуш, то а деш, оцу стихотворенин идейно-эстетически чулацам кьастабойту (лехамийн метод); стихотворени дешархошца кьастийнчул тIаьхьа, цуьнан чулацам царна бевзинчул тIаьхьа, урок чекхйолуш, юха а кьастош йоьшуьйту дешархошка «Деган аз», хIинца ладугIуш дешархоша кIорггера тIеоьцу оцу стихотворенин идейно-эстетически чулацам (кхолларалличца ешаран метод).

Цу тайпана, оцу цхьана урокехь масех методах пайдаэцна. Литература хьоьхуш методаш хийцаро таронаш кхуллу дешархой материалах кIорггера кхето, шаьш хIума Iаморан корматалла кхио.

Урокехь тайп-тайпана белхаш бар, хьехаран методаш хуьйцуш хилар къаьсттина оьшуш ду лахарчу а, юккъерчу а классашкахь, хIунда аьлча, дешархой кегийра мел хили а сиха гIелло цхьана кепара болх бар дахделча, тидам бов церан. Лакхарчу классашкахь а хьехаран методаш шен барамехь урокехь хуьйцуш хилча, дешархоша бечу белхан эвсаралла лакхайолу. Лакхарчу классашкахь: 8-чохь Нажаев Ахьмадан, Айсханов Шамсуддинан, Бадуев СаьIидан; 9-чохь Мамакаев Iаьрбин, Арсанов СаьIид-Бейн, Музаев Нурдинан, Сулаев Мохьмадан; 10-чохь Исаева Маремин, Мамакаев Мохьмадан, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Айдамиров Абузаран, Арсанукаев Шайхин, Ахматова Раисин поэтически а, прозаически произведенеш Iамочу урокех хIорангахь а тайп-тайпанчу хьехаран методех пайдаоьцуш, дукха хьолахь массо а методашна юкъайогIучу приемашца болх бан безаш хуьлу.

Ерриге а хьехаран методех шен балха тIехь хьехархочо пайдаэцаро дешархошна литература Iаморан дуккха а агIонаш йовзуьйту, церан хаарш кIорге йолуш а, шуьйра а хуьлуьйту, дешархой шайн хаарш шаьш тIедуза а Iамабо.

Вай кхузахь йийцина литература хьехаран методаш урокашкахь шайх пайдаэцна ца Iаш, факультативни кепехь литература хьоьхуш а, классал арахьара болх дIахьош а шайх пайдаэцалуш а, пайдаэца безаш а ю.

ПхоьалгIа корта

ЛАКХАРЧУ КЛАССАШКАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ПРОИЗВЕДЕНИ IАМОРАН НЕКЪАШ

Юккъерчу классашкахь (4—7 классаш) дешархоша Iамошйолу нохчийн яздархойн произведенеш шаьш дIанисьярехь къоман литература кхиаран хьелашка хьаьжжина вовшех йозаелла йоцуш, хIор произведени а ша къаьстина лаьтташ ю. Тхьа 8—10-чуй классашкахь дешархоша Iамайо нохчийн тоьллачу яздархойн кхолларалла. Кхузахь исбаьхьаллин произведени авторан кхолларалличца юккъера схьа а яьккхина, ша кьастийна ца Iамош, яздархочун кхийолчу произведенешца, ерриге а цуьнан кхолларалличца цхьаьнайогIуш Iамайо. Нагахь санна лакхарчу классийн программаша Iамо билгалъяьккхинарг яздархочун цхьа произведени бен яцахь, тIаккха а и произведени Iамор цуьнан авторан кхолларалличца

некъ гайтарца, цуьнан ерриге а кхоллараллехь оцу произведенино дIалоцуш йолу меттиг гайтарца дIахьош ду. Масала, 9-чу классехь Арсанов СаьIид-Бейн «Маца девза доттагIалла» цIе йолу роман Iамош дешархошна бовзуьйту авторан кхолларалли нехъ. Царна кхетам ло яздархочун оцу романал хьалха хиллачу кхолларалле; йовзуьйту цул тIаьхьа язйина произведенеш а. Дешархошца билгалдоккху «Маца девза доттагIалла» бохучу романан Арсанов СаьIид-Бейн кхоллараллехь долу маьIна а, оцу произведенино 50-чу шерашкахьлерчу ерриге а нохчийн литературехь дIалоцуш йолу меттиг а. Арсанукаев Шайхин стихотворенеш 10-чу классехь Iамош программо тIедожадо цуьнан авторан «поэтически кхоллараллин коьрта башхаллаш» дешархошца къастор. Цул совнаха 8—10-чу классашкахь Iамош йолу литературан материал хенан рожехь дIанисйина а ю, къоман литература кхолла а елла, кхуьуш схьа ма-ярра йолчу кепехь Iамош а ю. Цу тайпана, лакхарчу классашкахь дешархоша Iамошъерг нохчийн литературан систематически курс ю. Школехь Iамо бIегIийла йолчу кепара хIоттийна нохчийн советски литературан истори ю дешархоша Iамошъерг, аьлча а къоман литературан истори шайх лаьтташ йолу тоьлла исбаьхьаллин произведенеш ю. Лакхарчу классашкахь дешархошна историко-литературни а, литературан теорех долу а хаарш ло. Амма литература хьехархехь коьртаниг кху классашкахь а исбаьхьаллин произведенеш Iамор—уьш ешар а, къастор а ду.

Исбаьхьаллин произведени Iаморехь хьалха кхочушдийриг дешархошка иза ешийтар, произведенин текст царна йовзийтар ду. Произведени еша а ешна, дешархошна иза евзинчул тIаьхьа хьехархо хьожу цара иза тIе муха эцна, хIун хета царна оцу произведених лаьцна, цуьнан чулацамах муха ойлайо цара. Оцу Iалашонца классана хьалха хIитто тарлур ду иштта хаттарш: Муха хийтира шуна и произведени? Оцу произведенин муьлха меттигаш яра уггаре чIогIа дагах хьакхалуш ерш? ХIун ойла кхочушйо автора цу тIехь?

Масала, 8-чу классехь «Бешто» повесть дуьххьара ешначул тIаьхьа оцу тайпана хаттарш дича гучудолу, дешархой коьрта тидам оцу произведенин сюжетан хиламаш кхиарна тIехь сецна хилар. Цу тIехь кхочушхуьлуш долчу гIуллакхийн бухе ца кхевдина уьш, хIун бахьана ду церан, бохучун ойла ца йина, персонажийн амалш а дукха тIехулара евзина. И хьелаш тидаме оьцур ду хьехархочо «Бешто» повесть къастор дешархошца вовшахтухуш.

Произведени дуьххьара ешча, дешархоша иза тIеэцаран хьелаш билгалдахар дIадахьа бIегIийла хуьлу оцу произведенин жанрийн а, композицин а башхаллашка хьаьжжина. «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолу поэма 9-чу классехь Iамо йолош хьехархочо ала тарло дешархошка: «Поэма йоьшуш шун тидам хилла хир бу оцу поэмин хIор декъана хьалха эпиграф ялийна хиларан. ХIинца аша поэмин текст схьа а еллий, эпиграфаш юха еша а ешийт, ала, муха билгалдолу эпиграфаца декъан юкъара маьIна?» Дешархоша луш долчу жоьпашца гучудолу, поэмин чулацамах уьш кхетаран хьелаш.

Iамошъерг лирически стихотворени елахь, дешархошка иза хезаш ешийтича а тоам хуьлу. 10-чу классехь Ахматова Раисин «Даймахке» цIе йолу стихотворени Iамо йолош, дешархоша иза йоьшуш ладоьгIча, хаало цара и стихотворени тIеэцаран башхаллаш.

Исбаьхьаллин произведени дешархоша тIеэцаран хьелаш билгалдахарна дукха хьолахь уроках цхьа дакъа хьажадо, амма оцу гIуллакхана динна урок хьажо езаш а нисло. Нагахь санна Iамо езаш йолу произведени чулацам чолхе болуш а, шен барамца йоккха а елахь, алсамо хан оьшу дешархошна иза муха хетта хьажа. Цундела хьехархочо динна цхьа урок билгалйоккху оцу балхана. Ошаев Халидан «Алун шераш» цIе йолу роман Iамо йолош хьехархочо цхьана урокехь дIабахьа мегар ду дешархоша иза цкъа ешначул тIаьхьа тIе муха эцна хьажаран болх. Кхузахь дешархошка романан чулацамах а дуьйцуьйтур ду; цу тIера шайна хазахетта йолу меттигаш а йоьшуьйтур ю, церан маьIна а дойтуш; романан коьртачу хиламех уьш кхетаран хьелаш а къастор ду; авторан ойланах уьш кхиьнийла а хьожур ву.

Кхеташ ду ишттачу балхана цхьа урок билгалъяккхар программаша произведени Iамо еллачу хенах а дозаделла хилар.

Дешархоша произведени тIеэцаран хьелаш билгалдахаро хьехархочунна гIо до исбаьхьаллин произведени къастор эвсараллица вовшахтоха. Цунна хаьа, произведени тIехь дешархойн тидам тIебахнарг хIун ду а, церан ойла тIехь сацаза ерг хIун ду а, цуьнан чулацам дешархоша муха кхетабо а, оцу произведених цара хIун маьIна даккха герга ду а. Оцу хьолех пайдаоьцу хьехархочо исбаьхьаллин произведени дешархошца къасторан ша ойлаеш, и произведени Iаморан некъ ша лохуш.

Школехь исбаьхьаллин произведени къастор шен башхаллаш йолуш ду. И башхаллаш йозаелла ю коьрта долчу декъана дешархой Iаморан а, уьш кхетош-кхиоран а декхарех.

«Школьни анализан шен башхаллаш ю, Iилманан-литературоведчески талламах а, критически выступлених иза хаьал къастош. Цуьнан коьрта къастам боллу исбаьхьаллин произведенин школехь таллар — анализ ян Iаморан амал йолуш хиларх а, иза педагогически агIонна тIехьажийна хиларх а».[1] **Школехь произведени къастор а, литературоведенехь иза ма-дарра, Iилманан баххаш тIехь кхочуш дан дезаш ду, амма цуьнца цхьаьна дешархой кхе-**

[1] *Хмарский И. Д.* Анализ литературного произведения в старших классах. Ульяновск, 1974, с. 25.

тош-кхиоран а, царна литература Іаморан а агІо шеца хила езаш а ду. Бакьду, школехь исбаьхьаллин произведени, литературоведенехь санна, ерриге а агІонаш толлуш, теоретически кІоргаллица ца Іамайо, амма **дешархошна произведени къасторехь хоуьйтуш дерг мел кІезиг бен дацахь а, иза литературоведеница цхьаьнадогІуш, Іилманца нисдина хила деза.**

Литературни произведени Іамор эвсараллица кхочушдархьама хьехархочо тидаме оьцу дешархойн исбаьхьаллин произведених кхетаран психологически башхаллаш. Лаккхарчу классашкарчу дешархойн таронаш ю Іамош йолчу произведенин идейни чулацамах кхетта ца Іаш, цуьнан исбаьхьаллин хорма мелла а кІорге йолуш йовза а, аьлча а, литературни произведенин идейно-эстетически цхьаалла йовза. Психологехь билгалдаьлла ду:

«Искусствон произведенеш вайн кхетамна чолхе цхьаалла хуьлий дІахІоттар. Исбаьхьаллин агІонгахьара хІума тІеэцарехь вайн таро хуьлу хьалхахІоттийначуьнга, гайтинчуьнга, кхоьллинчуьнга хьажа а, цуьнан ойла ян а, — Іаламан хІун суьрташ ду уьш, хІун адамаш ду, хІун хиламаш бу, адамийн юкъаметтигийн хІун амал ю, аьлла, и. дІ. кх. Амма искусствон произведенешка талларца хьоьжуш, вай тидам тІебахийта тарло и дерриге а муха гайтина ду, муха кхоьллина ду, бохучунна — кьегина ду я кхоьлина ду, похІмаллица ду, я похІмазаллица ду, говзаллица ду я гІорасиз ду, тешош ду я ледара ду, и. дІ. кх.

Иштта кхоллало чулацаме а доцуш, произведенин хормане вайн кхиа гІертар, аьлча а, муха, муьлхачу некъашца гайтина и чулацам, бохучуьнга кхиа гІертар».

Дешархой литературни произведених кхетаран психологически башхаллех а санна, произведени къасторехь эвсаралла йолуш болу некъ лахар дозаделла ду Іамош йолчу исбаьхьаллин произведенин идейно-эстетически башхаллех а (цуьнан чулацам, жанр, дІахІоттам, и. дІ. кх.); дешархойн литературни хаарийн барамах а; билггал йолу произведени Іамош, хьехархочо шена хьалха хІиттош йолчу Іалашонех а.

Цу тайпана, хьехархочо хоржуш болу исбаьхьаллин произведени къасторан методически некъ дешархой произведенех кхиаран психологически башхаллашна тІе а тевжаш, Іамош йолчу произведенин идейни а, исбаьхьаллин а агІонаш къеггина билгал а йохур йолуш, дешархойн литературни хаарийн барамца цхьаьна а богІуш, билггал йолу исбаьхьаллин произведени Іамош хьехархочо шена хьалха хІиттош йолу дешар Іаморан а, кхетош-кхиоран а Іалашонаш кхочуш а йийр йолуш хила беза. Оцу лехамашна жоп луш болу некъ харжа хьожу хьехархо ша классехь исбаьхьаллин произведени къастор вовшахтухуш.

[1] *Якобсон П. М.* Психология художественного восприятия. М.: «Искусство», 1964, с. 12—13.

Произведени къасторан масех методически некъ бу. **Произведени касторан некъ — иза произведени толлуш, цуьнан идейно-эстетически чулацам къастош болх баран раж ю, я кхечу агІора аьлча, произведени къасторан ша-тайпана йолу кеп ю.** Кху сохьта школашкахь литература хьоьхуш шайх пайдаоьцуш коьрта долчу декъана произведени Іаморан иштта некъаш ду: **«авторан лорах» (воьдуш) произведени къастор; васташ талларехула произведени къастор; проблемни кепехь произведени къастор, кхидерш а.**

«АВТОРАН ЛОРАХ» ПРОИЗВЕДЕНИ КЪАСТОР

«Авторан лорах» воьдуш произведени къастор олу юьххьера дуьйна йола а йина, сюжет кхуьуш схьа ма-ярра йолчу кепехь произведени талларх. Цу тІера хиламаш кхочушхиларан раж ю кхузахь исбаьхьаллин произведени къасторан бухе юьллуш ерг. Іамош йолу произведени сюжет, кхиаран рожехь йийцаре а еш, талларо бІегІийлаш кхуллу дешархошна цу тІерачу хиламех, кхочушхуьлуш долчу гІуллакхех кІорггера кхиа, церан идейни а, исбаьхьаллин а маьІна довза. Кхузахь ала дезаш ду, «авторан лорах» произведени толлу бохург дац, юьххьера дуьйна йола а йина, иза чекхъяллалц цу тІехь мел болу хилам, кхочушхуьлуш долу дерриге а гІуллакхаш къасто деза бохург. Иштта произведени къасто-м хан а тоьур яц, я оьшуш а дац, я иштта дича нийса а хир дац. Кхузахь оьшуш дерг ду, произведенин сюжет шайх лаьтташ йолу, идейни а, исбаьхьаллин а чулацам шайгахула билгалболуш йолу коьрта эпизодаш, цу тІехь кхочушхуьлуш долу коьрта гІуллакхаш, уьш кхиаре хьаьжжина, дешархошца къастор. Сюжет кхуьуш схьа ма-ярра йолчу кепехь произведени къасторан хьокъехь оьрсийн воккхачу критика В. Г. Белинскийс яздина: «Мы хотим, чтобы в нашем изложении содержания романа видны были и характер действующих лиц, и сохранена была внутренняя жизненность рассказа, равно как и его колорит, а это невозможно было сделать, показав один скелет содержания или его отвлеченную мысль».[1]

Цу тайпана исбаьхьаллин произведени къастош дешархоша тидам бо авторан ойла кхиаран, цуьнан идейни тІетовжамийн; произведенин идейни чулацам а, исбаьхьаллин форма а цхьатерра, вовшах ца йоккхуш толлу цара.

Хьовсур вай, муха хир ю урокийн система 10-чу классехь Хамидов Іабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» цІе йолу турпалаллин драма «авторан лорах» къастош хилча.

1-ра у р о к. Хамидов Іабдул-Хьамидан драматурги. «Лийрбоцурш» цІе йолчу турпалаллин драмех лаьцна хьалхара дош.

[1] *Белинский В. Г.* Полное собрание сочинений. Т. 4. М.: изд-во АН СССР, 1954, с. 218.

Драмин хьалхарчу суьртан чулацам тIехь болх бар.

2-гIа урок. Советски бIаьхошна юкъара интернациональни доттагIалла; царна шайн Даймохк а, халкъ а йист йоцуш дукха дезар; церан беркате ойланаш (Драмин шолгIачуй-кхоалгIачуй суьртийн чулацам тIехь болх бар.)

3-гIа урок. Тыл а, фронт а. Дерриге а фронтана. (ДоьалгIачу суьртан чулацам тIехь болх бар)

4-гIа урок. Даймохк Iалашбан гIевттинчу тIемалойн къонахалла, майралла, церан бIаьхаллин хьуьнарш. (ПхоьалгIачу суьртан чулацам тIехь болх бар.)

5-гIа урок. Фашистийн акха амалш. МостагIчунна тIехь толам боккхуш тIеман арахь эгна турпалхой. (ЯлхалгIий — ворхIалгIий суьрташ тIехь болх бар.) «Турпалхой леш бац». «Лийрбоцурш» цIе йолу турпалаллин драма Нурадилов Ханпашин цIарах йолчу Нохч-ГалгIайн пачхьалкхан драматически театран сцени тIехь. Хамидов Iабдул-Хьамидан произведенийн нохчийн драматургехь долу маьIна.

Цу тайпана, пьеси тIера хиламаш кхуьуш схьа ма-барра йолчу кепехь иза толлуш, дешархойн таро хуьлу произведенин чулацамах кIорггера кхета. Царна го советски адамийн шайн Даймахке болу боккха безам, тайп-тайпанчу кьаьмнех болчу тIемалошна юкъара вежараллин доттагIалла, церан беркате ойланаш. Лакхарчу классашкарчу дешархоша турпалаллех лаьцна ойла йо, мичара схьаяьлла адамийн и турпалалла, мича бахьанашца кхоллало иза бохучух кхета гIерта уьш. «Лийрбоцурш» цIе йолчу турпалаллин драми хиламаш талларо, цу тIерачу турпалхойн амалш кхиаран тидам баро гIо до дешархошна акхаройн амалехь волчу мостагIчунна дуьхьал латта а, цунна тIехь толам баккха а вайн бIаьхойн таро хилийтинарг берриге а вайн юкъараллин дIахIоттамо цаьргахь кхиийна патриотически ойла, лаккхара идейни кхетам, къонахалла, майралла, махкана а, халкъана а муьтIахь хилар дуйла хаа.

«Авторан лорах» произведени къасторан некъ вай гайтина бIегIийлаш йолуш хиларца цхьаьна шен ледара агIонаш йолуш а бу. Iамош йолчу исбаьхьаллин произведени тIера цхьацца хиламаш, эпизодаш къасточу хенахь уьш исбаьхьаллин кепехь вовшах йозаелла хилар гайтар ледара нисдала герга ду. Произведени тIера мехала эпизодаш хIор ша-ша йоккхуш кIорггера къастайо, амма и ерриге а эпизодаш вовшах йозаелла хиларан хьелаш а гойтуш, произведенин юкъара маьIна а деш, дешархой цу тIерачу хиламийн цхьаалех кхетор кхачамболлуш ца нисдаларан кхерам бу. Исбаьхьаллин произведени кхетош ешаран кепана герга гIорта а тарло «авторан лорах» произведени къастош. Амма оцу эшамех хьехархо ларлуш хилчхьана «авторан лорах» произведени къасторан некъ шех кхиамца пайдаэца мегар долуш а, пайдаоьцуш а бу лакхарчу классашкахь а, къаьсттина драматургически жанрехь йолу произведенеш Iамош.

ВАСТАШ ТАЛЛАРЕХУЛА ПРОИЗВЕДЕНИ КЪАСТОР

Исбаьхьаллин произведени васташ къастош таллар дукха хенахь дуьйна школехь шех пайдаоьцуш ду. **Васташ талларехула произведени къастор кхочушдо, цу тIерачу персонажийн васташ билгал дохуш, церан амалш йовзуьйтуш; и церан амалш кхиаран хьелаш довзуьйтуш; яздархочо шен персонажийн васташ кхолларан башхаллех дешархой кхетош, и васташ кхуллуш автора пайдаэцна исбаьхьаллин гIирсаш бовзуьйтуш.**

Исбаьхьаллин произведени тIехь коьртаниг адамийн васташ ду. Произведенийн персонажийн вовшашца йолу юкъаметтигаш гайтар, цара кхочушдеш долу гIуллакхаш гайтар ду литературни произведенин чулацам кхуллуш дерг. Произведени тIера шайна дукха безаш болчу турпалхойн васташ боккха тIеIаткьам болуш хуьлу дешархошна. Нуьцкъала, беркате амалш йолуш болу турпалхой дукха беза дешархошна, царех тера хила гIоьрту уьш. Оцу хьелаша мелла а бIегIийлаш кхуллу исбаьхьаллин произведени васташ толлуш къасто.

Произведени тIера исбаьхьаллин васташ вовшах къаьстина, ша-ша хуьлуш дац, уьш хIора а вовшех дозаделла хиларца, вовшашца йолчу уьйрашца билгалдолуш ду. ХIор исбаьхьаллин произведени тIехь шен вастийн система хуьлу. Ткъа, произведени къасточу хенахь и вастийн система талла еза, хIор васт а кхечу вастаца доьзна дийца деза. Турпалхойн васташ къастор произведени тIехь хиламаш кхиарца, цу тIехь кхочушхуьлуш долу гIуллакхаш довзийтарца цхьаьна дIахьош ду.

Масала, Гайсултанов Iумаран «Малика» цIе йолу повесть 9-чу классехь васташ къасторехула Iаморан урокийн система иштта хир ю:

1-ра урок. Гайсултанов Iумаран кхоллралла. «Малика» цIе йолчу повестан чулацаман обзор. Малика библиотекехь.

2-гIа урок. Малика а, Варвара Петровна а. Кхиболчу зударийн васташ.

3-гIа урок. Эдалби а, Супьян а, Папаш а, Хьумид а, Мовсар а.

4-гIа урок. Маликин звено. Малика а, Бади а. Малика а, Супьян а. Повестан идейно-исбаьхьаллин мехалла.

Цу тайпана вастийн система а къастош «Малика» повесть толлуш дешархошна къеггина гучудолу вайзаманхо йолчу нохчийн къоначу зудчун Маликин васт. Цуьнан яхаран Iалашонан, цуьнан безаман, цуьнан уьйрийн ойла йо цара. Юьртабахамехь къахьегарехь толамаш бохуш, бертахь болх беш йолчу буракашлелорхойн

звенон кхиамаш го дешархошна. Хьаналчу къинхьегамо стеган сий лаккадоккхуш хиларан ойла йо цара. Таханлерчу юьртан дахаран исбаьхьаллин сурт хIотторан тидам бо дешархоша. Оцу дерригено таро хуьлуьйту повестан идейно-эстетически чулацам дешархошка эвсараллица дIакхачо.

Васташ къастош произведени Iамор дукха хенахь дуьйна шех пайдаоьцуш а ду, школашкахь шуьйра даьржина а ду, амма хIетте а шеца ледарлонаш йолуш нисло цу кепара произведени къастор. И ледарлонаш дукха хьолахь хIокху кепара хуьлу. Исбаьхьаллин произведени тIера цхьа васт, масала, коьрта турпалхочун васт, кхечу вастех къаста а дой, кхечу васташца цуьнан йолу уьйраш а юьтий, ша дуьйцу, оцу турпалхочун амалш кхнар, цо кхочушдеш долу гIуллакхаш произведени тIерачу кхечу персонажашца, кхечу хиламашца дозуш а доцуш санна. Произведенин персонажаш, хIорш диканаш ю, хIорш вонаш ю, олий, шеко йоцуш болчу сацамца шина тобане а йоькьий, Iамайо. Произведенин васташ къастор оцу Iамошйолчу произведенин исбаьхьаллин дIахIоттам, цуьнан идейни а, исбаьхьаллин а башхаллаш гучуяхарца цхьаьна кхочушдар ца нислуш меттигаш а хуьлу.

И санна йолчу ледарлонех лар а луш, пайдаэца беза васташ талларехула произведени къасторан некъах. Исбаьхьаллин произведени васташ къастош толлучу хенахь, хьехархочо тидам тIебохуьйту **оцу произведенийн сюжет, оцу тIера хиламаш кхиаран хьелаш дешархошна довзийтарна, оцу произведенин идейни а, исбаьхьаллин а чулацам цхьаалла йолуш дешархошка дIакхачорна.**

ПРОБЛЕМНИ КЕПЕХЬ ПРОИЗВЕДЕНИ КЪАСТОР

Муьлххачу а бакъйолчу исбаьхьаллин произведенин башхалла ю автора хIиттийна а, къастош йолу а проблемаш шен чулацамехь хилар. Царех коьрта проблемаш дешархошна хьалха а хIиттош,[1] уьш къаста а йойтуш, произведени тIехь болх барах проблемни кепехь къастор олу.

Исбаьхьаллин произведени проблемни кепехь къастор шеца йоккха эвсаралла йолуш ду. Произведени Iамо йолайо дешархошна хьалха коьрта хаттар (проблема) хIуттучу кепара. И коьрта хаттар къастош царна хьалха ца къастийча ца довлуш долу дуккха а кегийра хаттарш хIуьтту. Ткъа, цхьаъ вукхунах дозаделлачу оцу хаттаршна керла-керла жоьпаш лахаро дешархошка, шайн хIинцалц кхолладеллачу дерриге а хаарех пайда а оьцуьйтуш, шаьш бечу балхаца кхочушдойту исбаьхьаллин произведени таллар. Проблемни кепехь произведени къастор дIадахьаро гIо до дешархой шайна хаа дезачу хIуманна шаьш тIекхиийта а, тIейолчу ханна «хIума Iамош шайна хьалха шаьш проблемаш хIитто уьш Iамарна а».[1] Хууш ма-хиллара, дешархошца муьлхха а произведени Iамош, тIейолчу ханна и санна йолу произведени шаьш талла а, цунах кхета а дешархой Iаморан Iалашо а ю хьехархочунна хьалха лаьттачу коьртачу Iалашонех цхьаъ.

Проблемни кепехь произведени къастош дешархошна хьалха хаддаза хаттарш лаьтта. И хаттарш цхьана урокехь я шина урокехь схьадаьстина довлуш а дац. Цхьа хаттар къастийна уьш бовларцанна важа хаттар хIутту дешархошна хьалха. Цу тайпана, проблемни хаттарийн уьйраг бу дешархошна хьалха ерриге произведени къастийна яллалц хаддаза схьабасталуш.

Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» цIе йолу поэма 9-чу классехь проблемни кепехь къасторан ерриге а урокаш ялайо вай ккузахь. Уьш дIаяьхьна Iалхан-Юьртара № 1 йолчу юккъерчу школехь хIокху белхан автора.

Программаша 5 сахьт делла и тема Iамо. Оцу хенаца цхьаьнадогIуш иштта дIанисдо поэми тIехь болх бар:

1—2-гIий урокаш. «Сийлаха» поэми тIехь гайтинчу заманах лаьцна дийцар; «Муха билгалйовлу «Сийлаха» поэми тIехь паччахьан заманахь нохчийн юьртахь къехойн, хьоладайн вовшашца хилла социальни юкъаметтигаш?» боху проблема дешархошна хьалха хIоттор. Поэма классехь къастош ешар.

3-гIа урок. ХIун бахьана ду Сийлахин ойла хийцаяларан?

4-гIа урок. Эдалха хIунда хIоьттина Сийлахе дагара хаийта а, иза шена йига а?

5-гIа урок. Поэмин турпалхой дакъазбовларан хIун бахьана дара? «Сийлаха» произведени поэма хIунда лору вай?

Хьалхарчу урокехь, поэма Iамо йолош, цу тIехь гайтинчу гIуллакхашна дешархой «юххебалорхьама» а, проблемни хьелаш кхоллархьама а хьехархочо поэмин чулацамехь долу гIуллакхаш кхочушхиллачу заманах лаьцна дуьйцу. Иза XX бIешо долалу хан ю— паччахьан зама. Юьртара адамаш къехошкий, хьоладайшкий декъаделла ду. Къехоша шалха Iазап токху: цкъа-делахь, шайн къомах болчу хьолахошкара а, шолгIа-делахь, паччахьан Iедалан политика дIакхехьа хIиттийнчу хьаькмашкара а. Хьехархочо шен кьамелехь дешархошна алссам Iаьткъачу агIора дуьйцу хьоладайша къехой бацор, къеггина билгалдоккху зударша лайна Iазап. Ккузахь пайдехьа хуьлу дешархоша хьалха Iамийна паччахьан заманахьлера халкъан дахар гойтуш йолу произведенеш карлаяхар. Масала, Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц» цIе йолу повесть хьахоро дешархой къамелана юкъа а озабо, хьалха дIадаханчу халкъан дахаран аматаш царна карла а боху. Цу тайпана долу хьалхара дош чекхдаьллачул тIаьхьа, поэма еша йолош, хьехархочо олу: «Вай хIинца поэма йоьшур ю, аш тидам бе, муха билгалйов-

[1] *Матюшкин А. М.* Проблемные ситуации в мышлении и обучении. М.: Педагогика, 1972, с. 107.

[1] *Оконь В.* Основы проблемного обучения. М.: Просвещение, 1968, с. 68.

лу поэми тIехь паччахьан заманахь нохчийн юьртахь кьехойн, хьоладайн вовшашца хилла социальни юкъаметтигаш». Иштта дешархошна хьалха хаттар хIотторо церан таро хуьлуьйту поэме ладугIучу хенахь цу тIера коьртаниг тидаме эца, кхидIа хиндолу проблемни хаттарш кьасто кечам а бо.

Поэма классехь йоьшу. Хьехархочо хьалххе леррина кечам бо и еша. Цу тIера проблемаш дешархошка шайга кьастаяйта, проблемни кепехь поэма талла кечамбар ду иза классехь кьастош ешар. Цундела дешархошна дагах хьакхалучу кепара еша еза поэма, цу тIера исбаьхьаллин суьрташ, васташ церан даг чу дуьйшу агIо лоху поэма йоьшуш. «Сийлаха» поэма шен чулацамехь чолхенаш йоцуш, шерачу, цIеначу маттаца, хаза язйина ю. Шен драматически чулацамца, исбаьхьаллин басаршца чIогIа Iаьткъаш ю иза. Поэма йоьшучу хенахь цуьнан берриге а идейно-исбаьхьаллин чулацам дешархошна Iаьткъа агIо лоху хьехархочо.

Поэми тIехь цхьа кIеззиг дешнаш ду дешархой шайх ца кхеташ, церан маьIна дан деза: *лаппагIа* — ледара, тиша цIа; *лазархо* — цомгаш волу стаг; *шуста* — цхьаьна дIабужу ши сту; *мискъал* — кхузахь: жимма а, кIеззиг а; *латкъа* — шегара бала балхор, дагара гIайгIа йийцар; *гамонан бог* — кхузахь цабезам, оьгIазло; *кост* — даийтина хабар, кхочушдан тIедиллина гIуллакх; *малх гIушлакха баьлла* — стиглахь малх гIеххьа лакха баьлла, Iуьйре дIаиккхина хан; *чIиркъе* — кхузахь: оьгIазе, цавашарца; *цIуьйрг* — кхузахь: пайда боцу стаг; *чаппагIа* — патарма гIодан чухьажош а, дIакъовлуш а йолу тоьпан меже; *мажар* — топ.

Поэма ешна девллачул тIаьхьа хьехархочо карлайоккху иза еша дуьйлалуш хIоттийна проблема. Цо олу: «Схьадийца хьовсал, муха билгалйовлу поэми тIехь паччахьан заманахь нохчийн юьртахь къехойн, хьоладайн вовшашца хилла социальни юкъаметтигаш?» Дешархоша луш долу жоьпаш дукха хьолахь хIокху тайпана хуьлу: «Поэми тIехь вайна го Эдалха вехаш стаг хилар. Иза совдегар ву, шен долахь туька а йолуш. Кура стаг ву иза, муьлхмуьлххачу а нахах вешаш а вац. ИбрахIим кьен ву, цуьнан шен урд аха таро а яц».

«Эдалха шортта бахам болуш ву. Ахчанна цуьрриг а саготта вац ша, боху цо. Ткъа, ИбрахIим дийнахь сарралц балхахь воллуш ву, вахаран гIайгIа беш лела иза, шен къоьллех вала гIерташ воллу».

«Поэми тIехь вайна го паччахьан заманахь цхьаболу нах, Эдалха санна, дуккха а хьал а долуш, бехаш хилар, вуьш, ИбрахIим санна, къоьлла токхуш хилар».

Оцу жоьпашца дешархоша поэмин персонажийн классови юьхь билгалйоккху, амма шайна хьалха хIоттийна хаттар кхоччуш схьа ца досту. Цара ца хьахайо кьехойн, хьоладайн юкъаметтигаш, поэмин къовсам (конфликт) социальни бух тIехь хиларх хIинца а ца кхуьу уьш. Цу тайпана дуьззина а, кхачамболуш а жоп ца далало дешархошка шайна хьалха лаьттачу коьртачу хаттарна. Цундела хьехархочо дешархоша деллачу жоьпашна тIе а тевжаш, царна гIо ден долу кхин хаттар хIоттадо: «Дика ду, аш нийса билгалдехи поэмин персонажийн социальни хьелаш, ткъа, хIинца ойлаел, мила ву поэми тIехь гайтинчу зуламна бехке?» Резахуьлий, ша-ша хьалха вала а гIерташ жоьпаш ло дешархоша оцу хаттарна. Коьрта долчу декьана кхаа тайпана хуьлу дешархоша луш долу жоьпаш. Цхьаболчара Эдалха бехке во: марехь йолу зуда а йитина, иза IадIийнехьара зулам хир дацара, боху цара. Вукхара Сийлаха бехке лору: ша а езаш, шена а везаш, шен лаамехь ша яхана волчу ИбрахIимехь Сийлаха Iийнехьара хIумма а хир дацара, боху кхара. КхозлагIчара Аружа бехке йо: Аружа юкъарло а ца дуьйцуш сеццехьара, Сийлахин ойла Эдалхехьа йоьрзур яцара, бохуш чIагIдо хIоккхара.

Хьехархочунна го дешархошна хеташдерг кхаа тайпана хилар. Делахь а Сийлаха бехке еш болу дешархой гуттура алсам хуьлу. Цундела хьехархочо олу: «Аш делла жоьпаш тайп-тайпана ду, делахь а шух дукхаха болчарна Сийлаха бехке хета поэми тIехь гайтинчу зуламна. Поэмин текст а толлуш хьовса деза вай, хIун бахьана ду Сийлахин ойла хийцаяларан, ИбрахIимера дIа а хьаьвзина, Эдалхехьа хIунда йирзина цуьнан ойла? ЦIахь, поэмин текст тIехь болх а беш, ойла е оцу хаттаран, билгалъяха поэми тIехь и хаттар кьасто гIо деш йолу меттигаш (и проблемни хаттар тетрадаш тIе дIаяздойту дешархошка), юха урокехь и хаттар кьасто кечамбе».

КхоалгIа урок ерриге а дIахьажайо «хIун бахьана ду Сийлахин ойла хийцаяларан» боху проблема кьасторна. И болх дIахьош дешархойн тидам тIебахийта беза поэмин исбаьхьаллин башхаллашна а.

Урок дIайолалуш хIор дешархочунна хьалха поэмин текст ю (иза ца хилча ца йолуш ю). Хьехархочо хотту: «Поэми тIехь муха билгалдолу Сийлахин ойла хийцаялайолаялар?» Дешархоша поэмин кхоалгIачу декьа тIера масалш а далош («Яьржина ойланаш яцара гуллуш. Яцара екхна, ма-хиллара хьалха...», «Шегарчу гIайгIанна халла са тухий, юьхь тIехь цо кхуллура еларан пардо», «Къеггина сирла де кхоьлина хеташ, буьйсанна тем боцуш... Сийлаха хуьлура са акха дедда») схьадуьйцу Сийлахин ойла хийцаялайолаяларх лаьцна. Цара билгалдоккху и цхьа тIеIаткъамаш бахьана долуш кхочушхуьлуш хилар, амма хIинца а поэми тIехь билгал дац, хIун ду Сийлаха «саготта» латториг. Дешархойн тидам тIебоьду авторан лирически юьстахвийларшна а. Сийлахе кхаьчначу сингаттаман дакъалоцуш санна боху поэми тIехь:

ХIун ду техьа Сийлахин
Хьовзийнарг корта?
ХIун ду дог ойлано
Ахкаран бахьна?
ИбрахIиме болчу
Безаман кIорге
Гамкйинарг хIун ду техьа,
Чу дIовш а тоьхна?..

Сийлахина тIебогIучу бохамах иза ларъян гIерташ санна хетало автор, цуьнан дог лозу шен турпалхочух.

Кхузахь хьехархочо поэмин жанрови башхаллашна тIе тидам бохуьйту дешархойн. Лирически юьстахвийларш, поэта турпалхошка шен йолу дог-ойла гучуяхар, кхочушхуьлучу гIуллакхех шена хетарг хаийтар — уьш поэмин жанрови билгалонаш ю. Поэмин лирически агIо дукха хьолахь иштта гучуйолу. Оцу хьелаша произведенин идейни чулацам кIарг а бо.

Лирически юьстахвийларшкахь долу риторически хаттарш авторан шен турпалхочуьнга йолу шовкъаш билгалъяьхна ца Iаш, йоьшучуьнга поэмин чулацамах кIорггера ойла йойтуш а ду.

Поэмин текст тIехь леррина болх беш, иза толлуш билгалдолу дешархошна Сийлахан ойла хийцаялайолаяларан бахьана, цуьнан «корта хьовзийнарг» Эдалхас бузуш болу гезган маша хилар. Басма эца ша волчу туькана Сийлаха еьча, Эдалхас цуьнга шен ямарт ойла дIахаийтира. Иза къеггина сурт хIоттош гайтина поэми тIехь:

Гiуржа бIаьрг таIийра,
Сийлахе хьаьжна,
ЦIоцкъамаш саттийра
Совдегаро.
ЦIечу шен беснешца
Вела а къежна,
Элира: «Шен лоьру
Хьо сан даго...»

Дешархошна Эдалхех хетарг гучу даккхархьама а, Эдалхин ойла ямарт хилар церан даг чу дижийтархьама а хьехархочо хотту: «Шен безам даггара а, цIена а белахь, иза дIахаийтар бехке лоруш ма дац. Эдалхас Сийлахе шен дагара хаийтар ямартло хIунда лору?» Дуккхаха болчу дешархоша резахуьлий жоьпаш ло оцу хаттарна а. Марехь йолу, нехан цIе тIехь йолу зуда езар оьздангалла яц, мелхо а сийсаза гIуллакх ду, нахалахь дихкина ду, и санна дерг шен дагахь хилча а, цIенчу, оьздачу стага иза хоуьйтур а дацара. Эдалхас шена Сийлаха езаш хиллехь а, иза хаийта ца дезара, нахах а, къаьсттана Сийлахех а лачкьо дезаш хиллера. Иштта маьIна долуш хуьлу дешархоша луш долу жоьпаш.

Классехь цхьа кIеззиг дешархой нисло Эдалхина ца хаа тарлора Сийлаха марехь хилар, бохуш. Амма вукху дешархоша поэмин текст тIера (жимма хьалха а кхевди) масал а даладой (ИбрахIим туькана а вахана, цуьнан Эдалхица хилла къамел), дохадо царна хеташдерг. Хьехархочо дешархой бакъдуьйш хилар билгал а доккхий, кхидIа церан тидам Сийлахин амал тергалъярна тIехьавзабо.

Эдалхас дагара хаийтича, Сийлаха холчухIоттар къеггина го дешархошна, цара поэми тIехь иза йоккхачу исбаьхьаллица гайтина меттигаш ялайо. Эдалхас цIехьана и эвхьазло шеца ялийча дукха йохарна «зуз цIарах кхерстира Сийлахин дегIах, лергашкахь татанца туьйхира ов». Ша хIун дан деза а я хIун ала деза а ца хууш йисира иза, цуьнан хьекъал ца кхечира оцу меттехь, сихха Эдалхас бохучунна ондда дуьхьало ян, шена хетачух иза юхаваккха. Сийлаха чехкка туьканара араелира, цо «юьхьарлецира боьду некъ цIехьа, совдегарца доцуш я тар; я дов».

Сийлахин ойла карзахъяьлла, цунна халахеташ Iаьткъина Эдалхас шега аьлларг. Поэтически исбаьхьаллица гойту автора оьгIазаллица гIаьттина Сийлахин дог-ойла:

Ас хIунда вити и
Йистхилар доцуш?
Ас хIунда ца туьйхи
Цунна цхьа тIулг?
Со жеро лору цо,
Майра а воцуш?
Ва, дела! И хIун ду
Тахана гург?

Дешархоша билгалдоккху, кхузахь вайна хьалха хIутту Сийлахин васт оьзда а, цIена а хилар. Сийлахина аьттехьа дита а ца лаьа Эдалхас бохуш дерг. Цуьнан ИбрахIиме берг хьанал, оьзда, цIена безам бу. Эдалха волчуьра, дегIах цIе яьлча санна, боьхна некъ бахьаш ша цIа йогIуш, нахана ма гахьара-кх ша, нахана ма хаахьара-кх шега Эдалхас аьлларг, бохуш, ойла йо Сийлахас. Амма тIаккха а боху цо:

Со хьанна ган оьшу
Я хьанах кхоьру?
Суо яц со сайн дегIан,
Сайн коьртан да?
ИбрахIим, ас хIун аьр
ЦIа веъча хьоьга?
Вай, иэхь яI? Хьо ма да...
Коьрте ма да!..

Оьзда йоцу ойла ша-шеца ян а ца лаьа Сийлахина. Цунна Iаламат инзаре хета Эдалхас шега кховдийна некъ. Цундела холчухIоттар тIехдаьллачу Сийлахин «ойланаш хьерчара муьшах я герзах», иза реза яра «ша елла хIоттийта шен коша барз».

Иштта болх дIахьош хьехархочо олу: «Дика ду, аш нийса дуьй-

цу Сийлахин «йоьхначу ойланех» лаьцна. Амма тидам бел, Сийлахин кийрахь мелла а елахь а шеко хиларх лаьцна хIумма а дуй поэми тIехь?»

Дешархоша поэмин IV декъа тIера тIаьххьарчул хьалхара строфа а йоьшуш, жоп ло. Цара боху, кхузахь го вайна Сийлахин ойланийн кIоргенехь цхьа шеко хилар, иза ша а ю и шен шеко дIаяккха гIерташ, цуьнца кьийсам латтош. Амма цуьнан кийрара и шеконан суй дIа ца бов: «яьржинчу ойланийн кIоргенийн кIоргехь хьийзаш бу коьрте ов доьттуьйту суй. И суй бу Сийлаха цIехьа теххоргахь и иэшош даржийнарг шен дIаьвше туй».

Стенах баьлла, хIун суй бу-техьа и Сийлахин ойланийн кIоргене кхаьчнарг? ИбрахIиме болчу Сийлахин мерзачу безамна кхераме буй техьа иза? — Иштта ойла ярна тIевуьгу автора IV декъа тIехь шен поэма йоьшуш верг. Ткъа и дакъа чекхдолуш лирически юьстахвийларшкахь поэта кхин а кьегина хIиттадо и хаттарш:

Суй буй техьа Эдалхин
Бахамах баьлла?
Я и ю бераллин
Ойланийн лар?
Суй эккхар буй техьа
Дарин цIе яьлла?
Кхераме хир ду и
Кийрахь хилар?..

КхидIа а поэми текст тIехь болх беш дешархошна билгалдолу Сийлахин «ойланаш карзахъяьхнарг» Эдалхин бахаман хьу хилар. Шен лаам кхочушбархьама хIуьа а дийр долуш ву Эдалха. Цо йолах Аружа лаьцна лейина а, Iехийна а Сийлаха шена тIеерзаяйта. Iуьйранна йогIий, сарралц Iаш «Аружас дуьйцура меллаша, говза». Сийлахас тIе ца дуьту и гIуллакх, ИбрахIимна тешаме ю иза, шен безамца шалхе лелош яц:

«Сийлахас, чIагIо еш,
Дош лора шена,
Бехдийр дац ша, олий,
Безаман жовхIар.

Амма Эдалха юхавер волуш вац. Хьолахо Эдалха шен лаамаш кхочушхила Iемина, иза тешна ву шега шен хьолаца хIуьа а далург хиларх. Къоьллехь, мискаллехь йоллу йоккха стаг Аружа совгIаташ лур ду ша, бохуш, ира-кара а хIиттош («Аружас деш дара шен йолан хьесап: шиблеташ, мампасеш, кучана дари, лур долу кортали — чилланан хьесан, Аружас дохадахь Сийлахин марий...») дела денна Сийлахин ойла ага оьхуьйтура Эдалхас. Иза озавелла ца Iа Сийлаха шен цIийнда а волуш, марехь йолу зуда хиларх, и хьесапе оьцуш а дац цо. Эдалхас коьрта лорушдерг шена Сийлаха езар ду. Цундела ша иза ялор а ю, боху цо

шен дагахь, ИбрахIимах а я нахах а хIумма а озавелла ца Iаш. ТIаьххьара шен лаамна герга кхача вулу Эдалха:

«Дуккха а биттина
ТIулг буху», — олу:
Аружас хьовзийра
Сийлахин корта.
Хесторан дешица
Эдалхан кхолуш,
Безам цо, мере берг,
Баькхира чорда.

Сийлахе ца ларделира шен «безаман жовхIар». Аружас дийцинчу хабаршна тIейирзира иза, ша Iехаяйтира цо. ХIинца «дедийне мел дели — ИбрахIим хийра» хетара Сийлахина, «сийсарчул а сов херлора тховса».

Дешархойн тидам тIебохуьйту Сийлахин ойла хийцаялар цIеххьана хилла хIума доцуш, совдегара Эдалхас хаддаза латтийнчу тIеIаткъамо шен хенан рожехь кхочушдина гIуллакх хиларна. Дуьххьара Эдалхас шега дагара хаийтича, Сийлаха дукха халахетта хьераяллаза йисира, ша-шена зулам дарна а герга яра иза. Цул тIаьхьа Аружас захало дуьйцуш а аьттехьа ца дуьту Сийлахас («кест-кестта хуьлура Аружа човхор»). Амма тIаьхь-тIаьхьа цо дуьхьалояр лагIлуш хетало, Сийлахин къамелехь иза мелла а резахиларна гергаяхар гойтуш долу дешнаш хаало: «...Берана хIун дийр ду? Со кхоьру делах. Цкъа а цо юьтур яц со къинойх хьалха...» Цул тIаьхьа поэми тIехь Сийлахин ойла хийцалуш хилар къаьсташ билгалдолу:

ЦIе суйно латийнарг,
Безам а огуш,
Аружас хIуп бохуш,
Яьржира, летта.
Денош дIа мел дуьйлу,
Кийра а богуш,
Сийлаха йиснера
Дечух а хаьдда...

ТIаьххьара а Сийлахас ИбрахIиме: «Со паргIатъялийта еза, цIе тесна», аьлча, оцу дешнаша хIумма а цец ца доху вай, хIунда аьлча, автора шен турпалхочун амал хийцаялар бакъдолчуьнца нийсадогIуш гайтина хиларна, вай теша иза иштта чекхдала дезаш хиларх. Сийлахин ойла ИбрахIимна тIера дIа а хьаьвзина, Эдалхина тIеерзар — иза цуьнан амалехь хуьл-хуьлуш кхочушхиллачу хийцамийн жамI ду. Сийлахин ойла хийцаяларан хьелаш къеггинчу исбаьхьаллица гайтина поэми тIехь.

Урокехь иштта болх дIабахьначул тIаьхьа оцу белхан жамIаш даран хьесапехь хьехархочо хотту: «Делахь, хIинца доцца хьан эр ду аш, хIун бахьана дара Сийлахан ойла хийцаяларан?» Ер-

риге классо бохург санна куьйгаш ойбу. Дешархойн жоьпийн чулацам иштта хуьлу: Ша реза а йолуш, шена дукха а везаш ИбрахIиме яхана йолу Сийлаха хIинца цунах дIакъаьсташ ю. Совдегара Эдалхас ца йитира иза ИбрахIимца чомахь яха. Сийлахас мел дуьхьало ярх а тIаьхьара ца велира иза, шен хьал а, ямартло а, нах эцар а — дерриге лелийра Эдалхас Сийлаха шегахьа йоккхуш. ТIаьххьара а жима а, дуьне довзал а йоцчу Сийлахин корта хьовзийра Эдалхас йоккхачу стеган Аружин гIоьнца. ХIинца Сийлаха, шен дагара ИбрахIим дIа а теттина, шен ойланца Эдалхина реза хилла. Оцу ойланна тIехь чIагI а ло иза. Шайн безам ларбан гIерташ, ИбрахIима лелийнчех а гIуллакх ца хилира. Доьзалхо хиларо а юха ца яьккхира Сийлаха ша дагалаьцначух. Биь бутт кхаьчна йоI йитина, дIаяхара Сийлаха ИбрахIиман хIусамера, иза Эдалхе маре яха кечлуш яра.

Цу тайпана, вайна го Сийлахан ойла хийцаялар Эдалхин тIеIаткъамца кхочушхилла гIуллакх хиларх дешархой кхетар. Амма кхузахь дешархой Сийлаха ша динчух бехказа яккхарх ларба беза. Стаг шен безам, гIиллакх-оьздангалла, сий лардеш хила веза, цаьргахьа кьийсам латтош а хила веза. Сийлахас иза ца дира, цо ца ларбира шен безам, ца лардира ирс. Шен берах а, мерзачу безамах а елира иза. Цул тIаьхьа ша дукха ехаш кхин цкъа а ирс долуш а ца хилира:

Ялх бутт шен кхачале
Деллачу беран
Кошан барз замано
Шарбира шера.

Эхь хетта Эдалхин
Бахамехь яха,
Сийлахас битира
Ша лехна бахам.

Кхин шовзткъа шо доккхуш
Ца хуьлуш нана,
Кховдийра и лаьтте...

Цу тайпана, автора а ца йоккху Сийлаха бехках.

Иштта кьамел хиллачул тIаьхьа хьехархочо олу: «Сийлаха ша динчунна бехке ю, амма вайна хиира Сийлахин ойла хийцаялар Эдалхас лелийнчу гIуллакхаша кхочушдина хилар, ткъа хIинца вай хьовса деза, хIунда хIоьттина Эдалха ИбрахIимах Сийлахе дагара хаийта а, иза шена йига а? Оцуьнан ойла е цIахь, билгалъяха поэми тIехь и хаттар схьадаста гIо деш йолу меттигаш».

ЙоьалгIа урок дIайолало и хаттар классана хьалха хIотторца. Цхьаболчу дешархоша боху, Эдалхин дукха гергара нах хилла, ИбрахIим цхьалха ву, цундела ца кхийрина Эдалха ИбрахIимах.

Шена цхьа а кхерам а боцуш, ИбрахIимна тIехь шена луъург лело мегар ду моьттина цунна.

Вукху дешархоша (дукхаха берш бу хIорш) уьш бакь ца бо. Эдалха совдегар ву, шен дуккха а бахам а болуш, ткъа ИбрахIим халла ваха гIерташ воллуш кьен стаг ву. Цундела ву Эдалха майра, цуьрриг а ИбрахIимах оза а ца луш, боху цара.

Оцу жоьпаша гойту дешархой поэмин кьовсамах (конфликтах) кIорггера кхиина цахилар. Дешархойн шолгIачу тобано делла жоп хьалхарчара деллачул бакъдолчунна юххе гIерташ делахь а, иза а дац кхоччуш нийса. ХIунда аьлча, царна билгал ца баьлла поэми тIерачу хиламийн социальни чулацам. Амма оцу жоьпаша гIо до хьехархочунна дешархойн тидам ИбрахIиман, Эдалхин васташ къасторна, церан социальни хьелаш билгалдахарна тIебахийта.

ИбрахIиман васт къастош, дешархоша билгалйоккху цуьнан оьздангалла, догдикалла. Шена а езаш, ша а везаш ялийнчу Сийлахина чу садиллина иза хилар:

Ца Iебаш хьоьжу и
Сийлахин дегIе,
Сийначу бIаьргашка,
Дог ловзуш, хьоьжу.
И билла йиш йоцу
Цхьана а мехе,
Бакъ безам нускалан
БIаьргаш чохь боьшу.

ИбрахIим Сийлахин дуьхьа, шайн цIена безам ларбаран дуьхьа дерригенна а кийча ву. Сийлаха дегазаялайоьлча, цунах ца кхеташ сингаттаме ву иза. Автора ИбрахIиман кьамелехь а говза гайтина цуьнан Сийлахе йолу ойла, иза бохамах, вонах ларъян лаар, шайн безаман дуьхьа са дIадала а иза кийча хилар. Ойланаш яьржинчу Сийлахе боху цо:

«ХIун хилла хьуна, хьо
Могаш юй-техьа?
ХIумма а лозий хьан?
Схьадийца соьга.
Ас хьуна дIалур ю
Меже сайн дегIан —
Кхочийла ца лаьа
Сингаттам хьоьга».

ИбрахIим белхан стаг ву, иза дийнахь сарралц арахь воллу: «...урд ца аьхча, хуьлуш яц хьаьжкIаш. Охана дан деза, стохка ма-дарра». Шен урд аьхча а мукъа вац ИбрахIим, цуьнан шега урд аха шуста лург оцу стерчийн ден барх урд аха деза. Иштта-чу хьолехь цхьа ИбрахIим хилла ца Iа, берриге ахархой бу бала токхуш:

Ахархо вац пергIат
Гуьйре дIаяллалц,
Охана чекхдаьлча
Асар дан деза...
ИбрахIим санначийн,
Къахьегарх валлал,
Дуо бузий ца хуьлу,
Гай хуьлу деса.

Эдалха оцу нахах вац. Цуьнан шортта хьал ду, шен хьал хиларна моьтту Эдалхина массо хIума шега далур ду. Эдалхас йо ойла а, цо кхочушдо муьлхха а гIуллакх а шен бахамна тIетовжарца кхочушдеш ду. Аружа а цо шен бахамца оьцу, Сийлаха а ша вехаш хиларна шега йогIур ю моьтту цунна, ИбрахIимна а шен бахам хиларна куралла йо цо. Хьал долуш хиларна таро хилла Эдалхин ИбрахIим дакъаза ваккха, цуьнан цIе тIехь йолу зуда шена а йигна, ИбрахIим юьхьIаьржа хIотто, иза аьшнаш ван. И ерриге а харцонаш лело Эдалхин таро хилла иза хьал долчу нахах хиларна. ИбрахIиман сий ларда, иза сийсаза ца вайта, цуьнан гIо лаца цхьа а ницкъ бац оцу хьоладайшкий, къехошкий декъаделлачу харц дуьненахь. Паччахьан Iедало бакъо елла къехошна тIехь таIзар латто, иза хьолахойн Iедал ду.

Оцу кепара поэмин маьIна дайтарца хьехархочо дешархой герга балабо цуьнан къовсаман (конфликтан) чулацаман бухехь дерш социальни хьелаш хиларх кхетарна.

ПхьоьалгIачу урскехь «Поэмин тургалхой дакъазбовларан хIун бахьана дара?» боху проблема къастош дешархой оцу произведенин къовсаман чулацам социальни хьолех бозабелла хиларх кхетар кIаргдархьама хьехархочо юха карлайоху поэми тIехь гайтинчу заманан исторически башхаллаш. Оцо гIо до дешархошна поэми тIера хиламаш цу хенахьлерчу замане хьаьжжина тида. Оцу кепара поэмин текст толлуш дешархошна гучудолу цу тIехь гайтинчу зуламна бехке Эдалха а, цуьнан гIера а хилар. Амма хIинца цара оцу зуламна бехке паччахьан зама, паччахьан Iедал лору, хIунда аьлча оцу Iедало магош хиларна эдалхагIарна къехошна тIехь таIзар латто, мел чIогIачу а Iазапехь уьш бахко.

ИбрахIим дакъазваккхина Эдалхас, амма цунна хьалха корта а таIийна, мукIарло а дина кIел ца сецна ИбрахIим. Иза шен сий лардеш луьрчу къийсаме волу Эдалхица. ИбрахIима вийра Эдалха а, цунна тIаьхьа бозучех кхин кхоь а. И ирча зулам дайтинарг Эдалха вара. Оцу зуламна бехке паччахьан заманан социальни дIахIоттам бара, боху дешархоша, и санна долу гIуллакхаш эдалхагIаьрга лела дойтуш, къехошна тIехь Iазап латторна эдалхагIара къобал беш хилла. Амма къехошна кIордина паччахьан заманан Iазап, уьш шайн пергIатонехьа болчу къийсамна гIовтта буьйлалуш бу. Иза къеггина гучудолу ИбрахIим шен сий а, пергIато а ларъеш ницкъ болчу ЭдалхагIарна дуьхьал валарца.

Цу тайпана, дешархоша кIорггера маьIна до «Сийлаха» поэмин чулацаман.

Проблемни кепехь произведени къастош бIегIийла хуьлу оцу произведенин идейни чулацам, цу тIехь автора хIиттийна йолу проблемаш дешархошца кIорггера йийцаре а еш, царех уьш кхачам боллуш кхето. Амма шен эшамаш а бу проблемни кепехь произведени талларан, шайх ларвала везаш. Кхузахь дешархойн берриге тидам шайна хьалха хIитточу проблемашна тIе а бахана, произведенин исбаьхьаллин агIонаш йовзийтар ледара нисдала тарло. Цундела проблемни кепехь произведени къастош чIогIачу тидамехь хила деза цуьнан исбаьхьаллин агIонех дешархой кхиор. Произведени тIера васташ а, хиламаш а буьйцучу хенахь уьш кхолларан исбаьхьаллин гIирсаш дешархошца билгалбаха хьажа веза хьехархо.

Дешархошца исбаьхьаллин произведени къасторан некъ харжар лерина кхочушда дезаш гIуллакх ду. Шен классан литературни хааршка хьаьжжина а, Iамош йолчу произведенин жанран а, стилистически а башхаллаш тидаме оьцуш а хоржур бу хьехархочо классехь произведени къасторан некъ.

Исбаьхьаллин произведени къастош хьехархочо муьлхха а методически некъ харжахь а коьртаниг ду дешархоша бен болх жигара баккхар, церан исбаьхьаллин произведени йовза, цунах кхета болу лаам кхиор.

ЙолхалгIа корта

ЖАНРИЙН БАШХАЛЛАШКА ХЬАЬЖЖИНА ИСБАЬХЬАЛЛИН ПРОИЗВЕДЕНЕШ IАМОР

Исбаьхьаллин произведени школехь Iамор, цуьнан текст тIехь болх бар дIахьо, жанрийн башхаллаш тидаме а оьцуш. Литературан произведенеш шайна тIехь дахар гайтаран кепе хьаьжжина хьал тайпане екъалуш ю: эпический, лирический, драматический. ХIора тайпа билггалчу литературни жанрашца къаьсташ ду. Эпически жанрашна юкъадогIу дийцар, очерк, повесть, роман; лирически жанрашна юкъайогIу стихотворени, йиш, илли; драматически жанрашна — комеди, драма, трагеди. Бакъйолу исбаьхьаллин произведени ша-тайпана жанрово-стилистически башхаллаш йолуш хуьлу. Уьш тидаме эцаро гIо до произведени Iаморан эвсаралла саяккха.

ЭПИЧЕСКИ ПРОИЗВЕДЕНЕШ

Эпически произведенеш (дийцар, очерк, повесть, роман) хаамбаран формехь хуьлу, царна тIехь «дуьйцу стеган дахаран некъах лаьцна, сурт хIоттадо цо дакъалоцучу хиламийн, цо кхочушдечу

гIуллакхийн, гойту адамийн вовшашца йолу юкъаметтигаш».[1] Автора ша, я персонажех цхьаммо схьадийцарца гучуболу оцу произведенийн чулацам, царна тIехь шуьйра гойтуш долу адамийн дахар. Эпически произведенешкахь билггал долу гIуллакхаш кхочушхилар гойту, тайп-тайпана персонажаш кхуллу. И персонажаш шайн юьхь-сибатца а, амалшца а, духарца а, леларца а, къамелан башхаллашца а къаьсташ хуьлу. Чекхдаьлла долу (дIадоладалар а, кхиар а, дерзар а долуш) гIуллакх я гIуллакхаш гойту оцу произведенешкахь, ардаме сюжетехь кхуьу церан чулацам. Масала, Бадуев СаьIидан паччахьан заманахь халкъо Iазап хьегар гойтуш йолчу «ЦIеран арц» повесть тIехь цу хенахьлерчу дахаран къеггина долу сурт хIоттийна. Билггал йолу персонажаш ю повестехь: халкъан векалш Хонмурд, Бану, Залуба; юьртахь паччахьан Iедал дIакхехьа хIоттийна волу Кулдевич; цунна тIаьхьа бозуш, цуьнан хьадалчаш хилла лелаш волу Мирза а, Элберт а. Царех хIора а шен юьхь-сибатца, духарца, амалшца гайтина ву. Церан вовшашца йогIучу юкъаметтигех, цара кхочушдечу гIуллакхех лаьтташ ю повестан сюжет. Къеггинчу хиламашкахь гучуболу цуьнан чулацам. Оцу ардамечу, шуьйрачу чулацамах схьадолу повестан маьIна. И гIуллакхаш тидаме оьцуш дIахьур бу дешархошца «ЦIеран арц» Iаморан болх. 8-чу классехь Iамош ю и повесть, цунна кхо сахьт билгалдаьккхина программаша. Коьрта ду произведени тIехь болх бан дуьйлалуш дешархошна цуьнан текст хууш хилар. Цундела **дешархошка хьалххе еший-та еза повесть.** «ЦIеран арц» повестан жанран башхаллаша а, цуьнан исбаьхьаллин дIахIоттамо а бIегIийлаш хуьлуьйту и произведени Iамор хIокху кепара вовшахтоха.

Хьалхарчу урокехь повестан автора шена хьалхахIоттийнчу Iалашонах лаьцна а дуьйцу, Кулдевичан, Мирзин, Элбертан васташ а къастадо. ХIокху тайпанчу методически приемех пайдаоьцур бу урокехь: хьехархочун хьалхарчу дашах, дешархошца дечу къамелах, повестан текстаца болх барах, дешархоша шаьш бечу балхах.

«ЦIеран арц» повестан чулацамах а, цу техь автора шена хьалха хIоттийнчу Iалашонах а лаьцна долу хьехархочун хьалхара дош чекхдаьлча, дешархошца дечу къамелан кепехь дIахьур ду Кулдевичан, Мирзин, Эльбертан васташ тIехь болх бар. Исбаьхьаллин текстан юххера тидам а беш, цу тIера масалш а далош, кхочушдо васташ къастор.

«ЦIеран арц» повесть тIехь кхоьллина долу Кулдевичан, Мирзин, Эльбертан васташ къастора ду церан вовшашца йолу юкъаметтигаш билгалъяхарехула. Масала, дешархошка ойлайойтур ю Кулдевичан, Мирзин вовшашца йолчу уьйрин. Муха ю цу шинна юкъара уьйраш? ХIун бахьана ду царна юкъахь иштта уьйраш

[1] *Тимофеев Л. И.* Основы теории литературы. Изд. 2-е. М.; Учпедгиз, 1963, с. 330.

хиларан? Мирзин амалш муха билгалйо цуьнан Кулдевичаца йолчу юкъаметтигаша? Кулдевичах лаьцна хIун алалур ду вайга, цуьнан Мирзица йогIучу уьйрашна тIедоьгна? Иштта-чу хаттарша гIо дийр ду дешархошна оцу балха тIехь. Уьш кхето беза яздархочо Кулдевичан амалш цуьнан нахаца йолчу юкъаметтигаш тергальярехула теллина хиларх.

Нохчийн йоккхачу юьртарчу участкан правленехь го вайна Кулдевич. Кхунна тIе цхьацца гIуллакхаш дахьаш баьхкина бакхий нах бу сени чохь Iаш, шаьш тIеэцаре сатуьйсуш. НеIарехь лаьттачу стражнико цаьрга аьлла: «Пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц собарде». Стражнико аьлларг, пурстоп мукъа вац, кху сохьта сихо болх бу цуьнан, жимма иза паргIатваллалц собарде, бохург а дац. Iуьйранна дуьйна баьхкина болу «хIара нах, пенех а теIаш, цIенкъа а хевшина, юкъа-юкъа шайн Iасанашна тIе а теIаш, наггахь вовшийн лере а боьлхий, меллаша вовшашка бист а хуьлуш» Iаш бара. Иштта хала Iаш болу и гIийла, баккхий нах, оьгIазваханчуьра пурстоп меттаваре хьежа дезаш бу. Доцца аьллачу «пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц собарде» бохучу дешнашца Кулдевичан амалех дуккха а дерг гайтина Бадуев СаьIида.

Кулдевич оьгIазвахана хиларх цунна тIебоьду некъ массарна а бац бихкина. Юьртара совдегар Мирза, кху баккхийчу нахана юккъехула а ваьлла, «шен цIерачу сов цIачу воьдуш санна, шен чубахана гу ши бIаьрг чехка а бетташ, пурстоп волчу» чуиккхира. Юьрта яхьаш йолу банк лачкьоран гIуллакх хьалххе дуьйна Кулдевичаца дуьйцуш вара иза. Цу шинна барт хиллачух тера дара, Мирза там хилла «шен шуьйра бат ела а къажош, яккхий цергаш гучу а йохуш», пурстоп волчуьра араваларехь. Мирза санна болу нах Кулдевичана оьшуш бу: цара кхобуш а, дIакхоьхьуш а ву иза. «Мирза араваьлча, Кулдевича, оьзна яьлла цигаьрка чимчутосурга а тесна, цу кIелхьара итт туьмана кехат чехкка схьаэцна, кисана диллира», — боху повесть тIехь.

Кулдевича мискачу нахаца йолу юкъаметтигаш къеггина билгалйоху яздархочо Хонмурде а, цуьнан доьзалшка а цо хIоттийнарг гойтуш. Кулдевичан а, Мирзин а, Элбертан а ма-ярра йолу амалш, йист йоцу къизалла гучуйолу Хонмурд левар гойтучу эпизодехь а, цул тIаьхьа Залуба а, Бано а цара хIаллакъяр гайтарехь а.

Хьехархочо тидам тIебохуьйтур бу яздархочо шен повесть тIехь персонажийн васташ кхолларан башхаллех дешархой кхеторна а, и васташ кхуллуш автора пайдаэцна исбаьхьаллин гIирсаш бовзийтарна а.

ШолгIачу урокехь Хонмурдан а, цуьнан доьзалийн а васташ къастадо. И кхочушдийр ду повестан текст тIехь болх беш а, дешархошна хьалха хаттарш хIиттарехула а, учебникаца болх беш а.

«ЦIеран арц» повестехь паччахьан Iедалан олалла дIакхехьа

хIиттийнчу хьаькамаша а, церан гIоьнчий а хилла леллачу хьолахоша а нохчийн къехошкахь латтийна Iазап гайтина яздархочо. И кхочушдина коьрта долчу декъана Кулдевичагlара мискачу Хонмурдан доьзале хIоттийна ирча хьал гайтарца. Адаман сибатах воьхна, акхаройн амале вирзинчу Кулдевичана а, цунах террачу Мирзина а, Элбертана а повесть тIехь дуьхьал лаьтташ бу воккха стаг Хонмурд а, цуьнан хIусамнана Бано а, йоI Залуба а. Уьш халкъан векалш бу. Къоман оьзда амалш билгалъяьхна яздархочо церан васташкахула. Бовхачу безамца кхоьллина автора йоккхачу стеган Банон а, цуьнан йоьIан Залубин а васташ. Нохчийн зударийн оьздангалла, гIиллакх, цIена дог-ойла гайтина цаьргахь. Шайна тIеIиттаеллачу халонаша, мискачу дахаро гIиллаккхах ца йсхийна кьена Бано а, я жима Залуба а. Халкъан ламасташца ехаш ю и шиъ. Хьаша-да тIеэцар, гIийлачунна гIодар, къинхетаме хилар Хонмурдан а, цуьнан доьзалийн а дагца ду. Хонмурдан кхетамо тIе ца дуьту, меца ву ша аьлла чувеана стаг сискал ца луш дIавахийтар. Цундела боху цо обаргаш схьабийца бохуш, ша холчу хIоттийча: «Суна-м ца хаий царах хIумма а, ша айса, цара меца ду шаьш аьлча, вай мостагIчунна а луш йолу сискал ялар доцург!». Кхузахь яздархочо дуьхь-дуьхьал йоккхуш, говза схьагайтина Хонмурдан къинхетамийн дог-ойлий, Кулдевичан акхаройн хьесапехь йолу къизаллий. Кулдевичана тIехьа лаьтташ пачахьан Iедал ду, оцу Iедалан лехамашца цхьаьна йогIуш ю цуьнан къизалла. Цундела мега Кулдевичана цхьа а бехк а боцуш волу Хонмурд йиттина мелча цIийх вуза а, цул тIаьхьа, итт шо хан а тоьхна, Сибрех вахийта а, цуьнан цIахь бисина доьзалш хIаллакбан а.

Амма иза Кулдевича ХонмурдагIарна тIехь толам баккхар дац. ХIунда аьлча, повесть йоьшуш долчу вайна гергахь, шайн гIиллакх-оьздангаллица, цIенчу дог-ойланца, шайн адамаллица тоьлларш Хонмурд а, цуьнан доьзалш а бу. Исбаьхьаллин произведенешкахь тIаьххьаре а толам боккхург ницкъ бац, амма сийлахьниг ду (дахарехь а ма-хиллара). Ткъа Кулдевичан а, цунна тIаьхьа бозучийн а васташца сийлахьчух цхьа зирх а бац. Хонмурдан, Банон, Залубин къинхетаме, комаьрша, дог цIена хилар Кулдевичагlеран хьарамлонашца, боьхачу дог-ойланца дустуш санна гайтина повесть тIехь.

Хонмурдан а, цуьнан доьзалийн а васташ къастош иштта хаттарш хIитто мегар ду классана хьалха: Муха гайтина повесть тIехь Хонмурд? Хонмурдан амалш муха билгалъяьхна автора? ХIун маьIна ду яздархочо шен повесть тIехь нохчийн зударийн васташ кхолларан? Банон гIиллакх-оьздангалла муха гайтина? Повесть тIехь Залубин васт кхолларан хIун башхаллаш ю? Муьлхачу исбаьхьаллин приемех пайдаэцна автора къехойн васташ кхуллуш? Повестан текст тIера масалш а далош, жоьпаш лур ду дешархоша оцу хаттаршна.

КхозлагIчу урокехь «ЦIеран арц» повестан идейни маьIна а, исбаьхьаллин башхаллаш а къастор ю. Кхузахь дешархоша хьалхарчу урокашкахь повестан идейни чулацамах а, исбаьхьаллин башхаллех а бинчу тидамийн жамIаш а деш, оцу хьокъехь церан кхолладелла хаарш кIаргдийр ду.

Повесть тIехь гайтина паччахьан заманахь къехоша лайна Iазап. Паччахьан Iедал дIакхехьа хIиттийнчу хьаькмаша а, шайн кьомах болчу хьолахоша а къиза хьийзабора къехой. Кулдевиче тIеэцахьара шаьш аьлла баьхкина баккхий нах дукха декъаза бу, стешха бу, паччахьан Iедало кхеро Iамийна бу уьш. Пурстоп оьгIазваханчуьра меттаваре хьоьжуш Iаш болу хIорш Кулдевича Хонмурд хьийзош «кхеран чохь гIовгIанаш яьлчхьана дуьйна а кхерабелла дIабаха айабелла Iан сени чуьра баккхий нах, мелчу цIийх а вуьзна араволу Хонмурд гича, цунах шен бIаьрг кхет-кхеттарг кхералой, шозлагIа цуьнга юха ца хьожуш, белш чу а хебош, пенах а хьерчаш, меллаша ара а бевлла, дIабахара». Пурстоьпо шаьш тIедитаре сатуьйсуш Iийнчу баккхийчу нехан цу тайпана дIабаха дийзира. Шайна тIехь латточу харцонна, вовшах а кхетта, цхьабосса дуьхьало ян хIинца а кийча бац уьш, паччахьан Iазапо охьатаIийна латтийна гIийла, стешха бу.

Къехоша лайна шалха Iазап гайтарна тIе тидам бахийтина яздархочо. Повесть дIайолаелчхьана иза чекхъяллалц цу тIехь къегина билгалъйолу авторан ойла. Къинхьегамхой балехь бахкош долу паччахьан Iедал, иза дIакхоьхьуш болу хьаькамаш, царна тIаьхьа хIиттина лела къоман юкъара хьолахой, совдегарш боккхачу цабезамца гайтина яздархочо, цара лелош йолу ямартлонаш, хьарамлонаш Iораяьхна. Авторан ойла дуьхьал ю къехошкахь Iазап латточу гIуллакхашна. Цундела гайтина и гIуллакхаш дIакхоьхьуш болчу Кулдевичан а, Мирзин а, Эльбертан а васташ сел маьттаза, шайна дуьхьал дешархочун цабезам гIаттош. Повесть тIехь Кулдевич, Мирзий, Элберт хьахийнчохь массанхьа а церан ямартло, къизалла, хьарам ойланаш Iораяьхна яздархочо. Къехой гайтинчохь, церан оьздангалла, хаза гIиллакхаш, деган комаьршо къеггина схьаоьхьна. Цу тайпана, авторан шен турпалхошца йолчу юкъаметтигашца а билгалбовлу цуьнан идейни тIетовжамаш.

Повесть тIехь къехой гIийла, охьатаIийна гайтинехь а, къеггина билгалдолу уьш «самабовлуш» хилар, цара шайн паргIатонехьа къийсам латториг а, уьш тIаьххьара а тоьлург хилар а. Хонмурд волчу воьссина хиллачу шина обарго, шайна яа хIума ялар бахьана долуш иза лаьцна, Сибрех вахийтиний хиьча, Кулдевич вен гIерташ дуккха а къа а хьегна, тIаьххьара аьтто а баьлла, иза вийра, боху повесть тIехь. Къинхьегамхошна тIехь паччахьан олалла дIакхоьхьуш волу пурстоп Кулдевич веро гойту къехой шаьш Iазапехь латтош долчу Iедална дуьхьал бовлар, шайн паргIатонехьа болу къийсам цара дIаболор.

Говза язйина ю «ЦIеран арц» боху повесть. Яздархочо тайп-тайпанчу исбаьхьаллин гIирсех а, исбаьхьаллин приемех а пайда-эцна. Бадуев СаьIида дукха дестийна дуьйцу Кулдевичан вочу амалех лаьцна. Воних дестийна гайтаро, иза Iорадоккхуш, дешархочун ойла цунна дуьхьал йоккху. Бадуевс шен произведенешкахь хIума дестийна гайтар — иза сийсазадар, цунна дуьхьал кьийсам латтор ду, иза эшийна дIадаккха дезаш хилар чIагдар ду. ХIума исбаьхьаллица дестийна гайтар Бадуевн кхолларалли хотIан башхалла ю. Ша дуьхьал кьийсам латтош долу хIума эша а дой, дIадоккху яздархочо иза дестийна гайтарца.

Исбаьхьаллин деталех а говза пайдаоьцу Бадуевс. Кулдевича акхаройн кьизаллица Хонмурд хьийзийнчу участкан правлени цIа чохь пенах доллуш паччахьан сурт дара, боху яздархочо. «Лерри-на, вехха цуьнга а хьаьжна» Iаш вара Кулдевич, Хонмурд шена тIевалочу хенахь. Кулдевичан Iар лелош йолу харцонаш паччахьера схьайогIуш хилар, кьехой Iазапехь бахкорна бехкениг дерриге а паччахьан Iедал хилар чIагIдо яздархочо оцу исбаьхьаллин суьр-таца а. Цу тайпана, Кулдевичан Iар паччахьан Iедалан векалш бу, цара дIакхоьхьуш ерг паччахьо чIагIйина йолу адамаш дацоран политика а ю.

Повесть Iаморан жамIаш деш хьехархочо эр ду, паччахьан заманахьлерчу Нохчийчохь кьехойн, Iедалан вовшашца хилла юкъаметтигаш ма-хиллара нийса а гойтуш, персонажийн вастаг заманца цхьаьна доIуш а долуш, халкъо шен пархIатонехьа кьийсам латторг хилар билгал а долуш, йоккхачу исбаьхьаллица язйина «ЦIеран арц» повесть Iаламат мехала ю Бадуев СаьIидан кхолларалле хь а, ерриге а вайнехан литературехь а.

Цу тайпана дIабахьа мегар ду Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц» повесть Iаморан болх.

Эпически произведени дешархошца Iамош коьрта долчу декъана хIара гIуллакхаш кьастийча бIегIийла хуьлу:

1. Iамош йолу произведени дешархошка хьалххе ешийтар.
2. Яздархочун дахаран а, кхолларалин а некъ бовзийтар.
3. Iамочу произведених лаьцна долу хьехархочун хьалхара дош.
4. Произведенин анализ яр:

а) дахарера муьлха материал, хIун хиламаш, гIуллакхаш ду произведенин бухе дехкинарш?

б) произведенин тема хIун ю? И санна йолу тема кьастош кхин хIун произведенеш ю? ХIун бахьана ду цхьана темина язйина тайп-тайпана произведенеш хиларан?

в) произведенин коьртачу темих дозаделла хIун гIуллакхаш кьастадо автора?

г) произведенин ерриге а материал вовшахтасарехь, сюжетни зIенаш хIиттарехь яздархочун говзалла муха гучуйолу?

д) произведенин вастийн система муха ю, персонажийн амалш кхолларан хIун башхаллаш ю?

е) произведенин идея а, цуьнан мехалла а муха ю?

5. Произведенин материал тIехь сочинени язъяйтар.

6. Хьехархочун жамIашдаран а, дерзоран а дош.

Дешархойн а, шен а таронашка хьаьжжина дIахьур бу хьехархочо билггалйолу эпически произведени Iаморан, цуьнан анализъяран болх.

ЛИРИЧЕСКИ ПРОИЗВЕДЕНЕШ

Лирически произведенеш шайна тIехь дахар гайтарехь кьаьсташ ю эпически произведенех. Кхузахь кхин кеп ю дахар гайтаран, исбаьхьаллин сурт хIотторан. Лирически произведенешкахь дахар гойту оцу дахарерчу гIуллакхаша меттахьяьхна йолу адамийн ойланаш, синхаамаш гайтарехула. «Кхузахь, — В. Г. Белинскийс ма-баххара, — поэт ву хьалхарчу планехь, цуьнгахула бен цхьа а хIума тIе а ца оьцу вай, кхета а ца кхета».[1] Авторан синхаамаш, цуьнан ойланаш къеггина билгалйовлу лирически произведенехь. Ткъа авторан и ойланаш, синхаамаш дахарерчу гIуллакхаша меттахбаьхна бу. Поэто ша дечу къамелах, шен хазахетар, воккхавер, сингаттам я шен цхьа кхин ойланаш билгалйохуш йолчу монологах лаьтташ хуьлу дукха хьолахь лирически стихотворени. Масала, Мамакаев Мохьмадан «Даймахке», «ТIулгаша а дуьйцу», «Зама», Мамакаев Iаьрбин «Кавказан Латта», «Ленинан Октябрь», «Сайн кIанте», Арсанукаев Шайхин «Лаьттана, Сискална хастам беш...», «Ильичан цIа», Эдилов Хасмохьмадан «Сий делахь, Латта!». Лирически стихотворенеш Iаламан суьрташ хIиттош а, я цхьа хIума гойтуш а, ардаме чулацам болуш а хуьлу. Амма церан чулацамехь коьртаниг и суьрташ, хиламаш бац, оцу стихотворенехь гайтинчо меттахьяькхина авторан ойла, синхаамаш бу. Масала, Мамакаев Iаьрбин «ЙоIе» цIе йолчу стихотворенин тидам бер вай. Иштта ю цуьнан хьалхара строфа:

IиндагIаш дахделла
Акхтаргийн, диттийн.
Сайний бен кхечунна
Хьо гарна кхоьруш,
Лаьтта со тогIи чохь
Теркан хин йистехь,
Хьо йогIур ю моьттуш
Миноташ лоьруш.

Кхузахь хьахийна долу Терк, топIичоь, акхтаргаш, дитташ, и. дI. кх. шайн маьIна долуш дац, амма кхузахь коьртаниг лириче-

[1] *Белинский В. Г.* Собр. соч. в 3-х томах. М.: Госиздат, 1948, т. 2, с. 7.

ски турпалхочун дог-ойла, шена езачуьнга болу цуьнан цIена, оьзда, хьанал безам бу.

Авторан ойланаш, цуьнан лаамаш, синхаамаш шеца билгалболучу исбаьхьаллин вастах лирически турпалхо олу. Лирически турпалхо шен дегI а, юьхь-сибат а долуш персонаж яц. Цуьнан амалш хиламашкахь, ардамашкахь гучуйовлуш яц. Иза лирически произведенешкахь авторан дог-ойла, цуьнан дуьненехьежар шеца билгалдолу исбаьхьаллин васт ду. Цхьа лирически стихотворени ша схьаэцча, вайна хаало лирически турпалхочун амалш, цуьнан дог-ойланийн билггалйолчу хенахь хилла цхьа хIоттам. Поэтан ерриге а произведенешкахь кхоччуш гучудолу билггалдолу лирически турпалхочун васт. Лирически турпалхо иза ша поэт лара ца веза. Лирически турпалхочун ойланаш а, синхаамаш а кхето мегар дац еккъа поэтан шен ойланаш а, синхаамаш а санна. Поэт билггалчу хенахь вехаш а, шен хенахьлерчу нахаца уьйраш йогIуш а, юкъараллин лехамаш кхочушбеш а хуьлуш ву. Цундела бакъволчу поэтан ойланаш шен заманан лехамашца, халкъан хьашташца цхьаьна йогIуш хуьлу. Лирически произведенеш тIехь авторан ойланашкахь вайна гучудериг — иза еккъа авторан дог-ойла, цуьнан дуьненехьежар хилла ца Iаш, юкъараллин маьIна дерг, халкъан лехамашца дерг ду. Лирически произведенийн оцу башхаллех кхето беза дешархой.

Лакхарчу классашкахь лирически произведенеш Iамо дуьйлалуш лирикех долу дешархойн хаарш карла а дохуш, кхидIа уьш кIарг а деш, лирически произведенийн жанрови башхаллех, лирически турпалхочух юкъара кхетам лур бу. Масех методически некъ бу лирически произведенеш Iаморехь зебелла: **обзорно-тематически кепехь Iамор** (теманашца вовшашна герга йогIу стихотворенеш цхьаьна йийцар); **яздархочун биографи йийцарца цхьаьна цуьнан стихотворенеш къастор; монографически кепехь Iамор** (кхузахь стихотворени ша къастийна Iамайо, ерриге а цуьнан идейно-эстетически агIонаш а толлуш). Царех муьлххачу некъах пайдаоьцуш хилча а, лакхарчу классашкахь дешархошна йовзуьйту лирически произведенийн ша-тайпана йолу башхаллаш, тидам тIебохуьйту оцу произведенех марзо эца дешархой Iаморна, царна уьш езаялийтарна.

Лакхарчу классашкахь Iамочу произведенешна юкъахь гIеххьа меттиг дIалоцуш ю Мамакаев Iаьрбин лирика. 9-чу классехь Iамош ю цуьнан «Ленинан Октябрь», «Кавказан Латта», «Даге», «Йоле» (Iиндагlаш дахделла акхтаргийн, диттийн) цIераш йолу стихотворенеш. Программаша 10 сахьт ло Мамакаев Iаьрбин кхолларалла Iаморна, царех 4 сахьт эца мегар ду поэтан лирика Iаморна. Мамакаев Iаьрбин кхолларалла Iамо йолош, цуьнан дахар а, поэзин чулацам а буьйцуш хьехархочо билгалдоккхур ду поэтан кхолларалин орамаш къоман дахарх дохкуш хилар. Халкъан

ойланаш, сатийсамаш, адамийн хазахетарш, церан дегаIийжамаш бу поэтан лирикин чулацамехь. Советски Iедало, Коммунистически партис кхиийна стаг ву цуьнан поэзийн коьрта турпалхо. Поэта шен кхолларалин корматалла, исбаьхьаллин говзалла керла дахар дIахIоттош долчу халкъан лехамаш кхочушбаре хьажийнера:

Сан стих, хьо Ленина
Хьехначу новкъа
ХIиттинчу колоннийн
Серлонгахь хьекъа!
Алкханчах ека хьо,
Синошна там луш,
Лозунгах кхайкха хьо,
Дегнашна ницкъ луш.

Къаьсттина боккхачу айамца хIиттайо поэтан шен кхолларалехь В. И. Ленинан а, Коммунистически партин а теманаш. «Ленинан Октябрь» цIе йолу стихотворени Iамош дуьйцур ду цу тIехь В. И. Ленине болу халкъан безам гайтина хиларх лаьцна, цуьнан ойланаш, цуьнан гIуллакхаш адамашна ирс, беркат дахьаш хилар поэто чIагIдар. Классови Iазапехь дохкучу адамашка, массо а къинхьегамхочуьнга боккхачу безамца детталуш хилла В. И. Ленинан дог. Паччахьан Iедалан Iазапах адамаш парглат дахарехьа болчу къийсамна шен дахар дIаделла волу В. И. Ленин хьоме ву хIор советски стагана а, дуьненан берриге а къинхьегамхошна а. Мамакаев Iаьрбин дуьххьарлерчу стихотворенешкара схьа цо тIаьххьара язйинчу произведенешна тIекхаччалц — ерриге а цуьнан кхолларалле чекхйовлуш ю В. И. Ленинан, Коммунистически партин, Октябрьски революцин теманаш. Даггара долу довха дешнаш карадо авторна и теманаш къастош, говза поэтически васташ, хаза исбаьхьаллин суьрташ кхуллу цо.

Батта тIе тоха-кха
ЖIов-маьрсан байракх,
Ленинан, Октябран
Безамна аьлла,
Гоьург хир яцара
Ламанийн гIайракх
Дагна ма-лаъара
Памятник ялла!

Иштта яздо поэта «Ленинан Октябрь» цIе йолчу шен стихотворени тIехь. КIорггера идейни а, эстетически а чулацам болу и произведени чекхйолуш, синхаамаш совца а ца белла, поэтан кийрара аз долу: «ТIам тоха, мохь тоха, сан стих ахь, йиш яц хьан йоха, хьо йинарг, ницкъ белларг — Октябрь — Ленин». Исбаьхьаллин ницкъах юьззина йолу и стихотворени йоьшуш а, юьйцуш а цунах дешархошка кIорггера марзо оцуьйтур ю хьехархочо. Кхузахь дешархошка шайга билгалбохуьйтур бу оцу стихотворенина лаккхара айам луш болу исбаьхьаллин гIирсаш: ша-тайпана

интонаци а, риторически тIедерзораш а, айдарш а, синтаксисан башхаллаш, и. дI. кх.

«Кавказан Латта» стихотворени Iамош хьехархочо дуьйцур ду Мамакаев Iаьрбин кхолларалле хь Даймехкан а патриотизман а, интернационализман а тематикех лаьцна. Поэтан ерриге а произведенеш советски Даймахке болчу безамах юьззина ю. Патриот, интернационалист ву поэтан лирически турпалхо. Цуьнан интернационализм ша вина мохк, цуьнан Iалам, цуьнан адамаш дезарна тIера дIайолалуш ю. Стеган къонахалла, оьздангалла цо халкъана, махкана дечу гIуллакхца билгалйолуш хилар чIагIдо поэта. «Сан дог, хьо деттало къахьоьгуш халкъана», — иштта ю цуьнан лирически турпалхочун вахаран Iалашо. Даймехкан дуьхьа, халкъан дуьхьа вахар, шен хаарш, хьуьнарш, дерриге а шен дахар халкъана дIалуш хилар лору цо стеган сийлалла. Халкъан лазамашца, цуьнан хазахетаршца вехаш хиларх йоллу стеган оьздангалла, гIиллакх: «Хьайн мехкан, хьайн халкъан ирс дебна аьлла, догдика хиллачу сирлачу дийнахь, дуьненах воккхавеш, самалхадаьлла хьо велахь, къонахчун дог ду хьан кийрахь!» — боху поэта «Сайн кIанте» цIе йолчу шен стихотворени тIехь.

Йист йоцуш шен Даймохк дукхабезачу турпалхочун васт хIуттуйна хьалха «Кавказан Латта» цIе йолу стихотворени йоьшуш. Цуьнан ерриге а ойланаш, лаамаш, сатийсамаш Даймахках хьерча, цуьнца бен хила тарлуш дац ирс а, сапаргIат вахар а. Iожаллин сахьт техIоьттича а Даймахках кьаьстина хилар ца деза цунна:

...Цундела лаьар-кха,
Iожалла ягIахь,
Сайн каш а
Хьан лаьттахь
Хуьлийла, дагIахь!

Говза далийна поэта кхузахь и тIаьххьара долу «дагIахь» боху дош. Оцу дашца шен турпалхочун амалех дуккха а дерг билгалдаьккхина автора. Цуьнан шен Даймахке болу боккха лерам го вайна кхузахь. Махко, халкъо шен кIант лоруш тIеэцар йоккха сийлалла хета цунна. ХIинццалц схьа Даймехкан дуьхьа ша динарг а, кхидIа вахаран некъ кхачабаллалц шен дан ницкъ кхочуберг а кIезиг хета цунна оцу сийлаллица дуьстича.

Дешархошка хоттур ду: «ХIун ду оцу могIанийн иштта маьIна дан вайн таро хуьлуьйтург?» Царна билгалдолу, и маьIна стихашна лург, коьрта долчу декъана, тIаьххьара далийна долу «дагIахь» боху дош хилар. Цу тайпана, дешархой Iема стихехь хIор дешан маьIна довза, шен меттехь далийнчу говзачу дашо стихана исбаьхьалла луш, цуьнан маьIна кIаргдеш хиларх кхиа. «Оцу стихотворенин исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш муха бу?» — олий, хотту дешархошка. Цара тидамца юха а йоьшу стихотворени. ТIакха дуьйцу хазачу поэтически басаршца Мамакаев Iаьрбис Даймахке болу безам гайтина хиларх лаьцна. «Ва Кавказ, сан марзо, сан серло, безам», «Беркатан, майраллин, хазаллийн латта», «Поэзин, музыкин хьостанан латта», «Сан син аз, бIаьргийн нур — Кавказ» — и ерриге а исбаьхьа эпитеташ а, метафораш а хьаналчу кIентан шен Даймахкаца йолу юкъаметтигаш билгалйохуш ю, олу цара.

Поэтан лирически произведенеш йоьшуш, цуьнца цхьаьна вайтергалйо Теркан тулгIенаш а, Теркан тогIеш а, бIаьрг беларца го вайна «сирлачу шовданийн хьесашца ерина... Даймехкан аренаш», «бIаьстено кьагийна ламанийн баххьаш»; поэтан зевнечу дашо лерг хьоьстуш, ладугIу вайн баьццарчу бошмашкахь декачу олхазарийн эшаршка; хазахеташ хьуьйсу «алкханчийн ловзаршка». Мамакаев Iаьрбин лирика дог делош, ойла серлайоккхуш ю.

Поэтан лирически произведенийн исбаьхьаллин башхаллашна тIе дешархойн тидам бахийтархьама, иштта хаттарш хIиттадо классана хьалха: «Муха хета шуна авторан поэтически мотт?», «Тидам бе стихотворени тIехь васт кхолларан, поэтически суртхIотторан башхаллийн». «Поэтически суртхIотторан гIирсаш билгалбаха хьовса». Хьехархочуьнан гIоьнца дешархошна гучудолу Мамакаев Iаьрбин произведенийн коьрта башхалла уьш цIеначу нохчийн маттаца язйина хилар, хIоранна а даг тIе кхочуш долу исбаьхьаллин суьрташ а, васташ а царна тIехь кхоьллина хилар, къоман дахарехь, адамийн ойланехь дерг хьакъйоллучу исбаьхьаллин кепа а дерзийна схьагайтина хилар. Оьзда гIиллакхаш, цIена безам, тешаме доттагIалла, халкъан беркате ламасташ го вайна поэтан лирикехь. Бакъйолу поэзи ю Мамакаев Iаьрбин стихашкахь. Шерачу, цIеначу маттаца цхьа тайпа а чолхе йоцуш долу сурт хIоттадо поэта. Ненан меттан хазни юккъера шена оьшуш доллу дош схьа а лохуш, шен поэтически ойла гучуяккхархьама иза хила деззачу метте дIанисдина автора. Цо керла дешнаш а ца кхоьллина, меттан синтаксис а ца талхийна, стихийн куц хаздан гIерташ «исбаьхьаллин гIирсаш» тIе-кIел а ца боьттина. Къаьсттина гуш ду, нохчийн мотт шен йоццчу кепа нисбан а ца гIерташ, цуьнан бакъенаш ларйина хилар.

Цу тайпана кхочушдa тарлур ду Мамакаев Iаьрбин лирически произведенеш обзорно-тематически кепехь Iамор.

Билггалйолу стихотворени монографически кепехь таллар хIокху схемица дIадахьа бIегIийла ю:

1. Iамо езачу стихотворенин идейно-тематически чулацаман а, исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсийн ойла а еш, цуьнан текст тIехь хьехархочо ша болх бар.

2. Классехь, стихотворени Iамо йолош, хьехархочун хьалхара дош (яздархочун биографих а, стихотворени язйинчу заманах а, цу тIехь гайтинчу гIуллакхех а лаьцна).

3. Кхето халчу дешнаш техь болх бар.
4. Стихотворени хьехархочо къастош ешар.
5. Дуьххьара ешначул тIаьхьа дешархоша стихотворени тIе муха эцна, церан хIун синхаамаш кхоллабелла хьажархьама, доцца къамел дар.
6. Дешархошка стихотворени ешийтар.
7. Стихотворенин анализьяр:
а) стихотворенин лирически чулацам билгалбаккхар;
б) стихотворенин дIахIоттам къастор (лирически турпалхочун синхаамаш, ойланаш гучуйохуш муьлхачу исбаьхьаллин деталех пайдаэцна; поэтически суртхIотторан гIирсаш, ритм, рифма, интонаци, меттан башхаллаш);
в) стихотворенин чулацаман, цуьнан маьIнин таханлерчу дахарца уьйр тасар.
8. Дешархошна стихотворени къастош еша Iамор.
9. Стихотворени дагахь Iамо кечамбар.
10. Хьехархочун дерзоран дош.

ДРАМАТИЧЕСКИ ПРОИЗВЕДЕНЕШ

Драматически произведенеш сцени тIехь хIитто лерина а йолуш, персонажаша дечу къамелан кепехь хуьлу. Церан коьрта башхалла ю адамийн амалш «ардамехула, къовсамехула»[1] билгалйохуш хилар.

Драматически произведенешкахь ша-тайпа маьIна ду исбаьхьаллин къовсаман (конфликт). Кхузахь дерриге а васташ кхоллар а, гIуллакхийн кхиар а кхочушхуьлу деккъа драматически къовсамехула. Хаамбаран (повествовательни) произведенешкахь санна, авторан къамел ца хуьлу пьесаш тIехь. Цундела пьесийн персонажийн амалш церан шайн къамелашкахь, цара лелочу гIуллакхашкахь гучуйовлу, автора ша дуьйцучуьнца, шен ойланаш гайтарца билгал ца йохуш. Драматически произведенин турпалхой вовшашца къийсаме бовлу, дукха хьолахь Iаламат ира хуьлу царна юкъара къовсам. Оцу къовсамехь билгалйовлу персонажийн амалш, церан дуьненехьежар. Авторан лехамаш а, пьесин идейни чулацам а билгалболу драматически къовсам кхиаре а, берзаре а хьаьжжина.

Драматически произведени тIехь школехь болх бан дукха хьолахь бIегIийла хуьлу «авторан лорах» воьдуш иза къасторехула. Цу кепара произведени къастош хилча дан дезарг ду цуьнан сюжет шайх лаьтташ йолу, оцу произведенин идейни а, исбаьхьаллин а чулацам шайгахула билгалбовлуш йолу коьрта эпизодаш, цу тIехь кхочушхуьлуш долу коьрта гIуллакхаш, уьш кхиаре хьаьжжина, дешархоша къастор. Иштта драматически произведени къастош дешархоша тидам бо авторан ойла кхиаран, цуьнан идейни тIетовжамийн. Произведенин идейни чулацам а, исбаьхьаллин форма а цхьатерра, вовшех ца йоккхуш толлу цара.

Лакхарчу классашкахь дешархоша дуьххьара Iамош йолу драматически произведени ю Бадуев СаьIидан «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Иза Iаморна дукха хьолахь ши сахьт билгалдоккху хьехархоша. Кхин хан ца хиларна, шина урокан тоам бан безаш хуьлу. Хьалхарчу урокан тема: «Бадуев СаьIидан драматургически кхолларалла. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Пьесин хьалхарчу декъа тIехь болх бар.

Иштта методически приемех пайдаоьцу урокехь: хьехархочун лекци, пьесин текст кхетош ешар, дешархошка яххьашкахь дакъош дешийтар, классана хьалха хаттарш а хIиттош, пьесин чулацам тIехь болх бар.

«Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса йоьшуш а, цуьнан текст тIехь болх беш а дешархойн тидам тIебохуьйтур бу персонажийн къамелашкахь, цара кхочушдечу гIуллакхашкахь церан амалш гучуйовлуш хиларна. ЦIахь шаьш пьеса йоьшуш а, цуьнан чулацаман ойла еш а, персонажийн хIора репликин, кхочушхуьлуш долчу гIуллакхийн лерина тидам бан безаш хиларх кхетор бу дешархой. Муьлхха а драматически произведени еша а, цуьнан чулацамах кхиан а дешархой Iамо хьожур ву хьехархо, «Большевикаллица ялта дерехьа» пьеси тIехь болх беш.

Шен лекци тIехь хьехархочо дуьйцур ду Бадуев СаьIидан драматургически кхоллараллех лаьцна, къоман драматургин а, театран а бухбиллархо иза хиларан хьокъехь. «Большевикаллица ялта дерехьа» пьеса язъяран историх а, цу тIехь хIиттийнчу проблемех лаьцна а дуьйцур ду. Цул тIаьхьа пьеса еша а йоьшуш, цуьнан чулацамах дешархой кхета а беш, текст тIехь болх бар дIахьур ду классехь.

«Большевикаллица ялта дерехьа» пьеса 30-гIа шераш дуьйлалучу хенахь язйина ю, цу тIехь хIиттийна проблемаш а, къастийна гIуллакхаш а оцу хенахьлера ду. ХIинцалерчу дешархошна генаро хан ю иза. Цундела хьехархочо, пьесин текст тIехь болх бан дуьйладалале, шен лекцехь дуьйцур ду оцу муьрехь Нохчийчохь хиллачу социально-исторически хьолех лаьцна. Ярташкахь юкъара бахамаш вовшахтохаран хьокъехь, юьртахой колхозхошкий, цхьалхахошкий бекъабелла хиларх лаьцна, кулакийн Iалашонех хьахор ду хьехархочо. Дешархошна цу хьокъехь хуушдерг карладоккхур ду. Масала, цара хьалха Iамийнчу Дудаев Iабдийн «Колхозхочун, цхьалхахочун къамел» цIе йолчу стихотворених а, кхечу предметийн урокашкахь хиинчух а пайдаоьцур бу.

Драматургически произведени дукха хьолахь цIахь шаьш еша ца лууш хуьлу дешархой. Цара иза йоьшу агIо лохур ю хьехархочо. Пьесин дакъош яххьашкахь доьшуьйтуш а, пьеси тIехь де-

[1] Словарь литературоведческих терминов М.: Просвещение, 1974, с. 82.

шархойн тидам тIегIон болу меттигаш билгалйохуш а, цу тIерачу къовсамах лаьцна дуьйцуш а болх бо хьехархочо юьхьанца дешархойн пьесига безам бахийтаран Iалашонца.

Пьесин хьалхарчу декъа тIехь болх беш, тидам бийр бу иза дIайолалуш Джамалдагlеран доьзал гайтаран башхаллин. Муха ю церан вовшашца йолу юкъаметтигаш? Самукъане бу уьш я оьгIазе бу? Джамалдин, Бекисатан къамелехь муха билгалдолу церан доьзалера хьал? — бохучу хаттарша гIо дийр ду дешархошна. Текст тIехь болх беш, дешархошна гойтур ду пьесин персонажийн амалш церан къамелашкахь, цара кхочушдечу гIуллакхашкахь билгалйовлуш хилар, хаамбаран (повествовательни) произведенешкахь санна, авторан къамел, цуьнан ойланаш кхузахь гуш цахилар. Драматически произведенийн турпалхой вовшашца къийсаме бовлу, оцу, дукха хьолахь ирачу, къовсамехь гучуйовлу церан амалш. Дешархошна кхетам лур бу драматургически къовсамах (конфликтах), цуьнан къастамаш бовзуьйтур бу.

ШолгIачу урокехь «Большевикаллица ялта дерехьа» пьесин шолгIачуй, кхоалгIачуй дакъош тIехь болх а беш, коллективизаци кхочушъяран тема къасторан башхаллаш юьйцур ю, пьеса Iаморан жамIаш дийр ду.

Текст тIехь болх беш, пьесин шолгIа дакъа долалуш гайтина сурт дешархошка дустуьйтур ду хьалхарчу декъан юьххьехь кхоьллинчу суьртаца. ТIаккха царна гучудолу ЖамалдагIеран доьзалехь диканехьа хийцамаш хилар. Колхозе язбелла ЖамалдагIар дог токкха бу, вовшашлахь а белабелла, бекхабелла бу уьш, хьалха санна кIоршаме, девне бац. Жамалдин, Бекисатан ойла а хийцаелла, социалистически дахар дахьочу керлачунна тIейирзина церан ойла. Жамалда йоза-дешар Iамо гIерташ воллу, Рукъияте шена деша Iамадойтуш го вайна иза.

Къехой, колхозе а язбелла, юккъерхой а шайна тIе а озош, кулакашна дуьхьал бовлар гайтина пьесин шолгIачу а, кхоалгIачу а дакъошкахь. Кулакашна ондда дуьхьало йо цара. Арсбига а, и санна болчу кхечу кулакашка а кхин ла ца доьгIуш, шайна новкъара уьш дIа а баьхна, колхозехь жигара болх беш бу къехой. Юьхьанца колхозана юьстах лаьттина волу Жамалда хIайттараллица болх беш ву юкъарчу бахамехь. Ахархочун психологи хийцаялар Iаламат хала кхочушхуьлуш гIуллакх дара, цунна дакхий бахьанаш а, таронаш а езара. Иза дика гайтина пьеси тIехь. Цхьалхахой кхетта, шайн декъаза бахамаш лело гIертачулла, колхозе а хIиттина, юкъарчу бахамехь дакъалацар пайдехьа хиларх. Комсомольски организацис, комсомолец-хIайттархо волчу Хьалима къехошна юкъахь дIабаьхьначу кхеторан балхо гIо до царна нийсачу новкъа хIитта.

Комсомольски куьйгалхочун Хьалиман васт къеггина кхоьллина

автора. Пьесин текст тIехь болх беш дешархошка къастадойтур ду Хьалиман а, Жамалдин а, кхечу къехойн а, кулакан Арсбин а васташ.

Юкъарчу бахамна тIегIертачу къехошний, колхозан боламна дуьхьал болчу кулакашний юккъерчу къийсамах лаьтташ ю пьесин сюжет. Цу тIехь къеггина билгалдолу колхозаш яхкар — кулакашка дохалур долуш а я сацалур долуш а гIуллакх цахилар. Социалистически дахар дIахIоттош долчу халкъо, кулакаш а, муьлхха а кхин зуламхой а шайна новкъара дIа а бохуш, кхочушдора юкъара бахам кхолларан гIуллакх. Арсбис хIу хIаллакдича, цунна таIзар а дина, колхозан ялтадеран план юкъах ца йисийтархьама иштта тIелацамаш бира колхозхоша:

«Бауди. Тхешан колхозан хIу метта хIоттош, ас пхи гирда хьаьжкIийн лур бу.

Жамалда. Ас сайн итт гирда хьаьжкIех 8 гирда хьаьжкIийн лур бу.

Хьаьлим. Вайн колхозхоша бертахь и хIу меттахIоттор ду.

Дауд. И меттахIотто сайн кхаа гали хьаьжкIех ши гали охьадуьллуш со а ву.

Хьаьлим. Ас сайн шийтта гирда хьаьжкIех итт гирда охьабуьллу. Вай массо а колхозхоша кулакашна дуьхьал жоп лур ду.

Массара а. Большевикийн ялта деран план шен заманчохь а, юьззина а кхочушъярца.

Хьаьлим. ТIаккха вай жоп лур ду партина — ялх гайтам кхочушбарца...

Массара а. Бахамаллехь а, вовшахтохараллехь а колхозаш чIагIъярца».

Автора говза кхоьллина и диалог. Шайгахь коьрта маьIна долу репликаш («Большевикийн ялта деран план шен заманчохь а, юьззина а кхочушъярца», «Бахамаллехь а, вовшахтохараллехь а колхозаш чIагIъярца») муьлххачу а цхьана персонажо аьлла йоцуш, дуккхаммо а («массара а») бохуш ю. Иштачу диалогехь къеггина билгалдолу юкъара бахам кхолларна берриге а колхозхой тIебирзина хилар.

ТIаьххьара далийнчу пьеси тIера хиламаш берзош долчу оцу суьрто гойту, колхоз кхолларехьа болчу къийсамехь толам а баькхина, къехой хIинца шайн колхозан дола а деш, цуьнан дай а хилла дIахIиттар а, партин кхайкхамашна колхоз чIагIъярца цара жоп лург хилар а.

Халкъан дахарехь доккха маьIна долу хийцамаш хуьлу хан ю Бадуев СаьIида шен пьеси тIехь гайтинарг. Коллективизаци кхочушъеш халкъана хьалха хIиттина яккхий халонаш гайтарца цхьаьна, яздархочо кхоьллина исбаьхьаллин ницкъах дуьззина долу турпалхойн васташ. Пьесин хIор персонажан а шен къаьсттина долу сибат-амат а, шен амалш а ю. Яздархочо цхьана басаршца ца гайтина ерриге а персонажаш. ХIор турпалхо шен дахаран хьелашка хьаьжжина къаьсташ ву. Царех хIораммо а кхочушдеш долу гIуллакхаш церан классови кхетам билгалбоккхуш ду. Ма-

сала, къехо Жамалда а, юккъерхо Дауд а, кулак Арсби а шайн гIиллакх-амалшца а, дуьненехьежарца а тайп-тайпана адамаш ду. Иза билгалдолу церан къамелехь а, вовшашца йолчу юкъаметтигашкахь а, цара кхочушдечу гIуллакхашкахь а.

Говза диалог ялош а, хазачу маттаца а язйина пьеса. Персонажийн мотт хIоранна шен-шен амалш билгалйохуш бу. Къехойн ойланехь хийцам хилар, церан кхетам кхиар цара буьйцучу маттаца а билгалдаькхина автора. Колхозе язбеллачул тIаьхьа церан къамелехь кест-кестта хеза цхьалхахой болчу хенахь царна девзина ца хилла дешнаш: *агроминимум, большевикийн бIаьсте, ялта деран план, большевикаллица ялта дер, юкъара кхача, ясли,* кхидерш а.

Дахарехь хIетта хуьлуш лаьтта гIуллакхаш дара Бадуев СаьIида шен пьеси тIехь къастийнарш. Нохчийчохь колхозаш йохку а, оцу колхозашна дуьхьало еш, кулакаш карзахбевлла а хан яра иза. Къеггинчу исбаьхьаллин суьрташкахь пьесин автор кхойкхура юьртахошка, шайна юкъара кулакаш дIа а бахий, колхозаш вовшахтоха, бохуш. Коллективизаци кхочушъяр халкъан бахамехь доккха маьIна долуш гIуллакх хилар а, юьртахоша иза кхиамца кхочушдийраг хилар а чIагIдора «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьеси тIехь.

Иштта дерзор ду хьехархочо классехь пьеса Iамор.

Драматически произведени дешархошца къастор коьрта долчу декъана хIокху схемица кхочушда тарлур ду:

1. Пьеса язъяран истори а, иза сцени тIехь хIитторан хьокъехь а. (Хьехархочун дош).

2. Пьесин къовсам (конфликт) къастор:

а) хIун материал ю пьесин чулацамехь ерг, мацалера гIуллакхаш ду цу тIехь къастораш, оцу заманан а, адамийн цу хенахьлерчу Iер-дахаран а билгалонаш муха го произведени тIехь;

б) пьеси тIехь хIиттийнчу проблемин юкъараллин дахарехь долу маьIна, тайп-тайпанчу социальни тобанех долчу адамийн юкъаметтигаш оцу проблемашца билгальяхар;

в) пьесин коьрта къовсам билгалбаккхар;

г) пьеси тIера гIуллакхаш дIадоладаларан а, уьш кхиаран а тидам бар (пьесин дакъош дешар, коьртачу хиламийн маьIна дар, цу тIерачу персонажийн юкъаметтигех кхиар);

д) пьеси тIерачу гIуллакхийн дерзаран тидам бар.

3. Пьесин къовсамах лаьцна дешархоша схьадийцар. Пьесин идейни чулацам.

4. Дешархоша дийцинарг тIедузуш а, жамIаш деш а долу хьехархочун дерзор.

ЛИТЕРАТУРАН ТЕОРИ IАМОР

Къаьмнийн школашкахь ненан меттан литература хьоьхуш теори Iаморан хьокъехь методисташна хеташ дерг тайп-тайпана ду. Цхьаболчара боху, оьрсийн литературан урокашкахь Iамо еза теори, ткъа ненан меттан литература хьоьхуш оьрсийн литературан урокашкахь кхолладелла теоретически хаарш карла а дохуш, царех пайдаэца беза. Вукхара ненан меттан литературан урокашкахь Iамо езаш лору теори. ХIунда аьлча, теоретически гIуллакхаш дешархошца къастош ца хилча, ненан меттан литература дешархошна кIорггера а евзар яц, цуьнан ша-тайпана йолчу башхаллех а кхетар бац уьш. Литературан теори Iаморан гIуллакх мелла а кхечу кепара хилча нийса хетарш а бу. Цара боху, 4—7-чуй классашкахь ненан меттан литературан урокашкахь Iамо еза теори, ткъа 8—10-чуй классашкахь оьрсийн литература хьоьхуш кхочушда деза и Iамор.[1]

Методистийн оцу кхаа тобанах хIоранна а хеташ дерг шен башхаллаш йолуш ду. Оцу хьокъехь кхузахь дукха дийца вайн таро яц, амма кIеззиг ца хьахийча ца долу. КIорггера идейно-исбаьхьаллин чулацам болуш, Iаламат мехала ю оьрсийн классически а, советски а литература. Шен йоккха истори а йолуш, ша кхиарехь лакхенашка кхаьчна ю иза. Теорех долу муьлхха а хIума къасто йиш ю оьрсийн литература хьоьхуш. Ткъа нохчийн литература хьоьхуш теори Iамо иштта шуьйра таронаш яц.

Амма хIетте а ненан меттан литература хьоьхуш а ца Iамийча ца йолу теори. Нохчийн къоман исбаьхьаллин литературах кIорггера кхетар бац дешархой оцу литературан ша-тайпана йолу башхаллаш ца хиъча. ХIор къоман литературехь ша-тайпана хуьлу, масала, стихаш кхолларан кеп, шайн башхаллаш йолуш хуьлу литературни жанраш кхоллаялар а, уьш кхиар а. Социалистически реализм кхоллаялар а, иза кхиаран некъаш а шайн башхаллаш йолуш ду къаьмнийн литературашкахь.

Литературан теорин гIуллакхаш меттан башхаллех дозаделла а ду. Къоман меттан башхаллашка хьаьжжина шайн къастамаш болуш хуьлу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш (эпитеташ, дустарш, метафораш, олицетворенеш, и. дI. кх.). Стихан барамах, цуьнан екарх, мукъамах кхиа йиш яц къоман меттан башхаллаш тидаме ца эцча. Оцу а, царех терра кхидолчу гIуллакхаша а гой-

---

[1] *Липаев А. А.* Изучение теории русской литературы в старших классах национальной школы. М., 1962, с. 3—5.

Горбунов В. В. Актуальные проблемы методики преподавания родных языков и литератур в свете решений XXV съезда КПСС.—В кн.: Вопросы преподавания русского и родных языков в национальной школе, М., 1977, с. 22—23.

ту литературан теори ненан меттан литература хьоьхуш лакхарчу классашкахь а Іамо езаш хилар.

Нохчийн а, оьрсийн а литературан урокашкахь теори хьехар цхьаьнадогІуш нисда деза, литературан теори Іаморехь координаци хила еза. Оьрсийн литературан урокашкахь дешархоша теорех лаьцна цкъа Іамийнарг юха нохчийн литература хьоьхуш керла материал санна дийца оьшуш дац. Карла а даькхина, эшахь тІе а дуьзна, дешархошка цунах пайдаоьцуьйтур бу нохчийн литературан хьехархочо. И литературан теорех долу хІума нохчийн литературехь шен башхаллаш йолуш делахь, царех кхетор бу дешархой. Ткъа нохчийн литература хьоьхуш кхолладеллачу теоретико-литературни хаарш тІехь а цу тайпана болх дІахьур бу оьрсийн литературан урокашкахь.

Лакхарчу классашкахь теоретико-литературни хаарех кхетам луш хьалхарчу классашкахь дешархойн кхолладеллачу хааршна тІетовжа веза хьехархо. Ша хьоьхуш волчу классе кхачале дешархоша теорех Іамийнарг хІун ду, хІинца церан теоретически хаарш муха ду хууш хила веза иза керла теоретико-литературни хаарш дешархошца Іамо ша волалуш. Теорех лаьцна дешархоша хьалха Іамийнчунна тІе а тевжаш, цунах пайда а оьцуш, дІахьур бу цо кхидІа беш болу болх.

Литературан программаш тІехь билгалдаьхна дешархошна дала дезаш долу теоретико-литературни хаарш.

8-чу классехь ненан меттан литература хьоьхуш дуьххьара дешархошна луш болчу теоретически хаамашна юкъадогІу нохчийн литература вайнехан барта кхолларалли буха тІера йолаелла а, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературех пайда а оьцуш кхиъна а хиларх дешархой кхетор. И гІуллакхаш къастош дешархошна кхетам лур бу советски къаьмнийн литературийн вовшашца йолчу уьйрех (о взаимосвязях) лаьцна. Оьрсийн-нохчийн а, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературех пайда а оьцуш, гайтарца кхочушдийр ду иза хьехархочо. Кхузахь дуьйцур ду оьрсийн сийлахь-воккхачу яздархочо А. М. Горькийс къаьмнийн литератураш кхиаран Іаламат йоккха терго йина хиларан хьокъехь, Бадуев СаьІида А. М. Горькийх лаьцна а, цуьнан кхолларалла нохчийн литература кхиарехь Іаламат беркате хиларан хьокъехь а яздинарг.

Дешархошна къеггина гойтур ду нохчийн советски литература кхоллалучу а, кхуьучу а муьрехь баккхийчу оьрсийн яздархоша А. А. Фадеевс, А. С. Серафимовича, В. П. Ставскис, В. А. Луговскойс, Э. Г. Багрицкийс, кхечара а вайнехан яздархошна церан кхолларалли корматалла кхиорехь доккха гІо дина хилар.

Вайнехан яздархоша, поэташа оьрсийн литературан классикийн А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермонтовн, Л. Н. Толстойн, А. А. Фетан, Сийлахь-баккхийчу советски яздархойн А. М. Горькийн, В. В. Маяковскийн, дуккха а кхечеран а произведенеш нохчийн матте яхарх лаьцна а, вайн къоман литературан произведенеш оьрсийн матте а йохуш Москвехь а, кхечу гІаланашкахь а арахоьцуш хиларх лаьцна а дуьйцур ду дешархошна. Нохчийн литературан кхечу къаьмнийн литературашца йолу уьйраш а гайта еза хьехархочо лакхарчу классашкахь. Масала, вайнехан яздархойн украински литераторшца йолу зІе, Къилбаседа Кавказан къаьмнийн литературни уьйраш.

Къаьмнийн литературийн вовшашца йолу уьйраш йовзаро дешархошна гІо до ерриге а советски литературан башхаллех кхета. Царна гучудолу советски литература — иза дуккхакъаьмнийн литература хилар. Цу юкъайогІуш йолу хІор къоман литература шен къастамаш болуш ю, амма оцу ерригене а йоккха цхьаалла ю — социалистически чулацамца, цхьа Іалашонаш йолуш хиларца.

Советски дуккхакъаьмнийн литературах дешархойн болу кхетам кІаргбо 8-чу а, 9-чу а, 10-чу а классашкахь тайп-тайпанчу къаьмнийн литературийн хьокъехь йолу теманаш Іамош. Лакхарчу классашкахь къаьсттана яккхий таронаш ю дешархоша Іамош йолчу оьрсийн советски литературан материалах кІорггера пайда а оьцуш и болх дІабахьа.

Нохчийн стихан башхаллаш йовзийтар а тІедожадо программаша лакхарчу классашкахь литература хьоьхуш. Стихан башхаллех дешархошна лахарчу классашкахь а дийцина, хІинца церан и хаарш цхьана системе а далош, кхидІа а кІаргдан дезар ду. Хьехархочо дуьйцур ду къаьмнийн литературашкахь стих кхолларан тайп-тайпана кепаш хиларх лаьцна. Нохчийн стихан кеп силлабо-тонически лору. Силлабо-тонически боху дешнаш гречески маттера схьадаьлла ду (*силлабо*—дешдакъа, *тонос*—тохар), вайга уьш оьрсийн маттехула кхаьчна. Стих кхолларан силлабо-тонически кеп дешдакъойн барамца а, тохаршца а, и тохарш могІанехь дІанисдаларца а билгалйолуш ю. Оцу кепехь язйинчу стихан башхаллаш ю дешдакъош цхьана барамехь хилар а, тохарш цхьана барамехь хилар а, тохарш долу дешдакъош тохарш доцучаьрца хийцадалар цхьана барамехь хилар а. Нохчийн поэтийн стихаш тІера масалш а далош, хьехархочо йовзуьйтур ю дешархошна стих кхолларан силлабо-тонически кепан башхаллаш.[1] Царна хууш дерг карла а доккхуш, кхидІа а кІаргбийр бу дешархойн стихан гІулчах, стихан барамах болу кхетам. Шайга билгалбохуьйтур бу тайп-тайпанчу стихийн барамаш. Нохчийн стих гуттур а бохург санна хорейн, дактилан барамашкахь хи-

[1] «Стих кхолларан силлабо-тонически кеп» цІе а йолуш статья ю 8-чу класан учебник тІехь (27—30 агІонаш).

лар гойтур ду. 8-чу классан учебник тIехь дийцина стих кхолларан оцу кепан башхаллех лаьцна, цундела вай кхузахь доцца хьахийна дитина.

8-чу классехь драматургически кьовсамах (конфликт) кхетамбалар билгалдаьккхина программаша. **Драматургически произведени тIехь вовшашна дуьхь-дуьхьал лаьтташ болчу ницкъашна юкъарчу къовсамах драматургически къовсам олу.** Произведенин сюжет кхиар исбаьхьаллин кьовсамехула кхочушхуьлуш ду. Къаьстана доккха маьIна ду кьовсаман драматургически произведенешкахь. Кхузахь произведенин берриге а хиламаш а, персонажийн амалш кхиар а сюжетан бухе биллинчу кьовсамехула кхочушхуьлуш ду. Драматургически произведени тIера турпалхой вовшашца кьийсаме бовлу, дукха хьолахь Iаламат ира хуьлу царна юкъара кьовсам. Оцу ковсамехь билгалйовлу персонажийн амалш, церан дуьнене хьежар. Авторан лехамаш а, пьесин идейни чулацам а билгалболу драматургически къовсам кхиаре а, берзаре а хьаьжжина. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса Iамош бIегIийла ю драматургически кьовсамах кхетам бала. Юкъара бахам кхолла гIертачу къехошний, колхозан боламна дуьхьал болчу кулакашний юккъерчу кьовсамах лаьтташ ю С. Бадуевн пьесин сюжет. Кулакан Арсбин а, кьехочун Жамалдин а амалш, цу шинна хIоранна а вахаран Iалашонаш гучуйовлу пьесин сюжетан бухехь болу ира кьовсам кхиаре хьаьжжина. Колхозаш йохкучу хенахь вайн ярташкахь хилла классови кьийсам бу драматурга шен пьеси тIехь гайтинарг. Коллективизаци кхочушъяр Iаламат чолхе, хала гIуллакх хилар го вайна. Халчу кьийсамехь толам баьккхийра ахархоша. ТIаьххьаре а, шайна новкъара кулакаш дIа а баьхна, берриге а къехой юкъарчу бахамна тIебирзира. Большевикаллица ялта дерехьа болу кьийсам толамца чекхбелира. Цу тайпана, пьесин идейни чулацам а, авторан тIетовжамаш а произведенин сюжетан бухехь болу кьовсам берзаре хьаьжжина гучубовлу.

9-чу классехь дешархошна лирикех кхетам ло, лирически турпалхочух болу кхетам кIарг а бо. Литературан кхаа тайпанах цхьаъ ю лирика. Лирикехь дахар гойту оцу дахарерчу гIуллакхаша меттахьяьхна йолу адамийн ойланаш, синхаамаш гайтарехула. Лирически произведенехь кьеггина билгалбовлу авторан синхаамаш, ойланаш. Масала, Мамакаев Iаьрбин лирикехь вайна Iаламат кьеггина го авторан йоккха патриотизм. Стеган мехалла цо халкъана, махкана дечу гIуллакхаца билгалйолуш хилар чIагIдо поэта. Интернационалист ву поэтан лирически турпалхо (лирически турпалхо — авторан лаамаш, синхаамаш шеца билгалбовлуш долу исбаьхьаллин васт), цуьнан интернационализм ша вина мохк, цуьнан Iалам, цуьнан адамаш дезарна тIера дIайолалуш ю. Советски Даймехкан дуьхьа, халкъан дуьхьа вахар,

шен хаарш, хьуьнарш, дерриге шен дахар халкъана, хьомечу Даймехкана дIалуш хилар лору цо стеган сийлалла. Халкъан лазамашца, цуьнан хазахетаршца вехаш хиларх йоллу стеган оьздангалла, гIиллакх: «Хьайн мехкан, хьайн халкъан ирс дебна аьлла, догдика хиллачу сирлачу дийнахь, дуьненах воккхавеш, самалхадаьлла хьо велахь, кьонахчун дог ду хьан кийрахь!» — боху поэта.

«Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолчу поэми тIехь болх беш хьехархочо кIаргбийр бу лирически турпалхочух болу дешархойн кхетам. Цо кьеггина гойтур ю поэмин лирически агIо. Дешархойн тидам сацор бу поэма йолалуш долу хьалхара дош а, иза чекхъяьлча далийна тIаьхьара дош а авторера хиларна тIехь. Кхузахь вайна хьалха хIутту шен халкъ, Даймохк безаш волчу, царах дог лозуш волчу оьздачу лирически турпалхочун васт. Поэмин сюжетана юьстах а вуьйлуш, философски ойланаш йо автора дахаран гIуллакхех лаьцна, шен турпалхошка йолу шовкъаш гучуйохуш, даймехкан Iаламан хазаллех цецвуьйлуш. Дуккха а долчу лирически юьстахвийларшкахь поэта дахарх, безамах, доттагIаллех, валарх-висарх еш йолчу ойланаша гIо до поэмин хиламех кIорггера кхета.

«Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолчу поэми тIехь шуьйра гайтина халкъан дахар, кхоьллина хьуьнаречу турпалхойн васташ, дехкина исбаьхьчу Iаламан суьрташ. И дерриге а эпически хIуманаш поэта гайтина шен даг чухула довлуш санна, деган йовхо царна дIаелла цо. Цундела поэми тIера хIор васт шеца лирически билгало йолуш ду.

Цу тайпана болх баро таро ло дешархойн лирикех а лирически турпалхочух а болу кхетам кIаргба.

Литературан кьомаллех а (народность) кхетам ло дешархошна 9-чу классехь.

Литературан кьомаллин билгалонаш коьрта долчу декъана хIорш ю: 1) **исбаьхьаллин произведени тIехь къастош долу гIуллакхаш къоман дахарехь доккха маьIна долуш хилар;** 2) **произведенин чулацамера и гIуллакхаш къастор халкъана пайдехьа долчу агIор кхочушдар;** 3) **произведени говза язйина а, цуьнан исбаьхьаллин кеп халкъана кхетар йолуш а хилар.**

Мамакаев Iаьрбин «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолу поэмин, Арсанов СаIид-Бейн «Маца девза доттагIалла» боху романан, Эдилов Хасмохьмадан «Сийлаха» поэмин чулацам тIехь кхето мегар ду дешархой литературан кьомаллех. Масала, «Нохчийн лаьмнашкахь» поэми тIехь гайтина долчу чIир екхаран а, зуда шена ца луучу маре яларан а Iадаташна дуьхьал кьийсам латтор нохчийн халкъан дахарехь доккха маьIна долуш хилла, и Iадаташ бахьанехь даккхий зуламаш лаьттина адамашна юкъахь. Автора шен произведени тIехь оцу Iадаташна дуьхьал кьийсам лат-

табо, уьш адамашна зуламе хиларна халкъана юкъара дIадаха дезаш хилар чIагIдо. ТIаьххьаре а, Мамакаев Iаьрбин поэма йоккхачу исбаьхьаллица язйина ю, йоьшуш верг шен чулацамах атта кхеташ а, даг чу юьжуш а ю. Цу кепара, «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолу поэма къомалла йолуш хилар гойту дешархошна.

10-чу классехь литературан партийность а, социалистически реализм а юьйцуш хьехархочо пайдаоьцур бу оьрсийн советски литературан урокашкахь дешархоша Iамийнчух. **В. И. Ленинан «Партийни организаци а, партийни литература а» бохучу статья тIехь леррина болх бийр бу классехь. Дешархошна бовзуьйтур бу, кIорггера уьш кхета а беш, В. И. Ленина социалистически литературана хьалха хIиттийна лехамаш.**

Нохчийн литература, ерриге а советски литератураш а санна, социалистически реализман метод шен бухехь йолуш кхуьуш хилар гойтур ду дешархошна. Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан, Музаев Нурдинан, Арсанов СаьIид-Бейн, Мамакаев Iаьрбин, Ошаев Халидан, Гайсултанов Iумаран, Мусаев Мохьмадан, Сулаев Мохьмадан, кхиболчу яздархойн а произведенеш социалистически дахаро дахьаш долу керланиг чIагIдеш, коммунистически идеалаш адамийн дегнашкахь кхиоре хьажийна ю. Бадуев СаьIидан «ЦIе гIап», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Тракторхо Жуьнид» цIераш йолчу произведенийн турпалхой шайн берриге а ницкьаш, оьшшучу меттехь дахар а, керла, социалистически юкъаралла дIахIотторна дIалуш бу. Музаев Нурдинан «Сатийсаман ницкь», Мусаев Мохьмадан «Анзор» цIераш йолчу романаш тIехь белхалойн классан а, технически интеллигенцин а векалш гайтина. «Сатийсаман ницкъ» цIе йолчу роман тIехь исбаьхьаллица гайтина вайн республикерчу нефтяникийн таханлера гIуллакхаш. Мехкан хазна — нефть лохуш а, доккхуш а белхалоша а, Iилманчаша а шайн хаарш, хьуьнарш ца кхоош, хаддаза керланиг юкъадалош балха тIехь кхиамаш бахарехьа латтош болу кьийсам бу романан чулацамехь. Музаев Нурдинан «Сатийсаман ницкь», «Органан тогIехь», «Къонахийн болар» цIераш йолчу произведенийн турпалхой нефтяникаш, Iилманчаш, ахархой шайн хьаналчу кьинхьегамца халкъан хьал дебош бу.

Гайсултанов Iумаран «Малика», Мусаев Мохьмадан «Анзор», Сулаев Мохьмадан «Товсолта ломара дIавоьду», Исаева Маремин «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой», дуккха а кхийолчу произведенеш тIехь а гайтина тайп-тайпанчу къаьмнех долчу советски адамаша цхьабартболуш, вежараллин доттагIаллица цхьаьна а кхетта, коммунистически кханенга бечу новкъахь халонаш эша а еш, керла толамаш бахар. Коммунистически партис халкъашна хьалха хIиттош долу декхарш кхочушдарехь шен йолчу таронашца дакъалоцуш ю нохчийн советски литература а.

Цу тайппана, билггалйолу произведенеш а кьастош гойтур ду хьехархочо нохчийн советски литературан исбаьхьаллин метод социалистически реализм хилар.

БорхIалгIа корта

ЛИТЕРАТУРА ХЬОЬХУШ ГАЙТАМАН ГIИРСАХ ПАЙДАЭЦАР

Литература хьехар эвсараллица дIадахьа гIо до гайтаман гIирсаша. Яздархочун дахарх лаьцна дуьйцуш а, исбаьхьаллин произведени Iамош а, теоретически хаарш луш а шен барамехь лелийнчу гайтаман гIирсаша дешархошна гIо до Iамош йолчу материалах кхоччуш кхета, керла хаарш сиха а, кIорге йолуш а карадерзо. Шайга дуьйцуш дерг хазарал совнаха, цунах дозаделла хIуманаш бIаьргашна гуш а хилча Iаткъам совболу дешархошна. Церан леран эс а, бIаьран эс а цхьаьний хIума тIеоьцуш хилча, иза чIогIа лар юьтуш ду дешархойн кхетамехь а, дегнашкахь а. Хьехархочо литературан урокашкахь гуттар а пайдаэца богIу гайтаман гIирсаша лучу таронех.

Литература хьоьхуш лелош болу гайтаман гIирсаш тайп-тайпана бу: яздархочун суьрташ, живописан суьрташ тIера репродукцеш, таблицаш, схемаш, литературан плакаташ, дешархоша ехкина иллюстрацеш, фотоальбом, географически карта, яздархочун хилла хIуманаш а, документаш а, аз долу пособеш (грампластинкаш, фонохрестомати, магнитни лента) и. дI. кх. Царех кхиамца пайдаэцархьама оьшу дешаран технически гIирсаш: проигрыватель, проекционни аппараташ, магнитофон, киноустановка.

Хьовсур вай яздархочун дахарх лаьцна дуьйцуш а, произведенин текст тIехь болх беш а, теорин хаарш луш а муьлхачу гайтаман гIирсех пайдаэца бегIийла ю.

ЯЗДАРХОЧУН ДАХАРАН А, КХОЛЛАРАЛЛИН А НЕКЪ БУЬЙЦУШ ГАЙТАМАН ГIИРСАХ ПАЙДАЭЦАР

Яздархочун дахаран а, кхолларалин а некъ буьйцуш йолчу урокехь пайдаоьцучу коьртачу гайтаман гIирсах ду яздархочун сурт. Доккха даьккхина долу яздархочун сурт дешархошна дуьхьала болчу пенах ерриге а урокехь хилийта деза. Художнико диллина сурт иза делахь, дешархойн тидам сацор бу яздархочун хIун амалш муьлхачу аматашца билгальяьхна оцу суьрта тIехь художнико, бохучу гIуллакхаш тIехь. И сурт а исбаьхьаллин произведени хиларх а, цуьнан башхаллех а лаьцна дийцича дика хир ду хьехархочо.

8-чу классан учебник тIехь ду Бадуев СаьIидан скульптурни сурт (скульптурин автор А. Софронов ву). Иза дешархошна гой-

туш (гуттар дика хир дара цу тIера доккха сурт а даьккхина, дешархошна иза гайтича) хьехархочо хоттур ду: «Бадуев СаьIид муха гайтина аьлла хета шуна скульптоpo?». «Цуьнан сибате хьаьжча, хIун алалур дара шуьга?». Дешархоша билгалдоккху скульптурни суьрта тIехь яздархо цхьа йоккха кхолларалли ойла йолуш, поэтически айамехь гайтина хилар. Яздархочун сибатамат гайтина ца Iаш, цуьнан поэтически похIма скульптоpo гойтуш санна хетало вайна, олу дешархоша. Хьехархочо, цара аьлларг кIарг а деш, доцца къамел до Бадуев СаьIидан скульптурни суьртах лоций.

Литературан урокашкахь яздархочун биографи юьйцуш пайдаоьцу иза вина а, ваьхна а, лелла а йолчу меттигийн суьртех а. Яздархочун дахарх йозаеллачу меттигийн суьрташа гIо до дешархошна цуьнан дахарх а, кхолларалле х а дика кхета. Масала, Ачхой-МартантIехь Мамакаев Мохьмад цIарах урам бу, мемориальни у ду, № 2 йолчу юккъерчу школехь яздархочун музей схьайиллина; Грозный-гIалахь Хамидов Iабдул-Хьамид ваьхначу цIеношна тIетоьхна а ду яздархочун сий даран мемориальни у; Бадуев СаьIидан цIарах урамаш ду Хьалха-Мартантехь а, Грознехь а. Оцу урамашкахь цхьадолчу цIеношна тIе тоьхна ду нохчийн советски литературан бухбиллархочун сий деш, цуьнан цIарах уьш хилар билгалдоккху йозанаш, 1929—1938-чуй шерашкахь Бадуев СаьIид Iийначу цIеношна тIетоьхна мемориальни у а ду. Оцу меттигийн суьрташ а даьхна, уьш дешархошна гайтаро гIо дийр ду хьехархочунна яздархойн биографеш Iамочу урокашкахь.

Яздархочун дахарх лаьцна дуьйцучу урокашкахь гайтаман гIирс хилла лела тарло географически карта а. Масала, Арсанов СаьIид-Бейн биографи Iамочу урокехь географически картех пайдаэцча, хьехархочун таро хир ю дешархошна иза хилла меттигаш карти тIехь ган а гойтуш, цуьнан дахарехь а, кхолларалле хь а коьрта меттиг дIалаьцначу гIаланашна а, мехкашна а тIехь церан тидам сацо.

Литературан урокехь яздархочун биографи юьйцуш пайдаоьцу литературни плакатех а. И плакаташ дешархошка гIо а дойтуш, ша кечдан мегар ду хьехархочо. Плакат тIехь яздархочун сурт а хир ду (тайп-тайпанчу хенахь даьхна долу масех сурт хилча а дика хир дара), цуьнан книгийн суьрташ а хир ду, яздархочун произведенеш тIера схьаэцна цитаташ а, цуьнан исбаьхьаллин произведенешна йолу иллюстрацеш а хир ю. Цуьнан хенахь баьхначийн яздархочух лаьцна болчу дагалецамаш тIера схьаэцна дешнаш а далор ду плакат тIехь.

Биографи Iамочу урокехь Iаламат пайдехьа хуьлу дешархоша шаьш кечйина яздархочун дахарх а, кхолларалле х а лаьцна йолу фотоальбом а.

Мехала ду и гайтаман гIирсаш Iамочу материале хьаьжжина шайна йогIуш йоллучу меттехь урокана юкъабалор.

ИСБАЬХЬАЛЛИН ПРОИЗВЕДЕНИ IАМОШ ГАЙТАМАН ГIИРСАХ ПАЙДАЭЦАР

Литература хьехархь гайтаман гIирсех пайдаоьцуш хаа деза церан гIо даран маьIний бен цахилар. Гайтаман гIирсаша гIо до урок эвсараллица дIаяхьа, урокан дешар Iаморан а, кхетошкхиоран а маьIна садаккха. Хьехархочо пайдаоьцу шен урокехь дешаран материалаца богIуш боллучу гайтаман гIирсех.

Тайп-тайпана а, алссам а бу исбаьхьаллин произведени Iамош пайдаоьцу гайтаман гIирсаш. Кхечу гайтаман гIирсашца цхьаьна хрестоматешна а, учебникашна а тIера иллюстрацеш а ю дешархойн тидам шайна тIехь сацо безаш. Цара гIо до произведенин маьIнех кIорггера кхета я царна ца хууш дерг довзийта. Иштта 8-чу, 9-чу, 10-чу классийн учебникашна тIехь ду Нажаев Ахьмадан, Дудаев Iабдин, Бадуев СаьIидан, Айсханов Шамсуддинан, Мамакаев Мохьмадан, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Ахматова Раисин школехь Iамош йолу произведенеш дуьххьара зорбатоьхначу книгийн мужалтийн суьрташ а, царна тIерачу цхьайолчу иллюстрацийн а, театрехь хIиттийнчу спектаклийн сценийн суьрташ а. Оцу суьрташа, къаьсттина 8-чу классан учебник тIехь далийнчара, дешархошна гойту 20—30-чу шерашкахь арайийлина книгаш. Уьш хIинца карош а яц, библиотекашкахь а ца нисло. Дешархошна уьш йовзар шен мехалла йолуш ду.

Исбаьхьаллин произведенеш йоьшуш дешархоша шаьш ехкинчу иллюстрацех пайдаэцар а ду Iаламат мехала. Дешархойн исбаьхьаллин корматалла, эстетически культура кхиарна гIо до оцу балхо.

Къоман художникаша дехкинчу суьрташ тIера репродукцеш а лела урокехь гайтаман гIирсан гIуллакх деш. Уьш мехала ю дешархошна къоман дахарх кхиа, литературан, искусствон социалистически чулацам а, къоман форма а йовза гIо дарехь.

Нохчийн литературан урокашкахь Iамочех цхьайолу произведенеш къоман драматически театран сцени тIехь хIиттийна а, хIинца а хIиттош а ю. Масала, Хамидов Iабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» цIе йолу турпалаллин драма, Бадуев СаьIидан «Бешто», «ПетIамат», кхиерш а. Театро уьш хIитточу хенахь тайп-тайпанчу сценийн даьхна суьрташ урокехь гайтаро урокан эвсаралла сайоккху. Масала, «Лийрбоцурш» цIе йолчу драми тIехь советски бIаьхойн вастех кIорггера кхета гIо дийр ду и пьеса сцени тIехь хIоттош даьхна суьрташ дешархошна урокехь гайтича, царех лаьцна къамел дича. 10-чу классан учебник тIехь далийна Нохч-ГIалгIайчоьнан халкъан артиста Омаев Дагуна Нурадилов

Ханпашин ролехь даьккхина сурт. Оцу пьесин коьртачу турпалхочун васт къастош хьехархочо дешархойн тидам сацор бу суьрта тIехь. Шаьш пьеса йоьшуш иштта хетарий шуна Нурадилов Ханпаша? — бохучу хаттарца дIа а долийна, къамел дан тарлур ду дешархошца цу хьокъехь.

8-чу классехь «Бешто» повестан чулацамах, цуьнан вастех кIорггера кхета гIо дийр ду и произведени театран сцени тIехь хIоттош даьхна суьрташ дешархошна урокехь ган а гойтуш, церан хьокъехь къамел дича, дешархошка шайга а царех лаьцна дийцийтича.


Исбаьхьаллин произведени Iамочу урокехь пайдаоьцу аз долчу хрестоматех а (фонохрестоматия). Программехь Iамош йолу произведени я, нагахь санна и произведени дукха йоккха елахь, цуьнан дакъош тIехь долчу грампластинкех лаьтта уьш. Аз долчу хрестоматешна исбаьхьаллица йоьшуш волчо ешарца тIеяьхна хуьлу литературни произведенеш. Царех пайдаэца тарло яздархочун кхолларалла юьйцуш а, исбаьхьаллин произведенин текст Iамо йолош а, иза Iамочу хенахь а. Нохчийн литературан аз долу хрестоматеш кечйина 8-чу а, 9-чу а, 10-чу а классашна. Нохчийн литературан урокашкахь шайх эвсараллица пайдаэцалуш ю къоман музыка а, эшарш а тIехь йолу грампластинкаш а. Уьш Iамочу исбаьхьаллин произведенин чулацамца йогIуш ерш лаха еза хьехархочо шен балхана.

Литература хьоьхуш гайтаман гIирс хилла лела тарло чертеж а. Цо гIо до литературан урокехь билггал йолу произведени Iамош дешархойн тидам оьшшучу гIуллакхаш тIехь сацо.

Цаьрга терра кхиболчу гайтаман гIирсех а пайдаоьцу, исбаьхьаллин произведенин текст тIехь болх беш. **Коьртаниг ду, хьехархочо литературан урокашкахь пайдаоьцу гайтаман гIирсаш Iамочу исбаьхьаллин произведеница богIуш а, цуьнан чулацамах кхета, иза эвсараллица тIеэца дешархошна гIо деш а хилар.**

ЛИТЕРАТУРАН ТЕОРИ IАМОШ ГАЙТАМАН ГIИРСАХ ПАЙДАЭЦАР


Литературан теори Iамош хьехархочо гайтаман гIирс лелоро дешархошна гIо до теоретически материалах кхета а, цул тIаьхьа шаьш исбаьхьаллин произведени йоьшуш а, толлуш а оцу теоретически хаарех пайдаэца а. Зеделларг долчу хьехархоша тайп-тайпанчу гайтаман гIирсех пайдаоьцу дешархошна теоретико-литературни хаарш луш. Уьш бу коьрта долчу декъана хIокху кепара: схемаш, таблицаш, рисункаш. Дешархошка дIакхачо беза теоретически кхетам схема, таблица хIотторца я суьртехула билгалбаккха хьожу хьехархо. Масала, литературан тайпанаш довзуьйтуш, иштачу таблицех пайдаэца мегар ду:



Иза доккхачу кехат тIехь кеч а йина, дешархошна хьалхарчу пена тIе дIатухур ю хьехархочо.

ТIейогIучу хенахь литературан тайпанех а, жанрех а болу дешархойн кхетам кIарг а беш, церан теоретически хаарш цхьана системе далош хьехархочо алсамо дуьйцур ду исбаьхьаллин литературан произведенеш шайна тIехь дахар гайтаран кепе хьаьжжина кхаа тайпане (эпически, лирически, драматически) екъалуш хиларх. Литературан тайпанаш — эпос, лирика, драма, — билгалдолчу исторически хьелашкахь кхолла а делла, и хьелаш хийцадаларе хьажжина шаьш хийцалуш а схьадаьккина. Исбаьхьаллин литературан ерриге а произведенеш оцу кхаа тайпанна юкъа йогIу. Литературан тайпанаш билггалйолчу жанрашца кьаьсташ ду. Эпически произведенеш ю, масала, дийцар, повесть, роман; лирически произведенеш: стихотворени, йиш, илли, драматически произведенеш: комеди, драма, трагеди.[1]

Кхузахь тарлур ду литературан тайпанаш гойту таблица кхидIа яржа а йина, цунах пайдаэца. ТIаккха хIокху кепара хир ю иза:



[1] Литературан тайпанех шуьйра а, лирический, лиро-эпический произведенеш школехь Iаморах а лаьцна дийцина хIокху книги тIехь: I. М. Арсанукаев. Юккъерчу школехь лирически а, лиро-эпически а произведенеш Iамор. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1984.

Кхеташ ду оцу таблици тIехь хIор тайпанна юкъайогIу ерриге а произведенеш билгалъяьхна цахилар.

Литературан жанраш Iамош а гайтаман гIирсах пайдаэцча дика кхета дешархой церан башхаллех. Масала, поэмин жанран къастамаш буьйцуш пайдаэца тарло схематически суьртах. Поэма синтетически жанр ю, шеца лирически а, эпически а, драматически а билгалонаш а йолуш. Оцу тIе дешархойн тидам бахийта гIо до диллинчу суьрто а. Го а биллина, оцу гонан юккъехь нийсачу сизашца — эпическийнаг, тулгIенан сизашца — лирическийнаг, вовшийн хедош тIеттIадевллачаьрца — драматическинаг билгалдоккху.

Билггалйолу поэма Iамийна девлча, дешархошна тIедилла мегар ду, хIинца графически схьагайта вайна оцу пеэмин жанран башхалла, аьлла. Поэмин чулацамах, цуьнан жанрах нийса кхеттехь, дешархоша гонехь йоккха меттиг билгалйийр ю поэмехь алсам долчу эпическичунна, лирическичунна я драматическичунна. Нагахь санна Iамийнарг эпически поэма хиллехь, гонан юккъехь нийсачу сизашца дIалаьцна меттиг йоккха хир ю.

Iамийнарг лирически поэма хиллехь, тулгIенийн сизашца дIалаьцнарг йоккха хир ю.

Исбаьхьаллин произведенин композици Iамош а, суртхIотторан гIирсаш къастош а, меттан башхаллаш юьйцуш а тайп-тайпанан гайтаман гIирсаш лелабо урокехь. Стих кхолларан системех кхетам луш, стихан барам, стихан гIулч графически кепехь гойту. Шена тIехь тохар долу дешдакъа иштта — билгалдоккхуш, тохар доцу дешдакъа иштта ◡ билгал а доккхуш, дIаязйо стихан гIулчаш. ХIокху кепара хуьлу уьш тIаккха:

Хорей: — ◡
Ямб: ◡ —
Дактиль: — ◡ ◡
Амфибрахий: ◡ — ◡
Анапест: ◡ ◡ —
Спондей: — —
Пиррихий: ◡ ◡

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРАН КАБИНЕТ

Литература хьехарехь доккха маьIна ду говза вовшахтоьхначу, дика кечйинчу кабинетан. **Школехь ненан меттан литература хьехар вовшахтохаран а, иза эвсараллица дIадахьаран а коьрта меттиг ю литературан кабинет.** Шена чохь литературан урокаш дIаяхьа а, классал арахьара болх бан а лерина ю иза. Нохчийн литература хьоьхуш оьшу ерриге а материалаш цу чохь хила еза. Учебникаш, хрестоматеш, хIор дешархочунна тоьур йолуш исбаьхьаллин произведенийн тексташ хуьлу кабинета чохь. Гуччу мет-

те дIатуху классал арахьа еша езачу произведенийн список. Кабинета чохь Iалашйо фонохрестоматеш, къоман эшарш а, музыка а тIехь йолу грампластинкаш. Хьехархочо кабинета чохь шена а, дешархошна а гулйо гIеххьа библиотека. Цу юкъахь хир ю нохчийн матте яьхна В. И. Ленинан книгаш а, статьяш а, литературан а, искусствон а хьокъехь болу партин а, правительствон а сацамаш, КПСС-н а, Советски пачхьалкхан а куьйгалхойн белхаш.

Дешархоша классехь Iамочу исбаьхьаллин произведенех лаьцна критически статьяш, книгаш, литературоведчески белхаш, методически пособеш, тайп-тайпана лугIаташ, «Орга» альманахан комплекташ, «Ленинан некъ» гезетан подшивка хуьлу нохчийн литературан кабинет чохь йолчу библиотекехь. Оцу материалех хаддаза пайдаоьцу хьехархочо а, дешархоша а.

ХIор яздархочун цIарах цхьаццца папка кечйо хьехархочо, царна юккъе яздархочун сурт а, цуьнан дахарх а, кхолларалех а лаьцна материалаш йохку, оьшшучу хенахь шайх пайдаэца бIегIийла йолччу кепара. Дидактически материал гулйо: хаттарш а, тIедахкарш а тIехь долу карточкаш, сочинений тематика, иллюстрацеш, суьрташ, таблицаш, схемаш, дешархойн гIоьнца кечбина кхиболу гайтаман гIирсаш а. Шен дуккха а зеделларг долчу БердкIелхьарчу юккъерчу школан нохчийн меттан а, литературан а хьехархочо Дж. М. Махмаевс яздо: «...Тхан школан ненан меттан, литературан кабинета чохь «Хьехархочунна гIоьнна» аьлла йолчу стендехь «Дешархойн дозуш долу къамел кхиорна» аьлла тIехь йоза а долуш папка ю. Иза шина декъах лаьтта.

Хьалхарчу агIон тIехь дIаяздина: «Урокехь сочиненеш язъян лерина суьрташ». Уьш тайп-тайпана ду: В. И. Ленинан дахарх, революционни гIуллакхех, цуьнан заманхойх лаьцна. Промышленностан, юьртан бахаман къинхьегамхойх, лоьрех, кхечу говзаллийн адамех. Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман темих, вайн заманан дахарх, Iаламан хенех, кхидерш а.

...Папкин шолгIачу декъехь ду предложенеш хIитторна лерина дIасадоькъу суьрташ. Уьш хьалхарчарал кегий а, сюжеташ чолхе йоцуш а ду. Царех пайдаоьцу Iамийнарг тIечIагIдеш, толлуш...

И суьрташ хаддаза тIедузу дешархойн гIоьнца, ширделларш хуьйцу».[1]

Къаьсттина мехала ю яздархойн произведенешна дешархоша шаьш ехкина иллюстрацеш, суьрташ, кхечу тайпана болу кхолларалин белхаш. Ачхой-Мартанан № 3 йолчу юккъерчу школехь а (хьехархо Сардалов Ш. М.), № 1 йолчу школехь а (хьехархо Каурнакаева Д. А.) кабинет чохь яздархойн Мамакаев Мохьмадан, Арсанов СаьIид-Бейн, Мамакаев Iаьрбин, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Бадуев СаьIидан произведенешна дешархоша ехкина иллюстрацеш ю рамки чохь хаза кеч а йина дIатоьхна.

[1] *Махмаев Ж.* Урокехь суьртаца болх бар. — Ленинан некъ, 8 март, 1983.

Леррина стенд кечйо дешархошна литература Іаморехь гІо ден болу хьехамаш тІехь болуш. Кхузахь кхиболчу хьехамашца цхьаьна дуьйцу сочиненина кечам муха бан беза а, иза язъяран бакъенаш а ялайо. Аннотаци, рецензи муха язъян еза дуьйцу, масаллина уьш яла а еш. Кьоман литературех лаьцна тематически стендаш кечйо кабинета чохь яздархо винчу денна лерина материалаш тІехь йолуш стенд кечйо. Шайн юьртара (гІалара) ваьлла яздархо велахь, цуьнан дахарх а, кхолларалле х а лаьцна материалаш а гулйой, экспозици кечйо. Иза керлачу материалашца тІеюзуш а, хуьйцуш а хир ю.

Хаза яздой кабинета чохь баьрчче дІатуху марксизман-ленинизман бухбиллархоша ненан маттах лаьцна аьлла дешнаш, ткъа ишттa яздархоша а, Іилманчаша а ненан маттах лаьцна яздинарг а. Школехь Іамош болчу нохчийн яздархойн суьрташ а хила деза кабинета чохь дІатоьхна. Масала, Котар-Юьртарчу № 2 йолчу юккъерчу школехь (хьехархо Мукаева А. С.) кабинета чохь яздархойн суьрташ а, Советски Даймахках а, нохчийн маттах а лаьцна цара аьлла дешнаш а ду, хаза кеч а дина, дІатоьхна. Масала, Ахматова Раисин сурт а, цуьнан стихотворени тІера хІара могІанаш а ду:

Хьомечу махкана
Сайн ницкъаш дІабала
Со кийча ца хилахь,
ДІаэца лаьттара.

Мамакаев Іаьрбин сурт а, цуьнан стихаш а:

Хьоме мохк безалахь,
Нанна бер санна,..
Оьзда гІиллакх ларделахь,
Вайн дайша санна.

Бадуев СаьІидан сурт а, цуьнан дешнаш а: «Дешархо!.. Дукха хан яра со сайна Іеткъа... инзаре а, тамашина а хеташ долу хІара гІуллакхаш йозанца даржо дагахь волу...»

Арсанукаев Шайхин сурт а, цуьнан стихаш а:

Йист йоцу хІорд санна,
Бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна
Вайн нохчийн мотт.

Кабинета чохь арахоьцу, хьехархочо куьйгалла а деш, дешархоша кечдеш долу литературни пенан газета.

Кхузахь Іалашйо литературни кружокийн белхан материалаш. Халкъан барта кхолларалла гулъяран а, Іаморан а кружокан дакъалацархоша дІаязйина барта произведенеш тІехь йолу куьйгайозанан сборникаш, альбомаш лерина Іалашъян еза.

Нохчийн мотт а, литература а тІех дика Іамош болчу дешархошна лерина стенд кечйича дика хир ду кабинета чохь. Цу тІе «Вайн тІех дика дешархой» олий яз а дой, цхьатерра даьхна долу дешархойн суьрташ туху. «Вайн кхиамаш а, дан дезарш а» цІе йолу газета арахеца а тарло. Дешаран гІуллакхаш а, кабинетан болх а гойтур бу цу тІехь.

Шен декхарш кхочушдархьама кабинетана оьшу дешаран технически а, гайтаман а гІирсаш. Нохчийн литература хьехарехь гІо деш болчу берриге а гайтаман гІирсашца кечйо кабинет. Киноаппарат, магнитофон, проигрыватель, проекционни аппараташ, телевизор, радиоприемник, фотоаппарат хуьлу дика кечйинчу кабинета чохь. Уьш ерриге а, маьІ-маьІний дІахІиттийна а ца латтош, шайх пайдаэца бІегІийла йоллучу кепара дІанисйо.

Нохч-ГІалгІайн телестудис республикан юкъараллин дахарх, литературах, искусствох, культурах лаьцна кечъеш йолчу передачашка дешархой хьовсийтар вовшахтуху кабинета чохь. Исбаьхьаллин произведенеш тІехь хІиттош йолчу телеспектаклашка, радиопередачашка хьовсар дІахьо. Классехь Іамочу произведенеш тІехь кьоман театро хІиттош йолчу спектаклийн дакъош магнитофонца дІа а яздина, цаьрга ладогІа тарлур ду.

Кабинетан болх ша цхьаммо дІаккхехьа хьехархочунна хала хуьлу, цо шена гонаха дешархой озабо. Цхьаболчу дешархоша стендаш кечйо, вукхара технически гІирсаш кийча латтабо, кхечара библиотека лелайо, цу тайпана кхидолчу гІуллакхаш юкъа а озабо дешархой. Кабинето арахоьцучу пенан зорбанан а, куьйга язъечу сборникийн а редколлегийн кхуллу дешархойх.

Нохчийн литературан кабинет дешархошна ненан меттан литература йовзуьйтуш а, йоьзуьйтуш а болу болх хаддаза дІабахьа беза коьрта меттиг ю школехь. Иза дика а, хаза а кечйина хилча, цу чохь эвсараллица болх а бало, самалха а долу, урок а, классал арахьара заняти а кхиамца дІа а яхьало. Урус-Мартанерчу № 1 йолчу юккъерчу школехь хьехархочо А. Шимаевас а, цуьнан накъосташа а дешархошца цхьаьна дика кечйина нохчийн меттан а, литературан а кабинет, «Вуно атта, айаеллачу ойланца дІахьо ас кху чохь сайн урок, — боху А. Шимаевас, — хьехархочунна оьшу муьлхха а гІирс тхан куьг кхоччехь бу. Хьехархойн гІоьнца дешархоша керла материал гульеш, кхидІа а тойо, хазйо хІара кабинет».[1]

Нохчийн меттан а, литературан а дика кабинеташ кечйина Шелан районан Мескер-Эвларчу юккъерчу школехь (хьехархо Баширов В. Б.), Теркайистерчу Знаменски № 3 йолчу юккъерчу школехь (хьехархо Духаева З. А.), Новогорски юккъерчу шко-

[1] *Мадагов У.* Дешархошка дІакхачийна урокаш. — Ленинан некъ, 23 ноябрь, 1983.

лехь (хьехархо Закраилова П. М.), Веданан районерчу Эгlаштарчу юккъерчу школехь (хьехархо Галаева З. С.), Грозный-гlаларчу № 49 йолчу юккъерчу школехь (хьехархо Мусаев I. А.), и. дI. кхечу школашкахь а.

Уьссалгlа корта

ДЕШАРХОЙН КЪАМЕЛ КХИОР

Лакхарчу классашкахь къамел кхиоран болх дIахьо 4—7-чуй классашкахь дешархойн кхолладелла долу хаарш кIаргдеш а, керла хаарш даларца церан барта а, йозанан а къамелан корматалла лакха йоккхуш а. 8—10-чу классашкахь болх бечу литературан хьехархочун коьртачу декхарех ду дешархой шайн дагахь дерг нийса схьаала хууш, шерра къамел дан хууш хилийтар, шайн ойланехь дерг йозане дерзо уьш Iамор.

Юккъерчу школехь къамел кхиор коьрта долчу декъана хIокху лехамашца кхочушдо: **дешархошна хууш, цара шайх пайдаоьцуш долчу дешнийн барам совбаккхар; нохчийн литературни мотт хаар кIаргдар; барта а, йозанца а шайн хаарш, ойланаш нийса, кIорггера гучуяха Iамор.**

Дешархойн къамел кхиорехь хьехархоша дукха хьолахь йозанан къамел кхиоре хьажийна болу белхаш бичхьана тоам беш меттигаш нисло. Амма иза кхачаме дац. Дешархойн барта къамел кхиоран Iалашо а ю литературан хьехархочунна хьалха лаьтташ. Лакхарчу классашкахь къаьсттина оьшуш ду, йозанан къамел санна, барта къамел кхиор а. Дешархой онда мел бовлу а цара юккъарчу дахарехь дIалоцу меттиг алсамйолу, церан уьйраш шорло. Школехь хуьлчу гуламашкахь а, школал арахьа а адамашна юкъахь къамелаш, докладаш ян езаш хуьлу лакхарчу классашкарчу дешархойн. Церан къамел мелла а говза хила догIу.

Литературан урокашкахь къамел кхиор кхочушдо исбаьхьаллин произведени Iамош, цуьнан текст тIехь болх беш. Барта а йозанан тайп-тайпана белхаш кхочушбо дешархоша ненан меттан литературан урокашкахь.

БАРТА КЪАМЕЛ КХИОР

Исбаьхьаллин произведени йоьшуш а, цуьнан чулацам схьабуьйцуш а къамел кхуьу дешархойн. Шаьш произведенин чулацам схьабийца кечамбеш дешархоша ойлайо шайн къамел нийса а, шера а хилийтаран. Исбаьхьаллин произведенин мотт, сурт-хIотторан кеп дешархошна тIеIаткъам беш ю, цара гIо до къамел кхиорна.

Мехала ду стихотворенеш а, проза а дагахь еша Iамор а.

Дешархойн къамел кхиорна пайдехьа хуьлу литературни произведенин чулацам юхасхьабийцийтар тайп-тайпанчу форманашкахь кхочушдича. Чулацам текстана юххера схьабийцийта а тарло; я произведенин сюжетан сиз а лардеш, коьрта хиламаш схьабийцийта тарло; я шайн къеггина маьIна долу цхьа-ши эпизод йийцийта; билгалволчу турпалхочух йозаелла йолу меттигаш йийцийта тарло, и. дI. кхечу форманашкахь а схьабуьйцуьйту произведенин чулацам.

Дешархоша исбаьхьаллин произведенин текст маьIна деш схьайийцар а ду церан къамел кхиарехь мехалла йолуш.

Лакхарчу классашкахь а дIахьо дешархошна керла дешнаш довзийтаран болх, шайн къамелехь царех нийса пайда эца Iаморан, хьалха шайна девзаш хиллачу дешнех уьш кIорггера кхеторан болх. Кхузахь тидам тIебохуьйту дешнийн стилистически башхаллаш йовзийтарна.

Исбаьхьаллин произведени йоьшуш цуьнан меттан лерина тидам бан Iамабо дешархой. Масала, 8-чу классехь Дудаев Iабдин «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел» цIе йолу стихотворени Iамош, хIара строфаш дIа а ешна:

— Цхьа-ши етт бай сан-м, ас шура йоккхуш,
Шиъ урд дай сан-м, ас гота охуш,
Алаша яй сан-м, говра-ворда узуш,
Ма гIертал, колхозхо, сан бахамна юкъа.

— Трактор яй сан-м, оханаш ша деш,
Молханаш дай сан-м, хIу тадеш детташ,
Машина яй сан-м, кIа-мукх ша оруш,
Юкъавола, хIай цхьалхахо, ма гIерта тIехьа.

Хьехархочо ала мегар ду классе: «Хьовсал оцу стихашкахь ширделла дешнаш дуйла, схьалахал уьш». Дешархоша билгалдоккху *урд, гота, цхьалхахо* ширделла дешнаш хилар.

«Нийса боху, уьш ширделла дешнаш ду. ХIун бахьана хета шуна уьш ширдаларан?» — олий, юха а хотту хьехархочо. И санна долчу хаттарна дукха хьолахь дуьззина жоп ца далало дешархошка. Хьехархочо гIо дан дезаш хуьлу. И дешнаш ширдаларан бахьана ду цара билгалдеш долу хIумнаш дахарера дIадевлла хилар. ХIинца вайн ярташкахь готанаш а яц, ардаш а дац, я цхьалхахой а бац. Шаьш билгалдеш долу хIумнаш дахарера дIадевлла хиларе терра и дешнаш а дIадевлла хIинцалерчу матта юккъера.

Иштта къамел хиллачул тIаьхьа хьехархочо дешархойн тидам тIебохуьйту оцу стихотворени тIерачу *колхоз, колхозхо, трактор, цхьалхахо* бохучу дешнашна. Дудаев Iабдис и стихотворени язъечу хенахь, 1931-чу шарахь, хIетта нохчийн матта юккъе даьхкина керла дешнаш (неологизмаш) хилла уьш. Поэта оцу заманан битамаш кхуллуш пайда а эцна царех. ХIетахь керла хилла

долу *колхоз, колхозхо, трактор*, боху дешнаш хIинца нохчийн меттан жигарчу хIонса юкъахь ду. Ткъа, «цхьалхахо» боху дош хIинцалерчу матта юкъара дIадаьлла.

Исбаьхьаллин произведени Iамош меттан башхаллаш цу кепара билгальяхар Iаламат мехала ду. Иштта болх дIабахьаро дешархошна гIо до адамийн дахарехь, юкъараллехь хуьлучу хийцамашка хьаьжжина мотт а хаддаза кхуьуш хиларх кхета. Керла дешнаш а кхоллалуш, цаьрца меттан хазна алсам а йолуш, ширделла дешнаш юкъара дIа а довлуш хуьлуш йолу мотт кхиаран процесс мелла а евза царна.

Исбаьхьаллин произведенин текст тIехь болх беш лаккхарчу классашкара дешархой кхето беза дешнийн стилистически башхаллех а. Iамош йолчу произведенино таронаш ма-яллара дIахьур бу хьехархочо и болх. Масала, вай лаккхахь хьахийнчу Дудаев Iабдин стихотворени тIехь колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамелехь *сан* боху дош шен маьIница мелла а къаьсташ ду. Цхьалхахочун къамелехь *сан* боху дош цуьнан шен долахь дерг къастош ду. «Сан бахам», «сан говра-ворда», «сан урд» олуш хазахета цунна, резахуьлий дала а до цо и дешнаш шен къамелехь. Ткъа колхозхочо *сан* боху дош берриг колхозхой чулоцуш *тхан, вайн* олучу маьIнехь даладо:

Трактораш яй сан-м, оханаш ша деш,
Молханаш дай сан-м, хIу тадеш детташ,
Машинаш яй сан-м, кIа-мукх ша оруш,
Юкъавола, хIай цхьалхахо, ма гIерта тIехьа.

Оцу стихотворени тIехь болх беш хьехархочо гойту дешархошна персонажийн мотт а церан психологи билгалйоккхуш хилар.

Шаьш йоьшучу исбаьхьаллин произведенийн персонажийн меттан тидам бан Iамабо дешархой. Маттехула а билгалйовлу персонажийн амалш а, церан дахарехь, ойланехь хуьлуш болу хийцамаш а. «Кхетаме Хьамид» цIе йолу Сальмурзаев Мохьмадан дийцар Iамош дешархошка тидам бойту, Мурдин социальни кхетам кхиарца цуьнан мотт а мелла а хийцалуш хиларан. Дийцар тIехь, юьхьанца вайна Мурда вевзаш, цуьнан къамелехь дукха ду иза суьпа стаг хилар гойтуш долу дешнаш: «Дела, хьо ницкъ кхочуш ву-кх», «бисмиллахIиррохьманиррохьим», «дала тхаьшна делла де лелош дохку», «далла бу хастам», дуккха а кхидерш а. Дийцар тIера хиламаш кIаргбаларца Мурдин кхетам кхиаре хьаьжжина, цуьнан къамела юкъара дIадовлу и дешнаш.

Бадуев СаьIидан «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьеси тIехь болх беш дешархоша тидам бо цу тIерачу персонажийн мотт хIоранна шен-шен амалш билгалйохуш хиларан. Масала, кулак Арсби, кьехо Жамалда, комсомолец Хьаьлим — царех хIора а къеггина къаьсташ ву шаьш буьйцучу маттаца а.

Цул совнаха къехойн дахарехь хийцамаш хилар, церан кхетам кхиар цара буьйцучу маттаца а билгалдаькхина пьеси тIехь. Колхозе язбеллачул тIаьхьа къехойн къамелехь кест-кестта хеза цхьалхахой болчу хенахь царна девзина ца хилла дешнаш: «агроминимум», «большевикийн бIаьсте», «ялта деран план», «юкъара кхача», «большевикаллица ялта дер», «ясли», кхидерш а.

Произведени тIера исбаьхьаллин суртхIотторан гирсаш билгал а бохуьйтуш, церан маьIнех дешархой кхеторан болх а дIахьо лаккхарчу классашкахь. Iамош йолчу исбаьхьаллин произведени тIехь эпитетийн, дустарийн метафорийн, гиперболийн олицетворенийн, иштта дIа кхиболчу а суртхIотторан гIирсийн башхаллаш къастайо дешархоша. 8-чу классехь Айсханов Шамсуддинан «Iа» цIе йолу стихотворени Iамош дешархошка билгалбохуьйту оцу произведени тIера суртхIотторан гIирсаш. Дешархоша схьалоху метафораш а, олицетворенеш а. «ХIун маьIна ду оцу суртхIотторан гIирсийн стихотворени тIехь?» «ХIун кхочушдо цаьрца автора?» — олий, хотту хьехархочо. Дешархоша луш долу жоп коьрта долчу декъана иштта хуьлу: поэта шен стихотворени тIехь Iа тIедаран сурт хIоттийна. БархI строфах лаьтташ а йолчу, гIеххьа йоккхачу оцу стихотворенин хIор строфа тIехь къеггина гойту диллина керла ло, алссам дуьйцу лайн битамех лаьцна а, амма «ло» боху дош данний дан а дац оцу стихотворени тIехь. Ло поэта гайтина тайп-тайпанчу метафорех пайдаоьцуш: «кIайн месал куй», «кIайн дарин юргIа ду кIашна тIе туьйсуш», «раьгIнаш ю кечъелла кIайн гIовтал юхуш», «кIедачу чотканца кIайн сир ду хьоькхуш», «кIайн башлакх хьерчош», «кIайн бесни лепош», «кIайн тапта туьллуш». И ерриге а стихотворени иштачу метафорех а, олицетворенех а пайдаоьцуш язйина ю.

Алссам пайдаэцна поэта шен стихотворени тIехь олицетворенех. Iаьнан суьрташ гойтуш йолу хIара строфа ерриге а олицетворенех лаьтташ ю:

Шелонах къаьхкина
Ча, даIам лачкъош,
КIайн истанг даржийна
Борз, цхьогал ловзош,
Царна айкх дийларца
Таллархой хьийзош,
Iа кхечи хьошалгIа
КIайн башлакх хьерчош.

Поэтически суртхIотторан гIирсех (олицетворенех, метафорех) говза пайдаэцар бахьана долуш авторан таро хилла Iаьно бен хийцамаш къеггина сурт хIоттош гайта. Стихотворени тIехь дукха гайтина, дукхазза хьахийна кIайчу басахь йолу хIумнаш: «КIайн гIовтал», «кIайн дари», «сира дин», «кIайн сир», «кIайн башлакх», «кIайн тапта». Юх-юха а хIуманийн кIайн бос билгал-

баккхаро Іаьнан басарш кхуллу, лайн баса дирзина гонахара Іалам бІаьргашна хьалха лаьтташ санна хоьтуьйту.

Оцу тайпана белхаша гІодо дешархошна исбаьхьаллин произведенийн меттан башхаллаш йовза а, церан шайн къамел кхиарехь а.

Исбаьхьаллин произведенин текст къастош, дешархойн тидам тІебахийта беза говза аьллачу дашна, башха хІоттийнчу предложенина, цІенчу, хазачу маттана. 9-чу классехь Мамакаев Іаьрбин кхолларалла Іамочу хенахь, «Кавказан латта» цІе йолу стихотворени къастош, хІокху кепара дийца мегар ду хьехархочо.

Йист йоцуш шен Даймохк дукхабезаш волчу турпалхочун васт хІутту вайна хьалха «Кавказан латта» цІе йолчу стихотворени тІехь. Цуьнан ерриге ойланаш, лаамаш, сатийсамаш Даймахках хьерчаш бу, цуьнца бен хила тарлуш дац ирс а, сапаргІат вахар а. Іожаллин сахьт тІехІоьттича Даймахках къаьстина хилар ца деза цунна:

...Ирс долуш хилла вац
Уьйрех дІатилча,
Даймахках ваьллачун
Дог хуьлу ирча,
Векхалой хилац стаг
Сахьийзаш вахахь.
Цундела лаьар-кха
Іожалла ягІахь,
Сайн каш а
Хьан лаьттахь
Хуьлийла, дагІахь!

Іаламат говза далийна поэта кхузахь и тІаьххьара долу «дагІахь» боху дош. Оцу дашца шен турпалхочун амалех дуккха а дерг билгалдаьккхина автора. Цуьнан шен Даймахке болу лерам го вайна кхузахь. Махко, халкъо шен кІант лоруш тІеэцар йоккха сийлалла хета цунна. ХІинццалц схьа Даймехкан дуьхьа ша динарг а, кхин дІа, вахаран некъ кхачабаллалц, шен дан ницкъ кхочушберг а кІезиг хета цунна, оцу сийлаллица дуьстича.

Хазачу поэтически дашца гойту Мамакаев Іаьрбис Даймахке болу безам. «Ва Кавказ, Сан марзо, Сан серло, Безам»; «Беркатан, Майраллин, Хазаллин Латта», «Поэзин, Музыкин Хьостанан латта», «Сан син аз, БІаьргийн нур — Кавказ» — и ерриге а исбаьхьа эпитеташ хьаналчу кІентан шен Советски Даймахкаца, халкъаца йолу юкъаметтигаш билгалйохуш ю.

Мамакаев Іаьрбин поэтически кхолларалла Іаморан жамІаш дечу урокехь цуьнан произведенийн меттан башхаллаш тІехь соцур ву хьехархо. Цо билгалдоккхур ду поэтан лирически произведенеш цІеначу нохчийн маттаца язйина хилар, хІоранна а дагах хьакхалуш долу исбаьхьаллин суьрташ а, васташ а царна тІехь кхоьллина хилар, къоман дахарехь, адамийн ойланехь дерг, хьакъ-

йоллучу исбаьхьаллин кепа а дерзийна, схьагайтина хилар. Оьзда гІиллакхаш, цІена безам, тешаме доттагІалла, халкъан беркате ламасташ го вайна поэтан лирикехь. Бакъйолу поэзи ю Мамакаев Іаьрбин стихашкахь. Шерачу, цІеначу маттаца, шеца цхьа а тайпа чолхе йоцуш долу хаза сурт хІоттадо поэта.

Іиндагіаш дахделла,
Акхтаргийн, диттийн;
Сайний бен кхечунна
Хьо гарна кхоьруш,
Лаьтта со тогІи чохь
Теркан хийистехь,
Хьо йогІур ю моьттуш
Миноташ лоьруш.

Иштта дІайолалуш ю «Йоіе» цІе йолу поэтан стихотворени. Исбаьхьаллица кхоьллина стихаш ю уьш. Кхузахь яц чолхе инверсеш а, маьІна хьулдеш йолу метафораш а, я цхьа эпитет а, амма лаккхара поэзи ю.

Мамакаев Іаьрбин стихаш дукха атта кхоьллина хетало, поэта башха къа а ца хьоьгуш, шашаха уьш цунна дагаяьхкина йолуш санна хетало, амма иза царна тІехь мелхо а дукха къахьегна хиларан билгало ю. Ненан меттан хазни юккъера шена оьшуш доллу дош схьа а лохуш, шен поэтически ойла гучуяккхархьама иза хила деззачу метте дІанисдина автора. Цо керла дешнаш а ца кхоьллина я дешнийн керла форманаш а ца яьхна, меттан синтаксис а ца талхийна, стихийн куц хаздан гІерташ «исбаьхьаллин гІирсаш» тІе-кІел а ца боьттина. Къаьсттина гуш ду, нохчийн мотт шен йоцчу кепа нисбан а ца гІерташ, цуьнан низам поэта лардина хилар.

Іамош йолчу произведенешкахь исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсийн башхаллаш йовзуьйтуш хьехаран тайп-тайпанчу кепех пайдаоьцу. Уьш хила тарло: 1) **хьехархочо ша дуьйцуш дешархой кхетор;** 2) **хьехархочун, дешархойн къамел;** 3) **дешархоша шаьш болх бар. Царех муьлхха а кеп дика ю урокан материалаца а, дешархойн хааршца иза йогІуш хилчхьана.**

Дешархойн барта къамел кхиорехь мехала ду учебникашна а, хрестоматешна а тІерачу иллюстрацех лаьцна дешархошка схьадийцийтар. Масала, 10-чу классан нохчийн литературан учебник тІехь Хамидов Іабдул-Хьамидан кхолларалла къасточохь иллюстрацина ялийна ю къоман театро хІоттош йолчу «Лийрбоцурш» спектакль тІера цхьа сцена. «ХІун дийцалур дара шуьга оцу суьртах лаьцна», — аьлла, классана хьалха хаттар а хІоттийна, масех дешархочуьнга схьадийцийта мегар ду.

Дешархошка шаьш лайначу а, шайна гинчух а лаьцна схьадийцийтар а пайдехьа ду церан къамел кхиарехь. Классехь хиллачу собранех лаьцна, шаьш экскурсе дахаран хьокъехь, шаьш

лоруш волчу стеган гIуллакхех дийцийта мегар ду дешархошка. Мехала ду дешархошка шайна гинчу кинофильмах, спектаклах лаьцна классехь дийцийтар а. Художникийн суьрташ гойтучу выставке, краеведчески музей бахаран хьокъехь а схьадийцийта деза дешархошка.

Барта кьамел кхиарехь кьаьсттина мехала ду дешархоша книгаш йийцаре ечу конференцешкахь, диспуташкахь дакъалацар. Шена хеташ дерг чIагI а деш, нийса хилар гайта а гIерташ, дешархочо дискуссешкахь дакъалацаро цуьнан логически къамел кхиарна гIо до.

Хьехархочо хаддаза болх бан беза дешархойн нохчийн литературни мотт шарбарехь. Цхьайолчу ярташкарчу берийн (кьаьсттана ламанца йолчу ярташкахь) кьеггина хаалуш ю диалекташ. И гIуллакх лерринчу тидамехь хила деза хьехархочун. Шаьш долчу меттигерчу диалектан башхаллашка хьаьжжина, вовшахтухур бу хьехархочо дешархойн литературни кьамел кхиоран болх. Дешархойн нийса кьамел кхиорехь пайдехьа ду цара лугIатех пайдаэцар. Хьалххе дуьйна Iамабо дешархой лугIат довза, цунах нийса пайдаэца. Дешархошна довзийта деза лугIатийн тайпанаш, царех хIоранна а башхаллаш. Муьлхачу лугIат тIехь хIун карор ду, муха лаха деза царна тIехь оьшуш долу дешнаш а, церан маьIнаш а, нийса алар а, нийса яздар а дика хууш хила беза лакхарчу классашкара дешархой. Нохчийн меттан хIара лугIаташ ду дешархойн хьашташ кхочушдийр долуш: «Нохчийн меттан орфографически словарь». (Грозный, 1961). ХIоттийнарш: А. Г. Мациев, З. Д. Джамалханов. Школашкарчу дешархошна лерина а ду иза. «Нохчийн-оьрсийн словарь» (Москва, 1961). ХIоттийнарг Л. К. Мациев. «Краткий русско-чечено-ингушский словарь справочник общественно-политических терминов» (Грозный, 1961). ХIоттийнарг К. З. Чокаев, гIалгIайн текст хIоттийнарг Оздоев И. А. «Русско-чечено-ингушский словарь» (Грозный, 1966). ХIоттийнарш: А. Г. Мациев и И. А. Оздоев. «Оьрсийн-нохчийн словарь» («Русско-чеченский словарь»). Москва, 1978. Авторш: Т. Карасаев, А. Мациев. И лугIаташ дешархошна довзийтар а, царех нийса пайдаэца Iамор а тIехь ду хьехархочунна.

Нохчийн меттан дешнаш а, аьзнаш а нийса ала Iамабо дешархой, нохчий орфоэпи бакъонаш ларъяйта еза щаьрга. Урокехь дешархоша жоп луш, литературни материал цара схьаюьйцуш хьехархочо леррина тидам беш ладугIу дешархоша дешнаш а, аьзнаш а аларан. ГIалат ма-деллинехь, иза шен тетрадь тIе дIа а яздеш, дешархо жоп делла ваьлча нисдо хьехархочо цуьнан гIалаташ (я кхечу дешархошка нисдойту), нийса аларан бакъонех иза кхета а веш. Тайп-тайпана гIалаташ до дешархоша дешнаш аларехь, амма царна юккъехь кьаьсттана даьржинчех ду чаккхенгахь «и» элп яздеш долу нохчийн дешнаш нийса цаалар. Хьехархочо шен балха тIехь юьххьехь дуьйна а тIе тидам а бахийтина, шеца кьийсам латто безаш гIуллакх ду иза. Нохчийн орфоэпех лаьцна Iилманан белхаш хIинца а язбаза бу, бакъду цхьа статья-м арайьлла оцу хьокъехь.

Хьехархочунна гIоьнна, кхин материал цахилар тидаме а эцна, вай кхузахь даладо оцу Я. Вагаповн «Нохчийн орфоэпех масех дош» цIе йолчу статья тIера «н» элпаца чекхдовлуш долу дешнаш нийса аларах лаьцна дерг: а) нохчийн маттахь «н» элпаца чекхдовлучу дешнашкахь аз «н» ала деза тIеэцначу дешнашкаххьий (аккордеон, баян...), цхьана дешдекъах лаьттачу цIердешнашкаххьий (хьун, бен, бун...), и «н» дешнашкахь дагардан чаккхе хилла лелахь (совхозийн, колхозийн кхаш), йозанехь дешан чаккхенгахь долчу *н* элпана тIехьа яздан догIу мукъа аз, ритм ца йохорхьама ца яздеш дитинехь («Цкъа а ца деьна кIорни догIу»). Кхузахь *деана* яздан догIура.

б) Кхидолчу дерриге а дешнашкахь церан чаккхенгахь долу элп *н* мукъаза аз *н* гойтуш дац. Оцу дешнийн чаккхенашкахь аз *н* ца хуьлу, и алар нийса дац. *Сан, зен, бен, лен, ган, деган, ненан* иштта кхидолчу а дешнашкахь *н* элпо мукъаза аз н ца гойтуш, шена хьалха догIу мукъа аз мерах хазо дезар гойту. «Сан сахьийза алийша», — бохучу предложенехь *сан, са* боху ши дош вовшех къастош дерг хьалхарчу дешера аз *а* мерах хезаш хилар ду. Ткъа йозанехь и аз мерах хазо дезаш хилар билгалдаьккхина оцу озана тIехьа элп *н* а диллина. Изза маьIна долуш ду *а* пунктехь дагардина доцчу нохчийн дерриге а дешнийн чаккхенгара *н* элп: цигахь аз *н* ала мегар дац, цунна хьалхара мукъа аз мерах хазо деза».[1] Оцу статья тIехь нохчийн дешнаш а, аьзнаш а нийса аларан кхин а алсамо бакъонаш билгалъяьхна, амма вай кхузахь и статья ерриге а ялайойла дац. Хьехархочунна пайдехьа хир ду иза ерриге а еша а ешна, цуьнан лехамаш шен балха тIехь кхочушбича.

Школехь дешархойн барта кьамел кхиор кхочушдо церан йозанан кьамел кхиорца цхьаьна. Барта а, йозанан а кьамел кхиор цхьабосса дIадахьа дезаш ду.

ЙОЗАНАН КЪАМЕЛ КХИОР

Яздан хаар, шен ойланаш йозане яхка хаар вайн заманахь массарна а оьшуш ду. Юккъерчу школан программаша тIедожадо меттан а, литературан а урокашкахь дешархойн йозанан кьамел кхиор. Лакхарчу классашкахь йозанан кьамел кхиор дIахьо нохчийн мотт а, литература а Iамош тайп тайпана йозанан белхаш кхочушбарца. Изложенеш, тайп-тайпана сочиненеш, литературоведчески а, критически а белхийн тезисаш; конспекташ, шаьш

[1] Нохчийн иллеш, эшарш. ХIоттийнарш: Т. Ахмадова, Я. Вагапов. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1973, с. 111.

ешначу произведенешна, шайн гинчу кинофильмашна, спектаклашна рецензеш язйойту дешархошка.

8-чу классехь дешархошка изложенеш а, сочиненеш а, кхечу тайпана болу йозанан белхаш а язбойту.

ИЗЛОЖЕНЕШ

Дешархошна текст дIа а ешна, цуьнан чулацам дIаязбайтарх изложени олу. Изложенеш язъяйтаран тайп-тайпана лехамаш бу: текст тIехь коьртаниг а, коьртазниг а схьакъасто Iамор; текстан чулацам дагахь латто а, иза юха дIаязба а Iамор; ненан меттан говзаллех шен йозанехь пайдаэца Iамор; шена хууш дерг маьIница догIуш доллучу дешнашца дIаязда Iамор. Дешархой кхетош-кхиоран (идейни а, эстетически а) Iалашо кхочуш а йо изложенеш язъеш.

Лакхарчу классашкахь дешархоша язъеш йолу изложенеш тайп-тайпана хуьлу. Шайн барамашка хьаьжжина шина декъе екъало изложенеш: **текст ма-ярра дIаязъя езарш, я цуьнан чулацам боцца гайта безарш.** Текст ма-ярра дIаязъеш хилча, дешархоша цу тIера берриге а хиламаш, кхочушхуьлуш долу дерриге а гIуллакхаш текстан чулацамна юххера схьагойту шайн изложени тIехь. Ткъа текстан чулацам боцца гайта безаш хилча, цу тIера коьртаниг схьа а кьастадой, иза дIаяздо, сюжетни сиз а лардеш.

Изложенеш цхьацца тIедожор долуш, бехкам болуш язъеш ерш а хуьлу. Масала: 1) цхьа хIума я хилам схьабийцаран юьхь хуьйцуш (со, хьо, иза); 2) дийцаран хан хуьйцуш; 3) диалог юкъаялош; 4) кхин цхьацца грамматически тIедожораш долуш (изложени юккъехь чолхе-карара предложенеш хила езаш, я чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешна буха сиз хьокхуш).

Шаьш язъяран Iалашоне хьаьжжина изложени **Iаморан а, талламан а** хуьлу. Талламан изложени масех Iамораниг язйинчул тIаьхьий бен ца язйо.

Изложенин текст лерина хоржу хьехархочо. Классехь язъеш йолу изложенин текст хила еза:

1) дешархойн идейно-политически а, гIиллакх-оьздангаллица а кхиоран маьIна долуш;

2) исбаьхьаллин форма дика йолуш;

3) шен чулацамехь дуьйцург чекхдаьллачу маьIнин хIума долуш;

4) хьехархочо шена хьалха хIоттийна йолу Iалашо кхочушъеш;

5) дешархошна ца девзаш долу дешнаш, грамматически форманаш шеца йоцуш.

8-чу классехь язъеш йолчу изложенин текстан барам 300—350 дош ду. Шина сохьтехь язйо и тайпа изложени.

8—10-чуй классашкахь литературан урокашкахь кхочушбечу йозанан белхийн коьрта тайпа ду сочинени. Лакхарчу классашкахь дешархоша язъеш йолу сочиненеш коьрта долчунна шина декъе екъало: 1) литературан материала тIехь язъеш ерш, 2) дешархоша шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна язъеш ерш.

Литературан материал тIехь язъеш йолу сочиненеш хIокху тайпана хьлу;

1. **Исбаьхьаллин произведенийн васташ къастош йолу** сочиненеш:

а) цхьа васт къастош йолу сочинени (масала, «Бадуев СаьIидан «Бешто» цIе йолчу повесть тIехь Бусанин васт»);

б) масех васт къастош йолу сочинени («Арсанов СаьIид-Бейн «Маца девза доттагIалла» цIе йолчу роман тIехь зударийн васташ»);

в) исбаьхьаллин произведени тIера васташ вовшех дустуш йолу сочинени («Бадуев СаьIидан турпалхой ПетIамат а, Бусана а»).

2. **Произведенийн тематика къастош йолу сочиненеш:**

а) цхьа тема къастош («Исаева Маремин «Ирсан орам» цIе йолчу роман тIехь къинхьегаман тема»);

б) ши тема къастош йолу сочинени («Мамакаев Iаьрбин «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолчу роман тIехь доттагIаллин а, безаман теманаш»).

3. **Исбаьхьаллин произведенин идейни чулацам билгалбоккхуш йолу сочиненеш** («Хамидов Iабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» цIе йолчу пьесин идейни чулацам». «Ошаев Халидан «Алун шераш» цIе йолчу романан коьрта маьIна муха ду?» Арсанов СаьIид-Бейн романан цIе «Маца девза доттагIалла» хиларан хIун бахьана ду?»).

4. **Обзорни теми хьокъехь йолу сочинени** («Нохчийн яздархойн исбаьхьаллин дош Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь»).

5. **Исбаьхьаллин произведенийн хорманех лаьцна йолу сочиненеш:**

а) жанрови башхаллаш къастош йолу сочиненеш («Мамакаев Iаьрбин «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолчу поэмин жанрови башхаллаш муха ю?». «Лийрбоцурш» цIе йолу пьеса «турпалаллин драма» аьлла, билгал хIунда яьккхина хета шуна?»);

б) произведенин дIахIоттаман, сюжетан хьокъехь йолу сочиненеш («ХIун башхаллаш ю «Бешто» повестан дIахIоттаман а, сюжетан а?». «Билгалъяха Музаев Нурдинан «Вайнахах дийцар» цIе йолчу поэмин композицин башхаллаш»;

в) меттан башхаллаш къастош йолу сочиненеш («Мамакаев

Іаьрбин стихотворенешкахь исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсаш», «Мамакаев Мохьмадан «Зеламха» цІе йолчу романан меттан башхаллаш»);

г) исбаьхьаллин произведенин фольклорца йолу зІе билгалйоккхуш йолу сочиненеш («Нажаев Ахьмадан «ЖаІу» цІе йолчу поэмин барта кхолларалица йолу уьйр муха билгалйолу»?).

6. **Исбаьхьаллин литературан произведени искусствон кхечу форманехь йолчу произведенех юстуш йолу сочиненеш** («хІун башхаллаш ю Бадуев СаьІидан «Бешто» повестана а, цу тІехь къоман театро хІоттийнчу спектаклана а юккъехь?»).

7. **Исбаьхьаллин произведенех кхолларалица пайдаоьцуш язъеш йолу сочиненеш.** (Сальмурзаев Мохьмадан «Кхетаме Хьамид» цІе йолчу дийцаран чулацам тІехь пьеса язъе»; «Дин белларачу кІентан йиш» олучу музыкина дешнаш язде»).

Литературан материал тІехь язъеш йолу сочиненеш гуттар а бохург санна, дешархоша урокашкахь Іамочу исбаьхьаллин произведенех пайдаоьцуш язйо. Сочинени язъеш волчу дешархочунна дика хууш хила еза шаьш Іамийна йолу произведени. Иза Іемина хила веза исбаьхьаллин произведени леррина, тидам беш еша а, цуьнан чулацам тІехь кІорггера ойлаян а. Цу тІера хиламаш къасто а, церан маьІна дан а. Программни произведенин идейни а, исбаьхьаллин а башхаллех дика кхеташ а, уьш къегина билгалъяха хууш а. ТІаккха дешархочун таро хир ю сочинени тІехь болх бан.

Сочинени язъяр хала гІуллакх ду, цунна дешархой леррина кечбан беза. И болх дІахьо лакхарчу классашкахь а. Сочинени язъеш волу дешархо Іемина хила веза: шена хьалха хІоттийнчу темин ойла а йина, цуьнан маьІнех кхоччуш кхета; и тема къасторхьама оьшуш йолу материал произведени юкъара схьаэца; сочиненин материал хьалха-тІаьхьа йоккхуш, оьшшучу кепехь дІанисъя; ша аьлларг чІагІдеш йолу цитата яло; литературни кепехь нийсачу, ма-хуьллу хазачу маттахь язда; ша цкъа яздинарг годеш а, нисдеш а болх бан. И хаарш кхиош сочинени язъяран корматалла лакхайоккхуш болх бо хьехархочо лакхарчу классийн дешархошца.

8-чу классехь дуьххьара сочинени язъеш хьехархочо дуьйцур ду дешархошна иза язъяран бакъенех лаьцна, цуьнан дІахоттам муха хила беза, хІун дакъош хила деза, план муха язйо, эпиграф а муха хуьлу, исбаьхьаллин произведенин текстах а, кхечу литературах а пайда муха эца беза. Царех цхьадолу хІуманаш дешархошна хьалхарчу классашкахь Іамийнехь а, хІинца юха карладаха деза. Дика язйина йолу цхьа-ши сочинени дешархошна масаллина классехь еша мегар ду, церан дикаллина тІе тидам а бохуьйтуш. ТІаккха дешархоша хІинца язъян езачу сочиненин план хІоттор ю, хьехархочо гІо а деш, ерриге классо цхьаьний. Масала, Нажаев Ахьмадан «ЖаІу» цІе йолчу поэмех **лаьцна язъечу сочиненин тема а, план а иштта хила мегар ду:**

Муха гайтина «ЖаІу» цІе йолчу поэми тІехь Муцин кхетам кхиар.

План

1. ХІун зама ю «ЖаІу» поэми тІехь гайтинарг.
2. Муца — поэмин коьрта турпалхо:

а) «къоьлла тоьлла, хІусам йоьхна»;

б) Муца паччахьан Іедалан харцонах кхетар;

в) Сибрехахь Муцин революционни кхетам кхиар;

г) Нохчийчохь революционни боламехь Муцас жигара дакъалацар;

д) Муца — керла, социалистически дахар дІахІотторехьа болчу къийсамехь;

е) Муца — колхозан куьйгалхо.

3. «ЖаІу» цІе йолчу поэми 30-чу шерашкахьлерчу вайнехан литературехь долу маьІна.

Оцу планан хІор хаттар схьа муха даста деза дуьйцур ду хьехархочо. Сочиненин дакъош вовшех дозуш муха хилийта деза а гойтур ду.

Школашкахь ненан меттан а, литературан а хьехархоша бечу балхе хьаьжча гучудолу, дукхахболчара литературан материал тІехь язъеш йолу сочиненеш гуттара бохург санна, дешархойн хаарш таллархьама язйойтуш хилар. Церан маьІна иштта гаттадар нийса дац. Сочиненеш Іаморан а, талламан а хуьлу. Литературан материал тІехь язъеш йолу сочиненеш хІокху тайпана Іалашонаш йолуш хила тарло: **дешархой шаьш ешначу исбаьхьаллин произведених лаьцна ойла ян Іамор, церан произведени къасторан корматалла кхиор; произведени тІера муьлхха а тема, я проблема къастош, оцу произведенин текстах нийса пайдаэца Іамор; дешархойн литературни къамел кхиор; Іамийна йолу литературни материал таллар.** Цу тайпана, сочиненеш язъярехь хьехархочо **хьалхайохурш Іаморан Іалашонаш ю.** Іамийнарг таллар — иза сочиненеш язъяран Іалашонех цхьаъ бен яц, иза а коьртаниг а яц.

Литературни материал тІехь йолу сочиненеш язъярца цхьаьна лакхарчу классашкарчу дешархошца дІахьо шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна язъеш йолу сочиненеш, оцу дешнийн маьІнийца а билгалдолуш ма-хиллара, дешархошна гинчух, царна хиинчух, девзинчух лаьцна хила еза. Церан дахарна, дешарна юххера хІумнаш къастош хила еза уьш. Дешархойн къинхьегамах, классал арахьарчу гІуллакхех лаьцна хуьлу и сочине-

неш. **Цара юьртан бахамехь, заводехь я муьлхха а кхечу белхан коллективашкахь дечу гІуллакхех лаьцна сочиненеш язъяйтар шен дуккха а дика агІонаш йолуш ду.**

И сочиненеш хила тарло иштта теманаш йолуш: «Тхан производственни бригада», «Ас аьхка бригадехь болх бар», «Суна дукха безаш болу болх», «Муха лору ас къинхьегаман адамаш».

Шайн юьртах а, юьртахойх а лаьцна сочиненеш язйойту дешархошка: «ТІаьххьарчу шерашкахь тхан юьртахь хилла хийцамаш», «Тхан юьртан хиндерг», «Тхан юрт а, юьртахой а», «Граждански а, Сийлахь-боккхачу Даймехкан а тІемашкахь дакъалаьцна болу тхан юьртахой», «Суна дукха еза тхан гІала».

Лакхарчу классашкара дешархой театре боьлху, кинофильмашка хьовсу, цара йийцаре йо шайна гина телепередачаш, художникийн суьртийн выставкаш. Оцу **искусствон произведенийн хьокъехь шайна хеташ дерг билгалдоккхуш сочиненеш** язйойту дешархошка: «Муха хийтира суна Нохч-ГІалгІайн драматически театро хІоттийна «Яхь йолу кІентий» спектакль, «Художникийн выставкехь суна хазахетта долу сурт», «Эсамбаев Махьмудан концертехь», «Магомаев Муслиман эшаршка ладугІуш...», «Суна дукхаезаш йолу телепередача».

Юкъараллин дахарх, Даймахках, халкъийн доттагІаллех лаьцна сочиненеш язйо дешархоша. Церан теманаш хІокху кепара хила тарло: «Суна хьоме бу Советски Даймохк», «Коммунизм — иза дуьненан къоналла ю, къоначара хІотто а еза иза» (В. Маяковский), «Нагахь хьо ца вагІахь хьайн халкъацанна, хаалахь, декъазниг, хьо цхьалха ву» (Ш. Арсанукаев), «Адамашкахь уггаре ас дика лоруш дерг», «ДоттагІаллин ницкъ». Иштачу теманашкахула йолчу сочиненеша гойту дешархойн юкъараллин дахарх йолу дог-ойла, церан граждански синхаамаш. Дешархой патриотически а, интернациональни а ойла кхиорехь а мехала ю и тайпа сочиненеш.

Гонахара Іалам гойтуш, Іаламехь шаьш тидам бинчух лаьцна сочиненеш язйойту дешархошка. Масала: «БІаьстенан де», «Аьхка хьуьнах», «Тхо лаьмнашка дахар», «Тхан юьртара шовданаш», «Іалам Іалашдар массера а декхар ду».

Шайн тидамех а, шайна зеделлачух а, шаьш лайначух а лаьцна тайп-тайпана сочиненеш язйойту дешархошка. Кхузахь коьртаниг ду **дешархойн Іаламах а, дуьненах а, адамийн юкъараллин дахарх а болу кхетам кІаргбар, шайн ойла йозане ерзо уьш Іамор.**

Лакхарчу классашкарчу дешархоша сочиненеш язъярал совнаха кхин тайпана кхолларалли белхаш а язбо. Шаьш цІахь ешначу книгашна **рецензеш** язъян Іамабо дешархой. Шайна гинчу кинофильмашна, спектаклашна **отзываш** язйойту. Хьехархочо, лерина куьйгалла а деш, Іамабо дешархой и тайпа белхаш язба а.

Шаьш Іамош болчу литературно-критически белхийн **тезисаш** а, **конспекташ** а язйойту дешархошка. Литературан учебник тІера цхьайолчу статьяш тІехь а болх бойту тезисаш а, конспекташ а хІиттайойтуш.

Дешархойн йозанан а, барта а къамел кхиор цхьаьнадогІуш хила деза, цхьаьний дІабахьа безаш болх бу иза.

УьтталгІа корта

ЛИТЕРАТУРА ХЬОЬХУШ КЛАССАЛ АРАХЬА БОЛХ БАР

Школехь литература хьехаран цхьа дакъа ду классал арахьа бен болх. Дешархой кхетош-кхиорехь а, церан юкъара хаарш шордарехь а, культура лакхаяккхарехь а доккха маьІна ду цуьнан. **Къоман литература дешархошна алссам йовзийтаран, бакъйолчу исбаьхьаллин произведенех кхоччуш пайдаэцийтаран, церан литературни хаарш совдахаран Іалашо ю классал арахьа бечу белхан.** Ма-дарра аьлча, литературан урокийн а, классал арахьарчу белхан а Іалашонаш цхьаъ ю, амма болх дІабахьаран форманаш тайп-тайпана ю.

Урокашкахь Іамочарел совнаха, кхийолу исбаьхьаллин произведенеш йоьшу дешархоша. Шайн лаамца, литературе шайн йолчу шовкъашка хьожжий хоржу дешархоша шаьш цІахь йоьшу произведенеш. Литературан хьехархочо хаддаза куьйгалла латто деза оцу классал арахьарчу дешар тІехь.

КЛАССАЛ АРАХЬАРА ДЕШАР ВОВШАХТОХАР

Дешархойн исбаьхьаллин литературе йолу шовкъаш билгалъяхарна тІера дІадоладо хьехархочо классал арахьара болх вовшахтохар. ХІун произведенеш йоьшу дешархоша? Муха кхета уьш шаьш цІахь йоьшучу книгех? Царех нийса пайдаоьций цара? Дукха а йолчу произведенех шайна оьшург, шайна пайдехьа ерг схьакъасто хаьний царна? — боху хаттарш хІуьтту хьехархочунна хьалха. Оцу хаттаршна жоьпаш лохуш хьехархочо тайп-тайпана белхаш дІахьо. Уьш хила тарло хІокху кепара: хІор дешархочуьнца шеца къамел дар, сочиненеш язъяйтар, анкетех пайдаэцар.

Дешархочуьнца шеца дечу къамелехь (индивидуальная беседа) билгалдоккху хьехархочо, цо муьлха книгаш йоьшу, церан маьІнех кхетий иза, хІун лехамаш бу цуьнан исбаьхьаллин литература ешарехь. Дешархочуьнга иштта къамел деш хьехархо Іаламат кІеда-мерза хила веза. Нагахь санна иза оьгІазвахана, резавоцуш, тІечехаш хилахь дешархочо цунна ша йоьшучу книгех лаьцна хецца дуьйцур дац, ткъа хьехархо шен Іалашоне кхочур вац.

Дешархоша шаьш йоьшучу книгех лаьцна хаамаш гулбаран цхьа некъ бу цаьрга **сочиненеш язъяйтар** а. Иштта хила тарло оцу сочиненийн теманаш: «ХIун тайпана книгаш еша лаьа суна», «Суна дукха езаш йолу книга», «Суна дукха безаш болу литературни турпалхой», «Сан библиотека», и. дI. кх. Сочиненеша хьехархочунна таро ло дешархойн литературни хаарш кIоргеро довза.

Лакхарчу классашкахь къаьсттана бIегIийла ю **анкетех пайдаэца** а. Анкеташ хила тарло тайп-тайпана хаттарш юкъадогIуш: билгалволчу яздархочун кхолларалле х, литературан цхьана жанрехь йолчу произведенех, я цхьа тема къастош йолчу произведенех лаьцна, литературни турпалхочун хьокъехь, и. дI. кх. Масала, иштта хаттарш хила тарлур ду уьтталгIачу классехь луш йолчу анкеташ тIехь:

ХIинцалерчу нохчийн литературехь хьуна дика хеташ йолу книга. ХIунда хета иза дика?

«Орга» альманахан агIонаш тIехь хIун произведенеш ешна ахь? Муха хийтира хьуна уьш?

Прозех, поэзех дукха муьлхарг йоьшу ахь? Дийца хьайна дукхавезаш волчу хIинцалерчу поэтан (прозаикан) кхолларалле х лаций.

ТIаьххьарчу шарахь ахь ешна произведенеш муьлхарш ю?

Вайзаманхойн васташ кхуллуш йолчу произведенех хьайна хазахеттарш йийца.

Маца, муха йоьшу ахь книгаш?

Айхьа исбаьхьаллин произведени йоьшуш хIун тергалдо ахь, стенан тидам бо ахь?

«Ленинан некъ» газета тIехь зорба тоьхначу литературни материалех муьлхарш дагайогIу хьуна?

Исбаьхьаллин литературан хьокъехь йолу критически статьяш йоьший ахь? ЦIераш яха айхьа ешначийн.

Театрехь муьлхачу спектаклашка хьаьжна хьо?

Телевиденехула йолчу литературни передачашка хьожий хьо? Муьлхарш хаза хийтира хьуна?

Дешархойн литературни шовкъаш евзинчул тIаьхьа хьехархочо церан классал арахьарчу дешар тIехь куьйгалла дар вовшахтуху. Кхеташ ду, дешархойн литератураца йолу уьйраш цхьатерра цахилар. Хьехархочунна, масала, гучудолу: цхьаболчара кIезиг книгаш йоьшуш хилар; вукхара алсам йоьшу, амма диканаш а, вонаш а ца хоьржуш, караеънарг дIайоьшу; кхоалгIачарна шаьш йоьшучу книгийн кхоччуш маьIна дан ца хаьа. Оцу дешархойн кхаа тобанах хIоранца хьехархочо беш болу болх ша-тайпана хир бу. Хьалхарчарна книгаш ешар марздийр ду. Цаьрга кест-кестта хоттуш хир ву хьехархо: ахь книга эцний библиотекера? Йоьшуш мичхьа кхаьчна хьо? Хазахетий хьуна? И ешна ваьлча муьлхарг еша дагахь ву хьо? ШолгIачу тобанан юкъабогIучу дешархоша

деш долу къамел цаьрга идейно-эстетически чулацам дика болу книгаш харжийтаран Iалашо йолуш хир ду. Дешархойн кхоалгIачу тобанца хьехархочо цара йоьшучу книгийн чулацамах лаьцна дуьйцур ду.

Цу тайпана дифференцированни болх дIабахьа хало ду, амма дешархошна пайда алсам хуьлу иштта болх вевшахтоьхча.

Классал арахьа еша магочу произведенийн спискаш ло дешархошна. Уьш программаш тIехь а ю. Бакъду, хьехархочо мелла а а хийцамаш бан беза царна тIехь, коьрта долчу декъана тIеюзуш. Программаш тIехь йолу спискаш дукха хьолахь хьалхо хIиттайой хуьлу. Уьш хIиттийнчул тIаьхьа къоман литературехь мехала произведенеш араевлла хила тарло. Хьехархочо шен дешархойн хене а, литературни хааршка а хьаьжжина кечйир ю и спискаш. Уьш дешархошка дIаязъяйта а еза, литературни кабинетехь а, школан библиотекехь а дика гуччу меттехь дIатоьхна хила а еза.

Дешархоша классал арахьа йоьшуш йолу книгаш йийцаре яр кхочушдо хьехархочо. Школьни программаш тIехь билгалдаьхна ду классал арахьарчу дешарх лаьцна къамел дарна лерина долу сахьташ. 8-чу классехь — 2 сахьт, 9-чу классехь — 3 сахьт, 10-гIачохь — 4 сахьт ду. Оцу урокашкахь йийцаре йийр ю дешархоша шаьш йоьшуш йолу книгаш. Хьехархочо хьалххе хаам бо, вай хIокху дийнахь классал арахьарчу дешаран урок хир ю, аша кечамбе, олий. Лакхарчу классашкахь, ши урок цхьаьна а тухий, дIахьо и болх. Иштта чу урокашкахь дешархошца йийцаре ян мегар ду, масала, Ахматова Раисин «Дикалла» цIе йолу поэтически книга, Сулаев Мохьмадан «Сирла суьйре» цIе йолу поэзин книга, Мусаев Мохьмадан «Тапча яьлча» цIе йолу повесть, Исаева Маремин «Ирс кхоллархой» боху роман. Кхеташ ду, иштта чу урокашка берриге а дешархой шаьш йийцаре ян езаш йолу книга еша а ешна богIуш хилар, цул совнаха масех дешархо къамел дан кечвелла хила а веза.

КНИГАШЪЕШАРХОЙН КОНФЕРЕНЦИ

Книгашъешархойн конференцеш ю классал арахьа йоьшуш йолу книгаш йийцаре яран дика форма. Дакъалоцуш болчу дешархошка хьаьжжина классни а, школьни а хила тарло конференцеш. Конференци эвсаралла йолуш, цигахь дуьйцуш дерг массарна а дика кхеташ а, пайдехьа а хуьлу параллельни классашкарчу дешархойн шайн-шайн иза хилча. Масала, 8-чу классашкахь болчу дешархойн шайн конференци хилча, 10-чу классашкахь болчийн шайн къаьсттина хилча. Лакхарчу классашкахь книгашъешархойн конференцеш дукха хьолахь тематически хуьлу. Иштта теманаш хIитто тарло конференцешкахь: «ХIинцалерчу нохчийн литературехь къинхьегаман тема», «Музаев Нурдинан произведенешкахь белхалойн васташ», «Арсанукаев Шайхин поэзехь Даймехкан те-

ма», «ТІаьххьарчу шерашкахь араевллачу произведенешкахь вайзаманхочун васт», «Ошаев Халидан кхолларалле хь исторически тема».

Цхьа книга йийцаре еш а хуьлу конференцеш лакхарчу классашкахь. Масала, 8—10-чуй классашкарчу дешархошца дІаяхьа тарлур ду Музаев Нурдинан «Сатийсаман ницкъ», Гайсултанов Іумаран «Александр Чеченский», Окуев Шимин «Лай тІехь цІен зезагаш» цІераш йолу книгаш йийцаре еш йолу конференцеш.

Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІамехь фашистски Германин тІехь толам баккхар даздечу хенахь Урус-Мартановски районерчу Іалхан-Юьртан № 1 йолчу юккъерчу школехь дІаехьира конференци: «Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан тІом лаьттинчу шерашкахь». Конференцин план иштта яра:

1. Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІеман шерашкахь исбаьхьаллин литературан маьІна (хьехархочун хьалхара дош).

2. ТІеман хенахьлерчу литературехь Советски Даймохк мостагІчух Іалашбаран тема (дешархочун доклад).

3. Исбаьхьаллин произведенешкахь кхоьллина долу советски тІемалочун турпалаллин васт (дешархочун доклад).

4. Советски Союзан турпалхочун пулеметчикан Нурадилов Ханпашин а, майрачу танкистан Мазаев Маташан а васташ литературехь кхоллар (дешархочун доклад).

5. ТІеман хенахь советски адамаша тылехь бина болх литературехь гайтар (дешархочун доклад).

6. Хьехархочун дерзоран дош.

Конференцехь дакъалаца лууш болчу дешархошна докладаш кечъян теманаш хьалххе дІаеллера. Конференци хир ю аьлла хаам а, цуьнан план а, доккхачу кехат тІехь хаза яз а йина, школан коридор чохь а, библиотекехь а дІатоьхнера. Конференци вовшахтухуш дакъалецира хьехархошца цхьаьна библиотеко а, комсомольски организацис а. Іаламат дика дІаяьхьира конференци. Иза лерина яра лакхарчу классашкарчу дешархошна, амма цига ладогІа бахка лиира 7-чу классийн дешархошна а. Школан актови зал чохь яра конференци. Цу чохь библиотеко тІеман хенахь язйинчу книгийн а, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІеман хьокъехь йолчу произведенийн а выставка кечйинера.

Дешархоша шайн докладашкахь кхоччуш къастийра конференцин планехь билгалъяьхна теманаш. Хьехархочо дерзоран дашехь докладийн дикалла билгал а яьккхира, дешархоша алаза дисинчуьнца уьш тІе а юьзира. Школан дирекцис докладчикашна грамоташца совгІаташ а дира.

Конференцеш мехала ю дешархойн литературни хаарш кІаргдарехь а, уьш кхетош-кхиорехь а. Конференцина кечам беш дешархоша леррина йоьшу исбаьхьаллин произведени, цуьнан чулацам тІехь кІорггера ойлайо цара. Доклад язъян а, нахана хьалха иза

дІаеша а Іема уьш. Книгашъешархойн конференцешкахь дакъалацар дешархоша шайн лаамца кхочушдеш гІуллакх ду, амма хьехархо хьажа веза алссам дешархой конференцешна юкъаозо, уьш кечъеш цаьрга жигара дакъалацийта.

ЛИТЕРАТУРНИ КРУЖОКАШ

Классал арахьа бечу белхан эвсаралла йолуш форма ю литературни кружокаш. Школашкахь тайп-тайпана кружокаш вовшахтуху. Уьш хила тарло: васт хІоттош ешаран (художественного чтения) кружок; драматический; халкъан барта кхолларалла гулъяран а, Іаморан а кружок; литературно-кхолларалли н кружок, и. дІ. кх.

ВАСТ ХІОТТОШ ЕШАРАН КРУЖОК

Васт хІоттош ешаран кружокехь дешархой Іема литературни произведенеш исбаьхьаллица, царна тІехь дуьйцучун хаза васт хІоттош, еша. Кхузахь болх бо поэтически произведенеш (лирически а, сюжетни а стихотворенеш, баснеш, поэмаш) ешаран башхаллаш къастош, проза а, драматургически произведенеш а исбаьхьаллин кепехь еша Іамош. Кружокан куьйгалхочо исбаьхьаллица ешаран теоретически бакъонаш а юьйцу дешархошна, говзанчаша литературни произведенин васт хІоттош йоьшуш ла а дугІуьйта, магнитофонах а, пластинкех а пайда а оьцуш.

Тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу произведенеш еша Іамабо дешархой. Уьш хьалххе дуьйна шен белхан планехь билгалйоху кружокан куьйгалхочо.

Васт хІоттош ешаран кружокан дакъалацархошка гІо дайта мегар ду юьхьанцарчу классашкарчу дешархошна классал арахьарчу дешар тІехь. Кружокахоша церан классашка а боьлхуш, йоьшур ю царна езаелла йолу исбаьхьаллин произведенеш. Иза пайдехьа ду кружокан дакъалацархошна шайна а, царна го шаьш бечу белхан механалла. Васт хІоттош ешаран кружокаша дакъалоцу школехь хуьлчу литературни суьйренашкахь а, лахарчу классашца дІахьоч у литературни Іуьйренашкахь а, ткъа иштта школехь а, районехь а вовшахтухучу литературни олимпиадашкахь а.

ДРАМАТИЧЕСКИ КРУЖОК

Драматически кружокехь дешархой коьрта долчу декъана драматургически произведенех кІорггера кхета а, уьш сцени тІехь хІитто а Іема. Лакхарчу классийн дешархойн оцу кружокехь мелла а актерски а, сценически а хаарш а кхоллало.

Драматургически произведенех кІорггера кхета а, церан персонажийн ролаш ловзо а Іамабо кружокан дакъалацархой. Школьни сцени тІехь литературни произведенийн инсценировкаш йо, ке-

гий пьесаш хIиттайо кружоко. Iалхан-Юьрта № 1 йолчу юккъерчу школан драматически кружокан дакъалацархоша дика дIадехьира Хамидов Iабдул-Хьамидан «Лийрбоцурш» цIе йолчу турпалаллин драми тIера сценаш хIиттор. Урус-Мартановски районехь самодеятельностан хьажар дIахьош а кхиамца хIоттийра дешархоша оцу драми тIерачу сценех лаьтташ йолу спектакль. Пьеси тIехь спектакль хIотто шаьш кечамбеш, кружокан дакъалацархой Нохч-ГIалгIайн драматически театре бахара «Лийрбоцурш» спектакль цигахь хIоттош хьовса. Спектакль чекхъяьлча артисташца цхьаьнакхийтира, цара хьехамаш а бира дешархошна. Цул тIаьхьа а хаддаза уьйр латтийра кружоко театраца.

Муьлххачу а драматически кружокан а хила еза театраца уьйр, иза Iаламат мехала ду кружокан дакъалацархойн говзалла кхиарехь.

Школьни драматически кружокан репертуар лерина хIотто еза куьйгалхочо. Пьесаш дешархойн хIитто ницкъ кхочу ерш а, царна пайдехьа хинъерш а харжа еза.

Драматически кружоко жигара дакъалоцу школан литературни дахарехь. Юьртан клубехь, предприятешкахь, совхозехь белхалошна хьалха хIитто а тарло кружокахоша шайн спектаклаш.

ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛИН КРУЖОК

Халкъан барта кхолларалин кружок ю шен доккха маьIна долуш. Дешархошна барта произведенеш йовзийтаран а, езаялийтаран а Iалашо ю оцу кружокан. Ярташкахь нахана юкъахь хIинца а дуккха а ю дIаязъяза а, зорба тохаза а йолу барта произведенеш. Уьш дIаязъяр а, гулъяр а Iаламат мехала гIуллакх ду. Цундела кружокан дакъалацархошна хьалха лаьтташ ю шайн юьртахошна хууш йолу барта произведенеш дIаязъяран Iалашо а.

Кружокан болх хIокху кепара вовшахтоха мегар ду.

1. Кружокан хьалхарчу занятешкахь куьйгалхочо дешархошна дуьйцур ду халкъан барта кхолларалла Iаламат йоккха мехалла йолуш хилар. Барта произведенешкахь халкъан лаамаш, сатийсамаш, къоман гIиллакхаш, оьздангалла билгалйолуш хиларх лаьцна дуьйцур ду хьехархочо. В. И. Ленина барта кхолларалла доккхачу маьIнийн лерина хилар хоуьйтур ду дешархошна.

Нохчийн халкъан барта кхолларалин жанраш а йовзуьйтур ю (туьйранаш, иллеш, эшарш, дийцарш, ира аларш, кицанаш, хIетал-металш), барта произведенийн чулацаман а, исбаьхьаллин а башхаллех лаьцна а дуьйцур ду.

2. Барта произведенеш дIаязъяран бакъонаш йовзуьйту кружокан дакъалацархошна. Тидам тIебохуьйту хIор произведени дIа маца а, мичахь а язйина, дIаязйинчуьнан фамили а, цIе а, йийцинчуьнан фамили а, цIе а, цуьнан хан а, адрес а дIаязда деза ш хиларна.

3. Шайн юьртахь барта произведенеш хууш а, юьйцуш а болу нах а лохий, цаьрца уьйр тосу кружокан дакъалацархоша.

4. Барта произведенеш шайна йийца а юьйцуьйтуш, уьш юха дIаязйо дешархоша. Магнитофонах пайдаэца а тарлур ду и болх дIахьош. Шаьш дIаязйина йолу произведенеш кружокан занятешкахь йийцаре йо дешархоша. Кружокан куьйгалхочо тидам тIебохуьйту произведенеш дIаязъяран бакъонаш дешархоша ларъяран хьелаш къасторна а.

5. Шаьш гулйинчех уггаре мехала произведенеш схьа а хоржий, царех куьйгайозанан сборникаш кечйо кружокан дакъалацархоша. Уьш хила тарло туьйранийн сборник, иллийн сборник, эшарш тIехь йолуш сборник, кицанийн, хIетал-металийн сборник. Нагахь санна кружоко гулйина барта кхолларалин материал хIор жанран а шен сборник кечъян тоьуш яцахь, ийначу произведенех лаьтташ йолу цхьа сборник кечъян а мегар ду.

Барта кхолларалин кружоко материал лур ю школехь арахоьцуш долчу пенан газете а. Я кхин а дика хир ду кружоко арахоьцуш шен газета хилча. Цу тIехь кружокан дакъалацархоша беш болу болх а буьйцур бу, гулйинчех цхьайолчу произведенешна зорба а тухур ю.

ЛИТЕРАТУРНО-КХОЛЛАРАЛЛИН КРУЖОК

Литературно-кхолларалин кружок ю шен башхалла йолуш. Кхузахь дакъалоцуш хуьлу исбаьхьаллин литературехь шайн ницкъаш толлуш болу дешархой. Лакхарчу классийн дешархошна юкъахь хуьлу стихаш, дийцарш, кегий пьесаш язъеш а, язъян гIерташ а болу дешархой. Царна гIо даран, церан кхолларалин корматалла кхио хьажаран Iалашо ю литературно-кхолларалин кружокан.

ХIокху кружокехь дешархошна литературан теорех долу хаарш ло. Дешархошна масаллина, баккхийчу яздархойн исбаьхьаллин произведенеш къастош, церан идейно-эстетически чулацам толлуш болх а дIахьо.

Кружокан дакъалацархоша язйина йолу произведенеш йийцаре а еш, царна тIехь болх бар ду кхузахь кхочушдечу гIуллакхех коьртаниг. Кружокехь дакъалоцуш хуьлу суьрташ дахкаран корматалла йолу дешархой а. Царна литературни произведенешна иллюстрацеш яхка Iама а гIо дан деза.

Литературно-кхолларалин кружокан дакъалацархой хуьлу дукха хьолахь школан пенан газетан редколлегехь берш. Цара школан дахарх лаьцна материалаш латтайо газетана, кхечара елла материалаш то а еш, газетана тIетоха кеч а йо.

Кружоко арахоьцу куьйгайозанан альманах я журнал. Цу тIетуху дешархоша язйинчех тоьлашха йолу произведенеш. Кружокан дакъалацархоша шайна гинчу спектаклех, фильмех, шаьш ешна-

чу книгех лаьцна статьяш, рецензеш язйо, книгашна иллюстрацеш йохку, уьш пенан газета тIе я журнал тIе тоха тарло. Литературни журнал дешархоша ехкинчу иллюстрацешца арахецча дика ду.

Литературно-кхолларалин кружоко уьйр таса еза республикерчу яздархошца. Школехь яздархошца цхьаьнакхетар вовшахтохарехь доккха дакъалоцу кружокахоша.

ШКОЛЕХЬ ЯЗДАРХОШЦА ЦХЬАЬНАКХЕТАР

Яздархошца цхьаьнакхетар Iаламат хазахета дешархошна. Цара сатосу яздархой школе богIур бу аьлла де тIекхачаре. Дешархойн литературе болу безам лаккхабоккху яздархошца хуьлчу цхьаьнакхетарша. Яздархой школехь гар а, цаьрца къамелаш дар а, авторша шайн произведенеш йоьшуш а, юьйцуш а ладогIар а Iаламат пайдехьа ду дешархошна. Дукхаха болу дешархой, шайна яздархо гича, цуьнга ладоьгIча, цуьнан книгаш а лохуш, уьш йоьшуш хуьлу, нагахь санна хинццалц шаьш церан тидам ца бинехь а.

Яздархошца цхьаьнакхетар дIадахьарна хьалххе дуьйна кечам бо школехь. Литературан хьехархоша а, классни куьйгалхоша а, библиотеко а, комсомолан комитето а цхьаьний дIахьо и кечамбар. Школехь литературни выставка кечъян мегар ду. Нохчийн меттан а, литературан кабинета чохь а, школан коридора чохь а литературни стендаш кечйо. Школьни газета а, литературни кружокийн газеташ а арахоьцу. Классни сахьташкахь а, классал арахьарчу дешаран урокашкахь а школе богIуш болчу яздархойн дахарх а, кхолларалле а дуьйцур ду, церан произведенеш а йоьшур ю. Ерриге а литературни кружокийн болх а жигарабоккхур бу.

Яздархошца цхьаьнакхетарна кечамбаран мур — иза дешархойн литературе болу безам алсамбаккхар, церан литературни хаарш шордар бIегIийлаш кхуллуш мур бу, цунах школехь пайдаэца а беза. Ткъа, яздархошца цхьаьнакхетар дешархойн деза де ду, Iаламат царна механала а долуш. Школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа а дуккха хенахь царна дагахь лаьтта и цхьаьнакхетар, яздархоша шайца дина къамелаш.

ЛИТЕРАТУРНИ СУЬЙРЕНАШ

Школехь литературни суьйренаш дIахьо дукха хьолахь цхьана яздархочун юбилей билгалйоккхуш я цхьа билггал йолчу литературни темина лерина. Литературни суьйренаш хила тарло Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан, Сулаев Мохьмадан, Ахматова Раисин, кхиболчу яздархойн кхолларалле лаьцна, я иштта теманаш йолуш: «Нохчийн литературехь В. И. Ленинан а, Октябрьски революцин а теманаш», «ХIинцалерчу яздархойн произведенешкахь комсомольцийн васташ». Литературан суьйре ерриге а школан мероприяти ю, цунна кечамбеш, дешархойн ерриге организацийша, библиотеко, пионервожатийша, классни куьйгалхоша, дукхаха болчу хьехархоша а дакъалоцу. Къаьстана жигара дакъалоцу литературни суьйренашна кечамбарехь а, иза дIаяхьарехь а, литературни кружокаша. Васт хIоттош ешаран кружокехь болчара суьйренехь исбаьхьаллица еша произведенеш (стихаш, дийцарш, яккхий произведенеш елахь церан дакъош) кечйо. Драматически кружоко инсценировка, сценка я спектакль кечйо. Халкъан барта кхолларалин кружокан дакъалацархоша литературни суьйренна барта произведенеш кечйо (ира аларш дийцар, эшарш лакхар, илли алар, кицанаш, хIетал-металш кечдар). Нагахь санна цхьана яздархочун кхолларалин лерина литературни суьйре елахь, кружокаша кечамбийр бу оцу яздархочун произведенешкахь барта кхолларалло дIалоцучу меттигах лаьцна дийца.

Литературно-кхолларалин кружокан дакъалацархоша шайн произведенеш а кечйо литературни суьйренна, ткъа иштта суьйренехь дIайоьшу йолу коьрта доклад а кечйо хьехархочуьнан гIоьнца.

Литературни суьйре дIаяхьар тайп-тайпанчу кепара кхочушдо. Масала, Мамакаев Мохьмадан кхолларалин лерина йолу суьйре иштта дIаяхьа тарлур дара.

1. Мамакаев Мохьмадан дахарх а, кхолларалле а лаьцна йолу доклад.
2. Яздархочун произведенеш дешархоша ешар.
3. Цуьнан произведенеш тIехь хIоттийна йолу викторина дIаяхьар.
4. Поэтан стихашна тIехь яьхна эшарш лакхар.

Суьйре хуьлчу зал чохь яздархочун доккха сурт а, цуьнан книгийн выставка а хир ю. Кхузахь хир ю Мамакаев Мохьмадан кхолларалин язйина йолу статьяш а, книгаш а, дешархоша яздархочун произведенешна ехкина иллюстрацеш елахь, уьш а.

Литературни суьйре чекхъяьлча, иза кечъярехь а, дIаяхьарехь а алссам дакъалаьцна болу дешархой школан куьйгалхоша цхьана кепара билгалбаха мегар ду (грамоташца, книгашца совгIат деш, я кхечу кепара).

Литературни суьйренаш школехь дIаяхьар чолхе а, дуккха а кечам бан безаш гIуллакх ду, амма дешархой кхетош-кхиорехь, царна ненан меттан литература езаялийтарехь мехала гIуллакх а ду.

ЛИТЕРАТУРНО-КРАЕВЕДЧЕСКИ БОЛХ

Литературно-краеведчески болх а бу дешархойн хаарш алсамдахарехь а, уьш кхетош-кхиорехь а яккхий таронаш шеца йолуш. Литературно-краеведчески балхо дешархойн шайн Даймахках

долу хаарш шордо, литературан дахарца йолчу уьйрех кхета а, яздархойн кхолларалле дозаделла долу гIуллакхаш довзарна а бIегIийлаш кхуллу.

Литературно-краеведчески белхан эвсаралла сов йолу иза классехь бечу балхаца цхьаьна дIахьош хилча. Бадуев СаьIидан кхолларалла 8-чу классехь Iамочу хенахь, тарлур ду дешархой яздархочун дахарх а, кхолларалли а йозаелла йолчу меттигашка экскурсе бига. Уьш ю Грозный-гIалахь а, Урус-Мартанехь а. Вайн республикан столицехь Московский, Пролетарский урамаша вовшийн хадош биъ некъ къаьсттачу меттехь лаьтташ долу № 8/26 йолу цIенош ду яздархочун цIарах дозаделла. Царна тIетоьхна мемориальни у ду: «XIокху цIеношкахь вехаш а, болх беш а Iийна 1929 шарера 1938 шаре кхаччалц яздархо Бадуев СаьIид Сулейманович — нохчийн советски исбаьхьаллин литературан бухбиллархо». Оцу цIеношна гена боццуш яздархочун цIарах болу урам а бу. Урус-Мартанехь № 7 йолчу юккъерчу школан зал чохь лаьтташ Бадуев СаьIидан доккха скульптурни сурт ду. Дешархой яздархочун музей вовшахтухуш а бу оцу школехь. Бадуев СаьIидан цIарах урам а бу Урус-Мартанехь а. Дешархой экскурси а бигина, оцу меттигашкахула чекхбаха мегар ду. Хьехархочо дика кечам а бина экскурсехь дуьйцур ду дешархошна оцу меттигийн мехаллех лаьцна. Масала, Грозный-гIалахь Бадуев СаьIидан мемориальни у тIехь долчу цIеношка экскурси йича хьехархочо дуьйцур ду, 1929—1938 шерашкахь ша язйина йолу произведенеш яздархочо оцу цIенош чохь язйина хиларх лаьцна. Кхузахь Бадуев СаьIид волчу гуллуш хилла цуьнан накъостий, яздархой. Нохчийн къона литература кхиарх лаьцна къамелаш деш, шайн керла произведенеш йоьшуш, йийцаре еш хилла цара. Мамакаев Мохьмада шен дагалецамашкахь дуьйцу, цкъа шаьш чу а дигна, Бадуевс шайна «ЦаIебина зуда ялор» цIе йолу забаре пьеса ешар. «Пьесехь дакъалоцуш болчийн шен-шен забар а хIоттош, аз айдеш, я лахдеш йоьшура цо иза. КIордор ца хаалуш, синкъерамехь дIаяхара тхуна СаьIида и ешна хан», — бохуш, яздо М. Мамакаевс.

Бадуев СаьIидан скульптурни сурт долчу Урус-Мартановски № 7-чу школе экскурси дахча, хьехархочо дуьйцар ду яздархочун цIе, цуьнан кхолларалла тахана а халкъо лоруш, яздархочун сий деш хиларх лаьцна.

Краеведчески болх дIабахьа мегар ду, яздархоша шайн произведенешкахь гайтина йолу меттигаш дешархошна йовзуьйтуш а. Масала, Бадуев СаьIид «Iадат» бохучу произведени тIехь Органан чожахула Шуьйта боьду некъ гайтина, оцу меттигийн исбаьхьа Iаламан суьрташ дехкина.

Шаьш дехачу юьртара схьаваьлла цIеяххана яздархо велахь, цуьнан дахарх а, кхолларалле а йозаелла йолу литертурни материалаш гулъеш а, уьш Iамош а болх дIахьо дешархоша. Йоккхачу АтагIарчу школашкахь бIегIийла ю Нажаев Ахьмадан, Сальмурзаев Мохьмадан, Хамидов Iабдул-Хьамидан, Ошаев Халидан дахарх а, кхолларалле а лаьцна краеведчески болх дIабахьа. Iалхан-Юьртарчу дешархойн таро ю Исаева Маремин кхолларалин биографих, халкъан хьехархо хиллачу цуьнан ден Хакишев Солтин дахарх талламаш бан, Ачхой-Мартанерчу дешархойн — Мамакаев Мохьмадан, Надтеречни районехь — Мамакаев Iаьрбин, Айсханов Шамсуддинан, Шеларчу дешархойн—Гайсултанов Iумаран, Жимчу АтагIахь—Арсанов СаьIид-Бейн, БелгIатойн-Эвлахь — Музаев Нурдинан, Хоттанехь—Муталибов Зайндин, Элистанжахь — Дудаев Iабдин дахарх а, кхолларалле а болу краеведчески болх дIабахьа.

Вайн школашкахь яккхий таронаш ю ненан меттан литература хьоьхуш беш болу краеведчески болх оьрсийн литература хьоьхуш бечу балхаца уьйр тосуш дIабахьа, А. С. Грибоедов, М. Ю. Лермонтов, Л. Н. Толстой, А. С. Серафимович, А. М. Горький. Нохчийчохь хиларх йозаелла йолу материалаш лахар а, гулъяр а Iаламат мехала ду. Оьрсийн яздархойн произведенешкахь вайнехан къоман гIиллакхаш, фольклор, Нохчийчоь гайтаран хьелаш билгалдохуш болх вовшахтоха а дуккха а материал ю. Масала, А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермонтовн, Л. Н. Толстойн, А. А. Фетан произведенеш. Дешархойн интернациональни ойла кхиорехь мехала бу и тайпа болх.

Литературни а, исторически а краеведенина юкъабогIуш лара мегар ду шайн юьртан истори язъяран Iалашонца материалаш лохуш дешархоша дIахьош болу болх. Дика вовшахтоьхна, хьехархочо говза куьйгалла а деш, и болх дIабаьхьча, шайн юьртан истори язъярехь дуккха а пайдехьа материалаш кечйо дешархоша.

ЦхьайттагIа корта

ЛИТЕРАТУРАН ХЬЕХАРХО А, МЕТОДИЧЕСКИ БОЛХ А

Iаламат жоьпаллин бу хьехархочун болх. Халкъан уггаре а коьрта хазна — тIекхуьуш йолу тIаьхье — ю цунах тешийнарг.

«Кегийрхошна дешар Iаморан а, уьш кхетош-кхиоран а чолхе декхарш кхочушдар къастамаллин декъана дозуш ду хьехархочух, иза идейни тешна хиларх, цуьнан корматаллин говзаллех, эрудицех, культурах.

Халкъан хьехархо—къоначу стеган духовни дуьне кхоллархо, шен уггаре а хьоменига, уггаре а механиг — бераш, шен дегайовхо, шен хиндерг юкъаралло шех тешош волу цуьнан тешам белла стаг ву. Оцу уггаре а оьздачу а, уггаре а халачу а кормаллo цунна шен дахар дIаделлачу стагера лоьху ойланан хаддаза йолу

кхолларалла, цо кIад ца луш болх бар, Iаламат йоккха син комаьршалла, бераш дуккадезар, гIуллакхна доза доцуш тешаме хилар. ТIекхуьуш долу чкъоьрнаш кхетош-кхиорехь ша-шен ца кхоочу а, ша цунна муьтIахь волчу а къинхьегамца хьехархочо шена даькхина шен халкъо даггара баркалла алар а, сий-ларам бар а. Советски хьехархойн дуккха а миллионни отряд вайн мехкан дозалла а, кегийрхой кхетош-кхиорехь партин тешаме гIортор а ю»,[1] аьлла, билгалдаькхина школан реформин коьртачу некъаш тIехь.

Шен хилла хьехархо дукха хенахь дагахь лаьтта стагана. Мила ву вайх хьехархой дага ца богIуш? Церан гIиллакхех, оьздангаллех, хазачу амалех, кIорггерчу хаарех цец ца вуьйлуш? Хьехархочо шен дахарца а, шен оьздангаллица а лар юьту дешархойн дегнашкахь. Доккха маьIна ду хьехархочун дешархой кхетош-кхиорехь а, царна хаарш даларехь а. Оцу тIехь къаьсттана жоьпаллин ву литературан хьехархо. Литература Iамош дешархошна го адамийн юкъаметтигаш, дахарехь долу дика а, вон а девза. Литературан хьехархочо исбаьхьаллин произведенеш йоьшуш, царна тIера проблемаш, васташ, дахаран суьрташ къастош, дешархой Iамабо диканиг, сийлахьниг чIагIда, вочунна, сийсазчунна дуьхьал къийсам латто. Дахарера хазниг, исбаьхьниг тIеэца, иза кхидIа дебо Iамабо дешархой. Лакхарчу классашкара дешархой мелла а дахар девзаш, адамийн амалех мелла а кхуьуш хуьлу. Царна лаьа литературан хьехархочо шайгахь кхиош йолу дика амалш шайн хьехархочуьнгахь ган. Цуьнан васт, цуьнан амалш, шуьйра хаарш дешархошна масалла хуьлий лаьтта. Лаккхара культура а йолуш, шуьйра хаарш а долуш, ша хьоьху предмет дукха а езаш, иза дика а хууш хьехархо велахь, и дешархошна дукха а веза, цо хьоьхуш дерг реза хуьлий Iама а до. Иштта волчу хьехархочун гIиллакх-амалш тIеэца, цунах тера хила гIоьрту дешархой. Сийлахь-воккхачу Л. Н. Толстойс баьхна: «Лаьий хьуна Iилманца дешархо кхетош-кхио, деза айхьа хьоьхуш долу Iилма, довза иза, дешархошна везар ву хьо а, дезар ду Iилма а, ткъа хьоьга уьш кхетош-кхиа а лур бу, амма хьуна хьайна а ца деза-кх хьоьхуш долу Iилма, хьо мел хьеха гIертарх а Iилмано кхетам лур бац дешархошна»[2].

Хьехархочунна тIехь ду дешархой диалектико-материалистически кхетамехь, коммунистически гIиллакх - оьздангаллица, кIорггерчу идейни темашца кхиор. Ша хIор денна дIахьочу балха тIехь хьехархо хаддаза тIетевжаш хир ву марксизман-ленинизман бухбиллархойн белхашна, литературах, искусствох, школах лаьцна болчу партин, правительствон сацамашна.

[1] «Юкъарчу дешаран а, корматаллин а школан реформин коьрта некъаш».— Ленинан некъ, 1984. 18 апрель.

[2] *Толстой Л. Н.* Полное собрание сочинений, т. 8. М., 1952, с. 245.

Ненан меттан литературан хьехархочунна дика хаа еза къоман литература а, культура а. Литература кхиар хаддазчу тидамехь хир ду цуьнан. Нохчийн литература къона ю, иза кхуьуш хиларе терра арайовлу керла произведенеш, шен хеннахь уьш йоьшуш а, царех мехала йолчех дешархошка пайда оьцуьйтуш а хир ву иза. Къоман литературехь арабовлу литературоведчески а, критически а белхаш бевзаш а, царех пайда оьцуш а хир ву. «Орга» альманах а, «Ленинан некъ» газета а хьехархочо кхечу периодически изданешца цхьаьна шена гуттура а яздеш хуьлу. Телевиденехула, радиохула хуьлчу литературни передачийн, театральни постановкийн тидам бо цо.

Сийлахь-йоккха оьрсийн классически а, советски а литература къаьсттана дика хууш хила веза ненан меттан литературан хьехархо. Вежараллин къаьмнийн литераураш а, дуьненан прогрессивни литература а йоьшуш а, евзаш а хир ву иза. Оьрсийн литературоведени, литературни критика Iаламат мехала ю нохчийн литературан хьехархочунна. Журналаш: «Вопросы литературы», «Литературное обозрение», газеташ: «Литературная газета», «Литературная Россия», «Советская культура» хьехархочо дайманна доьшу. Методически журналаш: «Литература в школе», «Русский язык в национальной школе» нохчийн литературан хьехархочо шайх кIорггера пайдаоьцуш хир ду. Вай лаккхахь хьахийна долу журналаш, газеташ мехала ду хьехархочун Iилманан-теоретически а, методически а хаарш кIаргдарехь, лаккадахарехь.

Хьехархочунна коьрта ду шен предмет, литература дика хаарал совнаха, иза дIахьехаран корматалла кIорггера карайирзина хилар. Литература хьехаран методика дика хаар тIехь ду цунна, хаддаза шен профессиональни говзалла лаккхаяккхарна тIехь болх беш а хир ву иза. Нохчийн литература хьехаран хьокъехь арайовлу ерриге а материалаш, книгаш, статьяш леррина Iалаш а еш, царех кхолларалла пайда оьцур бу цо.

Ша хьоьхуш болу дешархой юххера бовза беза хьехархочунна, церан амалех, ойланех кхиа хьажа веза и. Кхузахь цо пайдаоьцу психологин Iилманах.

Хьехархочун къамел, цо книга ешаран кеп, цуьнан йоза, иза дешархошка вистхиларан хатI, цуьнан куц-кеп — и дерриге а дешархоша тергал деш ду, оцу дерригена а маьIна до хьехархочо царна Iаткъам барехь.

Цу тайпана, хьехархо ша а хаддаза Iемаш, шен хаарш лакхадохуш, кхуьуш хир ву. Литературан хьехархо шен говзалла лакхаяккхархьама исбаьхьаллин литературехь литературоведенехь, методикехь гучудолучу керлачун тидам беш, цунах кхуьуш, литература хьехархь кхечарна зеделлачух пайдаоьцуш, шен белхан анализ еш хила веза.

Шен хаарш лакхадахарехь ша бечу белхан план хуьлу хьехархочун. Плано гІо до и болх цхьанаэшшара дІабахьа. План дукха хьолахь кхаа декъах лаьтташ хуьлу: идейно-политически кхетам лакхабаккхар; Іилманан-теоретически хаарш садахар; методически, психологически, педагогически хаарш кІаргдар. Оцу кхаа декъехь ша дан леринарг дІа а яздой, иза кхочушдаран терахьаш билгалдоху хьехархочо план тІехь. ТІаккха оцу планаца ша дан леринарг кхочуш а до.

Школехь вовшахтуху хьехархойн говзалла лакхаяккхаран болх, методически болх. Цуьнан шен форманаш ю. Литература хьехарехь зеделлачух пайда эцийтархьама а, хьехархошка вовшашка гІо дайтаран Іалашо йолуш а школехь кхочушдо хьехархой вовшийн урокашка бахийтар. Цхьана четвертана я эхашарна график а хІоттайой, вовшийн урокашка боьлху хьехархой. Шаьш урокехь хиллачул тІаьхьа, цхьана а кхетий, йийцаре йо иза. Пайдехьа хуьлу хьехархошна вовшийн урокехь хилар, шайна гина диканиг схьаоьцу, ледарчух ларбала хьовсу.

Іаламат пайдехьа ду литературан хьехархочунна школехь вовшахтухуш йолчу нохчийн меттан а, литературан а хьехархойн методически цхьаьнакхетараллехь дакъалацар. Методически цхьаьнакхетаралло кхочушдо школерчу нохчийн меттан а, литературан а хьехархойн болх цхьаьнабогІуш вовшахтохар, царна шайн педагогически а, методически а говзалла лакхаяккхарехь гІо дар. Школехь дІахьош болу методически болх эвсараллица хилийтаран Іалашо ю цуьнан. **Хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин дакъалацархоша школехь нохчийн мотт а, литература а хьехарехь зеделларг гул а деш, цунах массаьрга а пайдаоьцуьйту; методикехь керланиг хьехархошна юкъадаржадо, уьш вовшийн урокашка бахийтар вовшахтуху; дешархойн нохчийн меттан а, литературан а хаарш талларехь оьшуш болу белхаш кечбо; хаарш таллараи жамІаш дийцаре а деш, кхидІа бан безачу белхан хьесап до факультатив а, классал арахьа бен болх а вовшахтоха гІо до.** Методически цхьаьнакхетаралло шен болх планаца дахьо, план хІоттайо эхашарна я шарна. Четвертехь цкъа я шозза дІахьо цхьаьнакхетаралло шен заседанеш. Цигахь дийцаре до нохчийн мотт а, литература а хьехарехь коьрта маьІна долу гІуллакхаш.

Іалхан-Юьртара № 1 йолчу юккъерчу школан нохчийн меттан а, литературан а хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин белхан план ялайо вай кхузахь. Иза тІехдика ю аьлла ялош яц, амма билггалйолчу школехь методически цхьаьнакхетаралло билггалчу хенахь дІабаьхьначу белхан план ю. ХІор школехь шайн дешаран а, методически а хьелашка, хьехархойн корматалле хьаьжжина дІахьур бу и болх.

НОХЧИЙН МЕТТАН А, ЛИТЕРАТУРАН А ХЬЕХАРХОЙН МЕТОДИЧЕСКИ ЦХЬАЬНАКХЕТАРАЛЛИН БЕЛХАН ПЛАН

(Іалхан-Юьртара № 1 йолу юккъера школа, 1982—1983 дешаран шо)

Хьалхара заседани (сентябрь)

1. ДІадаханчу дешаран шарахь нохчийн меттан а, литературан а хьехархойн методически цхьаьнакхетаралло бинчу белхан жамІаш а деш, карарчу хенахь хьалха лаьтта декхарш дийцаре дар.
2. Хьехархойн белхан планаш йийцаре а еш, чІагІъяр:
а) нохчийн мотт а, литература хьехаран календарно-тематически планаш;
б) факультативни занятийн календарно-тематически план;
в) нохчийн мотт а, литература а хьоьхуш, классал арахьа бечу белхан план;
г) меттан а, литературан а кружокийн белхан планаш.
3. Кху шарахь хІор хьехархочо а шена къасто хаьржина методически теманаш чІагІъяр.
4. Нохчийн меттан а, литературан а хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин план йийцаре а йина, чІагІъяр.

ШолгІа заседани (ноябрь)

1. Нохчийн литературан а, меттан а урокашкахь дешархой интернациональни, патриотически ойланехь, гІиллакх-оьздангаллица кхетош-кхиор (доклад).
2. 5—6-чуй классашкахь дешархойн ненан меттан къамел кхиор (зеделлачух лаьцна хаамбар).
3. 4—5-чуй классашкарчу дешархойн нохчийн меттан, литературан тетрадашка хьовсар.

КхоалгІа заседани (январь)

1. 6—7-чуй классашкахь дешархоша нохчийн меттан а, литературан а урокашкахь шаьш бечу белхан эвсаралла саяккхар (доклад).
2. 8—10-чуй классашкахь сочиненеш язъяран башхаллаш (зеделлачух хаамбар).
3. 6-чу классашкарчу дешархойн тетрадашка хьовсар.

ЙоьалгІа заседани (март)

1. Нохчийн меттан а, литературан а урокашкахь дешархой къинхьегамна тІера болуш кхиор (доклад).
2. Литературан урокашкахь стихотворенеш Іаморан цхьайолу башхаллаш (зеделлачух лаьцна хаамбар).
3. Школехь хинйолчу педагогически чтенешна докладаш схьакъастор.

Пхоьалгlа заседани
(апрель)

1. Нохчийн мотт а, литература а lамош классал арахьа бен болх жигара баккхар (доклад).
2. 5-чу классехь «Кхечуьнга довлу а, кхечуьнга ца довлу а хандешнаш» боху тема lаморан башхаллаш (зеделлачух лаьцна хаамбар).
3. Шо чекхдолуш кхочушбечу талламан белхийн тексташ чlагlъяр.

Ненан меттан а, литературан а хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин балха тlехь жигара дакъалоцу хlор хьехархочо. Цхьаьнакхетараллин заседанехь йоьшу йолу доклад, бен болу хаам, вовшах дага а бовлуш, хьалххе кечбо хьехархоша.

Методически цхьаьнакхетараллехь хьехархоша ешначу докладех уггаре механлаш школехь дlахьош йолчу педагогически чтенешкахь еша магайо (цхьайолчу школашкахь хlор шарахь дlахьо шайн коллективашкахь педагогически чтенеш). Цигахь ешначех тоьлла йолу докладаш районан а, республикан а педагогически чтенешкахь еша схьакъастайо.

Школехь дика вовшахтоьхна дlахьочу методически балхо гlо до хьехархошна дешархой кхетош-кхиорехь а, царна хаарш даларехь а.

Тlаьхьарчу шерашкахь вайн республикан цхьайолчу районашкахь кхиамца дlахьо ненан меттан а, литературан а хьехархойн ерриге а районан методически цхьаьнакхетарш. Цара гlо до районехь дуккха а зеделларг долчу, тоьллачу хьехархойн белхаца долу диканиг массо а школе дlакхачийтарехь, кхечу хьехархошна довзийтарехь. Эвсараллица дlахьо шен болх Урус-Мартанан районерчу нохчийн меттан а, литературан хьехархойн методически цхьаьнакхетаралло. Цуьнан куьйгалхо ву ненан мотт а, литература а хьехарехь дуккха а шен зеделларг долу говза хьехархо Мадагов У. А. Цигахь дийцаре дохку методически доккха маьlна долу гlуллакхаш. Масала, районан берриге а хьехархошца дlаяьхьначу цхьана методически цхьаьнакхетараллин тема яра «Нохчийн меттан, литературан урокашкахь берийн хаарашка болу лаам кхиоран хьокъехь». Оцу темина чулацаме доклад йира районан методически цхьаьнакхетараллин куьйгалхочо Мадагов У. А. Цул тlаьхьа Урус-Мартанерчу № 1 йолчу юккъерчу школан тоьллачу хьехархоша А. Шимаевас а, М. Магомадовас а, М. Ахмадовас а гайтаман урокаш елира шаьш болх бечу классашкахь. Шайх lама мегар долуш дика урокаш дlаяьхьира хьехархоша. Доклад а, шаьш хьаьвсина урокаш а йийцаре йира методически цхьаьнакхетараллин дакъалацархоша. Дуккха а диканиг, пайдехьаниг ган а гира, схьа а дийцира оцу методически цхьаьнакхетараллехь ярташкарчу нохчийн меттан а, литературан а хьехархоша.

Хьехархойн говзалла лаккхаяккхарехь механа форма ю методически семинар а. Уьш вовшахтохарехь а жигара дакъалоцу районерчу хьехархойн методически цхьаьнакхетаралло. Оцу Урус-Мартанерчу № 1 йолчу юккъерчу школехь кест-кестта вовшахтуху районерчу нохчийн меттан а, литературан а хьехархошна лерина методически семинараш. Дукха хан йоццуш цигахь дlаяьхьначу цхьана семинарах лаьцна, иза хьехархошна чlогlа пайдехьа хиларан хьокъехь яздо нохчийн меттан а, литературан а хьехархочо Д. Сумбулатовс: «Урус-Мартанан № 1 йолчу юккъерчу школехь дlаяьхьна «Нохчийн меттан а, литературан а урокашкахь, урокал арахьарчу балхахь бlаьхаллин-патриотический, интернациональний ойланехь кхетош-кхиор» цlе йолу семинар. Хьехархойн говзалла лаккхаяккхаран институтан белхахочуьнца А. Б. Вагаповаца цхьаьна школан хьехархоша вовшахтоьхна йолу семинар лаккхарчу идейно-методически тlепlанехь дlаехьира. Урокийн чулацамо, дешархойн хаарша, церан ойланийн некъо, хьехархоша лаккхарчу похlмаллица семинар дlаяхьаро дакъалаьцначарна гайтира нохчийн мотт а, литература а хьехар, патриотический, интернациональний ойланехь кхетош-кхиор оцу школехь дика дlахlоттийна хилар. Дешархоша синхаамца йоьшучу стихаша, цара ненан маттахь дечу къамело, исбаьхьаллин произведени идейно-эстетически агlор схьаелла хааро чlагlйора царах кхоллаелла ойла: хаддаза бечу балхо кхачийна оцу дикачу жамlашка».[1]

Нохчийн мотт а, литература а хьехарехь зеделларг лахарехь а, иза дуккха а хьехархошка дlакхачорехь а механа ду районан методически цхьаьнакхетарш а, семинараш а.

Методически цхьаьнакхетараллашна гlо хилийтархьама кхузахь балабо «Нохчийн литературах долчу хаарийн мах хадоран барамаш».

ДЕШАРХОЙН НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРАХ ДОЛЧУ ХААРИЙН МАХ ХАДОРАН БАРАМАШ

Программаш тlехь билгалъяьхна школехь нохчийн литература хьехаран lалашонаш а, декхарш а, хьеха еза материал а, дешархойн хааршка хlора классехь болу лехамаш а. Цаьрца цхьаьнадогlуш кхочушдо дешархойн хаарш а, царна lеминарш а, карадирзинарш а таллар.

Дешархойн хаарш, царна lеминарш, кардирзинарш талларан коьрта lалашо ю дешархоша нохчийн литература lаморехь бинчу кечаман барам билгалбаккхар а, хlора классан программин чулацаме хьаьжжина церан мах хадор а.

---

[1] *Сумбулатов Д.* Механа семинар. — Ленинан некъ, 1986, 15 январь.

Нохчийн литература Іамош дешархоша барта лучу жоьпийн мах хадорехь, билггалчу классан программин чулацаме хьаьжжина, куьйгалле оьцу хІара лехамаш.

1. Исбаьхьаллин произведени шерра еша а, маьІна деш цуьнан чулацам схьабийца хаар.

2. Іамийнчу произведенин текст хаар, цуьнан идейно-исбаьхьалин чулацамах кхетар.

3. Исбаьхьаллин произведени тІерачу хиламех, уьш вовшех бозабаларан башхаллех кхетар; турпалхойн гІиллакх-амалш йовзар, цара кхочушдечу гІуллакхийн а, церан вовшашца йолчу уьйрийн а маьІна дан хаар.

4. Іамийнчу произведенин идейно-эстетически чулацам къасторехь исбаьхьаллин гІирсийн долчу маьІнех кхетар.

5. Литературан теорех долу хаарш кхачаме хилар а, произведени къастош царех пайда эца хаар а.

6. Къамел нийса а, говза а долуш, жоп шен дерриге а дакъошца дІанисдина хилар.

Оцу лехамашца цхьаьнадогІуш:

«5» дуьллу Іамочу произведенин текст дика а хууш, кІорггера цуьнан чулацамах а кхеташ; сюжетан хиламех, уьш вовшех бозабаларан башхаллех кхуьуш, турпалхойн гІиллакх-амалийн, цара кхочушдечу гІуллакхийн маьІна дан а хууш; произведенин идейно-эстетически чулацам къасторехь исбаьхьаллин гІирсийн маьІна гучу а доккхуш; кхачаме доллу теоретически хаарш а гойтуш, произведени къастош, царех пайда эца а хууш; ша дуьйцург чІагІдархьама произведенин текст а ялош, литературни кепехь нийсачу къамелаца деллачу жоьпана.

«4» дуьллу Іамочу произведенин текст дика а хууш, тоъал кІорге йолуш цуьнан чулацамах а кхеташ; сюжетан хиламех, уьш вовшех бозабаларан башхаллех а кхуьуш, турпалхойн гІиллакх-амалийн, цара кхочушдечу гІуллакхийн маьІна дан а хууш; произведенин идейно-эстетически чулацам къасторехь коьртачу исбаьхьаллин гІирсийн маьІна гучу а доккхуш; коьрта долу теоретически хаарш а гойтуш, произведени къастош царех пайда эца а хууш; ша дуьйцург чІагІдархьама произведени текст а ялош, литературни кепехь нийсачу къамелаца деллачу жоьпана. Царех шиъ-кхоъ хІума кхачам боллуш нийса билгалдаккхаза хила а тарло.

«3» дуьллу Іамочу произведенин текст а хууш, цуьнан чулацамах а кхеташ; сюжетан хиламех, уьш вовшашца бозабаларан башхаллех а кхуьуш; турпалхойн гІиллакх-амалийн, цара кхочушдечу гІуллакхийн маьІна дан а хууш; произведенин идейно-эстетически чулацам къасторехь коьртачу исбаьхьаллин гІирсийн маьІна гучу а доккхуш; коьртачех долу теоретически хаарш а гойтуш, амма произведени къастош царех тоъал пайда эца ца хууш; произведени къастор кІезиг карадирзина а, ша дуьйцург чІагІдархьама произведенин текст ялор кхачаме а доцуш; шен чулацамехь кхаа-деаннал сов гІалат а доцуш, дІахІоттамехь а, къамелаца а масех эшам а болуш деллачу жоьпана.

«2» дуьллу Іамочу произведенин чулацам а ца хууш, турпалхойн гІиллакх-амалш а ца евзаш, цара кхочушдечу гІуллакхийн маьІна а ца далуш, произведенехь исбаьхьаллин гирсийн маьІна а ца хууш, литературан теорех хууш хІума а доцуш, ледарчу литературни маттаца деллачу жоьпана.

«1» дуьллу Іамочу произведенин чулацам хаанний цахаар а, программо билгалдаьхна коьрта хІуманаш хууш цахилар а шеца билгалдолучу жоьпана.

СОЧИНЕНИН МАХ ХАДОР

Нохчийн литература Іамош язъечу сочиненийн мах хадорехь, билггалчу классан программин чулацаме хьаьжжина, куьйгалле оьцу хІара лехамаш.

1. Теманах нийса кхетар, иза юьззина а, кІорге йолуш а ястар; произведени тІера хиламаш нийса схьагайтар; цуьнан идейно-эстетически чулацаме хьаьжжина, хиламийн а, турпалхоша кхочушдечу гІуллакхийн а маьІна дар; чулацамехь коьртаниг бух боллуш чІагІдина хилар; тема къасторхьама оьшу материал ялор; юкъара маьІна дан хаар; цитаташ ярло а, уьш сочиненехь дІанисъян а хаар.

2. Сочиненин дакъош шайн барамца, маьІница, вовшех дозадаларца цхьаьнадогІуш хилар.

3. Меттан суртхІотторан гІирсех пайдаэцар, нийсачу литературни маттаца язйина хилар.

Сочиненина ши оценка юьллу: литературана а, ненан маттана а.

Литературана

«5» дуьллу кІорггера тема йостуш; произведенин текст а, оьшуш йолу кхин литературни материал а кхачам боллуш хаар гойтуш, царех говза пайда оьцуш; юкъара маьІна дан хууш; ойланаш хьалха-тІаьхьа яхарца нийса, дІахІоттамца чекхъяьлла йолуш, литературни маттаца язйинчу сочиненина. Чулацамехь цхьаъ-шиъ хІума кхачам боллуш билгалдаккхаза хила а тарло.

«4» дуьллу тоъал тема йостуш; произведенин текст а, оьшуш йолу кхин литературни материал а дика хаар гойтуш, царех нийса пайдаоьцуш; юкъара маьІна дан хууш; ойланаш хьалха-тІаьхьа яхарца нийса, дІахІоттамца чекхъяьлла йолуш, литературни маттаца язйинчу сочиненина. Чулацамехь шиъ-кхоъ хІума тоъал

билгалдаккхаза а, къамелаца кхоъ-диъ кхачамбацар хила а тарло.

«3» дуьллу коьрта долчунна тема нийса йостуш, амма дуьззина жоп доцуш, чулацамехь цхьацца нийса йоцуш меттигаш хаалуш; юкъара маьIна дан ца хууш; ойланаш хьалха-тIаьхьа йохуш дIанисъярехь а эшамаш болуш; мелла а йозанан къамел хаар гойтуш; шеца диъ-пхиъ къамелан кхачамбацар долуш язйинчу сочиненина.

«2» дуьллу тема ца йостуш, произведенин текст ледара хууш, цу тIера цхьацца хиламаш юкъ-юкъара схьабийца гIертар бен, маьIна дар а доцуш, я текстах дозаделла а доцу кхин юкъара хIумнаш дуьйцуш, маттана къен а, къамелаца даккхий гIалаташ долуш а язйинчу сочиненина.

«1» дуьллу темица ца йогIуш, произведенин текст хаъаний ца хаар гучудолуш, шен ойланаш йозане яхка ца хууш язйинчу сочиненина.

Сочиненина шолгIа (ненан маттана) оценка юьллуш куьйгалле сьцу ненан меттан хаарийн мах хадоран барамаш.

Шуьйталгlа корта

ЛИТЕРАТУРАН ХЬЕХАРХОЧУН БЕЛХАН ПЛАНАШ

Дешаран шо дIадолалуш шен белхан хьесап до хьехархочо. Литература хьоьхуш классехь бечу белхан планаш коьрта долчунна кхаа тайпана хуьлу: **шеран планаш, тематически планаш, урокийн планаш.** Царех хIоранна а шен Iалашонаш а, шен башхаллаш а ю.

ШЕРАН ПЛАН

Шеран план тIехь шегарчу классехь литература хьоьхуш шарахь бан безачу белхан хьесап до хьехархочо.

Программаш тIехь билгалъяьккхина ю хьеха еза материал а, и материал Iамо лерина йолу хан а, хIор темина къастийна долу сахьташ а. Хьехархочо шеран план тIехь (календарни план а олу цунах, цу тIехь хан билгалйоккхуш хиларна) Iамо еза материал урокашка а йоькъуш, дешаран хенаца дIанисйо.

Лакхарчу классашкахь нохчийн литература хьехаран шеран план тIехь билгалъяьккхича бакъахьа ду **урокийн раж, урокийн материал, и материал Iамо елла хан, дешархошна хаа езаш йолу теоретически материал.** Литературан теори Iаморна тIе алссам тидам бохуьйту лакхарчу классашкахь. Теоретически хаарш далар кхочушдо коьрта долчу декъана исбаьхьаллин тексташ Iамочу хенахь. План тIехь билгалдаьккхича дика хир ду муьлха исбаьхьаллин произведени Iамош лур ду билггалдолу теоретически хаарш. Цундела план тIехь «Литературан теори», аьлла графа хилча дика ду.

Шеран план тIехь хенаца нисъеш, ерина охьайилла еза ша болх бечу хIор классехь а динна шарахь хьеха программаша билгалъяьккхина материал. И план эхашарна хила а тарлур ду, тIаккха хьалхарчу эхашарна план хIоттор ю дешаран шо дIадолалуш, шолгIачу эхашарна план хIоттор ю дешаран шолгIа ах шо долалуш.

8-чу классехь нохчийн литература хьехаран шеран план

Урокийн рогIалла	Урокийн чулацам	Сахьташ	Хан	Литературан теори
1	2	3	4	5
1	Нохчийн халкъан барта кхолларалла а, къоман литература кхиарехь цуьнан маьIна а	1	1-ра кIира	Барта кхоллараллех болу кхетам кIаргбар
2	Къоман йоза кхолладалар а, исбаьхьаллин литература кхиар а	1	2-гIа кIира	Халкъан дахарехь исбаьхьаллин литературан маьIна
3	Дудаев Iабдин поэзин чулацаман башхаллаш. «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел» цIе йолу стихотворени	1	3-гIа кIира	Стихах болу кхетам кIаргбар
4	Советан Iедалехьа къийсам латтийнчийн сий даран тема. «Аслан-бек» цIе йолу стихотворени	1	4-гIа кIира	
5	Октябрьски революцин а, социалистически дахар дIахIотторна а теманаш. «Советийн малх». Дудаев Iабдин кхоллараллин 30-чу шерийн поэзехь долу маьIна	1	5-гIа кIира	
6	Сальмурзаев Мохьмадан дахарх а, кхоллараллех а хаамаш. «Кхетаме Хьамид» цIе йолчу дийцаран чулацам	1	6-гIа кIира	
7	«Кхетаме Хьамид» цIе йолчу дийцаран идейно-исбаьхьаллин маьIна	1	7-гIа кIира	Дийцаран жанрах болу кхетам кIаргбар

1	2	3	4	5
8	Нажаев Ахьмадан дахар а, кхолларалла а «Жаlу» поэма классехь ешар. Поэмин тематика а, композици а	1	8-гlа кlира	
9	«Жаlу» поэмин тlехь нахбацорхойн а (Iума, Куьйра, молла, кхиберш а) паччахьан Iедалхойн а васташ	1	9-гlа кlира	Стих кхолларан силлаботонически системах кхетам балар. Нохчийн стихан башхаллаш
10	Муцин васт. Керла, социалистически дахар дlахlотторан тема	1	10-гlа кlира	Поэмин жанрах болу кхетам кlаргбар
11	«Жаlу» поэмин идейни маьlна. Поэмин исбаьхьаллин башхаллаш тlехь бинчу тидамийн жамlаш дар. Нажаев Ахьмадан кхоллараллин механалла	1	11-гlа кlира	
12	«Жаlу» поэмин чулацам тlехь сочинени язъяр (сочинени шина сохьтехь язйо, шолгlа сахьт грамматикан урокех схьаоьцу)	2	12-гlа кlира	
13	Айсханов Шамсуддин дахар а, кхолларалла а	2	13—14-гlий кlиранаш	
14	«Iа» цlе йолу стихотворени			
15	«Кlайн котам» цlе йолчу дийцаран текст тlехь болх бар. Авторан идейни Iалашо. Дийцаран композици а, сюжет а. Бесиратан васт	1	15-гlа кlира	Исбаьхьаллин литературан дахарца зlе хиларх болу кхетам кlаргбар
16	Дийцар тlехь колхозан дахар гайтаран башхаллаш. Дийцаран идейни чулацам	1	16-гlа кlира	
17	«Кlайн котам» цlе йолчу дийцаран чулацам тlехь сочинени язъяр (шина сохьтехь язйо сочинени, цхьа сахьт грамматикан урокех схьаоьцу)	2	17-гlа кlира	
18	Хlинцалерчу нохчийн литературан произведени йийцаре яр	1	18-гlа кlира	

1	2	3	4	5
19	Бадуев Саьlидан дахаран а, кхоллараллин а некъ	1	19-гlа кlира	
20	Бадуев Саьlидан поэтически кхолларалла. «Паччахьан замане» цlе йолу стихотворени	1	20-гlа кlира	
21	«Бешто» цlе йолу повесть ешар.	2	21—22-гlий кlиранаш	
22	Цуьнан тема а, дlахlоттам а			
23	Бешто а, Бусана а. Повестан идейни механалла	1	23-гlа кlира	Повестах болу кхетам кlаргбар
24	Сочинени язъяр (шина сохьтехь, цхьаъ грамматикан урокех схьаоьцу).	2	24-гlа кlира	
25	«Цlеран арц» цlе йолу повесть. Кульдевич а, цунна тlахьабозурш а.	1	25-гlа кlира	
26	Хонмурд а, цуьнан доьзал а	1	26-гlа кlира	Исбаьхьаллин произведени тlехь турпалхойн васташ кхолларан башхаллех кхетам кlаргбар
27	«Цlеран арц» повестан идейни маьlна а, исбаьхьаллин башхаллаш а. Цlахь повестан чулацам тlехь язъян сочинени ялар	1	27-гlа кlира	
28	Бадуев Саьlидан драматурги. «Большевикаллица ялта дерехьа» цlе йолу пьеса. Пьесин хьалхарчу декъа тlехь болх бар	1	28-гlа кlира	
29	Пьесин шолгlачуй, кхоалгlачуй дакъош тlехь болх бар. Коллективизаци кхочушъяран тема къасторан башхаллаш	1	29-гlа кlира	Драматургически къовсамах кхетам балар
30	Бадуев Саьlид — нохчийн советски литературан бухбиллархо. Цуьнан кхоллараллин механалла	1	30-гlа кlира	
31	Бадуев Саьlидан кхоллараллин хьокъехь сочинени язъяр (шина сохьтехь, цхьа сахьт грамматикан урокех схьаоьцу)	2	31-гlа кlира	
32	Беков Темботан кхолларалла. «Ши зама» цlе йолу стихотворени	1	32-гlа кlира	
33	Советски къаьмнийн литературех болу хаамаш. Стальский Сулейманан кхолларалла. «Даймахках ойланаш» цlе йолу стихотворени	1	33-гlа кlира	Дегlастанан литературах кхетам балар
34	Хlинцалерчу нохчийн литературан произведени йийцаре яр	1	34-гlа кlира	

1	2	3	4	5
35	Карладаккхар а, Iамийнчуьнан жамIаш дар а	35	35-гIа кIира	

9-чу классехь нохчийн литература хьехаран шеран план

1	Нохчийн советски литература 40—50-чуй шерашкахь (довзийтар)	1	1-ра кIира	Литературан дахарца уьйр хиларх болу кхетам кIаргбар
2	Мамакаев Iаьрбин дахаран а, кхолларалли а некъ. Цуьнан поэзин коьрта теманаш	1	1-ра кIира	
3	Мамакаев Iаьрбин поэзехь В. И. Ленинан, Октябрьски революцин теманаш. «Ленинан Октябрь»	1	2-гIа кIира	
4	Поэтан лирикехь Даймехкан тема. «Кавказан Латта»	1	2-гIа кIира	Лирикех кхетамбалар
5	Мамакаев Iаьрбин кхолларалехь безаман тема. «Iоле»	1	3-гIа кIира	
6	«Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолу поэма язъяран истори, цуьнан проблематика а, композици а	1	3-гIа кIира	
7—8	«Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин текст еша а йоьшуш, цу тIехь болх бар. Поэми тIехь доттагIаллин а, безаман а теманаш	2	4-гIа кIира	
9	«Нохчийн лаьмнашкахь» поэми тIехь авторан васт	1	5-гIа кIира	Лирически турпалхочух кхетамбалар
10	Поэми тIехь чIиръекхаран Iадатна дуьхьал къийсам латтор	1	5-гIа кIира	Поэмех болу кхетам кIаргбар
11	Мамакаев Iаьрбин кхолларалехь поэтан а, поэзин а теманаш. «Даге». Мамакаев Iаьрбин кхолларалли механалла	1	6-гIа кIира	
12—13	Мамакаев Iаьрбин кхолларалехь лаьцна сочинени язъяр	2	6—7-гIий кIиранаш	

1	2	3	4	5
	Нохчийн литература Сийлахьбоккха Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь (1941—1945) (обзор)			
14	Даймехкан пархIато а, ирс а Iалашдаран тема. «Мархаш тIамца лелхаш ю»	1	7-гIа кIира	
15	«Дерриге а тIамна»	1	8-гIа кIира	
16	«Турпалхойн могIарехь»	1	8-гIа кIира	
17	«Малх тоьлур бу»	1	9-гIа кIира	
18	Йозанан болх	1	9-гIа кIира	
19	Арсанов СаьIид-Бейн дахар а, кхолларалла а. «Маца девза доттагIалла» романан дакъош дешар	1	10-гIа кIира	
20	«Маца девза доттагIалла» цIе йолчу романан дакъош а доьшуш, текст тIехь болх бар	1	10-гIа кIира	
21	Роман тIехь Аьрсби а, цуьнан накъостий Джо, Таташ, Джабраил а	1	11-гIа кIира	Романах болу кхетам кIаргбар
22	Аьрсбин революционни кхетам кхиар. Дмитрий, Ульяшева	1	11-гIа кIира	
23	Роман тIехь Бенон васт	1	12-гIа кIира	
24	Роман тIехь зударийн васташ	1	12-гIа кIира	
25	Роман тIехь къаьмнашна юкъехь интернационални доттагIалла кхолладаларан а, кхиаран некъаш гайтаран башхаллаш. Романан идейни а, исбаьхьаллин а башхаллаш	1	13-гIа кIира	Литературан къомаллех (народность) кхетамбалар
26—27	«Маца девза доттагIалла романах лаьцна сочинени язъяр	2	13—14-гIий кIиранаш	
28 29	Нохчийн хIинцалерчу литературан произведени йийцаре яр	2	14—15-гIий кIиранаш	
30	Йозанан болх. Шаьш ешначу книгина дешархошка аннотаци язъяйтар	1	15-гIа кIира	

1	2	3	4	5
31—32	Музаев Нурдинан дахар а, кхолларалла а. «Вайнахах дийцар» поэмин дакъош а доьшуш, цуьнан чулацам тIехь болх бар	2	16-гIа кIира	
33	Поэми тIехь паччахьан Iедална дуьхьал латтийнчу къийсаман тема	1	17-гIа кIира	Поэмех болу кхетам кIаргбар
34	Поэмин коьрта турпалхо-вайнехан сийлахь халкъ. Зубайра — халкъан векал	I	17-гIа кIира	
35	«Вайнахах дийцар» поэмин идейно-исбаьхьаллин маьIна. Музаев Нурдинан кхоллараллин мехалла	1	18-гIа кIира	
36—37	«Вайнахах дийцар» поэмех лаьцна сочинени язъяр	2	18—19-гIий кIиранаш	
38	Муталибов Зайндин дахар а, кхолларалла а. Цуьнан поэзехь В. И. Ленинан а, партин а теманаш. «В. И. Ленин» цIе йолу стихотворени	I	19-гIа кIира	
39	Муталибов Зайндин кхоллараллехь Сийлахь - боккхачу Даймехкан тIамехь советски бIаьхочун васт. «БIаьхочун весет»	1	20-гIа кIира	
40	«Даима а хьоьца» цIе йолу стихотворени. Муталибов Зайндин кхоллараллин мехалла	I	20-гIа кIира	
41—42	Эдилов Хасмохьмадан кхоллараллин башхаллаш. «Сийлаха» поэма къастош ешар. «Муха билгалйовлу поэми тIехь паччахьан заманахь нохчийн юьртахь къехойн, хьолахойн хилла социальни юкъаметтигаш» боху проблема дешархошна хьалха хIоттор	2	21-гIа кIира	Лиро - эпически произведенийн башхаллаш
43	ХIун бахьана дара Сийлахан ойла хийцаяларан?	1	22-гIа кIира	
44	Эдалха хIунда хIоьттина Сийлахе дагара хаийта а, иза шена йига а?	1	22-гIа кIира	
45	Поэмин турпалхой дакъазбовларан хIун бахьана дара? «Сийлаха» произведени поэма хIунда лору?	I	23-гIа кIира	

1	2	3	4	5
	«Сийлаха» поэмех лаьцна цIахь язъян сочинени ялар			
46	Сулаев Мохьмадан кхолларалла. Цуьнан поэзи а, проза а. Поэтически кхоллараллехь Даймехкан а, доттагIаллин а, къонахаллин а теманаш	1	23-гIа кIира	
47	«Эскинойхь» повестан дакъош а доьшуш, текст тIехь болх бар	I	24-гIа кIира	
48	Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь советски адамийн патриотизм а, къинхьегаман хьуьнарш а гайтар. Повесть тIехь Товсолта а, Анна Львовна а	I	24-гIа кIира	
49	«Эскинойхь» повесть тIехь кегийрхойн васташ кхолларан башхаллаш. Сулаев Мохьмадан кхоллараллин мехалла	I	25-гIа кIира	Повесть тIехь турпалхойн васташ кхолларан тидамбар
50	Мусаев Мохьмадан кхолларалла. «Анзор» романан дакъош а доьшуш, цуьнан текст тIехь болх бар	I	25-гIа кIира	
51	«Анзор» романан проблематика. Цу тIехь къинхьегаман тема къасторан хьелаш	I	26-гIа кIира	Романах болу кхетам кIаргбар
52—53	Роман тIехь белхалойн коллективехь къоначу стеган кхетам кхиар а, дахаран нийсачу новкъа иза валар а гайтаран башхаллаш. Анзоран васт. Мусаев Мохьмадан кхоллараллин мехалла	2	26—27-гIий кIиранаш	
54	Гайсултанов Iумаран дахарх а, кхоллараллех а лаьцна хаамаш балар. «Малика» повесть дакъош а доьшуш, текст тIехь болх бар	1	27-гIа кIира	
55	Повесть тIехь Маликин дахаран некъ гайтаран башхаллаш	I	28-гIа кIира	Повестах болу кхетам кIаргбар
56	Повесть тIехь колхозан дахар гайтар. Къинхьегаман тема	1	28-гIа кIира	
57	«Малика» повестан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш. Нохчийн проза кхиарехь Гайсултанов Iумаран кхоллараллин маьIна	I	29-гIа кIира	

1	2	3	4	5
58	ЦIахь язъечу сочиненина кечам-бар	1	29-гIа кIира	
59	Боков Ахьмадан кхолларалле хаамаш балар. «Бекин кIентий» романан дакъош дешар	1	30-гIа кIира	ГIалгIайн литературах хаамаш балар
60	Бекин кIентийн васташ. Дауд революционни боламехь	1	30-гIа кIира	
61	Къехой революции идейх кхиар. Керлачу дахарехьа болчу къийсамехь къехоша дакъалацар	1	31-гIа кIира	
62—63	Дешархошка шайна гинчу спектаклах я живописан выставкех, лаьцна сочинени язъяйтар	2	31—32-гIий кIиранаш	
64—65	Казбеги Александран кхоллараллих хаамаш. «Циция», «Да вийнарг» повестийн обзор	2	32—33-гIий кIиранаш	
66	А. Казбегин произведенешкахь тайп - тайпанчу къаьмнех болчу турпалхойн васташ кхолларан башхаллаш	1	33-гIа кIира	Гуьржийн литературах хаамаш балар
67	Нохчийн хIинцалерчу литературан произведени йийцаре яр	1	34-гIа кIира	
68	Дешархошка гонахарчу дахарх лаьцна, шайна зеделлачу хьокъехь сочинени язъяйтар	1	34-гIа кIира	
69—70	Карладаккхаран а, жамIашдаран а урокаш	2	35-гIа кIира	

10-чу классехь нохчийн литература хьехаран шеран план

1—2	Нохчийн советски литература 60—70-чуй шерашкахь (довзийтар)	2	1-ра кIира	
3—4	Исаева Маремин дахар а, кхолларалла а. «Ирсан орам» романан дакъош а доьшуш, цуьнан текст тIехь болх бар	2	2-гIа кIира	

1	2	3	4	5
5	Вассин хьанал дахар	1	3-гIа кIира	
6	Къинхьегаман коллективан куьйгалхочун Акаев Русланан васт	1	3-гIа кIира	
7	Парторг Анна Васильевна, комсомольцаш, кегийрхой	1	4-гIа кIира	
8	ТIом болчу хенахь Даймехкан хьал а, ницкъ а алсамдаккхарехьа йолчу Iалашоно цхьабартболуш вовшахтоьхначу тайп-тайпанчу къаьмнех лаьттачу къинхьегаман коллективо тылехь бен болх роман тIехь гайтаран башхаллаш. Исаева Маремин кхоллараллин механалла	1	4-гIа кIира	Романехь дахар гайтаран башхаллаш
9—10	«Ирсан орам» романах лаьцна сочинени язъяр	2	5-гIа кIира	
11	Саидов Билалин поэтически кхолларалла. «Меттиган сурт»	1	6-гIа кIира	
12	Поэтан лирически турпалхочун ойланаш а, лаамаш а. «Деган аз»	1	6-гIа кIира	Лирически турпалхочух болу кхетам кIаргбар
13—14	Мамакаев Мохьмадан дахаран а, кхоллараллин а некъ. «Зама»	2	7-гIа кIира	
15	Поэтан лирикехь Даймехкан тема. «Орган тIехь сатесна», «ТIулгаша а дуьйцу», «Даймахке»	1	8-гIа кIира	Лирически произведенийн башхаллех долу хаарш шордар
16	«Кемсийн хорха» поэма а йоьшуш, цуьнан текст тIехь болх бар	1	8-гIа кIира	
17	Поэми тIехь социалистически дахар дIахIотторан тема. Цуьнан идейни а, исбаьхьаллин а маьIна	1	9-гIа кIира	Лирически поэмех долу хаарш шордар
18—19	«Зеламха» романан дакъош а доьшуш, текст тIехь болх бар	2	9—10-гIий кIиранаш	
20	Романехь Зеламхан васт кхолларан башхаллаш	1	10-гIа кIира	
21	Романан идейни чулацам. Зеламхех обарг винарг цу хенахьлера социально - политически дахар хилар	1	11-гIа кIира	Исторически романах кхетам балар
22	Мамакаев Мохьмадан кхоллараллин къоман литература кхнарехь долу маьIна	1	11-гIа кIира	Социалистически реализмах кхетам балар

1	2	3	4	5
23—24	Мамакаев Мохьмадан кхолларалле лаьцна сочинени язъяр	2	12-гIа кIира	
25	Классал арахьа ешна произведени йийцаре яр	I	I3-гIа кIира	
26 27 28	Ошаев Халидан дахар а, кхолларалла а. «Алун шераш» романан дакъош а доьшуш, цуьнан текст тIехь болх бар	3	13—14-гIий кIиранаш	
29	«Алун шераш» — вайнехан къехоша оьрсийн пролетариатана тIаьхьа а хIиттина Советан Iедалехьа латтийна къийсам гойтуш йолу роман. Роман тIехь революционни халкъан куьйгалхой Серго Орджоникидзе, ткъа иштта Шерипов Асланбек, Николай Гикало, Ахриев ГIапур	1	15-гIа кIира	
30	Нохч - ГIалгIайн ярташкахь деникинцашна дуьхьал бинчу тIеман суьрташ роман тIехь гайтаран башхаллаш. Романехь интернационализман а, патриотизман а теманаш	1	15-гIа кIира	Роман - эпопейх кхетам балар
31	Романан турпалхойн Шапиев Ахьмадан, Сачин Александран, Чергизов Амадин васташ кхолларан башхаллаш	I	16-гIа кIира	
32	«Алун шераш» романан идейни а, исбаьхьаллин а мехалла. Ошаев Халидан кхолларалин маьIна	1	16-гIа кIира	
33—34	«Алун шераш» романан чулацамах сочинени язъяр	2	I7-гIа кIира	
35	Хамидов Iабдул-Хьамидан дахар а, кхолларалла а. Цуьнан забаре дийцарш а, драматурги а	1	18-гIа кIира	
36	«Лийрбоцурш» пьеса яххьашкахь еша а йоьшуш, цуьнан чулацам тIехь болх бар	1	18-гIа кIира	Драматургически къовсамах болу кхетам кIаргбар
37	«Лийрбоцурш» турпалаллин драми тIехь Нурадилов Ханпашинваст	1	19-гIа кIира	
38	Даймохк мостагIчух Iалашба гIевттинчу советски бIаьхойн турпалалла, царна юкъара интернационални доттагIалла гайтаран башхаллаш	1	19-гIа кIира	

1	2	3	4	5
39	«Лийрбоцурш» драмин идейни а, исбаьхьаллин а мехалла. Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалин къоман драматурги а, театр а кхиорехь долу маьIна	1	20-гIа кIира	Турпалаллин драмех кхетамбалар
40—41	«Лийрбоцурш» драмин чулацамах сочинени язъяр	2	20—21-гIий кIиранаш	
42	Ахматова Раисин поэтически кхолларалин тематика (стихаш а, поэмийн дакъош а доьшуш церан тидам бар)	1	21-гIа кIира	
43	«Тхо долчу дуьйла, москвичаш»	1	22-гIа кIира	
44	Поэтессин лирикехь Даймехкан тема. «Даймахке»	1	22-гIа кIира	Лирикех долу хаарш шордар
45	«Кхерац со доттагIаша...», «Чекхдийр ду вайн шераш...»	1	23-гIа кIира	
46	«Дог дика хьан бIаьргаш...». Ахматова Раисин поэзин идейни а, исбаьхьаллин а башхаллин тидамбаран жамIаш дар	1	23-гIа кIира	
47—48	Шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна дешархошка сочинени язъяйтар	2	24-гIа кIира	
49—50	Айдамиров Абузаран кхолларалле хIинцалерчу дахаран тематика. «Ненан дог» цIе йолу повесть а йоьшуш, цуьнан чулацам тIехь болх бар	2	25-гIа кIира	
51	«Ненан дог» цIе йолчу повестан проблематика а, коьрта чулацам а	I	26-гIа кIира	
52	«Ненан дог» повестан персонажаш. Зударийн васташ кхолларан башхаллаш	1	26-гIа кIира	
53	Айдамиров Абузаран произведенешкахь вайзаманхойн васташ. Цуьнан кхолларалин идейни а, исбаьхьаллин а мехалла	1	27-гIа кIира	

1	2	3	4	5
	ЦIахь сочинени язъяйтар			
54—55	Классал арахьа ешна произведени йийцаре яр	2	27—28-гIий кIиранаш	
56	Арсанукаев Шайхин поэзин коьрта тематика. «Лаьттана, сискална...»	1	28-гIа кIира	
57	Поэтан кхолларалле хь В. И. Ленинан а, революцин а теманаш. «Ильичан цIа»	1	29-гIа кIира	
58	Арсанукаев Шайхин поэзин патриотически а, интернациональни а чулацам. «Ненан мотт». Поэтан кхолларалле хь идейно - исбаьхьаллин башхаллаш	1	29-гIа кIира	Лирикех а, лирически турпалхочух а болу кхетам кIаргбар
59	Шайна гинчу спектаклана я кинофильмана рецензи язъяйтар	1	30-гIа кIира	
60	Яндиев Джамалдинан кхолларалла. «Поэтан дог», «Нене»	1	30-гIа кIира	ГIалгIайн литературах долу хаарш шордар
61	«Къоначаьрга», «Хаза ю синтеме буьйса» стихотворенеш. Яндиев Джамалдинан кхолларалле хь механалла	1	31-гIа кIира	
62	Кулиев Кайсынан кхолларалла. «Хиндолчунна аьлла байташ», «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу ас буйнахь»	1	31-гIа кIира	Балкхаройн литературах хаамаш балар
63—64	Шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна сочинени язъяйтар	2	32-гIа кIира	
65 66	Классал арахьа ешна произведени йийцаре яр	2	33-гIа кIира	
67—68—69	IамийнаргкарладаккхарIамийнарг карладаккхар	3	34—35-гIий кIиранаш	
70	ЖамIашдаран урок	1	35-гIа кIира	

ТЕМАТИЧЕСКИ ПЛАН

Билггалйолу цхьа тема Iамо хIоттийнчу планах тематически план олу. Тематически план тIехь мелла а алсамо хIумнаш билгалдоху хьехархочо ша бан безачу белхан. Иза мелла а герга ю урокан планна. Шеран план тIера урокан план тIекхачарехь цхьа тIегIа ду тематически план.

Iамо езачу материалан тематически планаш хIиттор къаьстина оьшуш ду хьехархочунна. Оцу планаша гIо до хьехархочунна хIор урокехь ша бен болу болх билгалбаккхарехь. Урокан материал ша къаьстина хуьлуш яц, хIор урок а йозуш ю шел хьалхарчух а, шена тIаьхьа хинйолчух а. Тематически плано гIо до урокаш шайн чулацамца вовшех йозаелла хилар гайта а, тема Iамош дешаран материалана юкъара зIе ца хадош и урокаш дIаяхьа а.

Тематически план тIехь билггалйолчу темин материал урокашка а йоькъий, хIор урокан тема а, оцу урокийн раж а билгалйоккху. Цул совнаха оцу план тIехь гайта тарло хьехархочо пайдаоьцу болу методаш а, приемаш а, ткъа иштта дешархошка классехь а, цIахь а байта лерина болх а, карлаяккха еза материал а, и. дI. кх. Масала, 8-чу классехь Нажаев Ахьмадан «ЖаIу» цIе йолу поэма Iаморан тематически план хIокху кепара хIотто тарлур ду. Диъ сахьт ло программо н поэма Iамо. Оцу деа сохьтехь иштта гIуллакхаш къастийча бIегIийла хуьлу: 1. Нажаев Ахьмадан кхолларалле хь коьрта теманаш. Поэма «ЖаIу», цуьнан тематика а, композици а. 2. «ЖаIу» поэми тIехь нахбацорхойн васташ (Iума, Куьйра, молла, кхиболу хьолахой а). 3. Муцин васт. Поэми тIехь революцин хуьлчу хенахь халкъан социальни а, классови а кхетам лакхабалар гайтар. Поэми тIехь керла, социалистически дахар дIахIотторан тема. 4. «ЖаIу» поэмин идейни механалла а, исбаьхьаллин башхаллаш а. Поэмин халкъан барта кхолларалла ца зIе хилар.

Иштта ю дешархошца урокашкахь поэма Iамош къасто еза проблемаш. Пайдехьа хуьлу хьехархочо поэма Iаморан хьесап деш и материал урокашка екъна ца Iаш, дешархошца иза Iамош пайдаоьцу болу методаш, приемаш билгалъяьхча, цуьнца цхьаьна дешархоша классехь а, цIахь а бан беза болх къастош билгалбаькхича. Цу тIе а доьгIна хIокху тайпана хIоттайо «ЖаIу» поэма Iаморан тематически план:

Тематически планаш эхашарна, четвертана хIиттош яц. Хьехархочо план хIоттайо ша и тема хьеха йолош. Дика хIоттийнчу тематически плано гIо до оцу темина юкъайогIу урокаш кхачамболлуш кечъян. Къаьсттана оьшуш ю йоккхачу, дуккха а урокаш шена юкъайогIучу темина хIоттийна йолу план. Тематически плано гIо до урокийн планаш хIиттош.

Урокийн рогIалла	Урокийн чулацам	Методаш, приемаш	Дешархоша	
			классехь бен болх	цIахь бен болх
1	Нажаев Ахьмадан дахарх а, кхолларалле а болу хаамаш. «ЖаIу» поэмо авторан кхолларалле дIалоцу меттиг. Поэмин тема а, композици а. «ЖаIу» поэмин текст а йоьшуш, цу тIехь болх бар	Лекци. Поэмин тIера коьрта меттигаш ешар, цуьнан чулацамах дешархой кхета а беш	Хьехархочун лекци дIаязъяр. Поэми тIерачу хиламийн а, турпалхойн а тидамбар. Поэмин меттан а, стихан а башхаллаш тергалъяр	Учебник тIера статья ешар. А. Нажаевн дахарх, кхолларалле а, «ЖаIу» поэмин темех а, композицех а схьадийца кечамбар. Поэма кхин цхъа а еша а йоьшуш, цу тIехь къехой, хьоладай гайтаран тидамбар
2	Поэми тIехь Iумин а, кхиболчу хьоладайн а, пачахьан Iедалхойн а васташ	Хьехархочун, дешархойн къамел. Дешархоша шаьш бен болх. Лекци	Къамелехь дакъалацар. Iумин вастах болу шайн тидамаш схьабийцар	Iумин а, кхиболчу хьоладайн а, паччахьан Iедалхойн вастех схьадийца кечамбар Поэмин кийсак дагахь Iамор
3	Поэми тIехь Муцин васт кхолларан башхаллаш	Дешархойн, хьехархочун къамел. Дешархоша шаьш бен болх. Лекци	Къамелехь дакъалацар. Муцин васт къасторан план хIоттор. Дагахь Iамийнарг схьайийцар	Муцин васт къасто кечамбар. Поэмин идеях, исбаьхьаллин башхаллех лаьцна ойлаяр
4	«ЖаIу» поэмин идейни маьIна. Исбаьхьаллин башхаллашна тIехь бинчу тидамийн жамIашдар	Хьехархочун, дешархойн къамел. Хьехархочун жамIашдаран дош	Къамелехь да къалацар. Хьехархочун дешан коьрта чулацам дIаязбар	Поэмин идейно - исбаьхьаллин башхаллех схьадийца кечамбар. Сочинени язъян кечамбар
5—				
6	Сочинени язъяр			

Ша луш йолчу хIор урокан план хIоттайо хьехархочо. Хьехархочун белхан коьрта план хиларе терра къаьсттана лерина хIоттош ю иза. Хьалххе хIитта а йина охьайоккуш яц урокийн планаш, ша урок яла кечам беш хIоттайо хьехархочо хIор урокан план. Гуттаренна а елла цхьа схема яц урокан план хIотторан, иза хьехархочо шена пайдаэца бIегIийла йоллучу кепара хIоттайо. Амма массо урокийн планаш тIехь билгалдаха дезаш юкъара хIумнаш ду. ХIорш ду уьш. **Урокан тема а, Iалашо а билгалйоккху план тIехь, Iамо езачу материалан барам а, иза Iаморан раж а гойту.** Урокана кечам беш коьртачех ду Iамош йолчу материалан барам нийса билгалбаккхар. Нагахь санна урокана схьакъастийна материал тIех дукха хилахь, дешархой иза Iамо ницкъ а ца кхаьчна, цунах ца кхеташ буьсур бу. Ткъа и материал кIезиг хилахь, урокан хан эрна йовра ю. Цундела **урокехь Iамо билгалйоккхуш йолу материал шен барамца а, чуламца а дешархойн таронашка хьаьжжина, цаьрга Iамалур йолуш хила еза.**

Урокехь бан беза беррига а белхаш шаьш кхочуш бен болчу рожехь билгалбоху план тIехь. Масала: **дешархойн хаарш таллар (царна хьалха хIитто долу хаттарш дIаяздо план тIе), исбаьхьаллин произведенин текст ешар, произведенин чулацам къастош дешархошца къамел дар, хьехархочун жамIашдаран дош.** Царех хIоранна юкъадогIу коьртаниг доцца дIаяздо. Урокехь бен болчу хIор балхана **мел хан оьшур ю билгалдаькхича дика ду,** иза къаьсттана пайдехьа ду къоначу хьехархочунна.

Урокехь хьехархочо а, дешархоша а бен болчу белхан форманаш, методаш, приемаш билгалйоху план тIехь. Гайтаман гIирсаш а, уьш урокана юкъабалоран кеп а гойту.

Урокан материал хьалха Iамийнчуьнца а, кхул тIаьхьа Iамордолчуьнца а йогIуш хилар гойту хьехархочо. Иза кхочушдо хаттарш хIиттorехула а, урокан материал хьалха Iамийнчуьнца юстуш я цхьаьна йогIуш кечъярехула а, цIахь бан лучу белхашкахула а.

Урокийн планаш кегийро а хуьлу, конспекте дIагIурттуш якхийнаш а хуьлу. План йоккха я жима хIоттор хьехархочух дозаделла ду. Болх бан волалуш волчу къоначу хьехархочо планаш якхий, конспектийн кепехь хIиттайо. Иза дика ду. План чулацаме мел хили а пайдехьа ю, цо гIо до урок эвсараллица дIаяхьа. Вуьшта, ала деза, планан дикалла иза йоккха я жима хиларх йоллуш яц, урокана дика кечам бина хиларх йозаелла ю. ХIор хьехархочо а шена пайдаэца бIегIийла йоллучу кепара хIоттайо урокан план.

Бадуев СаьIидан кхолларалла Iамо йолош (8-чу классехь) хьалхарчу урокан план иштта хила тарлур ду:

Урокан тема. Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а.

Урокан Iалашо. Нохчийн советски литературан бухбиллархочун дахаран а, кхолларалли а некъ дешархошна бовзийтар. Цуьнан кхолларалла кIоргера Iамо дешархойн ойла кхиор.

Гайтаман гIирс: яздархочун суьрташ, цуьнан дахарх а, кхолларалле а йоьзначу меттигийн суьрташ, хьехархочун лекцин план тIехь йолуш таблица.

Урок дIаяхьар.

I. Дешархоша Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалле а лаьцна хьалха Iамийнарг, царна хуушдерг карладаккхар. (Фронтальни хаттар, хьехархочун, дешархойн къамел).

II. Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а некъ. «Хьехархочун лекци. Лекци дIахьур ю яздархочух лаьцна йолчу литературни тIера а, цуьнан исбаьхьаллин произведенеш юкъара а дакъош хьехархочо а, дешархоша а деша а доьшуш).

Таблици тIера хьехархочун лекцин план дешархошка шайн тетрадаш тIе даязйойту.

Лекцин план:

1) Бадуев СаьIидан беральа;

2) дешаран шераш, дешарна тIера мах бала таро цахиларна реальни училищера СаьIид дIаваккхар;

3) яздан волавалар, дуьххьарлера произведенеш («Мацалла» цIе йолу повесть);

4) Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин корматалла сиха кхиар. «Хабарш, иллеш, поэмаш» боху книга араялар (1930 шо), цуьнан чулацаман коьрта башхаллаш;

5) «Iадаташ» цIе йолу сборникаш (1930), царна юкъайогIучу произведенийн мехалла;

6) «ПетIамат» (1930) — вайнехан литературехь дуьххьарлера роман;

7) Бадуев СаьIидан оьрсийн яздархошца хилла доттагIаллин а, кхолларалли а уьйраш а, церан беркате тIеIаткъам а;

8) Бадуев а, къоман театр а;

9) «Вайн беш» цIе йолу поэтически книга (1935);

10) Бадуев СаьIидан дешаран книгаш тIехь болх бар а («Юрт социализме», «Белхан жайна»), берашна книгаш язъяр а («Берашна совгIат»).

11) Бадуев СаьIид — нохчийн советски литературан бухбиллархо, нохчийн яздархоша Бадуев СаьIидах лаьцна яздинарг.

Дешархоша план дIаязйинчул тIаьхьа хьехархочо оцу планаца цхьаьна догIуш дIахьо яздархочун дахарх а, кхолларалле а дийцар, дешархой балхана юкъа а озош.

III. Учебникаца болх бар. Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а некъ буьйцучу статья тIера дакъош дешийтар.

IV. Дешархой материалах кхетар таллархьама а, тIечIагIдаран Iалашонца а дIахьо фронтальни хаттар. И хаттар дIахьош пайдаоьцу лекцин планах, оцу планан хIор пункт хаттаран форме а ерзош, царна жоьпаш долуьйту дешархошка.

V. ЦIахь бан болх:

1. Учебник тIера Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалле а лаьцна йолу статья еша, Iамае.

2. Хрестомати тIера «Паччахьан замане» цIе йолу стихотворени еша, цуьнан чулацаман ойлае.

ЛИТЕРАТУРА

1. Маркс К. и Энгельс Ф. Об искусстве. В 2-х т., т. 1, изд. 3-е, М.: Искусство, 1976.
2. Ленин В. И. Рецензия на книгу Н. А. Рубакина «Среди книг». Полн. собр. соч., т. 25, с. 111—114.
3. Ленин В. И. Партийная организация и партийная литература. Полн. собр. соч., т. 12, с. 99—105.
4. Ленин В. И. Задачи Союзов молодежи. Полн. собр. соч., т. 41, с. 298—318.
5. Ленин В. И. Главная задача наших дней. Полн. собр. соч., т. 36, с. 78—82.
6. Крупская Н. К. Коммунистическое воспитание и литература. Избранные педагогические произведения. М.: Учпедгиз, 1957, с. 594—598.
7. Крупская Н. К. О преподавании литературы. Избранные педагогические произведения. М.: Учпедгиз, 1957, с. 600—604.
8. Программа Коммунистической партии Советского Союза. М.: Политиздат, 1986.
9. Материалы XXVII съезда КПСС. М.: Политиздат, 1986.
10. О реформе общеобразовательной и профессиональной школы. Сборник документов и материалов. М.: Политиздат, 1984.

* * *

11. Айдаев Ю. А. Чечено-Ингушская советская драматургия. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1975.
12. Айдаев Ю. А. От эпической песни до эпопеи. Сборник литературно-критических статей. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1975.
13. Анализ литературного произведения в 9 классе. Сборник статей. Сост. Устюжанин Д. Л. М. :Просвещение, 1972.
14. Арсанукаев А. М. Коммунистическое воспитание учащихся старших классов на уроках родной литературы в национальной школе. — В кн.: Пути совершенствования качества обучения родному языку и литературе в национальных школах. Сборник научных трудов. М.: Научно-исследовательский институт национальных школ, 1982, с. 152—162.
15. Бабанский Ю. К. Методы обучения в современной общеобразовательной школе. М.: Просвещение, 1985.
16. Бабанский Ю. К. Как оптимизировать процесс обучения. М.: Просвещение, 1978.
17. Беленький Г. И. Теория литературы в средней школе. М.: Просвещение, 1976.

18. Богоявленский Л .П. Уроки чтения на родном и русском языке в чеченской и ингушской школах. — Просвещение национальностей, 1933, № 6, с. 30—36.
19. Боков Х. Х. Действенная сила интернационализма и патриотизма. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1980.
20. Борев Ю. Б. Эстетика. М.: Политиздат, 1969.
21. Брудный Д. Л. Русско-национальные связи в преподавании русской литературы. — В кн.: Преподавание русской литературы в школах РСФСР. М.: Просвещение, 1979, с. 17—31.
22. Бузуртанов М. О., Виноградов В. Б., Умаров С. Ц. Навеки вместе. О добровольном вхождении Чечено-Ингушетии в состав России. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1980.
23. Вехи единства: К 200-летию добровольного вхождения Чечено-Ингушетии в состав России. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1982.
24. Великий Октябрь и передовая Россия в исторических судьбах народов Северного Кавказа. (XIV—70-е годы XX века). Материалы Всероссийской научной конференции 2—3 октября 1979 г. в г. Грозном. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1982.
25. Верольский Ю. Б. Краеведение на уроках чеченской и ингушской литературы. — В кн.: Преподавание чеченского языка и литературы в IV—VIII кл. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1972, с. 241—258.
26. Вопросы преподавания русской литературы в национальной школе. Пособие для учителя (Тодоров Л. В., Ахметзянов и др.). Л.: Просвещение, 1981.
27. Вопросы преподавания литературы в школе (развитие речи). Сборник трудов. М., 1975.
28. Вопросы эстетики фольклора и литератур чеченцев и ингушей. Сборник научных трудов ЧИИИСФ. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1985.
29. Восприятие учащимися литературного произведения и методика школьного анализа. Пособие для учителя. Под ред. А. М. Докусова. М.: Просвещение, 1974.
30. Гинзбург Л. Г. О лирике. М-Л.: Советский писатель, 1964.
31. Голубков В. В. Методика преподавания литературы. М.: Учпедгиз, 1962.
32 .Горбунов В. В. Педагогический эксперимент как база научного исследования. — В кн.: Русский и родные языки в школах народов РСФСР. Вып. 5. Л.: Просвещение, 1976, с. 39—50.
33 Горбунов В. В. С учетом основных элементов литературы. Русский язык в национальной школе. М., 1981, № 1, с. 41—48.
34. Горький М. О литературе. М.: Советский писатель, 1963.
35. Гуковский А. Г. Изучение литературного произведения в школе .М-Л.: Просвещение, 1966.
36. Дидактика средней школы. Под редакцией Данилова М. А. и Скаткина М. Н. М.: Просвещение, 1975.
37. Искусство анализа художественного произведения. М.: Просвещение, 1971.
38. Изучение родных литератур в национальных школах РСФСР. Пособие для учителей под ред. Горбунова В. В. Л.: Просвещение, 1982.
39. Квятковский Е. В. Формирование коммунистического мировоззрения учащихся на уроках литературы. М.: Просвещение, 1984.
40. Крутецкий В. А. Основы педагогической психологии. М.: Просвещение, 1972.
41. Кудряшев Н. И. Взаимосвязь методов обучения на уроках литературы. М.: Просвещение, 1981.

42. Культурное строительство в Чечено-Ингушетии (1920—июнь 1941 г.). Сборник документов и материалов. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1979.
43. Культурное строительство в Чечено-Ингушетии (июнь 1941—1980). Сборник документов и материалов. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1985.
44. Лернер И. Я. Дидактические основы методов обучения. М.: Педагогика, 1981.
45. Липаев А. А. Изучение теории русской литературы в старших классах национальной школы. М.: 1962.
46. Матюшкин А. М. Проблемные ситуации в мышлении и обучении. М.: Педагогика, 1972.
47. Методика преподавания литературы. Под ред. З. Я. Рез. М.: Просвещение, 1977.
48. Методика преподавания русской литературы в национальной школе. Под ред. М. В. Черкезовой и А. Д. Жижиной. Л.: Просвещение, 1984.
49. Милонов П. А. Литературное краеведение. М.: Просвещение, 1985.
50. Молдавская Н. Д. Литературное развитие школьников в процессе обучения. М.: Педагогика, 1976.
51 .Музаев Н. Д. Взаимосвязи литератур Северного Кавказа в процессе становления жанров. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1974.
52. Никольский В. А. Преподавание литературы в средней школе. М.: Учпедгиз, 1963.
53. Оконь В. Основы проблемного обучения. М.: Просвещение, 1968.
54. Очерк истории чечено-ингушской литературы. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1963.
55. Петровский А. В. История советской психологии. М.: Просвещение, 1967.
56. Писатель и правда жизни. Сборник литературно-критических статей. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1974.
57. Повышение идейности и научности преподавания литературы в школе. М.: 1974.
58. Прессман Л. П. Основы методики применения экранно-звуковых средств в школе. М.: Просвещение, 1979.
59. Прессман Л. П. Кабинет литературы. 2-е изд., доп. М.: Просвещение, 1983.
60. Проблемы преподавания литературы в средней школе. Пособие для учителя. Под ред. Курдюмовой Т. Ф. М.: Просвещение, 1985.
61. Проблемы школьного учебника. Вып. 6. Вопросы теории учебника. М.: Просвещение, 1978.
62. Пути анализа литературного произведения. Пособие для учителя. Под ред. Б. Ф. Егорова. М.: Просвещение, 1981.
63. Ревякин А. И. Проблемы изучения и преподавания литературы. М.: Просвещение, 1972.
64. Рыбникова М. А. Очерки по методике литературного чтения. 4-е изд. испр. М.: Просвещение, 1985.
65. Скаткин М. Н. Современные проблемы дидактики в свете ленинской теории отражения. — Советская педагогика, 1970, № 5.
66. Скаткин М. Н. Проблемы современной дидактики. 2-е изд. М.: Педагогика, 1984.
67. Технические средства и элементы программирования на уроках русского и родного языков и литератур в национальной школе. Сборник статей. Под ред. А. Ф. Бойцовой. М.: Просвещение, 1978.
68. Тимофеев Л. И. Основы теории литературы. М.: Учпедгиз, 1963
69. Тодоров Л. В. Целостный анализ образа-переживания при изучении лирики Владимира Маяковского в X классе национальной школы. — В кн.: Русский и родные языки в школах народов РСФСР. Вып. 5. Л.: Просвещение, 1976, с. 181—193.
70. Туркаев Х. В. Чеченская советская поэзия (20—40-е годы). Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1971.
71. Туркаев Х. В. В семье братских литератур. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1983.
72. Урок литературы. Пособие для учителя (сост. Т. С. Зепалова, Н. Я. Мещерякова). М.: Просвещение, 1983.
73. Ушинский К. Д. Собр. соч., т. 2, М.: АПН РСФСР, 1948.
74. Храпченко М. Б. Творческая индивидуальность писателя и развитие литературы. М.: Советский писатель, 1975.
75. Храпченко М. Б. Художественное творчество, действенность, человек. М.: Советский писатель, 1978.
76. Чентиева М. Д. История чечено-ингушской письменности. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1958.
77. Чентиева М. Д. О развитии методики преподавания родной литературы в чечено-ингушской школе. — В кн.: Вопросы обучения родным языкам и литературам в национальных школах РСФСР. М.: 1977, с. 125—136.
78. Шейман Л. А. Основы методики преподавания русской литературы в киргизской школе. Часть 1-я. Фрунзе: Мектеп, 1981; часть 2, 1982.
79. Щербина В. Р. Проблемы литературного образования в средней школе. М.: Просвещение, 1978.
80. Щукина Г. И. Роль деятельности в учебном процессе. — М.: Просвещение, 1986.
81. Язовицкий Е. В. Выразительное чтение как средство эстетического воспитания. Л.: Учпедгиз, 1963.

* * *

82. Арсанукаев І. М. Тоде ненан меттан литература хьехар. — Ленинан некъ, 27 сентябрь, 1972.
83. Арсанукаев І. М. 6-чу классехь нохчийн литература хьехар. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1979.
84. Арсанукаев І. М. 8-чу классехь нохчийн литература хьехар. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1982.
85. Арсанукаев І. М. Юккъерчу школехь лирически а, лиро-эпически а произведенеш Іамор. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1984.
86. Вагапов Я. С. Нохчийн орфоэпех масех дош. — ХІара книга: Нохчийн иллеш, эшарш .Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1973, агІо 111—114.
87. Гайсултанов І. Э. Диктантийн сборник. 1—3-чу классашна. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1974.
88. Джамалханов З. Д., Эжаев У. Х., Солтаханов Э. Х. Юьхьанцарчу классашкахь нохчийн мотт хьехаран некъаш. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1966.
89. Джамалханов З. Д., Хамидова З. Х. Довзийтаран дешаран а, литературни дешаран а, литературан а урокийн методика. — ХІ. кн.: Юккъерчу школийн лаккхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1972.
90 .Диктантийн, изложенийн сборник. ХІоттийнарш: Джамалханов З. Д., Эжаев У. Х., Юсупов І. У. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1970.
91. Данилов А. Мехала пособи. — Ленинан некъ, 1 август, 1984.
92. Зайнутдинов І.-Р. Ненан меттан урокашкахь кхетош-кхиоран болх. ХІ. кн.: Ненан мотт а, литература а хьехарехь зеделларг. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1966.

93. Исмаилов И. Тоде нохчийн мотт а, литература а хьехар. — Ленинан некъ, 29 октябрь, 1980.
94. Мадагов У. Дешархошка дIакхачийна урокаш. — Ленинан некъ, 23 ноябрь, 1983.
95. Мадагов У. Эдиловн поэзи литературан урокашкахь. — Ленинан некъ, 15 октябрь, 1983.
96. Мадагов У. Литература хьехар заманца догIуш дIахIотторехьа. — Ленинан некъ, 30 октябрь, 1981.
97. Махмаев Ж. Урокехь суьртаца болх бар. — Ленинан некъ, 8 март, 1983.
98. Махмаев Ж. Методически мехала пособи. — Ленинан некъ, 24 август, 1979.
99. Махмаев Ж. Кхокхий хьошалгIа даьхкича. — Ленинан некъ, 25 апрель, 1986.
100. Махмаев Ж. Хьехархошна а, дешархошна а совгIат. — Ленинан некъ, 17 октябрь, 1984.
101. Ненан мотт а, литература а хьехарехь зеделларг. Хьехархошна гIоьнна. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1968.
102. Солтаханов Э. Х. Литературан урокашкахь дешархойн жигаралла совъяккхар. — XI. кн.: Юккъерчу школийн лакхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1972.
103. Солтаханов Э. Х. Урок а, цуьнан чулацам а. — Ленинан некъ, 25 август, 1971.
104. Сумбулатов Д. Мехала семинар. — Ленинан некъ, 15 январь, 1986.
105. Чентиева М. Д. Нохчийн школан 4-чу классехь литература хьехаран методически пособи. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977.
106. Чентиева М. Д. 5-чу классехь нохчийн литература хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1980.
107. Эльзаров А.-К. Дика хила еза учебникаш. — Ленинан некъ, 21 март, 1984.
108. Юккъерчу школийн лакхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1972.
109. Юсупов I. У. Школехь I. Мамакаевн произведенеш хьехар. — XI. кн.: Ненан мотт а, литература а хьехарехь зеделларг, Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1966, 64—91 агIо.

Дешаран книгаш, учебникаш

110. Абдулкадыров М. Советан ламанан юрт. Юьртарчу юьхьанцарчу ишколан дешархошна белхан жайна. ШозлагIчу шеран жайна. Дакъа 1. Соьлжа-ГIала: Серло, 1930.
111. Айсханов Ш. Вай доьшур ду. Дешаран жайна. Дакъа 2. ШолгIачу шарахь Iамораг. Соьлжа-ГIала: Нохчоблзорба, 1933.
112. Айсханов Ш., Хаджиев Р. Литературин дешаран жайна. Дакъа 2. Соьлжа-ГIала: Нохчоблзорба, 1933.
113. Айсханов Ш. Дешаран книжка. Хьалхарчу ишколана. Дакъа 2. ШолгIачу шарахь Iамораг. Соьлжа-ГIала: Нохчоблзорба, 1934, 1935, 1936.
114. Арсанукаев I. М. Нохчийн советски литература. 8-чу классана учебник. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1976, 1978, 1980, 1985.
115. Бадуев С. С. Юрт социализме. Букварал тIаьхьа доьшу жайна (кIезаг йозу хуучарна). Соьлжа-ГIала: Серло, 1930.
116. Бадуев С. С. Белхан жайна. Букварал тIаьхьа доьшу хьалхара жайна. Соьлжа-ГIала: Нохчоблзорба, 1932.
117. Гойтемиров I., Тазуев Ш. Абат. Дешар Iамочийн школашна. Соьлжа-ГIала: НохчгIпачхьалкхиздат, 1938.

118. Дыхаев В. А., Туркаев Хь. В. Нохчийн советски литература. 9—10-чу классашна учебник. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство. 1978, 1981, 1985.
119. Мациев А. Г. Нийсаяздаран шарамийн гулам. Хьалхара дакъа. Юьхьанцарчу школан 1-й, 2-й классашна гулам. Соьлжа-ГIала, 1936.
120. Исаева М. Литературни хрестомати. Хьалхарчу ишколан кхоалгIачу классан. Хьалхара дакъа. ШолгIа тойина арахецнарг. Соьлжа-ГIала: Нохч-гIалгIкъамзорба, 1935, 1938, 1940, 1941.
121. Литературан хрестомати. 2 дакъа. Юьхьанцарчу школан йоьалгIачу классана. Керлачу алфавита тIехь шолгIа арахоьцу. ХIоттийнарг Дукузов Х. М. Соьлжа-ГIала: НохчгIалгIпачхьалкхиздат, 1939, 1940, 1943.
122. Ненан литература. Юьззина йоццчу юккъерачуй, юккъерачу школийн 7 классана хрестомати. ХIоттийнарг Дукузов Х. Н. Соьлжа-ГIала: Нохч-гIалгIпачхьалкхиздат, 1943.
123. Ненан меттан литература. 6-чу классана хрестомати. ХIоттийнарг Эльмурзаев С. Ч. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1960.
124. Ненан меттан литература. Хрестомати. 4-чу классана. ХIоттийнарш: Эльмурзаев С. Ч., Эжаев У. Х. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство.
125. Ненан меттан литература. 5—6 классашна хрестомати. Арахецна пхоьазлагIа. ХIоттийнарш Чалаев Б. А., Эльмурзаев С. Ч. ХIоттош дакъалаьцнарг хьехархо Сулейманов А. С. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1971.
126. Ненан меттан литература. 4-чу классана учебник-хрестомати. ХIоттийнарг Чентиева М. Д. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1975, йоьазлагIа арахецна, 1984.
127. Ненан меттан литература. 5—6 классана хрестомати-учебник. ХIоттийнарг Чентиева М. Д. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1976, пхоьазлагIа арахецна, 1984.
128. Нохчийн литература. Хрестомати 7—8 классашна. Арахоьцу йоьазлагIа. ХIоттийнарш Дукузов Х. Н., Мамаев Х. Х. Эжаев У. Х. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1969.
129. Нохчийн литература. Хрестомати 7—8 классашна. ХIоттийнарш: Вагапов Я. С., Хамирзоев С. Х., Мамаев Х. Х., Эжаев У. Х. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1973.
130. Нохчийн литература. Хрестомати 7—8-чуй классашна. 4-гIа арахецна. ХIоттийнарш: Хамирзоев С. Х., Мамаев Х. Х., Эжаев У. Х. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1986.
131. Нохчийн советски литература. Хрестомати 9-чу классана. ХIоттийнарш: Эжаев У. Х., Гайсултанов I. Э. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1975, йолхазлагIа арахецна, 1985.
132. Нохчийн советски литература. Хрестомати 9-чу классана. ХIоттийнарш: Эжаев У. Х., Гайсултанов I. Э., Сулейманов А. С. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1970, 1972, 1974.
133. Нохчийн советски литература. Хрестомати 10-чу классана. ХIоттийнарш: Туркаев Х. В., Эжаев У. Х., Сулейманов А. С. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1970, 1972, 1974.
134. Нохчийн советски литература. Хрестомати 10-чу классана. ХIоттийнарш: Арсанукаев I. М., Туркаев Х. В. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1975, 1977, 1979, 1982, 1984.
135. Сальмурзаев М. С. Нохчийн абат. Баккхичушна. Ростов: Крайнациздат, 1927.
136. Тазуев Ш. Дешаран книжка. Хьалхара дакъа. Юьхьанцарчу ишколан хьалхарчу классана, Соьлжа-ГIала: Нохч-ГIалгIпачхьалкхиздат, 1939.
137. Тазуев Ш. Абат. Юьхьанцарчу ишколана. Соьлжа-ГIала: НохчгIалгIзорба, 1936, 1938, 1940.

138. Программаш. I-чу даржан ишколашна. Нохчийн меттан программаш хIоттийнарг Яндаров Х., кхийолу программаш нохчийн матте гочйинарш Исаева М., Сайханов А. Соьлжа-ГIала: Нохчоблзорба, 1933.

139. Юьхьанцарчу ишколан программаш. Нохчийн меттан программаш хIоттийнарг Яндаров Х., кхийолу программаш нохчийн матте гочйинарг Мациев А. Соьлжа-ГIала: НохчгIалгIапачхьалкхзорба, 1937.

140. Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт а, литературни дешар а (V—VII). XIиттийнарш Яковлев Н. Ф., Гугиев Хь. Г., Дукузов Хь. Н., ХумпIаров А. Х. Литературан программаш хIиттийнарг Гугиев Хь. Г. Соьлжа-ГIала: НохчгIалгIапачхьалкхиздат, 1940.

141. Юккъерчу школан 2—10-чуй классашна программаш. Дешаран план. Нохчийн мотт. XIоттийнарг Сальмурзаев С. Ч. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1957.

142. Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт. V—X классаш. XIоттийнарг Джамалханов З. Д. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1958.

143. БархIшеран школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. V—VIII классаш. Проект. XIоттийнарг Джамалханов З. Д. Грозный, 1960.

144. БархIшеран школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. XIоттийнарш: Джамалханов З., Лалаев Р., Чентиева М., Эжаев У., Эльмурзаев С. Грозный, 1962.

145. Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. Проект. XIоттийнарш: Джамалханов З., Солтаханов Э., Хамирзоев С., Гайсултанов I., Эжаев У .Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1970.

146 .Юккъерчу школан IV—VII классашна нохчийн литературан программаш. XIоттийнарг Чентиева М. Д. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1974.

147. Юккъерчу школан VIII—X классашна литературан программаш. XIоттийнарг Арсанукаев I. М. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1974.

148. Юккъерчу школан IV—VII классашна нохчийн литературан программаш. XIоттийнарг Чентиева М. Д., дакъалаьцнарг Хамирзоев С. Х. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979.

149. Юккъерчу школан VIII—X классашна нохчийн литературан программаш. XIоттийнарг Арсанукаев I. М., xIоттош дакъалаьцна Р. А. Ошаевас. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979, 1980.

ЧУЛАЦАМ

Хьалхара дош 3

Хьалхара корта. Нохчийн литература хьехаран методика а, иза кхиаран хьелаш а 7

ШIолгIа корта. Юккъерчу школехь нохчийн литература хьехаран декхарш 23

Дешархой идейно-политически кхетамехь а, гIиллакх-оьздангаллица а кхиор 24

Iилманан-материалистически кхетамехь кхиор 28

Дешархой къинхьегамна тIера болуш кхиор 31

Эстетически кхетош-кхиор 33

Литературан теори Iамор 35

Къамел кхиор 37

КхоалгIа корта. Лаккхарчу (8—10) классашкахь хьоьхучу нохчийн литературан курсан чулацам а, дIахIоттам а 38

8—10-чуй классийн литературан программийн чулацам, дIахIоттам, лехамаш 41

Литература Iаморехь 8-чу классехь кхочушбечу барта а, йозанан а белхийн коьрта тайпанаш 45

8-чу классехь дешархойн хааршка болу коьрта лехамаш . . . 45

Литература Iаморехь 9-чу классехь кхочушбечу барта а, йозанан а белхийн коьрта тайпанаш 47

9-чу классехь дешархойн хааршка болу коьрта лехамаш . . . 47

Литература Iаморехь 10-чу классехь кхочушбечу барта а, йозанан а белхийн коьрта тайпанаш 49

10-чу классехь дешархойн хааршка болу коьрта лехамаш . . 49

8-чу классан материал а, иза дIанисъяр а 51

Хрестомати 53

Учебник 54

9-чу классан материал а, иза дIанисъяр а 56

Хрестомати 57

10-чу классан материал а, иза дIанисъяр а 58

Хрестомати 59

9—10 классашна йолу учебник 60

Боьалгlа корта. Юккъерчу школехь нохчийн литература хьехаран кепаш: принципаш, методаш, приемаш 62
Литература хьехаран коьрта принципаш 63
Литература хьехар Iилманца догIуш а, дешархой кхетар болуш а дIадахьар 63
Дешаран материал вовшах юзуш а, дахарца уьйр йолуш а хьехар 64
Исбаьхьаллин произведенин цхьаалла а йовзуьйтуш, кIорггера литературни хаарш кхоллар далар 66
Дешархоша бен болх эвсаралла йолуш хилийтар а, церан литература Iамо болу лаам сабаккхар а 67
Литература хьехаран методаш а, приемаш а 68
Кхолларалица ешаран метод 70
Лехамий метод 71
Талламан метод 74
Дуьйцуш-гайтаран метод 76
Литература хьехаран методаш вовшахйозаялар 77
Йолхалгlа корта. Жанрийн башхаллашка хьаьжжина исбаьхьаллин произведенеш Iамор 79
«Авторан лорах» произведени къастор 83
Васташ талларехула произведени къастор 85
Проблемни кепехь произведени къастор 86
Йолхалгlа корта. Жанрийн башхаллашка хьаьжжина исбаьхьаллин произведенеш Iамор 97
Эпически произведенеш 97
Лирически произведенеш 103
Драматургически произведенеш 108
Ворхалгlа корта. Литературан теори Iамор 113
БорхIалгlа корта. Литература хьоьхуш гайтаман гIирсах пайдаэцар 119
Яздархочун дахаран а, кхолларалин а некъ буьйцуш гайтаман гIирсах пайдаэцар 119
Исбаьхьаллин произведени Iамош гайтаман гIирсах пайдаэцар . 121
Литературан теори Iамош гайтаман гIирсах пайдаэцар . . . 122
Нохчийн литературан кабинет 124
Уьссалгlа корта. Дешархойн къамел кхиор 128
Барта къамел кхиор 128
Йозанан къамел кхиор 135
Изложенеш 136
Сочиненеш 137
Уьтталгlа корта. Литература хьоьхуш классал арахьа болх бар 141
Классал арахьара дешар вовшахтохар 141
Книгашъешархойн конференци 143
Литературни кружокаш 145
Васт хIоттош ешаран кружок 145
Драматически кружок 145
Халкъан барта кхолларалин кружок 146
Литературно-кхолларалин кружок 147
Школехь яздархошца цхьаьнакхетар 148
Литературни суьйренаш 148
Литературно-краеведчески болх 149
Цхьайтталгlа корта. Литературан хьехархо а, методически болх а 151
Нохчийн меттан а, литературан а хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин белхан план 155
Дешархойн нохчийн литературах долчу хаарийн мах хадоран барамаш 157
Дешархойн барта жоьпийн мах хадор 158
Сочиненин мах хадор 159
Шуьйтталгlа корта. Литературан хьехархочун белхан планаш 160
Шеран план 160
Тематически план 173
Урокан план 175
Литература 178

Абдулла Магомедович Арсанукаев

МЕТОДИКА ПРЕПОДАВАНИЯ ЧЕЧЕНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ В СРЕДНЕЙ ШКОЛЕ (8—10 классы)
(На чеченском языке)

Редактор Т. М. Нашхоева
Технический редактор С. П. Липатова
Корректоры А. А. Виситаева, Л. У. Асхабова

НБ № 1525
Сдано в набор 27.09.1986 г. Подписано в печать 13.03.1987 г.
Формат 60x84 1/16. Бумага № 1 писчая. Гарнитура литературная.
Печать высокая. Усл. п. л. 10,93. Уч.-изд. л. 11,95
Тираж 2000. Заказ № 12798. Цена 35 коп.

Чечено-Ингушское книжное издательство
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли.
364903, Грозный, пр. Ленина, 9.

Типография им. И. Н. Заболотного
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли.
364021, Грозный, ул. Интернациональная, 1[illegible]/33.